

S H A
**SHANDUKO MUNE
ZVOHUPFUMI HWENYU**

Simba Rokuwana Zvikwanisiro

N D
GARY KEESEE

U K O

Anodiwa hama muna Kristu,

Munyengetero wedu kuti muwane gwaro redzidziso rino sechikomborero uye nekurudziro kwamuri. Tapota inzwi kusununguka kugoverana bhuku rino neshamwari dzenyu, mhuri uye nenhengo dzekereke yenyu. Uyezve munokwanisa kuenda paFLNFree.com kuti mutore dzimwe dzidziso mumutauro wenyu pasina muripo.

Mwari vanokudai uye vane chinangwa chinoshamisa nehupenyu hwenyu! Kudzidza mashandiro oHumambo hwaMwari kwakashandura hupenyu hwedu uye tinovimba kuti ndozvichaitikawo kwamuri!

Norudo muna Kristu

Gary naDrenda Keesee



P.S. Rangarirai kuenda pa*website* yedu yepachena yokutora zviwanikwa inoti FLNFree.com kuti mutore dzimwe dzidziso mumutauro wenyu pasina muripo!

S H A
**SHANDUKO MUNE
ZVOHUPFUMI HWENYU**

Simba Rokuwana Zvikwanisiro

N D
GARY KEESEE

U K O

Your Financial Revolution,

The Power of Provision. Chishona. By Gary Keesee

© Gary Keesee, 2024

Originally published in English

ISBN: 978-1-945930-39-3

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054, USA

You can reach Faith Life Now Ministries on the Internet at

FaithLifeNow.com

Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu,

Simba Rokuwana Zvikwanisiro. Chishona. Na Gary Keesee

© Gary Keesee, 2024

Pakutanga rakatsikiswa muChirungu

ISBN: 978-1-945930-39-3

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054, USA

Munokwanisa kubata Faith Life Now Ministries paMhepo

paFaithLifeNow.com

ZVIRI MUKATI

NHANGANYAYA	05
CHITSAUKO 1: Chiedza Chinovheneka Murima.....	25
CHITSAUKO 2: Mafungiro Matsva.....	47
CHITSAUKO 3: Nyaya Yohutongi.....	73
CHITSAUKO 4: Hamucharangariri Here?.....	111
CHITSAUKO 5: Kusimbaradza Zvikwanisiro Zvenyu.....	135
CHITSAUKO 6: Kutenda Ndicho Chinhu Chikuru.....	173
CHITSAUKO 7: Yambiro: Garai Muri Mukutenda Kwenyu Kwakakudziridzwa!.....	197
CHITSAUKO 8: Munoda Kuva Nohurongwa!.....	221
CHITSAUKO 9: Yava Nguva Yokuenda!.....	241

NHANGANYAYA

Musoro webhuku rino ungaridzika sousingadi pfungwa dzakanyanya sezvo chiri chirevo chechokwadi chiri pachena. Zvandinoreva ndezvokuti ndiyani angapikisa kukosha kwawo? Ndinofunga kuti tose tinobvuma kuti kuva nezvikwanisiro, zvikwanisiro zvezvinhu zvatinoda muhupenyu, kunokosha. Asi vazhinji havana zvikwanisiro zvavanoda. Kutaura idi, vazhinji vari kumira zvakasimba kuti vawane zvinhu zvakaranganira kuti vagone kurarama. Vanorarama hupenyu hwohuranda hwokungobvisa mitero nokuva muzvikwereti izvo zvinoita sezvisina magumo. Panzvimbo pokurarama muzviroti zvavo, vari kurarama mukuora moyo, vakaremerwa nomutoro wokuenda kubasa ravanovenga, uye zvakatoipisisa kupfuura zvose, vachirarama vasina chinangwa chine chirevo.

Ongororo yakaitwa munguva pfupi yapfuura inoti zvikamu makumi mana nezvisere kubva muzana zvevanhu vomuAmerica zvinounza kumba madhora 31,561 pagore, kana kuti madhora 2,630 kana iyo isingaviki madhora 2,630 pamwedzi,¹ uye zvikamu zvina kubva muzana zvevagari hazvikwanisi kunyora cheki yemadhora mazana mana zvisina kutanga zvaronga nezvazvo.²

1 <https://howmuch.net/articles/how-much-americans-make-in-wages>

2 <https://www.cnbc.com/2018/05/22/fed-survey-40-percent-of-adults-cant-cover-400-emergency-expense.html>

Imbofungai nhamo inovapo nokuisa ziso pakobiri rose ramunoshandisa, muchitarisira kuzongosvika pazuva ramunohora zvakare, vhiki nevhiki, mwedzi nemwedzi, pasina magumo azvo anenge achioneka? Pane kuti muende mberi, munoona kuti muri kutowedzera kupinda muzvikwereti pasina pokubuda napo. Izvi zvinogona kuunza mufananidzo mupfungwa dzangu nokuti ndiwo mararamiro andakaita kwemakore mapfumbamwe azere; uye yaisangova fungidziro yanguwo. Zvinhu zvakanatsoitika.

Nyadzi Dzokushaya

Ini nomudzimai wangu, Drenda, takaroorana uye taitarisira kutanga hupenyu hunoshamisa, asi takazviwana tava muzvikwereti uye tichirarama hupenyu hwokunetseka mune zvemari. Mumakore mashomanane, takazviwana tava nemakadhi ezvikwereti gumi akanga asvika pokugumisira kukwereta; zvikwereti zvitatu zvekambani yezvemari zvaibereka nezvikamu makumi maviri nezvisere kubva muzana; zvikwereti pamotokari mbiri dzaiva marara hadzo, dzose dzine anopfuura mamaira zviuru mazana maviri padziri adzakange dzafamba; kuda kutorerwa zvinhu neIRS; uye nezvimwe zvikwereti zvakanawanda zvatakatadza kuripira. Taiva nechikwereti chezviuru zvemadhora chevabereki vedu izvo zvakanatoita kuti varege kutikweretesari.

Hakusi kuti takatsvaga kuparadza hupenyu hwedu nezvikwereti; takanga tichingoedzawo kurarama. Sokusava nomusoro kwazvinganzwika kuva, ndaive mundima yezvemari ndichibatsira vanhu neinishuwarenzi yavo uye nezvido zvokudyara mari. Ndakanga ndichibhadharwa nekomisheni yezvikamu zana kubva muzana kubva mukutengesha kwandaizoita, asi makomisheni

aisambondikwanira. Takaramba tichitarisira kuti bhizimusi raizoita zviri nani, asi mavhiki akawedzera kuita makore pasina shanduko.

Pakupedzisira, pashure pemakore mapfumbamwe azere tichitsamira pazvikwereti kuripira zvikwereti, takashandisa nzira dzose dzataigona kukwereta mari nadzo idzo dzataigona kufunga nezvadzo. Takatengesa zvinhu zvaikosha zvingangoda kuita zvose hazvo zvataigona kuwana, uye kurarama mumatambudziko emari iwayo kwakatanga kundishungurudza zvikuru uye nemhuri yangu.

Ndakatanga kuva nokuvhunduka kwomoyo uye ndikaiswa pamishonga inoderedza kushushikana, iyo isina kunyatsobatsira uye yakakonzera kuti pave nemhedziso dzakakomba. Ndakaudzwawo naana chiremba vangu kuti ndaive ndichabatwa nechirwere chesugar zvichienderana nenyyaya dzesugar dzandaive ndiinadzo.

Ndakatova nezvimwe zvaidarika nyaya yohutano hwangu; kutya kwakabata hupenyu hwangu zvokuti ndaitotya kubva pamba pangu. Zvaitika neni zvakanga zvichinfdiomerera zvokundiunzira dambudziko rakaipisisa rokutya kwaikuvadza! Takanga tisisakwanisi kubvisa mari yemitero yedu nenguva, uye mwedzi woga-woga zvakanga zvakatiomerera kusarudza kuti ndeipi mitero yataifanira kutererwa uye neyataifanira kuzoterera mumwedzi waitevera.

Ndinofunga kuti chimwe chinhu chainyanya kuodza moyo padambudziko remari rataigara tiri dzaiva nyadzi dzandainzwa. Pose pandaishandisa kadhi rokutenga nechikwereti kutya kwaindibata sezvo ndaitarisira kuti raizoshanda zvakare. Ndakazviona ndichigara ndichipa zvikonzero uye ndichinyepa chaizvo kune vateresi vaindichaira runhare zuva nezuva. Zvichida chinhu chaive chakanyanya kuoma kutsungirira pachiri kwaiva kuona mhuri yangu yakanaka chose ichirarama isina zvinhu zvayaida, izvo zvakanonzera kurwadziwa mumoyo mangu. Kutaura chokwadi, mazuva

ose ndainzwa sokuti ndakundikana pandaitarisana nedambudziko pashure perimwe.

Dambudziko remari iri rakanga risiri dambudziko rechingvana. Izvi zvakaitika kwemakore mapfumbamwe!

Kana muri kushamisika, hongu, taiva kukereke vhiki nevhiki. Ndakanga ndine dhigirii rezvidzidzo zvohumwari, bhizimusi uye ndakanga ndapinda gore rimwe chete rechikoro cheBhaibheri. Ndakabhabhatidzwa naMweya Mutsvene, uye ndaida Mwari, asi paive nechimwe chinhu chakanga chisina kumira zvakanaka. Ndaizviziva hangu, asi chaiva chii? Nyaya dzandakaverenga muBhaibheri dzakanga dzisiri kuva mhenyu muhupenyu hwangu.

Takanga tichienda kukereke huru iyo yakatidzidzisa kuti kwaiva kuda kwaMwari kuti tibudirire, asi ndaisazviona zvichiitika, uye ndakanga ndisingazivi kuti nei zvakanga zvisiri kudaro. Kutaura chokwadi, hapana kana shamwari dzangu dzandakaona dzichibudirira kusvika pamwero mukuru.

Runhare Rwakandichangamutsa

Zvinhu zvose zvakatanga kuitika apo gweta, rimwe revakawanda vakanga vachinditsvagira zvikwereti, rakandibatazve parunhare. Panguva ino, akanga akanyatsojeka uye akananga. “VaKeese, ndichakupai mazuva matatu kuti munditumire chiuru nemazana matanhatu chemadhora chamunofanirwa kupa mutengi wangu kana kuti ndichamanikidzwa kukumhan’arirai kudare redzimhosva pamusoro pemari iyoyo.” Akabva adimbura hake runhare.

Ndakaziva kuti pangu pakanga pandiperera. Ndakapererwa. Pakanga pasisina kwokutarisa sezvo ndakange ndasvika kwose

kwandaigona kusvika. Ndakange ndisina mari, uye takange tisina zvokudya. Firiji yedu yairatidza hurombo sezvaive zvakaita akaundi yedu yemari. Kwevhiki imwe yakasimba ndakanga ndichitarisira kuti bhizimusi raigona kutibudisa mazviri, asi hazvina kumboitika.

Mukupererwa nemazano, ndakakwira mukamuri yangu duku yokurara muimba yekare yepapurazi yataigara pamuripo wemadhora mazana matatu pamwedzi. Ndaiziva kuti kwakanga kusiri kuda kwaMwari kuti tirame muhusungwa hwemari hwakadaro, asi taiita zvose asi pasina budiriro.

Pandakazviwisira pamubhedha wangu mumisodzi, ndakachema kuna Mwari. Pandaichema kudaro ndakabva ndavanzwa vachidaira. Ndakanzwa Rugwaro urwu kubva mumweya wangu:

Uye Mwari wangu achazadzisa zvamunoshayiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma Yake muna Kristu Jesu.

—VaFiripi 4:19 (NASB)

Ndakataura nenzwi guru, “Ndinoziva Rugwaro irworwu, asi handizvioni muhupenyu hwangu.” Ndakabva ndanzwa Mweya Mutsvene achiti:

“Handina nechokuita nendambudziko rauri. Chikonzero chauri mudambudziko iri imhaka yokuti hauzive mashandiro oHumambo Hwangu.” Akaenderera mberi achindiudza kuti kereke yake yairarama sezvaitwa neIsraeri munguva yaFaro, sevaranda. Akati, “Ndinoda kuti vanhu vangu vasununguke mune zvemari!”

Kunyange zvazvo ndakanga ndisingazivi zvaaireva nokuti Humambo, ndakanzwisisa kuti kurarama muzvikwereti kwakanga

kusingashandi, uye akanga achireva kuti pakanga pane nzira yokurarama nayo yandakange ndisina kudzidza yaive yakanaka chose. Zvayaiva uye nemashandiro ayo, ndakanga ndisingazivi, asi ndaiziva kuti ndaifanira kuzvitsvaga.

Chinhu chandakatanga kuita kwaiva kudzika kumakamuri epasi ndokubata Drenda. Ndakamuudza zvakanga zvataurwa naMwari kwandiri, uye ndinorangarira ndakamira ipapo, ndakabata ruoko rwake, uye ndichitendeuka kuna Mwari nokuna iye nokuda kwedambudziko randakanga ndapinza iye neni. Panguva iyoyo takabva tazvipira kuti kunyange zvazvo taisanzwisisa zvairehwa naMwari pavakati Humambo, taizotsvaga kuti chaiva chii. Takazvipirawo kusashandisa zvikwereti senzira yeraramo asi taifanira kubvuma kuti taisaziva kuti torarama sei. Patainamata kudaro, rugare rwakauya pandiri, uye ndakaziva kuti Mwari vaizotiratidza kuti tingazviita sei nenzira Yavo.

Asi ndichidzokera kushoko iroro roHumambo, ndakanga ndisingazivi kuti Mweya aitaura nezvei. Ndaiziva kuti ndakanga ndava kuenda kudenga, uye ndakanga ndambodzidziswa nezve-Bhaibheri, asi ndakanga ndisingazivi zvaaireva. Kutaura idi, izwi rokuti Humambo rakanga risiri shoko randaiziva zvizhinji nezvaro. Nguva bedzi yandaigona kurangarira yakadudzwa nezvaro muBhaibheri yakanga iri muMunyengetero waShe.

Humambo hwenyu ngahuuye, kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvinoitwa kudenga.

—Mateo 6:10

Panguva iyoyo ndakafunga kuti izvi zvaireva Humambo hwomunguva yemberi uhwo Jesu aizogadza pasi pano rimwe zuva,

asi ndakanga ndisingazivi kuti zvairevei chaizvoizvo. Asi pashure pokunge ndaongorora rugwaro rwacho, ndakaona kuti ndakanga ndisina kururama. Pano Jesu akanga achitiudza kuti tinganamate sei, zvazvino. Tinofanira kunamata kuda kwaMwari panyika. Asi chii chinonzi Humambo hwaMwari?

Kana makaverenga mabhuku angu omumashure, munogona kusvetukira kuchitsauko chokutanga kana muchida, asi ndinotenda kuti ongororo inogara ichidiwa kana mava kuda kutora bvunzo. Bvunzo dzenyu, mutambo wohupenyu, dzatotanga, asi musanetseka. Pachine nguva yakawanda yokuwana mhinduro dzechokwadi uye nokubudirira madziri. Asi kana muri kuverenga kokutanga, zvinotevera zvakakosha!

Nzira Itsva Yokurarama Nayo

Apo Mwari vakandiudza kuti ndakanga ndisati ndambodzidza kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei, kutaura zvishoma zvazvo, ndakavhiringidzika. Ini naDrenda hatina kumboziva zvavaireva. Takanyengetera tichikumbira Mwari kuti vatidzidzise zvavaireva pavakati hatizivi kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei.

Saka chinhu chokutanga chandaifanira kudzidza chaive chokuti Humambo chimbori chii. Ndinofunga kuti pfungwa iyi yakaomera vanhu vokumavirira kuti vaibate, avo vanogara mumafungiro omuAmerica okuzvitonga uye okutaura zvakasununguka. Humambo hwaMwari hausu hutongi hwogutsaruzhinji; Humambo huna Mambo. Simba raMambo rinoenda richidzika nomuHumambo hune vane masimba akagoverwa kubudikidza nehofisi dzehurumende dzakasiyana-siyana uye nevanhu vanoshanda pasi pahwo. Kuva nemhomho yevanhu hakusi humambo.

Unogona kuva nemhomho yevanhu inosvika miriyoni uye hunenge husiri humambo. Humambo iboka revanhu vakabatanidzwa pamwe chete nomutemo kana nehurumende.

Tsanangudzo yohumambo muduramazwi ndeyi: “humambo: nyika kana hurumende ina mambo kana mambokadzi semusoro wayo.”

Kunyangwe paKisimusi tichipemberera kuuya kwaJesu panyika, kazhinji tinotadza kunzwisisa kuti panguva iyi aiunza hurumende pamwe chete Naye. Bhaibheri rinotaura nezvehurumende iyi muna Isaya 9:6-7:

Nokuti takazvarirwa mwana, takapiwa mwanakomana, uye humambo huchava pamapfudzi ake. Uye achanzi Guta Rinoshamisa, Mwari Ane Simba, Baba Vokusingaperi, Muchinda woRugare. Kukura kwohumambo hwake nekworugare rwake hazvizovi namagumo. Achatonga pachigaro choushe chaDhavhidhi napamusoro poumambo hwake, achibusimbisa nokuhutsigira, nokururamisira uye nokururama, kubva panguva iyoyo kusvikira nokusingaperi. Kushingaira kwaJehovha Wamasimba Ose kuchazviita.

Jesu ndiye musoro wehurumende iyi, uye patinogamuchira Jesu saMuponesi wedu pachedu tinova chikamu chehurumende iyi; tinova vagari venyika. Hatingove vagari vemo chete asiwo tinova chaizvo chikamu cheimba yaMwari pachavo sevanakomana nevanasikana vaMwari.

Asi kuna vose vakamugamuchira, kuna avo vakatenda muzita rake, akavapa simba rokuti vave vana vaMwari—vana vasina

kuberekwa neropa kana nokufunga kwomunhu kana nokuda kwomurume, asi vakaberekwa naMwari.

—Johani 1:12-13

Saka, hamuchisiri vatorwa kana vaeni, asi vagari pamwe chete navanhu vaMwari uye mava veimba yaMwari.

—VaEfeso 2:19

Semitezo yeimba yaMwari, tinova nhengo dzemhuri Yavo, nokudaro, ndokuva varidzi kana kuti zvikamu zvezvinhu zvose zvaMwari. Asi tinovawo vagari vehurumende Yavo huru vane kodzero dzepamutemo uye nezvikomborero.

Humambo Hutsva

Kuti mugone kunzwisisa zviri nani nezvandiri kutaura nezvazvo, regai nditaure pamusoro pokuve mugari womunyika dzomubatanidzwa dzeAmerica. Somugari womunyika dzomubatanidzwa dzeAmerica, mune kodzero dzepamutemo. Kodzero dzenyu dzepamutemo dzakanyorwa muBumbiro redu uye mumitemo yakadzikwa mukati mehurumende yedu. Mitemo nezvinowanikwamo zvinova zvomugari wose, zvisinei nokuti ndiani. Kodzero idzodzo hadzibvi pamanzwiro edu kana pakuti takachenjera sei. Kwete, dzinosimbiswa nomutemo, dzinowanika zviri pamutemo kumugari wose anodana America somusha wake. Zvinogoneka kuti mugari angave asingatomboziva kodzero dzake dzepamutemo, asi zvisinei, anadzo nekungove mugari womunyika dzomubatanidzwa dzeAmerica.

Zvino hechino chimwe chinhu chokufunga nezvacho, uye

ndinovimba chichashandura maonero enyu ose pamusoro paMwari uye nemawaniro amunoita kubva kuna Mwari. Muno munyika dzomubatanidzwa dzeAmerica kana tikaona kuti chimwe chinhu kana mumwe munhu ari kuedza kutitorera kodzero dzedu dzepamutemo kana kuti takabatwa zvisina kunaka, tinowana kururamisirwa (kururamisira kunoreva kuitwa kana kutonga kwomutemo), chirongwa chinosimbisa kodzero dzedu dzomutemo. Tinoenda kumatare, uye mutongi haana hanya nechitarisiko chedu, kana kuti takapfuma sei kana kuti tiri varombo zvakadii. Anotarisa mutemo. Anofanira kutonga achitsigira mutemo nguva dzose. Mutemo nemutongi varipo sezvibatiso zvedu.

Tine kodzero dzepamutemo, uye hurumende yedu ichasimbisa kodzero dzedu dzepamutemo kubudikidza nohurongwa hwokururamisira munyika dzomubatanidzwa dzeAmerica. Muchifunga izvozvo, nyatsoongororai Isaya 9 painotaura nezvehurumende itsva iyi iyo Jesu ari kuunza paNyika.

*Achatonga (Jesu) pachigaro choushe chaDhavhidhi
napamusoro poumambo hwake, achibusimbisa nokubutsigira,
nokururamisira uye nokururama....*

—Isaya 9:7

Rugwaro urwu rwunotaura kuti Humambo hwaMwari hunogadzwa uye hunotsigirwa nokururamisira, kushandiswa kwomutemo waMwari. Kutonga zvinoreva nzira yokushandisa kana yokusimbisa kodzero dzenyu dzepamutemo. Kodzero dzenyu dzepamutemo ndidzo dzinonzi naMwari kururama kana kuti zvavanoti ndizvo zvakarurama, mutemo Wavo. Kutu muve

nechokwadi chokuti mune izvo Mwari vanoti zvakarurama mukati moHumambo Hwavo, zviru zvenyu zvepamutemo somugari womuHumambo ihwohwo, Mwari vakakupai nzira yokuwana kururamisirwa, nzira kana kuti vimbiso yokuti muchawana zvavakuvimbisai.

Mwari vakaita kuti kuda Kwavo kuve kunozivikanwa kwatiri neShoko Ravo, Bhaibheri, kuti tigoziva kodzero dzedu muHumambo Hwavo. Aya mashoko akanaka! Zvose zvamunoverenga muBhaibheri izvo zvine chokuita nezvawakavimbiswa naMwari zvinenge zvatove zvenyu zviru pamutemo somugari woHumambo Hwavo!

VaKorinde Wechipiri 1:20 inotaura zvakajeka kuti chipikirwa chose—CHIPIKIRWA CHOSE—ndi“Hongu” uye “Ameni.” Zvakatotemwa; zvagara zvitori zvenyu pamutemo.

Nokuti hazvinei kuti Mwari akativimbisa zvinhu zvizhinji zvakadzi, zvose i“Hongu” muna Kristu. Uye kubudikidza naiye tinoti “Ameni” kuti Mwari akudzwe.

—2 VaKorinde 1:20

Hwaro chaihwo hwoHumambo hwaMwari iruramisiro uye kururama—hauzununguki. Zvino zvifungei neiyi nzira: “Kana ndichiziva mutemo woHumambo hwaMwari (kuda Kwavo), uye ndichiziva kuti ndinogona kururamisirwa, iriyo nzira yokusimbisa inondivimbisa zvinotaurwa nomutemo, ipapo ndinova nechivimbo uye handityi.

Ndiko kusatya kwatinako mukuswera kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. Uye kana tichiziva kuti

*anotinzwa—pazvosezvatinokumbira—tinozivakutitavanazvo
zvatakumbira kwaari.*

—1 Johani 5:14-15

Kana ndima iyi ichiti Anotinzwa, haisi kutaura nezvekutinzwa nemumashoko edu kubudikidza nemasaisai eruzha; iri kutaura nezvavo Mwari vachitora nyaya kuiisa mumaoko Avo.

Fungai nezmotongi anotonga nyaya kuti ave nechokwadi chokuti kururamisira kwaitwa. Dare redzimhosva nemutongi varipo kuchengetedza kururamisira kuti kuwanikwe nomugari wose. Mutongo womutongi haubvi pamanzwiwo ake asi unobva pamutemo waanoteedzera achihuitira mugari wose. Mutongi aripo kuona kuti kururamisira (kutevedzwa kwomotemo) kwaitwa maererano nomutemo wakanyorwa.

Kana vari Mwari, chigaro Chavo (nzvimbo yechiremera) uye nesimba Ravo zviripo kuti zvive nechokwadi chokururamisira (kusimbisa kuda Kwavo) vanhu vose vanouya kuna Jesu nokuHumambo Hwavo.

Ndapota verengai chirevo ichocho zvakare zvisihoma nezvisihoma uye chiregai chiende pamaonero amunoita Mwari. Vanhu vazhini vanofunga kuti Mwari vanoita sarudzo Dzavo zvichien-derana nenyaya yacho, asi ichi hachisi chokwadi. Ndivo Mambo woHumambo vane mitemo isingashanduki. Havadaro uye havaiti sarudzo zviripo kunze kwomotemo Wavo. Nokudaro, tinogona kuziva kuti mhinduro Yavo ndeipi tisati takumbira kubva kwavari, uye tinogona kuva nechokwadi chokuti tine zvinotaurwa nomutemo Wavo tisati tazviona nokuti vane simba rokuita zvinotaurwa nomutemo Wavo.

Hapasisina Kupemha

Drenda neni takatanga kudzidza nezvekodzera dzedu dzepamutemo muHumambo, zvakashandura zvikuru maonero ataiita Mwari neBhaibheri. Kunzwisiswa kwedu uku kwakava nemugumisiro wokushandurwa kwohupenyu. Pakanga pasisina kupemha. Pakanga pasisina kuteterera. Takadzidza kuti zvakataurwa naMwari zviripamutemo zvakatopihwa kwatiri sevagari vomuHumambo Hwavo. Takaenderera mberi nokudzidza nzira yokuwana izvo zvaive zvedu pamutemo uye tozvisunungura kuti zvine munzvimbo yepanyika. Chakanga chirichizaruko chikuru kudzidza kuti isu tiri varidzi vezvose zvine denga. Sevagari vemo, tine mvumo yepamutemo yemitemo yoHumambo. Asi senhengo dzemhuri pachayo, tiri varidzi uye tine mvumo yepamutemo panhaka yezvose zvine denga.

Zvino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka—vadyi venhaka yaMwari uye vadyi venhaka pamwe chete naKristu.

—VaRoma 8:17

Cherechedzai kuti mashoko anoti tiri vadyi venhaka pamwe chete naKristu! Izvi zvinoreva kuti zvose zvina Kristu ndezveduwo!

Apo Mwari vakataura neni pazuva riya muimba yangu duku yepapurazi yakanga yakaparara ndokundiudza kuti ndakanga ndisingazivi kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei, vakanga vachinongedzera kumitemo nechimiro chepamutemo zvoHumambo Hwavo. Vaitaura chokwadi. Ndakashaya kuti humambo chii kana kuti hunoshanda sei. Asi chinhu chimwe chandakakurumidza kubata, icho chakabatsira kunzwisisa kwangu humambo,

chaiva chokuti humambo hunoshanda nemitemo isingashanduki. Mitemo hairatidzi rusaruro. Haishanduki kuti inakire mumwe munhu. Kwete, haizununguki uye inogara iripo.

Regai ndikupei muenzaniso. Nhasi tinonakidzwa nemagetsi uye nechiedza chaanopa mudzimba dzedu. Munobvuma kuti mitemo inotonga magetsi yagara iripo kubvira pakusikwa kwenyika. Asi, kwezviuru zvemakore, kwakanga kusina mwenje! Chikonzero chacho? Hapana akanga awana mitemo yaitonga magetsi uye nemashandisirwo awo kubatidza mwenje. Kunyange zvazvo mheni nemagetsi *estatic* zvaionekwa sechinhu chakajairika chohu-penyu, ndizvo chete zvazvaive, kungoona. Hapana akambofunga kutevedzera zvavaiona nokuti vaisaziva kuti zvavaiona zvaibva pamutemo womusikirwo waigona kudzidzwa.

Kusanzwisisa kumwe chete uku kwakazara mukereke nhasi. Vanhu vanoverenga nezvezvinhu zvikuru zvakaitwa naMwari muBhaibheri asi havambofi vakapfuura kunzwisisa kwokungoona kwavari kuverenga.

Vazhinji vakaona Mwari vachiita zvinhu zvikuru zvinoshamisa muhupenyu hwavo, asi sokuona kupenya kwemheni kunoshamisa mudutu rechirimo, vanomira ipapo vokuti, “E-ee, wazviona here izvo?” asi havakwanise kuitevedzera nokuti havanzwisise mitemo inotonga zvavangobva kuona. Somuenzaniso, nhasi, tinogona kuisa mwenje chero kupi zvako munyika, chero kwatinoda, nokuti tinonzwisisa mitemo inotonga magetsi.

Nenzira imwecheteyo, nhasi tinofarikanyawo nokuwanisa kufamba zviuru zvemamaira pazuva nejete kupi nokupi munyika. Ndege inowana kugona kwayo kubhururuka nokunzwisisa kwedu kushandisa mutemo wokusimudza. Zvisinei, mutemo iwoyo wave uri panyika kubvira pakusikwa kwenyika, sezvinoratidzwa neshiri

dzinoshandisa mutemo iwoyo mazuva ose. Asi hapana aibhururuka nendege kwezviuru zvepakore kubva pakuvapo kwemunhu panyika nokuti hapana akange awana mutemo wokusimudza akadzidza mashandisirwo awo.

Zvakare, ndizvo zvimwechetezvo noHumambo hwaMwari. Vanhu vazhinji vanopemha, vanochemba, uye vanopfuurira kuedza kupwisa Mwari kuti vaite chimwe chinhu pachinzvimbo chavo. Asi chavasingazivi ndechokuti pavakava vatendi, mitemo yose nezvinowanikwa muHumambo zvakava zvavo zvokushandisa ndokufarikanya, pasina kupemha kwaindikanwa.

Ngatitii ndanga ndichiuya kukereke yenyu. Mungaite here kuti chikwata chevanamati chinamate pamwe nokutsanya kuti magetsi avepo husiku hwandaisvikako? Kwete! Kudai ndaisvika kukereke yenyu uye mwenje usina kubatidzwa, vanhu vose vaizotanga kuchema kuna Mwari here, vachikumbira nokupwisa Mwari kuti vabatidze mwenje? Kwete, vaitsvaga chibatidzo, vongochikwidza mudenga, mwenje wobva wavako. Hapana kutya, hapana kuvhiringidzika, ingoubatidzai!

Asi nokuda kwechimwewo chikonzero, Vakristu havana kumboenda pamberi poHumambo uye nokuShoko raMwari nomuono uyu. Zvakare, vanopedza nguva yavo yakawanda vachipemha, vachikarira kuti chimwe chinhu chichaitika. Kana chikasaitika, vanobva vangopomera Mwari, vachifunga kuti Mwari vakasarudza kusavapa chikumbiro chavo. Kusanzwisisa uku ndiko chikonzero nei Vakristu vazhinji nhasi vachitenda kuti Mwari vanobvumira zvinhu zvakaipa kuti zviitike, kana kuti vanonyatsoziva panoitika njodzi. Shamwari, aya HAASI mashandiro anoita

Humambo hwaMwari!!!! Zvakare, ngatitarisei kuRugwaro rwedu muna 1 Johani.

Ndiko kusatya kwatinako mukuswewera kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwana. Uye kana tichiziva kuti anotinzwana— pazvose zvatinokumbira—tinoziva kuti tava nazvo zvatakumbira kwaari.

—1 Johani 5:14-15

Sezvo tichiziva kuti tiri kukumbira maererano nekodzero yedu yepamutemo, uye kuti Mwari vanoisa nyaya yacho mumaoko Avo, tine chivimbo chokuti tine zvatakakumbira kwavari! Zvinosuruvarisa kuti chokwadi chinoratidzwa mumashoko aya hachinzwiswi noruzhinji rwevatendi. Noruzivo rwandava narwo, ndinofanira kutaura kuti vazhinji vavo ndivo vasingatonzwisisi. Asi kwaiva kunzwisisa uku kwakashandura hupenyu hwangu!

Chiono noKurarama

Ndakatanga kuverenga nyaya dziri muBhaibheri nechido chakasimba. Ndaiziva kuti munyaya imwe neimwe maive nemirairo yemweya yaifanirwa kuwanikwa. Ndakava muongorori wezve-mweya. Munyaya dzose, ndaibvunza mibvunzo.

“Sei izvi zvakaitika?” “Ndoupi mutemo unoratidzwa munyaya iyi?” Zvishoma nezvishoma, ndakatanga kudzidza misimboti nemitemo inova yangu muHumambo hwaMwari, uye zvakashandura hupenyu hwangu.

Patakatanga kushandisa mitemo iyi, zvikwereti zvose zvakaopera zvachose mumakore maviri nechidimbu chepakati. Takatanga kubvisa mari yemotokari dzedu, kuvaka imba yedu yezviroto pamaeka makumi mashanu nemashanu, nezvimwe zvakaanda. Ikozvino chikamu chakanakisisa ndechokuti hapasisina kushushikana nemari. Musha wedu unobhadharwa, uye tinochigona zvino kunangidzira pfungwa dzedu pamugove wedu, pachinangwa chedu, panzvimbo pokungoraramawo hedu

Tainakidzwa chaizvo nezvatakanga tichidzidza asi tisingaoni shamwari dzedu dzakawanda pamwe nevatazivira vachinakidzwawo nezvinhu zvatakaona zvichiitika. Nokuda kubatsira vanhu kuti vadzidze zvatakanga tadzidza, takaparura *Faith Life Church* mugore ra1995. Takaisa pfungwa dzedu pakugoverana nevanhu mitemo nemisimboti yatakadzidziswa naMwari, tichiudza vanhu kuti vangasununguka sei uye kuti vararame hupenyu hwakanaka hwoHumambo.

Mugore ra2005 takaparurawozve *Faith Life Now*, inova shumiro yedu. *Faith Life Now* zvino inotepfenyura zvirongwa zviviri zuva nezuva pachivhitivhiti—*Fixing the Money Thing* neDrenda—pasi rose neMashoko Akanaka oHumambo.

Nhasi, hatisi kutsvaga makobiri akadonhera muzvigarozvemo tokari dzedu netarisiro yokuwana mari yakakwana yokutenga zvokudya zve*Happy Meal* zvokugovanisa pakati pevana vedu vatatu. Tinopedza mamiriyoni kuita zvatinaita iye zvino, uye tine chido chokubatsira vanhu kudzidza kuti takazviita sei.

Takaerekana tatama kubva kumafungiro okungorarama kuenda kumafungiro ane chiono ndokutanga kurota zvataigona kugadzira

uye nezvataigona kuita nohupenyu hwedu. Takabva mudambudziko remari uye nomuhuranda ndokupinda murusununguko rwemari.

Mumazuva edu okuchoboka uye ohuranda, nyaya yose duku yemari yataida yaive dambudziko guru. Mukushushikana kukuru, taiedza kutsvaga mumwe munhu wokukwereta mari yacho, kana kuti taizoshanyirazve chitoro chedu chomunzvimbomo chataikwereta! Asi nhasi, tiri kufarikanya neSimba Rokuwana Zvikwanisiro.

Zvichida mungabvunza, “Gary, chii chinonzi Simba Rokuwana Zvikwanisiro?” Simba rokuwana zvikwanisiro kugona kuwana chinangwa chenyu uye nokutiza kubva kuhupenyu hwokungoraramawo. Garai muchiyeuka kuti kuva nezvikwanisiro kuva nechiono. Verengai izvi zvakare zvisihoma nezvisihoma; uku kutamba nemashoko, asi zvazvinoreva zviri pachena.

Kusava nezvikwanisiro kunoita kuti pave nohupenyu hwohuranda, uye varanda havaroti zviroti zvikuru! Uye mugare muchiyeuka kuti hamusi muranda! Muri nhengo yeimba yaMwari chaiyo, mudyi wenhaka yose pamwe chete naJesu. Nokudaro, simudzai meso enyu muone ramangwana idzva. Ini ndinoda kuti muve makasununguka kurota, makasununguka kunakidzwa nokugadzira chiono chenyu, uye nokurarama hupenyu hwakanaka. Ndinovimba kuti patinenge tichifamba nebhuku rino muchafemerwa, asi kwete kungofemerwa chete, kuti muchave nechivimbo. Mitemo yoHumambo mimwecheteyo yakashandura hupenyu hwangu ndeyenyuwo.

—Gary Keese

Iri ibhuku rechina mumabhuku mashanu akatevedzana ane musoro unoti, “Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu.” Ndinokukurudzirai kuverenga mabhuku matatu apfuura kuti muwane nzwisiso yakanaka yemitemo yandiri

kunongedzera uye nezvimwe zviru pamusoro pokushanda kwoHumambo hwaMwari. Ndeanoti: *Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu: Simba Rokutendeseka, Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu: Simba Rokuzorora, uye neShanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu: Simba Renzira Yokuzviita Nayo.* Munogona kuawana paGaryKeese.com kana paAmazon.com.

CHITSAUKO 1

CHIEDZA

CHINOVHENEKA MURIMA

Ndakakuudzai munhanganyaya nezvenhare yandakagamuchira kubva kuna gweta izvo zvakaita kuti ndisangane nemamiriro chaiwo edu ezvinhu uye zvikaita kuti ndicheme kuna Mwari. Ndakakuudzaiwo izvo Ishe vakataura kwandiri pandakanga ndakarara pamubhedha wangu ndichichema, kuti ndakanga ndiri mudambudziko randakanga ndiri nokuti ndakanga ndisati ndadzidza kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei. Asi hunomboshanda sei chaizvo? Chii chaicho chavaiedza kundiratidza? Ndakanga ndisingazivi, asi ndakanga ndava kuda kudzidza.

Kana muchirangarira, ndaifanira kupa gweta chiuru chimwe chete nemazana matanhatu chemadhora mumazuva matatu kuti ndidzivise kuendeswa kudare redzimhosva. Panguva iyoyo, takanga tisina mari uye tisina tarisiro yokuva nemari nenguva kubva mubhizimusi redu kuti tibhadhare mari iyoyo. Ndakanga ndiri mumamiriro ezvinhu asingagoneki, ndizvo zvandaifunga. Panzvimbo pezvo, ndakanga ndava kuda kudzidza chidzidzo changu chokutanga chezvoHumambo.

Panguva iyoyo, ndaityaira motokari yerudzi rwe *Dodge Caravan* yekare yaibuda chiutsi sechimuni payaidzika nomugwagwa. Manheru iwayo, ndakaita musangano neimwe mhuri kuti tikurukure pamusoro peinishuwarenzei yavaida, uye takanga tasangana kumba kwavo uko kwaisvikika mumaminiti gumi nemashanu nemotokari kubva kuhofisi yangu.

Mumazuva iwayo, ndaisiya motokari yangu nemaune mumugwagwa kana nechepakona kubva pamba pomutengi wangu. Chikonzero chakanga chiri nyore. Ndaiti ndikaimutsa, yaigaroza chiutsi chichena mumhepo, uye handina kumbofunga kuti yaisimudzira bhizimusi rangu sezvo ndaiva nyanzvi munyaya dzemari ndichipa mazano kuvatengi vangu kuti vadyare mari uye nokutenga inishuwarenzei.

Zvisinei, pahusiku huno, senguva dzose, ndakasiya motokari nechepakona kubva pamba pomutengi wangu. Takava nehurukuro yakanakisa, uye ndakamuoneka asi ndakanetseka apo murume uya akapfuurira kufamba neni ndakananga kumotokari yangu. Kunyange zvazvo zvaindiomera, ndaisava nedambudziko nazvo chero bedzi aisazoramba aripo kuti aone motokari ichimuka, zvinosuruvarisa kuti ndizvo zvaakaita. Kunyange zvazvo ndakatora nguva yangu ndichirongedza nhava yangu nezvimwe zvinhu mumotokari ndichiedza kumupa nguva yokuenda, akaramba amirepo nemoyo murefu kusvikira ndaona kuti ndaifanira kupfuurira mberi ndokuimutsa. Zvino, sezvaitarisirwa, mugwagwa wakazadzwa noutsu huchena.

Pandakada kuti ndichiifambisa, akandinongedzera kuti ndiidzime achibva auya kufafitera. Akandiudza kuti aigadzira motokari sebasa renguva pfupi kuti awedzere mari muhomwe yake, uye aida kutarisa kumberi kwayo. Ndakati hongu, ndokumuvhurira.

Ndakaziva kuti Chero zvaaiwana zvaisazova nebasa. Ndakanga ndisina kana mari panguva iyoyo yokushandisa pamotokari yekare iyi.

Mumaminiti mashoma, akadzoka ndokuti, “Sezvandafungira, une *busted head gasket*. Ityaire kumba, uye igadzirise usati waityaira zvakare. Panongodiwa mari inoita madhora mazana manomwe chete.”

Ndakamutenda nezano rake ndokubuda ndodzokera kuhofisi yangu. Chandaingonzwa mumusoro mangu chaive chiri chokuti, “Panongodiwa mari inoita madhora mazana manomwe chete! Kwandiri panguva iyoyo, madhora mazana manomwe yaiita semirioni yemadhora, uye ndakanga ndichiri kuda kuwana chiuru nemazana matanhatu chemadhora kuti nditumire kuna gweta. Kunze kwaizvozvo, ndakanga ndine murwi weimwe mitero yaida kubhadharwa.

Ndakashaya mhinduro, asi ndakarangarira munyengetero watakanga tanyengetera naDrenda pakutanga wokuti, “Mwari, tidzidzisei mashandiro anoita Humambo Hwenyu, uye tiratidzei nzira yokurarama nayo pasina zvikwereti.”

Ndichidzokera kuhofisi, ndakatanga kutaura naShe nezve-mamiriro angu emari. “Ishe, munoziva zvose pamusoro pemari yandinoda. Munoziva kuti ndichiri nechikwereti chemari pamotokari iyi, uye ikozvino kuri kudiwa madhora mazana manomwe. Ishe, kutaura chokwadi, tichiverenga chikwereti chokubhanga chandinacho chemotokari iyi pamwe nomutengo wokuigadzirisa, zvimwe zvingava nani kudai ikangotsva hayo uye cheki yeinishuwarenzei yozviripira zvose!” Ndakataura kudaro neshungu nenzwi guru, nenzira yokunyomba, kwete somunyengetero chaiwo.

Panguva yandakataura kudaro, pane chimwe chinhu

chandakaona. Ndakanga ndisina chokwadi chokuti chinhu ichi chakanga chagara chiripo here, asi zvaiita sokuti paiva nefuro diki kumberi kwemotokari. Pandakaritarisa, raiita seraiva richikura zvisihoma nezvisihoma. Uye pandakaramba ndichitarisa, ndakagutsikana kuti furo iri raive richikura. Ndakarohwa nehana. Handina kuona chimwe chiutsi kunze kwechiutsi chaingogara chichiita sechinongotevera shure kwemotokari, saka ndakapfuurira nerwendo kuenda kuhofisi.

Pandakapinda munzvimbo yokusiya motokari, kumberi kwemotokari kwakangoerekana kwaputika bhora romoto! Marimi omoto aibuda mukamuri reinjini achienda *mafeet* matanhatu mudenga. Ndakabva ndataura mashoko aya nenzwi guru, “Ishe, manzwa ndichitaura kudaro?”

Zuva rakatevera, kambani yeinshuwarenzi yakaripira kutsva

**NDAKABVA NDATAURA
MASHOKO AYA
NENZWI GURU, “ISHE,
MANZWA NDICHITAU
KUDARO?”**

kwemotokari uku uye ndakanga ndine mari yakakwana yokuti ndibhadhare chiuru nemazana manomwe chemadhora kuna gweta yechikwereti chiya pamwe nokupedzisa chikwereti chemotokari yacho uye ndakange ndichine imwe yaikwana kutenga zvinhu zvokushandisa mumba.

Takafara uye nokukakatyamadzwa nazvo panguva imwe chete, asi tisisina motokari iyo tose tiri vatanhatu taida kuti tigone kufamba.

Ndakatadza kutsanangura zvakaatika panguva iyi, asi zvokuti ndakanga ndataura nenzwi guru kuti motokari itsve zvinhu zvakandibata. Ndaifanira kubvuma kuti ndakanga ndisati ndambova nemotokari yakabatira moto. Ukuwo ndakanga ndisati ndambotaura zvinonzwika kuti pave neinobvirawo.

Izvi zvakanga zvakabatana noHumambo here? Pane zvandakaita here kuti izvi zviitike, kana kuti zvakangoitikawo hazvo? Takanga tisina chokwadi nazvo. Kunyange zvazvo takapemberera kubudirira mukubvisa mari yemotokari pamwe nomukweretesi, takanga tichiri kuda motokari, asi sei?

Kuwana Motokari Itsva

Baba vangu vakandibata parunhare vachida kungotikwazisa uye kuti vatibatsire pakutsiva motokari yakanga yatsva. Baba vangu vaiva nemari zhinji, uye ndaitarisira muchivande kuti vaizongotitengera imwe. Vakatikurudzira kuti tiende kunotarisa motokari yakamboshanda yakanaka muzvitoro zvishoma zvemotokari zvomunzvimbomo. Chokwadi, ndakabvuma nomoyo wose.

Takaenda kune zvitoro zvakati wandei zvokutengesa, uye ndakawana motokari yerudzi rwe*Dodge Caravan* chaiyo-iyoy. Yakanga ine gore uye ichiita setsva. Ndakaudza baba vangu kuti ndaifunga kuti iyi ndiyo yaizodiwa naDrenda, yaive yakanaka ine ruvara rwezvidhina, ndichitarisira kuti vaizoti, “Zvakanaka! Zvakanaka, handei tinoitenga.” Asi handizvo zvavakataura. Pane kudaro, vakati, “Ndichakupa madhora zviuru zvisihanu zvokutenga.” Hongu, chaive chipo chikuru, asi vaingoda kubvisa mari iyoyo bedzi vondisiya kuti ndizobhadhare yaive yasara.

Ndakangoerekana ndabatwa nezvaivepo chaizvo. Ndakanga ndisina nhoroondo yakanaka yokuripira zvikwereti yaigona kukwezva chero bhanga kuti rindikweretese mari yacho. Uye kusvikira panguva ino, ndakanga ndakwanisa kuvanza kuipa kwemamiriro edu emari kuna baba vangu. Chechipiri, ndakaona sokuti ndakanga ndisingachakwanisi kuwedzera chikwereti.

Nokudaro, pasina imwe sarudzo yandaiziva nezvayo, ndakaita sarudzo yokukurumidza yokunyora chikumbiro chokutora motokari nechikwereti. Zvisinei, ndaiziva kuti kuita izvi uku kwaireva kuti ndaizofanira kupira mamiriro angu ezvinhu kuna baba vangu uye ivo vaizofanira kuisa runyoro rwavo somunhu aizogona kundimirira pakuripira chikwereti ichi. Ndakaudza baba nyaya yose ndisingade, vakati vaizondimirira pakuripira mari yechikwereti ndokubva taendesa mapepa. Vatengesi vakandiudza kuti vaizondizivisa nezvazvo mangwanani aitevera.

Hongu, ndaiziva kuti bhanga raizobvumira chikwereti ichi sezvo baba vangu vaive nenhorondo yakanakisa chose yokuripira zvikwereti. Kubvumidzwa kukwereta handiko kwaindinetsa pandaienda kumba. Ndaiziva kuti ndaisagona kutora chikwereti ichocho, asi ndakanga ndine chinhu chaidikanwa chaicho uye ndisina mari. Ndaifanira kuitei? Ndakavhiringika uye nokushushikana.

Ndakasvika kumba ndikaudza Drenda mamiriro akanga akaita zvinhu, akazivawo kuti taisasaina rimwe bepa rechikwereti, asi ndezvipi zvimwe zvatakaita? Husiku ihwohwo tose takanetseka nokurara, asi ava mangwanani, takagutsikana kuti kukwereta handicho chinhu chataifanira kuita.

Saka ndakachaira baba vangu runhare ndikavatenda nechipo chavakanga vandipa, ndichivaudza kuti taisakwanisa kuwedzera chikwereti chemotokari. Ndakabva ndachairazve runhare vaiitengesa ndikavazivisa kuti taisazouya. Vakandiudza kuti chikwereti chemotokari chakanga chabvumirwa uye yakanga yacheneswa uye yagadzirirwa kuti itorwe. Ndakavatenda asi ndakasimirira pakuti ndaisakwanisa kuitora.

Pandakadimbura runhare, ndakava norugare, asi panguva imwecheteyo, ndakanga ndisingazivi kuti taizokwanisa sei kutenga

motokari yakakura zvakakwana kuti mhuri yedu yose yevanhu vatanhatu ikwane. Ndaiva nemotokari yagaira vanhu vashanu yandaityaira ndiri pabasa yataifanira kufanoshandisa kusvika tafunga zano. Dzinenge vhiki mbiri dzakapfuura, uye takakwanisa kufanoshandisa motokari iyi, tichiita nzendo dzakawanda apo taida kuenda kune imwe nzvimbo.

Zvino rimwe zuva, ndakagamuchira nhare kubva kune mumwe murume akanga ambosangana naDrenda mwedzi mishoma yaive yapfuura. Aive achitsvaga zvinhu zvishoma zvokutengesa muauction yevabereki vake yaitengeswa zvinhu zvekare yavaiita mwedzi woga-woga muAtlanta uko kwavaigara. Vaiuya kuOhio kamwe chete pamwedzi kuzotenga zvinhu zvomuauction yavo, uye Drenda aigara akavhurira ziso chero chii chaifunga kuti chaigona kufarirwa nevabereki vake. Zvaiunza imwe mari mwedzi woga-woga sezvo vaizomupa komisheni pane chero chaaiwana.

Zvakazoitika ndezvokuti Drenda akanga asangana nomurume uyu pane imwe nzvimbo, uye vakanga vapinda muhurukuro pamusoro pemabasa avaiita. Drenda akaudza murume uyu kuti kana aizova nechimwe chinhu chaaitengesa, aizoda kuchitenga. Sokumira kwazvaive zvakaita, aitarisira musha mukuru wevakwegura, uye nguva nenguva, murwere aitofanira kuparadzana nemidziyo yake kana otamira kumusha uyu. Kana paisava nevemhuri vaigona kutarisira zvinhu zvomumba zvaaida kuparadzana nazvo, murume uyu aizvichengeta mune imwe nzvimbo yaaiva nayo uye pakupedzisira aizvitengesa.

Ndaisamuziva saka paakachaya runhare ndakabva ndazvinyora pasi ndikaudza Drenda kuti ainge amuchaira runhare. Kutipfupise nyaya iyi, Drenda paakazomubata parunhare, akamuudza kuti aive nemakamuri matatu ezvinhu zvomumba nemidziyo yomumba

zvaaida kubvisa ndokubvunza kana aizozvida. Akamutengesera zvose pamwe chete nomutengo wakaderera chose.

Ini naDrenda takaenda kunotarisa makamuri aya, uye kunyange zvazvo taisagona kunyatsopinda maari kuti tione zvinhu zvose zvaivamo sezvo makamuri akanga akazara kubva pasi kusvika kumusoro, takaona zvinhu zvishomanane zvataifunga kuti, kana zvaitengeswa, mari yaibudapo yaisvika pamutengo waakanga achida kuti zvose zvitengwe nawo. Takabata parunhare vabereki vake, uye vakatitumira mari yacho, vakaunza rori yavo, uye vakatora zvinhu zvose kudzokera kuAtlanta nokuda kwe*auktion* yavo yepamwedzi.

Kutengeswa kwezvinhu kwacho kwakabudirira zvikuru, uye sekomisheni yedu pabasa iri, vakabvuma kutipa motokari yerudzi rwe*Peugeot station wagon* yakanga yangova nemakore mashomanane bedzi uye yaive iri muchimiro chakaisvonaka. Zvino, ndinoziva kuti kuvanhu vazhinji, kuwana motokari yakamboshandiswa kungasava chikonzero chemhemberero huru. Asi kwatiri, panguva iyoyo, aka kaive kokutanga kutyaira motokari isina muripo pairi. Motokari yacho yakanga ichangobva kupendwa uye yaitaridzika sedzva. Takafara zvikuru.

Ndakange ndotanga kuzviona zvino. Ndaigona kuvimba naMwari kuti vaizondibatsira pane zvinhu zvandaيدا ndisina kutora chikwereti.

Kushanduka KukurukweZvinhu

Chimwe chiitiko chandakaita naIshe gore rakanga rapfuura tichiri kugara muOklahoma zvino chakava pachena kwandiri. Ndichitarira shure, ndaigona kuona kuti Ishe vakanga vachiedza kubata pfungwa dzangu, asi takanga tine zvikwereti zvikuru

nezvimanikidziro zvakanyanyisa zvokuti nokuda kwechimwe chikonzero, takanga tisiri kuona izvo Mwari vakanga vachiedza kutidzidzisa.

Ndinofarira kuvhima, nyanyire nondo. Ndinodawo kudya nyama yemhuka uye ndine chimwe chinhu chokuratidza kuedza kwangu kuvhima. Sezvazvakanga zvakaita, ndakanga ndichivhima asi kwemakore mashoma apfuura, mukuedza kwangu kwose, ndakanga ndisina chandaigona kuratidza pakuvhima uku. Ndaibuda ndogara muchando, ndoenda zuva nezuva ndisina kana nondo imwe zvayo yandaibata. Izvi zvakandiodza moyo sezvo ndaive nevana vokupa zvokudya uye chokwadi ndingadai ndakashandisa nyama yemhuka. Kunyange zvazvo ndakambobudirira kare, akanga ava makore ndisati ndaunza nyama kumba mumwaka wenondo.

Rimwe zuva pandakanga ndichifunga nezvemwaka wenondo waiuya, ndakanzwa inzwi raShe. Vakati, “Ko wadii kunditendera kuti ndikuratidze mawaniro auchaita nondo yako gore rino?” Zvakandishamisa. “Kundiratidza mawaniro andichaita nondo yangu gore rino?” Izvi zvinomborevei?

Ndichinyengetera pamusoro pemashoko iwayo, ndakanzwa Mweya Mutsvene achisimbisa pandiri kuti ndidyare mbeu yemari kana kuti chipo chechinangwa chaicho chokukohwa nondo iyoyo. Ndakanga ndisati ndambodyara mari ndichitarisira kukohwa nondo, uye zvakambotishamisa pakutanga. Asi pakuita izvi, ndakanzwa Ishe vachinditungamira kuti ndidyare mbeu iyoyo nomurairo wakazara. Ndaifanira kunyora cheki yemari yandainzwa kutungamirwa kudiyara. Ndaifanira kuita kuti tose naDrenda tiise maoko edu pamusoro payo uye kuti titaure kuti takanga tagamuchira nondo yangu ya1987 panguva yacho chaiyo yatainyengetera, kwete pandaizoikohwa, asi patainyengetera.

Kunyange zvazvo soMukristu ndaigara ndichipa uye ndichitsigira kereke yangu, kudyara sezvizvi nechinangwa chakananga uye ndichitenda kuti ndinogamuchira pandinonyengetera zvakanga zviri zvitsva kwandiri.

Saka ndakatora cheki ndokunyora muchikamu chepanonyorwa, “Izvi ndiri kuitira nondo yangu yomuna 1987.” Ini naDrenda takaisa maoko edu pamusoro payo ndokuitumira kuhushumiri hwandaivimba nahwo, uye pandaiitumira ndakapupura kuti ndakanga ndichangobva kugamuchira nondo yangu. Ndakatora bepa ndokunyora pariri zuva nenguva yandakatenda kuti ndakanga ndagamuchira nondo ndokuisa muhomwe yebhachi rangu rokuvhima naro.

Panguva iyoyo nokuda kwemiganhu yeguta yandaigara, muTulsa, Oklahoma, chokwadi ndakanga ndisina nzvimbo yokuvhima, asi shamwari yangu yokukereke yakandikoka kuti ndiende kumba kwaambuya vayo kumapurazi nokuda kwezuya re *Thanksgiving*; uye akati kwaiva nenondo shoma dzakapoterredza purazi.

Naizvozvo, mhuri yangu yakanangako mangwanani ezuya re *Thanksgiving* kunonakidzwa nezuya guru rokudya nokuyanana uye zvino kuti ndiwane kurongedza nondo yangu. Shamwari yangu yakashaya kuti yonditi ndoendepi, asi pamba apa paive nemafuro aive akaganhurwa nesango uye akabva ati ndiende kumafuro ikoko ndinogara pedyo nomuti mukuru waivapo.

Zvino, ndinoda kuti muone mufananidzo uyu. Zuva parakange ropenya zvisihoma nezvisihoma munharaunda yangu, ndakaona kuti ndakanga ndakagara pakati pomunda wezvirimwa zvezvipfuyo hwakachekwa une muti mukuru pakati pawo. Ndakanzwa kuti ndakanga ndiri panzvimbo isiri iyo chose sezvo

ndaiziva kuti hakuna nondo inozviremekedza yaizozviratidza ini ndigere pamhene mumunda uyu.

Ndakange ndoda kusimuka kuti ndiende kusango raive pamberi pangu iro raive chinhambwe chemayard angangoita zana nemakumi matatu kubva pandaive pandakabva ndanzwa kupfakanyika musango, nechekuruzhowa rwokuruboshwe kwangu. Ndakanzwa mashizha achizungunuka nechekure ndikaziva kuti yaive nondo.

Pakarepo, nondo hadzi nhatu dzakabudikira dzichifamba mukati mesango muberere meruzhowa. Ndakangodziti ba zvishoma padzaifamba musangomo. Nondo idzi dzaive kure, asi zvakan-diita kuti ndimire zvishoma ndisati ndapinda musango kusvikira ndanzwa kwadzaifamba dzakananga. Zvino ndisingazvizivi, nondo hono yaive ichimhanya nomunda shure kwangu yakananga kumuti wangu.

Ndakange ndava mhiri kwomuti apo nondo yakayambuka nesango yakananga kusango raive mberi kwangu uye haina kundiona. Nondo yakamhanyira pamuti ichibva yabata hwema hwangu ichibva yamira nekakuchema ako kakatondivhundutsa. Pandakatarisa kurudyi kwangu mushure mokunzwa ruzha urwu urwo rwakangoerekana rwaitika, ndakarohwa nehana ndichiona nondo ine mapazi matanhatu yakanditarisa iri kure nechinhambwe chemayard anenge mashanu chete. Pakarepo, nondo, yaona kuti chii chakange chiri kuitika, yakasimuka ichimhanya yakananga kusango ichisvetuka-svetuka.

Zvino, kuyedza kunanga nondo hono ine muswe muchena iyo iri kumhanya zvakanyanya nepfuti ine pokunangisa hazvisi nyore, uye ndaiziva kuti yaitosvika kusango ndisati ndaedza kuipfura kamwe chete hako. Pakanga pasina nzira yandaikwanisa

kuinanga nayo ndakachenjerera sezvo yakanga ichisvetuka-svetuka nematanho makuru. Kwasara chinhambwe chemayard makumi maviri kuti isvike kusango, ndakapfura. Pakupfura kwandakaita, nondo yakadonha uye haina kana kupfakanyuka. Ndakarohwa nehana! Izvi ndizvo chaizvo zvangobva kuitika here? Zvose zvakaitika nokukurumidza! Ndakasimuka zvinyoro-nyoro ndokufamba ndichienda paive parere nondo. Ndakabva ndangoburitsa kabepa kaya muhomwe ndokutanga kutenda Mwari nenondo iyi.

Shamwari yangu payakanzwa kurira kwepfuti, yakabva yabuda ndokundikorokotedza nokubata nondo kwandaive ndaita paakaiona irere. Ndakange ndisina kuudza shamwari yangu izvo Ishe vakanga vataura kwandiri maererano nokugamuchira kwandaive ndichaita nondo yangu; asi zvino ndakamutarisa ndokuti, “Handifunge kuti nondo iyi yavapo kubudikidza nohunyanzvi hwangu hwokuvhima.” Ndakabva ndatora kubva mubhachi rangu rokuvhima naro bepa randaive ndakanyora pazuva randakatumira cheki iya. Raiti, “Ndinotenda kuti ndagamuchira nondo yangu ya1987, nomuzita raJesu.” Zuva nenguva yandakanamata munamoto uyu zvaive zvakanorwa ipapozve. Ndakasimudza bepa riya kuti shamwari yangu ione ndokubva ndatanga kumuudza zvandainge ndanzi ndiite naShe.



Chiitiko ichi chakabata pfungwa dzangu. Ndinoziva pasina kunyunyuta kuti zvaive zvaMwari. Asi nokuda wechimwe chikonzero, ndakanga ndisati ndazvibanidza. Pfungwa yomutemo woHumambo nezvakanga zvaitika nenondo kuti zvibatsiridze pahomwe yangu zvakanga zvisati zvatomboitika. Kuwana nondo iyoyo kwaishamisa, asi zvaizoitika zvakare here? Pasina pfungwa yomutemo woHumambo, handa-izoziva kuti chii chakakonzero kana kuti ndeipi mitemo yakakonzero kuoneka kwenondo. Asi ndakatarisira kuzozviedza zvakare mumwaka wenondo waitevera.

**CHIITIKO ICHI
CHAKABATA PFUNGWA
DZANGU. NDINOZIVA
PASINA KUNYUNYUTA
KUTI ZVAIVE
ZVAMWARI.**

Kutenda Kunoshanda Nguva Dzose

Mwaka wenondo wakatevera wakaunza shanduko sezvatakamira kunyika yeOhio kubva kuTulsa. Kutama uku kwakakonzerwa nerimwe zuva ratakabuda komhanya hedu. Mweya Mutsvene akataura neni uye akati yakange yava nguva yokutama pokugara, kuenda kuOhio, uye ikoko ndiko kwandaive ndichaita basa ranguru renguva yokupedzisira.

Panguva iyoyo ndakanga ndagara muTulsa kwamakore gumi, uye ndaida Tulsa, asi hazvaiita kuti ndirege kufara zvikuru nokuenda kwatanga tichaita. Kuderera kweoiri kwakange kwaitika gore romumashure kwakarova Tulsa zvakanyanya sezvo hupfumi hwayo hwaive hwakanyanya kutsamira paoiri. Mari yedu yakanga yava kunetsa, uye takazviwana tisingachagoni kuita kuti zvinhu zviatane. Kutanga patsva ndicho chinhu chandaigona kufara nacho. Handina kuziva kuti makore mapfumbamwe aitevera aizounza nhamo yemari yaipfuura nokure zvatakaona muTulsa.

Takatamira kuOhio mukuvamba kwezhizha, uye ndaitarisira izvo Ohio yakanga inazvo kwatiri. Takaona nokukurumidza kuti kutanga bhizimusi redu zvakare uye nokutakura zvikwereti zvedu zvose kuenda kuOhio zvaishungurudza zvakanyanya.

Chokwadi, mwaka wenondo wakanga uchiurirana nokuberekwa kwemwana wedu wechitatu, Tom. Tom akazvarwa pazuva rechipiri remwaka wenondo wenyika yeOhio, saka zviri pachena, nemwana akanga achiuya uye nokutanga bhizimusi zvakare kwataifanira kuita, ndakange ndisina nguva yokuongorora nzvimbo. Ndaiziva nzvimbo imwe chete yokuvhima.

Pandaive ndichiri kuchikoro chesekondari ndakanga ndambo-gadzira nzira yaive nemiteyo mhiri kwomugwagwa kubva pamba

pandakakurira. Musha wevabereki vangu wakanga une dziva pauri, iro raiwana mvura kubva kukarwizi kaiyambuka nepapurazi romuva-kidzani wedu ichibva yauya kudziva redu. Handirambe hangu kuti kunyange zvazvo ndakafamba parukova urwu kwemakore ndichikura, handaive ndamboona nondo imwe chete hayo kana matsimba ayo zvawo. Asi ndinorangarira pandakanga ndichiri kukoreji, ndakachairwa runhare nomukoma wangu akandiudza kuti akashamiswa nokuona nondo rimwe zuva kumashure ikoko uye aironga kuzonokuvhima mumatsutso aiuya. Tose takashamisika nazvo. Hurukuro iyi ndakaichengeta mupfungwa, iyo panguva iyoyo akanga ari makore mapfumbamwe kana kuti gumi akanga apfuura.

Ndakarangarira nzvimbo chaiyo yaaiti akaona nondo sezvo ndaiziva rukova urwu seri neseri. Akati akanga aona nondo paipesana rukova apo paive pakamira muti mukuru kwazvo womumaple. Akabva andiudza kuti paive nomuti womumaple muduku padivi romukuru, uye akaona kuti aigona kushandisa muti muduku kukwira muukuru wacho, uyo waaifunga kuti waizoita nzvimbo yakanaka yokuvhima nondo.

Mukoma wangu haana kumbopfura nondo parukova irworwo, kunyange zvazvo akati akapotsa imwe kamwe chete. Asi akanga ava nemakore asati atsikakozve, saka ndakanga ndisingazivi kuti muti wacho wakanga uchiripo here kana kuti ndaizogona here kuuwana murima mambakwedza andakanga ndakaronga kuvhima.

Kuita kuti zvinhu zvinyanye kuoma, nyika yeOhio yaive nomutemo wokungoshandisa pfuti duku chete. Hapana pfuti dzakakura dzaitenderwa munguva yenondo, paingodiwa pfuti dzaishanda nemaslug (mabara). Panguva iyoyo ndakanga ndine 20-gauge yaibuditsa mabara maviri uye ndakanga ndisina chivimbo

chokuti ndaigona kupfura nondo nayo yaive kunze kwechin-hambwe chemayard makumi maviri. Asi ndizvo chete zvandaiva nazvo panguva iyoyo, nokudaro ndiko kwaiva kuronga kwangu.

Ini naDrenda takadyara mbeu yedu, tikaisa maoko edu pacheki sezvatakaita gore rakanga rapfuura, tikapupura kuti ndakanga ndava nenondo yangu maererano naMako 11:24. Kupfupisa nyaya yedu, pazuva rechina remwaka wepfuti wemunyika yeOhio, zuva rangu rokutanga kubuda, ndakakohwa nondo hono nehadzi mumaminiti makumi mana, dzose dzandakapfura kubva kuchinhambwe chemayard makumi manomwe neshanu, izvo zvandaisakwanisa kuita nokugona kwangu ndichishandisa pfuti iyi. Nyika yeOhio yaitendera kungobata nondo mbiri panguva iyoyo, ndosaka ndakakohwa nondo mbiri gore iroro. Ndizvozvo, ndaive nenondo dzangu mbiri mumaminiti makumi mana.

Zvakare, ndakaziva kuti pane kwandakange ndichienda. Asi panguva yokukohwa nondo iyi, mari yedu yakanga isina kumira zvakanaka, uye kushushikana kwataiita kwaititambudza zvokuti. Zvamazvirokwazvo hazvina kumbouya mupfungwa dzangu kuti tishandise musimboti mumwe chete uyu kumari dzedu.

Zviitiko Zvakawandisa “Zvakaitika Nemasanga”

Mwaka wechando wokutanga uye nemwedzi gumi nemiviri yakatevera yomunyika yeOhio yaitambudza, ndakanetseka nematambudziko epfungwa, kuvhunduka kwomoyo, uye nokuora moyo sezvandakagovera munhanganyaya yebhuku rino.

Waiva mumwedzi waMbudzi waitevera, toda kusvika mumwaka wokuvhima nondo apo motokari yakatsva. Kunyange zvazvo ndakanga ndaona goho renondo rinoshamisa mumwaka miviri

yakanga yapfuura, ndakanga ndisati ndawana chizaruko choHumambo. Nokutsva kwemotokari uye naMwari vachitaura neni nezvoHumambo, ndakaona kuti paiva nezvakanwanda kunyaya nhatu idzi kupfuura zvandaifunga pakutanga. Ndakakurudzirwa zvikuru, asi kunyange panguva iyoyo, ndakanga ndisingazivi mutemo woHumambo.

Mwaka wenondo waitevera wakasvika, uye ndakava nenondo yangu mumaminiti angangoita makumi mana zvakare, pasina kupotsa nguva. Takatanga kuona Humambo huchishanda mumari yeduwo, izvo zvandichataura nezvazvo muchitsauko chepiri. Asi mumakore iwayo epakutanga, ndaiona zvimwe zvinhu zvinoshamisa.

Chokwadi, Mwari vaiita sevaindidzidzisa chimwe chinhu chitsva nguva dzose pakuvhima kwangu nondo. Ndinofunga chikonzero nei vaidaro ndechokuti mwaka wenondo ndewekungokohwa, uye noitika munguva shoma-shoma yakaganhurirwa. Nguva yepfuti munyika yeOhio inowananzovhurwa kwemavhiki maviri chete. Nemwaka wokukohwa unoiswa pfungwa dzose pauri kudaro, hamudi kutambisa nguva. Pane kudaro, vavhimi venondo vazhinji vanoisa pfungwa dzavo zvakananyanya pazviri uye vane chinangwa chokupinda mumwaka uyu. Vazhinji vachapedza nguva zhinji vachitsvakurudza nokugadzirira mukana iwoyo wemavhiki maviri. Saka izvi zvinoita kuti nguva iyi ive nzvimbo yakanakisa yokudzidza nayo zvinhu zvonHumambo.

Ndapota ndiregerereiwo nokutaura nyaya dzokuvhima nadzo nondo, asi dzaive dzakakosha kwandiri. Dzakaburitsa mitemo

**PACHOKWADI
CHAIPO, MWARI
VANOSHANDISA
CHERO CHII ZVACHO
KUTI VATORE
PFUNGWA DZENYU.**

yakavanda yandingadai ndisina kuona neimwe nzira. Pachokwadi chaipo, Mwari vanoshandisa chero chii zvacho kuti vatore pfungwa dzenyu. Vakashandisa kuredza hove kuti vabate pfungwa dzaPetro, Jakobho, uye nedzaJohani muchitsauko chechishanu chaRuka pavakabata hove dzizhinji kwazvo zvokuti magwa avo akada kunyura. Zvakangoitikawo hazvo kuti kwandiri vakashandisa kuvhima nondo.

Mushure mokunge Mwari vataura neni nezvoHumambo mukamuri yangu yokurara zuva riya, uye mushure mokunge ndaona motokari ichitsva uye nokurangarira kuvhimwa kwenondo, uyezve nokutizarurira suo rokuwana motokari yerudzi rwestation wagon yakanakisa iya pasina chikwereti uko Mwari vakaita, pakarepo, tanga tichienda tichizvibata. Ini naDrenda taive mazviri tose.

Ndakatanga kudzidza Bhaibheri neimwe nzira. Ndakazviti ndiri muongorori wezvemweya. Ndakatanga kuzvibvunza mibvunzo. “Nei izvi zvakaitika? Sei zvisina kuitika?” Ndakanga ndichinyatsotarisa zviratidzo zvemitemo yemweya seri kwenyaya dzandaiverenga muBhaibheri.

Mwari vakaramba vachindiratidza zvinhu; uye zvakare, vakashandisa kuvhima nondo kundiratidza zvakawanda nezvo-Humambo. Nyaya inotevera iyi yakandibata chaizvo. Yaive imwe yenguva dzokuti “Wazviona here izvi?”

Akanga ari manheru omutambo we*Halloween*, uye ndaiva neanenge maminiti makumi mana nemashanu akanga asara kuti ini nemhuri yangu tiende kukereke kunopinda mutambo wemhemberero, wetsika, wataiita uyo wakafemerwa nedhimoni.

Mumavhiki mashoma akanga apfuura, ini naDrenda takanga tadyara mbeu yedu nokuda kwenondo, tikaisa maoko edu pacheki, tikaitumira kukereke yataitenda kuti ndiyo yataive taratidzwa

naMwari, tikati zvaitwa, maererano naMako 11:24. Aka kaive kokutanga kubuda kovhima mumwaka uno, uye ndaivhima ndiri panzvimbo yataigara pasi pomuripo.

Kunyange zvazvo ndaive nechimanikidziro chenguva, sezvo Mwari vakanditaurira nzira yokuvhima nokutenda, kazhinji ndaiwana nondo yangu mumaminiti makumi mana, saka ndainzwa kuti yaiva yava pedyo, asi ndaive nenguva yokutora nondo yangu. Pazuva iri chairo, ndakaenda kumuti wangu kuseri kwesango remiti yomupuranga yaive seri kweimba yedu yekare yepapurazi ndokukwiramo. Ndakanga ndisipo kweanopfuura maminiti gumi pandakaona nondo anenge *mayard* mazana maviri kubva pandaive ichienda musango romuvakidzani wangu. Ndakaziva kuti yakanga iri nondo yangu, asi yakanga iri kunanga nenzira isiyo!

Iri raingova gore rechipiri ndichivhima, uye ndakanga ndisingazivi zvakawanda nezvazvo. Ndakanga ndisina kupfeka zvipfeko zvokuzvivanza nazvo, ndisina kuridza muchina wokuikwezva, uye ndakanga ndisati ndambonzwa nezvokushandisa hwema kukwezva nondo. Muti wangu wandaimira ndiri waiva puranga randakanga ndaroverera pakati pezvimiti zviviri chinhambwe chingangoita *mafeet* gumi neviru kubva pasi, zvokuti kana imi muchiziva nezvokuvhima muri padanda romuti, munoziva kuti paive pasina kukwirira zvakakwana. Asi mugore rakapfuura, gore rangu rokutanga kuvhima, ndakakohwa nondo mbiri kaviri kandakanga ndabuda kovhima ndichishandisa kutenda kwangu, uye gore rino handina kutarisira chimwe chinhu chakasiyana nazvo.

Pandaive ndakatarisa nondo yakananga kusiko, ndakashaya kuti ndoita sei ndokubva ndatanga kunyengetera. Ipapo-ipapo, ndakanzwa Mweya Mutsvene achitaura kwandiri. Akati, “Udza nondo iuye kwauri.” Ndakaita kakuvhunduka nazvo.

Ndiudze nondo kuti iuye kwandiri? Ndakaziva kuti ndaisagona kudanzira nenzwi guru, naizvozvo nenzwi rakanyorovera ndakangoti, “Nondo, mira! Tendeuka, uuye umire pasi pomuti wangu.” Kupenga, handiti? Kutu ndizviite pasina kuridza muchina wokuikwezva, pasina kana chimwe chinhu. Asi kechipiri panda-kataura kudaro, nondo yakamira, yakatarisa mativi ose, ichibva yatendeuka ndokutanga kufamba chinhabwe chemayard mazana maviri ichiuya kwandiri. Kunyange zvazvo sango randakanga ndiri rakanga rakafara anenge mayard mazana mana, nondo iya yakafamba yakananga kumuti wangu, yakafamba yakananga pasi pawo, ndokuti dzi zvayo kumira ipapo.

Chokwadi, ndaisaipotsa. E-ee! Ndzivo zvandaona here izvi? Nondo yakawira pasi pangu ndaibaya zvakanakisa. Ndakakanda ziso pachiringazuva changu ndikaona kuti kana ndaida kubata nguva dzokuenda kumafaro, zvaiva nani kusiya nondo kusango ikoko ndozodzoka ndoikwidza kudanga. Handirambe kuti pashure paizvozvo, ndakafunga pamusoro pezvandakaona kwemavhiki. Asi Mwari vakanga vasati vapedza kubata pfungwa dzangu.

Papurazi rataigara paive nekarukova kaipfuura nepakati paro paine huswa hwakawanda. Kwaigara kuchivhimika tsuro zvakanaka. Zuva iri, kwakanga kwanaya chando husiku, uye chando chaita kuti zvive nyore kuona tsuro. Handaikwanisa kuzvikunda, zvino ini nemwanakomana wangu Tim, takanga tichishanda tichidzika zasi kworukova, tichiradzika mirwi yohuswa pasi sezvataienda, apo shiri (*pheasant*) hono yakabhururuka ichibuda kubva muhuswa.

Nyika yeOhio yakave nemwaka weshiri iyi, asi ini handaidziona papurazi, pamwe imwe chete pagore. Zvisinei, payakasimuka, ndakada chose kuipfura. Pandakaipfura, yakadonhera pasi ichimhanya. Ndakabva ndaziva zvandainge ndaita. Ndakange ndaibaya

bapiro. Shiri iyi yaimhanya nepose payaigona napo ichikwidza kachikomo kubva murukova, uye hono inomhanya kusvika pamamaira makumi matatu nemashanu paawa. Hongu, nechando, yakanga asingamhanyi zvakadaro, asi yaimhanya.

Sezvo rukova rwacho rwaiva muzasi momupata wakareba, ndainyatsoona chikomo chacho chose zvakanaka. Chikomo ichi chakange chave kushandiswa kumereswa *lawn* yemhando *yesod* gore rainge rapfuura, saka chaive chakati sandara, huswa hwakareba hwaingove apo neapo.

Sezvo shiri yacho yaimhanya ichikwidza nechikomo, ndakaziva kuti hapana nzira yandaikwanisa kuibata nayo, uye yakanga isingachabaiki nepfuti. Asi ndakabva ndangorangarira nondo hono iya, kuti yakauya sei kwandiri pandakataura. Saka ndakashevedzera nenzwi guru, “*Pheasant*, MIRA!” Pandangotaura kudaro, shiri yakabva yanyangarika. Ndainyatsoona chikomo chose, chakanga chakafukidzwa nechando chichingova netuuswa twunobuda pamusoro pechando, asi iyo yakanga yaenda. Tim akashevedzera, “Baba, yaenda kupi?” “Handizivi,” ndakapindura.

Saka takatanga kutevedza matsimba ayo tichikwidza nechikomo, ndokuona yakati gada zvayo yakaisa kamusoro kayo pasi pechando. Ndakafunga, “Zvakanaka, ndairova here ikamhanya kusvika yafa?” Ndakasvika ndokubata shiri iya ichibva yachema, mapapiro achivhitavhita, shiri yomusango. Yakanga iri upenyu chose! Husiku ihwohwo pandakabaya shiri iyi, ndakanyatsoitarisa. Pashiri iyi pakanga pasina kana mavanga okupfurwa, asi ndakaona pandakange ndatsetsura bapiro rokurudyi. Saka shiri iyi yaive ipenyu chose asi yaive yamira panguva chaiyo yandakadanidzira kuti, “Mira!”

Hongu, Ishe, pfungwa dzangu dzose dziri kwamuri!

CHITSAUKO 2

MAFUNGIRO MATSVA

Apo Drenda neni takatanga kuona Humambo huchishanda muhupenyu hwedu, takanga tisingachagoni kurega kuudza vanhu pamusoro pahwo. Taiziva kuti takanga tiri munzira inofadza yokuwana nayo zvinhu uye yokununurwa. Ndakanga ndichiri mubasa rokutengesa inishuwarenzei uye nechengetedzo, asi ndakanzwa kuti paive nechimwe chinhu chaishanduka. Handina kuziva kuti chaiva chii, asi ndaiziva kuti paifanira kuva nemhinduro dzemari yangu sezvandakanga ndaona mukuvhima kwangu nondo uye sezvandakanga ndaona mukuwana motokari yakanaka iya yerudzi *rwestation wagon* yaive yakamboshandiswa. Ndaiziva kuti ndaida zvinhu zvaipfuura kungova nemotokari yerudzi *rwestation wagon* yakamboshandiswa, kunyange zvazvo ndaifara chaizvo kuva nayo.

Ndakanga ndichiri nezvikwereti zvakawanda panguva iyi yenyaya yedu. Ndaida kusununguka kubva kuzvikwereti asi ndakanga ndisingazivi kuti ndechipi chandaifanira kushandura pamaitiro andaiita nawo zvinhu. Kunyange zvazvo ndakanga ndisingazivi zvinhu zvokushandura, ndaiva nechokwadi chokuti ndaizoziva.

Ndakaziva kuti ndakanga ndawana mhinduro yangu, asi zvakare, ndaifanira kudzidza zvakawanda pamusoro pezvandaifanira kuita kuti mifananidzo yandakaona muBhaibheri iratidzike muhupenyu hwangu. Bhizimusi rangu, sezvarakanga rakaita panguva iyoyo, rakanga risingakwanisi kubuditsa mari yokutiraramisa. Asi izvozvo zvakange zviri nani pane zvazvaiva patakanga tava kupinda muchikwereti mwedzi woga-woga.

Ini naDrenda takaramba tichiverenga Bhaibheri uye tichitsvaga zvimwe zviratidzo zvaiva maererano nokushanda kwoHumambo. Takadyara mari yedu kuti tiwane mari yataidawo.

Zvino humwe husiku, ndakarota hope. Muhope idzi ndakaona gonye richiwira zvishoma nezvishoma padzinde rechirimwa. Rakabva rafamba kuenda pamudzi wedzinde richibva raruka chikoko. Nenguva isipi, mumukoko makabuda shavishavi rakanaka, iro rakabhururuka richienda. Inzwi rakabva rati, “Ndizvo zvichaita basa rako.”

Ndakamuka ndikanzwisisa kuti hope idzi dzairevei. Gonye rinonogofamba chete uye harina zvakawanda zvarinoita mumaramiro aro, kazhinji richigara pachirimwa chimwe chete kwohupenyu hwaro hwose. Asi pane shanduko inoitika inoshandura kugona kwegonye iroro uye nohupenyu hwaro hwose. Rinozvishandura kuita shavishavi, iro rinoribvumira kubhururuka kuenda kuchero kwarinoda kuenda. Mamwe, se*Monarch*, anogona kubhururuka zviuru zvemamaira kuti asapinde mumwedzi yechando yokuchamhembe kwe*hemisphere*. Kunyange zvazvo panguva yandakarota izvi ndaisaziva kuti shanduko iyi yaizoitika sei, ndaiziva kuti Mwari vakanga vachindiratidza kuti zvaizoitika. Ndakakurudzirwa.

Chinhu Chinoshamisa Chandakava Ndinoziva

Kubva pandakadzokera kuOhio, ndaichaya nhare kanosvika makumi mapfumbamwe mangwanani-ngwanani pazuva roga-roga. Ndinoshuva kuti dai ndaikuudzai kuti ndaiva nohurongwa hwakanaka hwokuita izvi, asi kutaura chokwadi, zuva roga-roga ndaitora vanhu vokubata mubhuku renhare chete (iyi yaiva nguva apo pakanga pasati paitwa kuti dzimwe nhamba dzisabatike parunhare).

Sezvo ndaive mutevedzeri womutungamiri wekambani wedunhu randaishandira, basa rangu guru raive riri rokupinza basa vatengesi vatsva pamwe nokuvarairidza. Ndaichaya runhare ndotaura kuti kambani yangu yaive iri kuwedzera kukura munyika yeOhio, uye ndaive ndichibata vanhu parunhare munzvimbo iyi kuti ndione kana vaiziva nezvemunhu angave aifarira kubatana nesu. Nguva zhinji ndaipindurwa nomuchina uye ndichibva ndasiya mashoko angu ipapo. Kana vaiva nechido, vaizodzoka kwandiri. Nokuchaya nhare kanosvika makumi mapfumbamwe pazuva, ndaigona kutarisira kuti ndaizova nebvunzurudzo mbiri kusvika nhatu uye pova nokutengesa kunokwanisika.

Maitiro aya ndiwo akaita kuti ndizosangane naDave. Mukutaura naye parunhare, akataura chishuvo chake chokuwana basa idzva uye aifarira kuona zvandaida kupa. Ndakati ndaizouya kumba kwavo manheru iwayo, uye akati zvakanga zvakakanaka. Pandakagara naye pasi nomudzimai wake, ndakatanga kubvunza mibvunzo yakajairika yokuti aishanda kupi, sei aida kushandura basa raaiita, uye nemamiriro emari yavo. Ndaigaro bvunza vaidha kupinda mazviri

nezvemari yavo nokuti kana vaizoti vaisada kupinda mukambani, ndaibva ndaona sepaive nomukana wokuvatengesera inishuwarenze. Nokudaro, kuziva zvole nezvemari yavo kwaindivumira kuti ndizive kuti vangade inishuwarenze yakawanda zvakadii yavaifanira kufunga nezvayo uye kuona kuti ndezvipi zvimwe zvinhu zveinishuwarenze zvavangave vatova nazvo.

Chakandishamisa zvino ndechokuti patakanga tichikurukura nezvemamiriro avaiita nemari, mudzimai wake akatanga kuchema nokupererwa. Mari yavo yainge isisina kumira zvakanaka uye vainge vasisazive zvokuita kana zvokushandura. Ndakaona kuti dambudziko ravo rakanga risiri reinishuwarenze. Vaifanira kuwedzera mari yavaiwana uye vobuda muzvikwereti, nokudaro ndakataurawo kwavari nezvoHumambo hwaMwari uye kuti ini naDrenda taidzida sei kushanda kwahwo. Ndakavavimbisa kuti ndaizoita zvole zvandaigona kuti ndivabatsire uye ndaizosangana navo zvakare muvhiki raitevera kuti tikurukure pamusoro pezvavai-fanira kushandura.

Ndiri munzira kuenda kuhofisi mushure menguva iyoyo, ndakanetseka. Paifanira kuva nechimwe chinhu chandaigona kuita!

Ndichidzokera kuhofisi, ndakagara patafura yangu ndikaer-ekana ndafunga zano. Ndaizotsvakurudza zvinhu kana kuti basa ravaiitirwa nemakambani kana nevatengesesi kuti ndione kana ndaigona kuwana zvimwechetezvo asi nomutengo wakaderera. Chinangwa changu chaive chiri chokuona kuti imarii yandaikwanisa kusunungura yavaizoshandisa pakuderredza zvikwereti. Aya aive mazuva akwaive kusati kwane *Internet*, saka ndaifanira kutsvaga mumabhuku anoshambadzwa makambani uye nokuchaya nhare.

Mushure mevhiki, ndaive ndatarisa mitengo yechigadzirwa choga-choga chavaishandisa uye nebasa ravaiitirwa uye

ndakashamisika kwazvo nezvandakanga ndawana. Nokurongazve kana nokutsiva vatengesi kana makambani aivaitira basa kuisa vatengesi kana makambani aive aine mitengo yakaderera, pamari yavaishandisa ndakasunungura inodarika mazana matanhatu emadhora pamwedzi. Ndakabva ndatora *calculator* yangu yemari ndokuisa mari yakasunungurwa iya kune zvikwereti zvavo ndokubaya bhatani *recalculator*.

Nhamba dzacho padzakabuda pachiratidziro, ndakagara pasi ndarohwa nehana. Chokwadi, ndofunga pane pandakanga ndakan-ganisa chete. Masvomhu andakaita akaratidza kuti vaviri ava vaigona kunge vasisina zvikwereti zvachose mumakore aisasvika manomwe, kusanganisira chikwereti chavo chemba, vasina kushandura mari yavanowana. *Hazviite*, ndakafunga. Saka ndakashanda nenhamba zvakare ndikawana mhedziso imwe chete.

Ndakabva ndaenda kudhirowa rangu remafaira ndokuburitsa mamwe mafaira evatengi vangu ndokushanda nawo vhiki iroro. Sezvaive zvakangoita mutengi wangu wazvino, mumwe nomumwe wavo aigona kunge asisina zvikwereti zvachose mumakore mashanu kusvika manomwe, kusanganisira chikwereti chavo chemba, pasina kushandura mari yavaiwana. Kana izvi zvaigoneka, uye ndakange ndoziva kuti zvaigoneka, ko sei paisava nomumwe munhu aizivisa vanhu vose nezvazvo? Ndakanyora zvinhu zvose zvomutengi wangu pabepa iro rakavaratidza kuti vaigona sei kubuda zvachose muzvikwereti mumakore asingasviki manomwe. Ndakafara zvikuru kusangana navo ndichivaratidza zvandakanga ndawana, uye ndaida kuziva kuti vaizogamuchira sei ruzivo irworwo.

Ndakagara pasi naDave nomudzimai wake, ndakatarisa nhamba dzechinhu chimwe nechimwe ndichitsanangura kuti mari yaigona kusunungurwa sei. Nemaune, ndakavanza mhinduro yokupedzisira

kusvika ndanyatsopinda muchinhu chose chaigona kusunungura kubuda kwemari. Pandairatidza zvose izvi, vatengi vangu vakagara ipapo mukushamisika. Mukuona kwavo, pakanga pasina mari uye pasina nzira yokubuda nayo muzvikwereti—zvachose! Sezvandaipenengura peji rokupedzisira, ndichizivisa kuti vaigona kusununguka mumakore asingasviki manomwe, kusanganisira chikwereti chavo chemba, murume wacho akabva angosvetuka nemisodzi mumaziso ake. Akafara chaizvo. Vose zvino vakachema ndokunditenda kasingaperi nokuuya kwandaive ndaita. Ipapo ndakapedza nguva yakati rebei ndichitaura navo zvose izvo Mwari vakanga vachindizivisa uye nezvandakanga ndadzidza kusvikira zvino pamusoro poHumambo hwaMwari. Zvino ndakange ndopihwa nzeve dzavo dzose!

Handina kuwana kana kobiri rimwe zvaro kubva kumutengi iyeye, asi ndakava nomufaro nomutengi wandakanga ndisati ndambova nawo; zvino pfungwa dzangu dzainge dzofunga zvakanyanya. Ndaida kuitira munhu wose wandaiona zvandakange ndaitira mutengi uyu, uye ndakakumbira Ishe huchenjeri hwokuita mari nazvo. Ndaiziva kuti iri raizova bhizimusi rangu idzva kana ndaigona kufunga mawaniro andaigona kuita mari nazvo. Mushure mokedza zvimwe zvinhu, takawana nzira yokupa zvirongwa zvedu pachena kune chero munhu aibvunza uyezve tichiunza mari mubhizimusi redu kubudikidza nohurongwa hutsva hwatakanga takagadzira. Izvi zvaive zvakanaka kuti ndigone kuzvitenda, uye ini naDrenda takafara zvikuru.

Ndakaziva kuti uku ndiko kushanduka kwandakanga ndaona kuhope. Kunyange zvazvo ndaiziva kuti takanga tiri padanho romukoko, ndakanga ndagadzirira kubhururuka! Pane zvakananda

zvandaifanira kudzidza kuti ndikwanise kubhururuka, asi ndaiziva kuti ndakanga ndiri mugwara chairo.

Takaparura kambani yedu itsva tikaidana kuti *Faith-Full Family Finances* nokuti taiziva kuti nokutenda, mari yenyu yaizogara yakakwana; uye ndiyo yaive mharidzo yataida chaizvo kutaura kupfuura mhinduro dzemari dzataipa. Takachengeta zita iroro kwemakore anopfuura makumi maviri asi takaona kuti zita racho sezviri pachena raiva zita reChikristu, uye taida kusvika kune vakawanda vasingatendi, saka takasarudza kurishandura kuti rive *Forward Financial Group*, iro rariri nhasi uno. (Gara zviya, tichiri kuita zvirongwa izvozvo zvokubuda muzvikwereti pachena pamwe nokubatsira vanhu kudzivirira njodzi yemaakaundi avo omudyandigere kuti asakanganiswe nomusika. Munogona kubata *Forward Financial Group* pa1-(800)-815-0818 kana paForwardfinancialgroup.com.)

Kunyange zvazvo takanga tichiri muzvikwereti zvakakomba panguva yatakaparura kambani yedu, taiziva kuti takanga tichienda nenzira kwayo. Kambani yakabudirira zvikuru, uye ini naDrenda takava tisina chikwereti mumakore anenge maviri nechidimbu chepakati. Handigoni kukuudzai kuti zvainakidza sei! Nenguva isipi, hupenyu hwedu hwakanga husisingori hwokungorarama, uye takatanga kuva nechiono matiri.

Kubvisa mari yose yemotokari itsva kwaityisa. Kutenga nokubvisa mari yose yenzvimbo yakanaka kwazvo yomunyika yeOhio yemaeka makumi mashanu nemashanu kwaisatsanangurika. Kuvaka imba yedu yezviroto yemasquare foot zviuru zvinomwe nemazana manomwe uye nokuibhadharira kwaive chishamiso! Handikanganwe ndakamirapo naDrenda tichiona makamuri

epasi (*basement*) omusha wedu mutsva achicherwa. Makamuri aya ari oga aive akakura kudarika imba yose yepapurazi yataigara. Tose takamirapo tichiona izvi misodzi ichiyerera. Kuona makore mapfumbamwe egehena paNyika achiwira shure kwedu kwaive kutoziva kuti zvinhu hazvimbofi zvakafanana. Takawana Humambo hwaMwari, uye takaziva zvino chikonzero nei hwakanzi mashoko akanaka nomuporofita Isaya.

Mweya waIshe Jehovha uri pamusoro pangu, nokuti Jehovha akandizodza kuti ndiparidzire varombo mashoko akanaka.

—Isaya 61:1

Kutaura idi, ini naDrenda taifanira kuzvitsunya kasingaperi nokuti zvinhu zvisingadaviriki zvakadaro zvakanga zvichiitika. Kuva tisina chikwereti chipi zvacho kwaichimbova chiroto chisingabviri, asi zvino chakanga chava chinhu chipenyu!

Inzwai, handisi nyanzvi! Maona nhorondo yangu. Ndakazviedza nenzira yangu kwemakore uye ndikashanda nesimba asi pasina chaibuda kunze kwokungoshungurudzika uye nokufunganya. Ndakange ndichidzidza kurarama hupenyu nenzira yaMwari, uye zvakanga zviri kushanda. Uye ndicho chikonzero nei muri kuverenga bhuku rino, kuti muwane zvandakawana, uye kuti muzive kuti zvenyu zvichava saizvozvowo. Asi munofanira kutanga maziva kuti ndakanga ndapinda mutsva itsva, Humambo hutsva, uye nenzira itsva yokurarama nayo. Iyi ndiyo mhinduro yenyu zvakare. Iyi ndiyo mhinduro yamunoda. Aya ndiwo mashoko akanaka amanga makamirira. Ndinozviziva, ndinozviziva, kereke yenyu haidzidzisi zvinhu izvi. Zvisinei, yandaipindawo yaisadaro, asi zvole zvirimo muBhaibheri.

Mwari Vakanaka—Nguva Dzose

Zvino regai ndikupei chinhu chakakosha chichaita kuti munzwise zvandiri kutaura—rasai chitendero! Iyi haisi nyaya yechitendero. Zviri pamusoro paMwari, zवानoda kuti muve nazvo, uye kuti vakakutengai sei nomutengo kubudikidza naJesu kuti vakupei Humambo. Zvino, ngatichipindei muHumambo tione kuti hunoshanda sei.

Apo Drenda neni takatanga kuona Humambo hwaMwari huchishanda muhupenyu hwedu, kakawanda, takakatyamadzwa nezvatakaona. Takaona kuti vazhinji vevatendi vakanga vasingazivi kuti zvaifamba sei.

Somuenzaniso, ndichangobva kuverenga musoro wenyaya wemwana ane makore manomwe akafira patafura yokuvhiya panguva yaairapwa maronda epahuro. Kunyange zvazvo kuvhiyiwa kuri chinhu chakajairika uye kazhinji kwakachengeteka, moyo wake wakangomira panguva yokuvhiyiwa; iyi imhedzisiro yakaipisisa. Ndinofunga kuti hana dzedu dzose dzarova zvishoma patangozvinzwa. Zvakadaro hazvo, kunyange chiitiko ichi chaive chinorwadza, paive nechimwe chikamu chinisiririsa cheneyaya iyi chinogona kukanganisa mhuri iyi kwohupenyu hwayo hwose. Regai nditaure zvakataurwa nababa kumutori wenhau, uye ndiri kuzvitora pano.

“Hamunzwise kuti sei zvinhu izvi zvichiitika, asi tinoziva kuti kwaive kuronga kwaMwari. Uye ndicho chinhu choga chinogona kutisimbisa, nokuti tinoziva kuti ndiMwari vazviita.”³

3 <https://nypost.com/2020/02/26/7-year-old-south-carolina-girl-dies-during-tonsillectomy>

Regai nditorewo mashoko omutambi we*Green Bay Packers*, Aaron Rodgers, ane nyaya yakabuda nomusi wa22 Ndira mugore ra2020, mumagazini re*People*.⁴

Rodgers akatsanangura kuti kubva achiri muduku aive nemibvunzo nezvechitendero, uye zvaakura, akazvibanidza norumwe “rudzi rwokunamata.” “Vanhu vazhinji vandaiziva, kwavari kereke yaingove... waingofanira kungoenda.” Akatiwo, “Handizivi kuti mungatenda sei muna Mwari anoda kutongera kugehena chikamu chenyika chakakura. NdiMwari rudzii ane rudo, anonzwisisa, ari pose-pose, ane simba rose asi anoda kutongera chisikwa chake chakaisvonaka kudziva remoto pamugumo weizvi zvose?”

Mashoko okupenga! Asi kana izvi zviru izvo zvavanotenda pamusoro paMwari, munofanira kubvuma, ndiani angavimba kana kuti angada kunamata Mwari vaida kutora mwanasikana wavo ane makore manomwe okuberekwa? Hapana! Uye ndiani anoda kunamata Mwari “vanoda” kuendesa vanhu vazhinji kudziva romoto? Hapana! Asi ndizvo zvinotendwa noruzhinji rweVakristu. Makazvinzwa kwohupenyu hwenyu hwose: “Mwari vakazvibvumira,” “NdiMwari vazviita,” “Rakanga riri zano raMwari,” “Yakanga iri nguva yavo yokuenda,” uye nemamwe mashoko akawanda akadaro. Pachokwadi, ndine fungidziro yokuti nemiwo munogona kunge muchifunga nenzira imwecheteyo. Saka ndichava ndakajeka. Kana muchinyatsotenda kuti Mwari ndozvavari,

⁴ <https://people.com/sports/aaron-rodgers-opens-up-about-religion-to-danica-patrick-i-dont-know-how-you-can-believe-in-a-god>

kuti vaizouraya mwana nokuzvidira kana kupa mumwe munhu gomarara, saka tinofanira kukurukura zvakasimba nezvazvo. Regai ndizvitaure nenzira iyi:

**HAMUMBOFI MATENDA MUNE MUNHU
WAMUSINGAVIMBE NAYE!**

Kana makadzidziswa zvokusavimba naMwari, kuti vanouraya vanhu vasina mhaka, asi imi muchibvuma kuti Ivo Musiki ane simba rose Uyo akasika zvinhu zvose, zvino tose zvedu ngatichiedzei napose patinogona napo kuramba tiri kudivi Ravo rakanaka. Izvi ndizvo zvaitwa nevanhu kare mutsika dzizhinji dzechinyakare. Vaipa marudzi ose ezvipiriso kuti vanyaradze Mwari wehasha. Vaizviisa pasi peganhuriro dzakasiyana-siyana, kunyange kuzviisa pasi pamarudzi akasiyana-siyana okurwadziwa, kuti varatidze kuti zvechokwadi vaizviisa pasi Pavo uye, nenzira ine tariro, kudzivisa kutsamwa Kwavo. Asi uhwu ndihwo hunhu hwaMwari weBhaibheri here? Tinofanira kurarama tichitya Mwari here? Kwete, handizvo. Pfungwa yokuti Mwari vanotirwisa kana kuti havavimbike inokonzerwa nedzidziso yakaipa yakatanga naAdhamu naEvha mubindu.

Zvino nyoka yakanga ina manomano kupfuura mhuka dzose dzakasikwa naJehovha Mwari. Yakati kumukadzi, “Ko, chaizvoizvo Mwari akati, ‘Hamufaniri kudya muti upi zvawo uri mubindu here?’”

Mukadzi akati kunyoka, “Tingadya hedu michero inobva mumiti iri mubindu, asi Mwari akati, ‘Hamufaniri kudya muchero unobva pamuti uri pakati pebindu, uye

musaubata kuti murege kufa.’” Nyoka yakati kumukadzi, “Hamungafi zvirokwasvo. Nokuti Mwari anoziva kuti mukaudya meso enyu achasvinudzwa, uye muchaita saMwari mugoziva zvakanaka nezvakaipa.”

Mukadzi akati aona kuti muchero womuti wakanga wakanaka kuudya uye kuti waifadza meso, uye kuti waidikanwa kuti munhu ave nohuchenjeri, akatora mumwe akadya.

—Genesisi 3:1-6

Satani anga achiisa kunyunyuta muvanhu pahunhu hwaMwari kubva pakutanga. Nenzira inoshamisa, Evha akanga ava nohuchenjeri hwokunzwa sokunge pane chaakanga asina muhukama hwake naMwari, Ivo Pachavo. Asi Satani akakwanisa kumupwisa kuti pane chimwe chinhu chaakanga achishaiwa icho Mwari vakanga vachimunyima. Adhamu naEvha vakatenda nhema pamusoro paMwari uye nokudaro vakarasa zvinzvimbo zvavo zvomuHumambo Hwavo kuti vatevere humwe humambo. Vaifunga kuti Satani aive neramangwana rakanaka kwavari. Chokwadika, sarudzo yavo yakangounza marwadzo, kusuruvara, uye norufu.

Mazano aSatani haana kumboshanduka, uye hazvishamisi kuti chinangwa chake chikuru ikereke pachayo. Nokuti kereke inotova nesimba rokuisa Satani pasi petsoka dzayo nokumukunda kumativi ose, zvombo zvake zvingori zvazvaiva kare, hunyengeri nenhema.

Hunhu hwaMwari

Maererano neramangwana renyu uye nezvezvikwanisiro zvenyu, uyu ndiwo musoro wenyaya wakakosha watinofanira kutanga

tataura nezvawo, hunhu hwaMwari. Kana tikasagadzirisa nyaya iyi, munogona kungokandira bhuku rino kurutivi serimwe bhuku rokubatsira vanhu kupfuma. Tarisiro yangu ndeyokuti muchandipa nguva yokukufambisai mune izvi. Ndinovimba kuti zvechokwadi munoda kuve makasununguka mune zvemari uye munoshuva kuva nohuchenjeri uye noruzivo. Panguva ino, dzidziso yacho haibvi kumurevi wenhema, Satani, uyo akanyengera Adhamu naEvha, asi kuna Mwari, Ivo Pachavo.

Chokutanga, ndinonzwisisa chikonzero nei muchifunga kuti Mwari vanobvumira zvinhu zvakaipa kuti zviitike. Ndinoreva kuti kana vari Mwari, saka vane simba rokuita chero chinhu, handiti ndizvo ka? Saka kana mwana ane makore manomwe akafa uye ivo Mwari vane simba rokuzvimisa, bva vanofanira kunge vakazvibvumira. Zvakanaka, kutaura ikoko kunongova kwechokwadi zvishoma. Kunyange zvazvo Mwari vaive nesimba rokuzvimisa, vakanga vasina simba repamutemo rokuzvimisa. Ndichapinda munyaya iyi yokutonga muchitsauko chinotevera, asi ndinoda kutanga ndagadzirisa nyaya yohunhu uye ndova nechokwadi chokuti mavakuziva, pasina kukahadzika kana kunyunyuta, kuti Mwari vakanaka uye Shoko ravo ichokwadi.

Mungashamisika kuti sei izvi zvakakosha. Sezvatinoenderera mberi mubhuku rino, ndichange ndichikurukura nezvemitemo yoHumambo, basa rayo, uye kuti mitemo iyoyo yakandisunungura sei kubva mugehena rezvemari randaigara mariri. Kana musingavimbi naMambo Pachake, mitemo Yavo haizove chinhu kwamuri.

Rangarirai kuti chinhu chandakatanga kuziva murwendo rwangu urwu chakanga chiri chokuti Humambo hwaMwari ihurumende. Hurumende iyi ina Mambo anogadza mitemo yoHumambo. Mitemo iyi inoratidza zvinowanikwa kuvagari

vomuHumambo hwacho uye nezvakanodzera kuitwa navo. Inodzivirira uye inovimbisa mugari wose womuHumambo uhwu kuda kwaMambo nokuda kwohupenyu hwavo. Kunzwisisa hunhu hwaMambo chinhu chinodiwa kuti munzwise mitemo pachayo.

Sezvandambotaura, pandakangonzwisisa kuti Humambo hwaMwari ihurumende ine mitemo uye ine zvinowanikwamo pamutemo kumugari wose woHumambo, ndakava muongorori wezvemweya. Ndakabva ndaziva kuti seri kwechiitiko chose choHumambo, kwaive nomutemo wemweya waiita kuti chiitike. Ndakabva ndave netariro. Ndaigona kudzidza mitemo iyi! Chero ani zvake anogonawo! Izvi ndizvo zvakaonekwa naKeith naKathy.

Makore Mana Akashandura Hupenyu Hwavo

Keith naKathy vakanga vachingowanawo muripo pabasa ravo, vachirarama hupenyu hwemazuva ose. Vaibva mukutenga imba itsva apo Keith akarasikirwa nebasa rake. Zvisinei, Keith akaziva nezvechirongwa chedu chepachivhitivhiti che*Fixing the Money Thing* mugore romumashure uye akanga apedza nguva achidzidza nokufungisisa zvimwe zvezvinhu zvangu, achidzidza nezvoHumambo nekodzero dzake dzepamutemo somugari wemo.

Paakarasikirwa nebasa, akanyengetera nezvazvo uye akasarudza kuti panzvimbo pokutsvaga rimwe basa, aizotanga kambani yake yokutakura zvinhu nemotokari (*truck*). Akabvuma kuti aisaziva zvakanwanda nezvebhizimusi iri, asi akanzwa kuti aigona kudzidza nezvaro. Akatanga bhizimusi rake rokutakura zvinhu nemotokari, nemotokari imwe chete, uye aitakura zvinhu zvinenge motokari nezvimwe zvose zvaigona kuwana zvaida kutakurwa.

Keith naKathy pavakaramba vachidzidza, mukana mutsva wakazaruka wokutanga kutakurira kambani yenyika yaida rubatsiro.

Iri rakanga riri danho guru kuna Keith, uye izvi zvaida kuti ave nechikamu chemotokari chokutakurisa nacho (*semi*) chake pachake uye kuti adzidze mimwe mitemo yakawanda maererano nebhizimusi rokutakura nemotokari—asi akaritora uye akavimba kuti Mwari vaizomutungamirira.

Kubva ipapo, kambani iri kubudirira zvakananyanya. Zvazvino ane *masemi* masere okutakura nawo nguva dzose pazuva roga-roga. Keith akandiudza kuti pabasa rake raaive muranda aiwana mari yaisvika chiuru nemazana mashanu chemadhora pavhiki. Mugore rake rokutanga rokuva nekambani yemarori, Keith akati aiwana mari yaida kusvika zviuru zvina pavhiki. Gore rechipiri, Keith akasvetukira kumari yaipfuura zviuru gumi nezvishanu zvemadhora pavhiki.

Gore rakatevera, akasvetukira kusvika kuzviuru makumi maviri nezvishanu zvemadhora pavhiki, uye mugore rakatevera racho aiwana yaipfuura zviuru makumi matatu nesere zvemadhora pavhiki. Mumakore mana Keith akabva pakuuta zviuru makumi manomwe nesere zvemadhora pagore kusvika pamamiriyoni maviri pagore!

Pandiri kunyora chitsauko chino ndabva ndagamuchira tsambambozha kubva kuna Keith. Ataura kuti apinza basa vamwe vatyairi vana, uye mari yake yava kuita zviuru makumi manomwe

**CHINHU CHIPI NECHIPI
KANA KUTI MUNHU UPI
NOUPI ANOKUUDZAI
KUTI MWARI
HAVANA KUNAKA
KUKUREVERAI
NHEMA!**

zvemadhora pavhiki. Kubva pazviuru makumi manomwe nesere pagore kusvika pazviuru makumi manomwe zvemadhora pavhiki mumakore mana! Izvozvo zvinobata pfungwa dzangu! Keith naKathy vari kutarisira kuti kumberi kutorine zvimwe zvinhu zvakatokura sezvo vave kuronga kutanga mamwe makambani maviri.

Kudai maizobvunza Keith naKathy kuti vakazvifambisa sei, vaizopa mbiri yose kukudzidza mashandiro anoita Humambo.

Chinhu chokutanga chamaizoudzwa naKeith naKathy ndechokuti vaifanira kurasa zvinhu zvizhinji zvisina maturo zvechitendero zvavakanga vadzidziswa hupenyu hwavo hwose pamusoro paMwari uye nemashandiro avanoita. Chimwe chezvishwa chavaifanira kutarisa pachiri chaive chokuti Mwari vakanaka, VAKANAKA NGUVA DZOSE, uye HAVAMBO revi nhema. Chinhu chipi nechipi kana kuti munhu upi noupi anokuudzai kuti Mwari havana kunaka kukureverai nhema!

Musanyengerwa, hama dzangu dzinodikanwa. Chipi chose chakanaka uye chakakwana chinobva kumusoro kudenga, chinoburuka chichibva kuna Baba wezviedza zvokudenga, asingashanduki semimvuri inopinduka.

—Jakobho 1:16-17

Chechipiri, vaizoti vaifanira kudzidza kuva vapi nenzira itsva. Kutsigira mabasa aMwari nemari yavanounza chinhu chinokosha pakubudirira kwavo.

Bhaibheri rakajeka. Kupa Mwari mhosva pamusoro pezvinhu zvakaipa zvinoitika kuvanhu hazvina kururama. Bhaibheri rinoti Satani ndiye anouya kuzouraya, kuba, uye nokuparadza.

Mbavha inongouya kuzoba nokuuraya nokuparadza; ini ndakauya kuti ave nohupenyu, uye ave nohwakazara.

—Johani 10:10

Uye cherechedzai izvo Jesu anotaura pashure pechirevo chokutanga, “Ini ndakauya kuti ave nohupenyu, uye ave nohwakazara,” mamwe maBhaibheri anoti hupenyu “hwakawanda.” Mwari havasi muvengi wenyu. Asi kana muchifunga kuti muvengi, zvino maringe naJakobho 1:16, makanyengerwa nomumwe munhu. Motozvibvunza moga kuti ndiani akakuudzai kuti Mwari vanoreva nhema. Ndiani akakuudzai kuti Mwari vakauraya mwana ane makore manomwe? Ndiani akakuudzai kuti Mwari dzimwe nguva vanoporesa uye dzimwe nguva vanosarudza kusaporesa? Ndinogona kufungidzira—mumwe muparidzi akanga asingazivi. Asi hechino chirevo chamunofanira kubatisisa kana muchida kuzogamuchira kubva kuna Mwari. Mwari havarevi nhema! Kutaura zvazviri, Bhaibheri rinoti havagoni kureva nhema (VaHebheru 6:18).

Zvakare, chikonzero nei vanhu vachitenda kuti Mwari havana kunaka nguva dzose imhaka yokuti havanzwisisi hurongwa hwepamutemo hwoHumambo hwepasi pano. Sezvandambotaura, tichapinda zvakadzama mazviri muchitsauko chinotevera, uye chichapindura chitsama chemibvunzo yenyu. Asi kana muchida kunzwisisa kuti Humambo hunoshanda sei, munofanira kuziva kuti Mwari vakanaka uye havamborevi nhema.

Kusashanduka kwoHumambo hwaMwari

Pandaive muchikoro chesekondari, ndakadzidza chidzidzo chandinofunga kuti chinoshanda pano. Takadzidziswa kuti kana uchishanda nezvinhu zvepanyama, pane humwe hunhu husingashanduki pazviri uye hunogara huripo. Mabva mango-zviziva! Mitemo iyi muphysics inodaidzwa kunzi maconstants (kusashanduka). Somuenzaniso, tembericha inoita kuti mvura iite chando pamadhigiri makumi matatu nemaviri. Inogara yakadaro; haishanduki. Saizvozvowo, chokwadi chokuti Mwari vakanaka chinogara chiripo. Zvino maererano nemvura, muzvose zvamaiita nemvura maizoshandisa tembericha yokutonhora kwemvura iyi isingashanduki mumasvomhu enyu.

Izvi zvinoshandawo pakunzwisisa hunhu hwaMwari. Kana muchiziva kuti Mwari vakanaka uye kuti havamboshanduki, munogona kududzira chikamu choRugwaro kubudikidza neziso rokusashanduka ikoko. Somuenzaniso, ngationei EkiSodho 4:11 mu*King James Version*.

Jehovha akati kwaari, “Ndianiko akapa munhu muromo? Ndianiko anomuita matsi kana mbeveve? Ndiani anomusvinudza kana kumuita bofu? Handisini here, Jehovha?

—EkiSodho 4:11 (KJV)

Pamunotanga kuona ndima iyi, zvinoita sokuti Mwari vanoita kuti vanhu vave mapofu uye vasakwanise kunzwa nemaune. Asi tinofanira kuyeuca nguva dzose—kuti Mwari vakanaka nguva

dzose. Ngatitarisei kuRugwaro rumwe chete urwu asi kubva kune rimwe Bhaibheri.

Jehovha akati kuna Mozisi, “Ndianiko akapa munhu muromo? Ndianiko anomuita matsi kana mbeveve? Ndiani anomusvinudza kana kumuita bofu? Handisini here, Jehovha?”

—Ekisodho 4:11 (NLT)

Mamiriro endima iyi ndeokuti Mwari vakadana Mozisi kuti aende kuvanhu vake, vaHebheru, ovaudza kuti Mwari vakamudana kuti aende kuna Faro kunomurayira kuti vaHebheru vasunungurwe. Asi Mozisi anotizve kuna Mwari, “Ko kana vaHebheru vakasanditenda kuti mazviratidza kwandiri? Mwari vanomuudza nzira shoma dzokuzviratidza kwavari. Asi Mozisi akabva ateterera kuna Jehovha achiti:

“Haiwa Jehovha, handina kumbogona kutaura, kunyange nakare, kana kubva pamataura nomuranda wenyu. Ndinokakama pakutaura uye rurimi rwangu runononoka.”

Jehovha akati kuna Mozisi, “Ndianiko akapa munhu muromo? Ndianiko anomuita matsi kana mbeveve? Ndiani anomusvinudza kana kumuita bofu? Handisini here, Jehovha? Zvino chienda, ini ndichakubatsira kutaura uye ndichakudzidzisa zvokutaura.”

—Ekisodho 4:10–12 (NLT)

Regai nditaure muchidimbu zvaitaurwa naMwari kuna Mozisi. Ndakaumba muromo womunhu kuti utaure here kana kuti urege kutaura? Ndakaumba maziso evanhu kuti aone here kana kuti asaone? Mhinduro iri pachena. Muromo wakasikwa kuti utaure, uye maziso akasikwa kuti aone. Ndizvo zvoga Mwari vari kuedza kuita kuti Mozisi ataure. Mwari varikungoti, “Kana ndakaumba muromo, ndinogonazve kukubatsira kuushandisa!” Mwari vari kuedza kuita kuti Mozisi anzwisise kuti anogona kuvimba Navo kuti vamubatsire kutaura paanoenda kuvaHebheru.

Asi kana pasina maonero akarurama pamusoro paMwari, tinogona kutsanangura chinangwa chavo zvisizvo. Ndinofunga tose takanzwa kuti Mozisi aikakama. Vanhu vazhinji vangataura kuti ichokwadi chaicho, asi ndizvo here? Mukupindura, maiti, “Ndizvo chaizvo. Mozisi pachake akati aisagona kutaura zvakanaka.” Ndinobvuma, akadaro, asi airevei nazvo? Kana Mozisi aisagona kutaura zvakanaka, tinochifanira kutsanangura Mabasa 7:22.

Mozisi akadzidziswa buchenjeri hwose hweIjipiti uye aigona kwazvo kutaura nokuita zvinhu.

—Mabasa 7:22 (NLT)

Tinonyatsoona kuti Mozisi akanga akapesana zvikuru nomunhu ainetsekana nokutaura. Aiva nesimba pakutaura. Saka Mozisi anorevei paanoti, “Haiwa Jehovha, handina kumbogona kutaura, kunyange nakare, kana kubva pamataura nomuranda wenyu. Ndinokakama pakutaura uye rurimi rwangu runononoka?”

Ekisodho 4 paari kutaura pamusoro pokunonoka kutaura kwaMozisi, anoreva kuti Mozisi haagoni kutaura chiHebheru zvakanaka. Haana kurerwa pamwe chete nevaHebheru.

Akarerwa somuljipiti uye ainyanya kutaura mutauro weljipita. Mwari vari kuvimbisa Mozisi kuti sezvo vakasika muromo womunhu, vaizomubatsira kutaura navaHebheru. Asi zvakare, Mozisi anomira.

Asi Mozisi akati, “Haiwa Jehovha, ndapota hangu, tumai henyu mumwe kuti aite izvozvo.”

Ipapo kutsamwa kwaJehovha kwakapisa pamusoro paMozisi uye akati, “Ko, mukoma wako, Aroni muRevhi? Ndinoziva kuti anogona kutaura zvakanaka. Ari munzira kuzokuchingamidza izvozvi, uye moyo wake uchafara paachakuona. Uchataura naye ugoisa mashoko mumuromo make; ndichakubatsirai mose uye ndichakudzidzisi zvokuita. Uye achataura kuvanhu panzvimbo yako, uye zvichaita sokunge iye ndiye muromo wako uye sokunge iwe ndiwe Mwari kwaari.

—Ekisodho 4:13-16

Mhedziso ndeyokuti Aroni ainyatsoziva mutauro wechiHebheru, akarerwa somuHebheru, uye aigona kutaura nevaHebheru nokuda kwaMozisi, kwete nokuti Mozisi aikakama.

Saka zvino munoona kukosha kwazvinoita kuona hunhu hwaMwari neziso chairo uye sehusingashanduki. Kuziva kuti Mwari vakanaka nguva dzose kunotibvumira kunyunyuta pamusoro pezvinofungidzirwa kuti ndizvo zvinoreva ndima iyi uye totsuga zvakadzama kuti tiwane dudziro yakafanira. Zvino zvakare, hwaro hwenyu muHumambo kuziva hunhu hwaMambo pachake. Kana izvozvo zvisingazivikanwi, Satani anogona kukunyengerai,

sezvaakaita naEvha, kuti mutende kuti Mwari havatauri chokwadi chizere kana kuti, zvakatoipisisa zvacho, vanokureverai nhema.

Kunzwisisa Zvipikirwa zvaMwari

Kune zvipikirwa zvinopfuura zviuru zvinomwe muBhaibheri zvinotsanangura kodzero dzenyu dzepamutemo semwana waMwari. Chipikirwa chimwe nechimwe chinopihwa kwamuri naMambo Pachake uye chinogona kuvimbwa nacho. Kana kuti chinogona kuvimbwa nacho here? Kana runako rwaMwari rwuchinyunyutwa, bva nezvipikirwa Zvavo zvinogona kunyunyutwawo.

Regai ndikupei muenzaniso. Ngatitii ndakupai cheki yezviuru

**KUNE ZVIPIKIRWA
ZVINOPFUURA
ZVIURU ZVINOMWE
MUBHAIBHERI
ZVINOTSANANGURA
KODZERO DZENYU
DZEPAMUTEMO
SEMWANA WAMWARI.**

zvemadhora. Mainditenda, uye mupfungwa dzenyu, munenge muine zviuru zvemadhora. Munenge moita zvinhu semunhu ane zviuru zvemadhora, motaura senge munhu ane zviuru zvemadhora, uyezve monditenda nokuda kwezviuru zvemadhora. Asi chokwadi chenyaya ndechinoti, munenge musina zviuru zvemadhora; munenge muine chinyorwa chevimbiso. Cheki ingori vimbiso yandakakupai ndichitaura kuti mune kodzero yepamutemo yokugamuchira zviuru

zvemadhora kubva kubhanga rangu. Munenge muchiri kufanira kuendesa cheki kubhanga kuti muwane mari! Asi sezvo chinangwa changu pamusoro penyu chichizivikanwa, sezvo ndakakupai cheki nokuzvidira ndikaisa runyoro rwangu pairi, uye nemhaka yokuti

munovimba kuti ndine zviuru zvemadhora zvacho, munenge mototi mune zviuru zvemadhora apo chamunenge mungorinacho bedzi ivimbiso.

Zvirokwazvo Mwari vakuru kwandiri. Shoko Ravo hariirevi nhema. Vanotipa zvipikirwa zvavo zvikuru uye zvinokosha. Kana Mwari vakakupai chipikirwa Chavo, zvinenge zvakangofanana nokuti chatoitwa! Chinhu chimwe chete chingaitwa naSatani kumisa chipikirwa kuti chisaitike kuita kuti musava nechokwadi nezveShoko raMwari. Ndosaka zvichikosha kuti muzive kuti Mwari vakanaka uye havarevi nhema.

Regai ndikupei mumwe muenzaniso. Ndinoziva kuti vazhinji vakanzwa kuti minana yakapfuura uye Mwari havaiti zvinhu zvimwe chete sezvakaitwa naJesu paakanga achifamba panyika. Ndakakurira mukereke yaitevedzera mirau zvikuru, uye kutaura idi, handina kutomboona simba raMwari richiratidzirwa, pane zvacho zvandinogona kurangarira. Zvino nokuti handina kuona vanhu vachiporeswa, zvinoreva here kuti Mwari havachaporesa? Kuti tipindure izvozvo, hatigoni kutsamira paruzivo rwedu. Tinofanira kuziva kuti Bhaibheri rinotii, kuti mutemo waMambo unotii nezvokuporesa.

*Zvokuti Mwari **akazodza** sei Jesu Kristu weNazareta noMweya Mutsvene nesimba, uye kuti akapota sei nenyika achiita zvakanaka achiporesa vose vakanga vari pasi pesimba radhiabheri, **nokuti Mwari aiva naye.***

—Mabasa 10:38

Sezvatiri kuona pano, kuporesa kwaiva chiratidzo chikuru chohushumiri hwaJesu. Rugwaro urwu rwunoti Jesu akaporesa

vose nokuti Mwari aiva Naye. Zvino mutsara uyu wokuti, “Mwari aiva naye” ndiwo mutsara wamunofanira kunzwisisa. Chokwadi, Mwari vaiva naJesu kwohupenyu Hwake hwose pasi pano. Asi mutsara uyu uri kureva apo Jesu akanga achibhabhatidzwa mumvura uye Mweya Mutsvene akaburuka paari senjiva. Kusvikira panguva iyi, Jesu akanga asati amboita zvishamiso. Hatina chinyorwa chinotaura kuti Jesu paaiva mudiki akawedzera zviyo zvake zvemangwanani kana kuporesa munhu mumwe chete. Akazotanga hushumiri Hwake mushure mokunge azodzwa naMweya Mutsvene. Mwari aiva Naye paaiita basa iri.

Zvakanaka, mungati, “Hongu, Jesu akaporesa, asi haapo pano.” Hongu, ndinobvuma, mataura zvakarurama, asi akapfuudza basa iri kukereke. Munoono, simba iroro rakauya pana Jesu rakapuhwawo kukereke. Jesu paanenge oda kubva panyika, anoudza vadzidzi vake zvinotevera.

Asi muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu; uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, kusvikira kumigumo jenyika.

—Mabasa 1:8

Simba rimwechete iri, Mweya Mutsvene, rakauya pamusoro pekereke kuti riite zvishamiso zvimwe chete zvakaitwa naJesu. Hapana chimwe chinhu chakasiyana nazvo chamunogona kundiudza. Mwanasikana wangu chaiye, Amy, aive nebundu remapaundi gumi nematatu mudumbu make. Tose takanamatira kuporeswa kwake maringe neShoko raMwari uye akaenda kunorara, mangwanani akatevera akamuka anyatsopora. Bundu remapaundi

gumi nematatu rakanga raenda, uye musana wake (uyo wakange wabatana uye wamonyoroka) wakanga wadzokedzana. Munogona kuona nokuverenga nyaya yake mubhuku rake rine musoro wokuti *Healed Overnight*.

Muroora wangu aiva nebundu padivi rake raive rakaenzana neranjisi, iro vanachiremba vakati raifanira kubviswa nokuvhiyiwa. Vakataura kuti aiva nechirwere chegomarara chisingawanzoitiki uye akanga asarwa nemwedzi mumwe chete kuti ararame. Akatendawo muzvipikirwa zvaMwari akamuka mangwanani anyatsopora. Bundu rakanga rapera.

Mudzimai wangu, Drenda, aivewo nokuzvimba kwenyama kwakanyanya kumusana wake kwaive kwakakura sekobiri remashereni makumi mashanu. Akatanga kukurayira kuti kubve pamuviri wake, uye mumavhiki maviri, kwakanga kwaperawo zvachose.

Mwari vakasarudza kuporesa madzimai aya here? Chaive chimwe chinhu icho Mwari vaifanira kuita sarudzo pamusoro pachu here? Vaida vakadzi vatatu ava kupfuura imi here? Kwete! Vainzwisisa mitemo nezvinowanikwa muHumambo uye vaingotaura mashoko ekodzero pazviri. “Zvino, nei,” mungabvunza kudaro, “vanhu vakawanda kwazvo vari kurwara? Nei tisingaone vanhu vachiporeswa kakawanda mumakereke edu?”

Ndafara kuti mabvunza. Ngatipindei mazviri muchitsauko chinotevera.

CHITSAUKO 3

NYAYA YOHUTONGI

Sezvandambotaura, ndinogara kumapurazi pamaeka makumi matanhatu neimwe enzvimbo yakanakisa yomunyika yeOhio. Pakutanga ndaiva nemaeka makumi mashanu nemashanu, asi muvakidzani wangu akanditengesera imwe nzvimbo yaiganhurana neyangu, iyo yakaita kuti nzvimbo yangu yose isvike kumaeka makumi matanhatu. Zvechokwadi takanakidzwa nenzvimbo iyi mumakore makumi maviri nemaviri apfuura. Kuva nemasango okuvhima nondo, machakwi okuvhima madhadha, neminda yokuvhima tsuro neshiri, pamwe nokutyaira tichitenderera-tenderera tiri mumotokari dzedu, iropafadzo. Asi kana mukanyatsotarisisa nzvimbo yangu, maisawana paruzhova rwenzvimbo pane zviratidzo zvakanzi HAPATENDERWI VANHU PASINA MVUMO YAPIHWA. Zviratidzo zviripo ndezvokuti vanhu vazive panotangira pfuma yangu.

Mutemo womunyika yeOhio unoti munhu anoda kuva pamusha wangu anofanira kunge aine bepa remvumo yokuvapo paari nguva dzose panguva yaanenge ari panzvimbo iyi. Kana akasadaro, kunonzi kutsaudzira, uye anogona kubuditswa kunze zviri pamutemo uye nokuzviunzira chirango uye nokuripa muripo.

Nyaya iripo ndeyokuti ani nani anosarudza kufamba mumusha wangu ini ndisingazvizivi haana mvumo yepamutemo yokuita sarudzo iyoyo sezvo isiri nzvimbo yake. Kana ndikavaudza kuti vabve mumusha wangu, havana sarudzo!

Saka muchidimbu, hamugone kutora chimwe chinhu chamusina masimba ohutongi hwepamutemo pamusoro pachu.

Mufananidzo wokutsaudzira uyu uchapindura mibvunzo mizhinji kwazvo iyo vanhu vanayo pamusoro pechikonzero nei zvinhu zvichiitika kana kuti zvisingaitiki muHumambo hwaMwari. Kunzwisisa nyaya yomuHumambo iri maererano nokutonga chinhu chinodiwa zvikuru kuti mugone kuita zvinhu zvine budiriro muHumambo.

Sei Vasina Kuporeswa?

Ndine chokwadi chokuti pamwe makambonzwa nyaya yakadai. Mumwe munhu anozivikanwa zvikuru anorwara, uye panonzi anyengeterewe. Mamirioni evanhu anokumbanirana mumunamato achimirira kuporeswa kwomunhu uyu, asi munhu uyu anofa. Sei? Kana kuti mumwe munhu anokuudzai kuti ambuya vake vakafa kunyange vakanga vachivanyengeterera, uye anoda kuziva chikonzero nei. Kana kuti mumwe munhu anokuudzai kuti vakadyara mari kuti vave nemari, uye zvakadaro vanoramba vachichoboka. Pane mhinduro dzemhando yemibvunzo iyi here?

Ndisati ndapindura izvi, ngatibvume kuti hatizivi zvole zviri kuitika munzvimbo yeMweya, uye handisi kunyepedzera kuti ndinozviziva. Zvisinei, zvichibva muShoko raMwari, tinoziva kuti kana mumwe munhu akarwara, Jesu akaripira mutengo wokuporeswa kwake. Tinoziva kuti kana tiine rupo uye tichipa, Bhaibheri rinoti

tichagamuchira. Asi zuva nezuva tinoona zvinoita sokunge Shoko raMwari rakundikana pachena kushanda muhupenyu hwevanhu vazhinji sokunyorwa kwarakaitwa. Tingape Mwari mhosva here?

Tikatarisa zvatakadzidza muchitsauko chatabva, uye sezvatinokurukura nezvemusoro uyu muchitsauko chino, muchawana mhinduro yakwete yakasimba. Kana mhinduro iri kwete, zvino dambudziko nderei? Iyi inyaya huru. Kuruzhinji rwevanhu vasina kana hwaro hwokutanga hwokunzwisisa kuti Mwari vakanaka nguva dzose, kana vakabvunzwa kana Mwari variwo vokupa mhosva panjodzi inenge yaitika, vanoti hongu. Zvakare, zvinodaro nemhaka yokuti vanoziva kuti Mwari vane simba rokumisa kuitika kwezvinhu zvakaipa, uye sezviri pachena, vanenge vasina kuzviita; nokudaro, vanhu vanobva vafunga kuti Mwari vanofanira kunge vakazvibvumira. Asi kudai mainzwisisa kuti Mwari vakanaka uye kuti havamborevi nhema, maizoziva kuti dambudziko racho raifanira kuva riri kumwewo, uye maizotanga kutsvaga mhinduro.

Vadzidzi vakaratidza mafungiro aya pavakatadza kudzinga dhimoni mumukomana akanga akagarwa nedhimoni. Panzvimbo pokubvunza kuti, “Nei Mwari vakasarudza kusiya dhimoni iroro ipapo?” vakabvunza Jesu kuti, “Ko, takundikana sei kuridzinga?”

Uyu ndiwo unofanira kuva uriwo mubvunzo wedu watinofanira kukasika kuva nawo apo mamiriro edu ezvinhu anoita seanopesana neShoko raMwari. Saka zvakare, zvakakosha kuti, chokutanga, tizive kuti Mwari vakanaka uye, chechipiri, kuti havarevi nhema.

**HUMAMBO
HWAMWARI
HUMAMBO UYE
HUNOSHANDA
NEMITEMO UYE
NEMISIMBOTI
ISINGAMBOSHANDUKI.**

Ichi ndicho chikonzero nei ndapedza nguva yakawanda ndichitsanangura izvo zvinotaridzika kwandiri sezvisina musoro, asi zvinoshamisa ndezvokuti, kune vazhinji vekereke, ichi chishamiso. Munofanira kuverenga Bhaibheri muchiita zvokubvunza mibvunzo kana muchida kudzidza kuti Humambo hunoshanda sei.

Rangarirai nyaya huru dzomuBhaibheri idzo dziripo nokuda kwechikonzero. Jesu ari kuedza kukuratidzai chimwe chinhu. Saka, ngatichiendei kune chikonzero nei mumwe munhu asina kugamuchira zvakataurwa neShoko raMwari. Zvakanaka, panogona kunge paine nyaya dzakawanda dziri kudzivisa kutonga kwedenga. Dzimwe nyaya hadzionaeki nokukasika, uye dzimwe ndedzedungamunhu uye dzakavanzwa.

Humambo hwaMwari humambo uye hunoshanda nemitemo uye nemisimboti isingamboshanduki. Misimboti iyoyo, sezvanda-kambotaura, inogona kudzidzwa uye nokushandiswa sezvinongoita murimi anonzwisisa mitemo yepanyika yokudyara nokukohwa uye anoshandisa mitemo iyi kuti abudirire. Nemhaka yokuti Humambo hunoshanda maererano nemitemo, iyo inopihwa kuvagari vose vemo kuti vainzwisise uye nokuishandisa, munhu wose anogona kuidzidza. Dzimwe nguva, kuziva kuti mitemo iyi inoshanda sei kunogona kuva rufu kana hupenyu.

Sarudzo yoHupenyu noRufu

Mark naHannah vakauya kukereke kwedu uye vaishuva kuva nemwana. Kusvikira panguva ino, Hannah akanga audzwa nachiremba kuti nemhaka yematambudziko akasiyana-siyana omumuviri wake, zvakanga zvisingaite kuti abate pamuviri kana kuti atakure mwana. Asi paakanzwa nezvokunaka kwaMwari uye

nokudzidza mutemo woHumambo pa*Faith Life Church*, akazviona ava nepamuviri. Akafara zvisingatsananguriki. Asi pasina nguva, akatanga kurwadziwa zvikuru mudumbu make. Munguva dzinov-eregeka zvakanga zvakanyanya zvokuti moyo wake waineta.

Mushure mechimwe chezvikanu izvi, aida kuti zvinhu zviongororwe ndokuenda kuhofisi yachiremba wake. Chiremba wake akanga asimo, asi chiremba aivapo akati aida kumuita ongororo ye*ultrasound* kuti aone kuti chii chaitika. Chiremba chaakaona raiva gwamba guru reropa, akamuudza kuti akanga abva pamuviri, pakanga pasina kurova kwemoyo. Chiremba akati azodzoke zuva raitevera kuti mwana wake akanga afa abviswe mudumbu make, asi Hannah akaramba. Panzvimbo pezvo, murume wake, Mark, akakurudzira Hannah neShoko uye nezvipikirwa zvaMwari ndokumukurudzira kusarasa chivimbo chake pamusoro pomwana. Pakupera kwevhiki iroro, akanamatirwa kukereke uye aiva nechokwadi chokuti aizova nemwana ane hutano hwakanaka pasinei nezvaakanga audzwa nachiremba.

Muvhuro iwoyo, akapinda kuti anoona chiremba wake sezvo chiremba wake akanga asipo muzuva riya raakanga aenda kuhofisi yake. Chiremba wake akati aitwe imwe ongororo ye*ultrasound*. Hannah akati chiremba akaratidza kuvhunduka paakanga akatarisa pachiratidziro chomuchina we*ultrasound* achibva angotarisa maskani akanga aitwa mazuva mashomana ainge apfuura.

Akabva ataura mashoko anotevera kuna Hannah: “Ndave ndichiita izvi kwemakore makumi matatu, uye handisati ndambozviona zvichiitika. Pamaskani evhiki rapfuura ndiri kuona pane magwamba makuru eropa uye nokusavapo kwokurova kwomoyo. Zvandakutarisa nhasi, ropa rakagwamba rose harisisipo, uye mune

mwana akakwana, mupenyu, ane kurova kwomoyo kwakakwana.” Mumwedzi mishomanana yakatevera, Hannah akabereka mwana musikana aive nohutano hwakanaka, waakatmidza kuti Evelyn. Rimwe zuva achida kuziva kuti zita rokuti Evelyn rinorevei, akaritarisa uye akashamiswa kuti zita iri chaizvoizvo rinoreva kuti hupenyu!

Zviri pachena kuti nyaya inoshamisa iyi yaive basa raMwari, asi somuongorori wezvemweya, panguva ino munofanira kunge muchifunga nezvemibvunzo mishoma yakaita sei. Sei zvakaitika? Hannah ndiye mumwe wevanofarirwa naMwari here? Mwari vakangosarudza kuporesa mwana wake here? Iyi mibvunzo inofanira kupindurwa. Zvakare, kuMukristuwo zvake, uyu munana waitika. Asi ndinokurudzira vanhu kuti vafunge zvakare nezveizwi rinoti munana sezvo richireva chimwe chinhu chisiri chenguva dzose. MuHumambo, iri raingova basa romutemo woHumambo bedzi.

Kudai ndaidonhedza dombo pasi, rowira pasi, maigona kufunga kuti pfungwa dzangu dzarasika kana ndaishevedzera ndichiti, “E-ee, mazviona here izvi? Dombo iro radonha pasi; uyo munana!” Maipokana neni kuti waisava munana nokuti munoziva kuti chiito chaingova basa romutemo wesimba rinokwevera zvinhu pasi, uye unoshanda nenzira imwechete nguva dzose kune chero munhu. Dombo richagara richiwira pasi. Zvino somuongorori wezvemweya, munofanirwa kutsvaga zvinongedzo zvinotaura kuti chii chakaitika, zviratidzo zvemweya zvinoburitsa mutemo, kana mitemo yoHumambo yaivepo munyaya.

Chinhu Chinokosha Chinoratidzwa

Ngatiendei kune imwe nyaya yatingadzidza zvizhinji nezvebasa roHumambo maererano nemibvunzo iyi. Imwe yenyaya hurusa dzomuBhaibheri ichatibatsira kuwana dzimwe dzemhinduro inowanikwa muna Ruka chitsauko chechisere.

Jesu akati achiendako, vanhu vazhinji vakange vachamutsikirira. Uye paiva nomumwe mukadzi aiva nechirwere chokubuda ropa kwamakore gumi namaviri, asi kusina munhu aigona kumuporesa. Akauya neshure kwaJesu akabata mupendero wenguo yake, pakarepo kubuda kweropa kukabva kwaguma.

“Jesu akati, “Ndianiko andibata?”

Vose vakati varamba kubvuma, Petro akati, “Tenzi, vanhu vari kukumoterai nokukutsimbirirai.”

Asi Jesu akati, “Pane mumwe andibata; ndinoziva nokuti simba rabuda mandiri.”

Ipapo mukadzi akati aona kuti haangavandi, akauya achidedera akasvikowira patsoka dzake. Pamberi pavanhu vose akamuudza kuti sei akanga amubata, uye kuti akanga apora sei pakarepo. Ipapo akati kwaari, “Mwanasikana, kutenda kwako kwakuporesa. Enda hako norugare.”

—Ruka 8:42-48

Munyaya iyi, tinowana mumwe mukadzi akanga achirwara zvikuru kwemakore akawanda achitadza kupora. Akauya necheshure kwaJesu akabata nguwo Yake uye akaporeswa pakarepo. Zvino, munyaya iyi mune zvimwe zvinhu zvikurusa zvokushanda kwoHumambo zvatinogona kudzidza kubva kwazviri uye zvichabudisa pachena dzimwe dzemhinduro dzatiri kutsvaga.

Chokutanga pane zvose, chaunga chakanga chakakomberedza Jesu chakanga chichimubata. Sokutaura kunoita nyaya, vanhu vazhinji vaimutsikirira. Jesu paakabvunza kuti, “Ndianiko andibata?” Petro akashamiswa nomubvunzo uyu nokuti, zvakare, munhu wose akanga achimubata. Asi Jesu akati munhu uyu akanga amubata neimwe nzira sezvo akanga anzwa simba raMweya Mutsvene richiyerera kubuda maari.

Mushure mokuverenga nyaya iyi, mhando dzose dzeyambiro nezviratidzo zvinofanira kunge zvava mumweya wenyu zvichikukurudzirai kuti mumbomira uye mufunge nezvichangobva kuitika. Pfungwa dzenyu dzinofanirwa kunge dzabva dzatanga kupinda mukuferefeta nemibvunzo yakawanda. Somuongorori wezvemweya, tinofanirwa kuziva kuti sei mukadzi uyu akaporeswa uye pasina mumwe munhuzve akaporeswa. Ndinogona kufunga kuti kwaive nevamwe vazhinji vaivepo vaimubata panyama vairwarawo asi vaisaporeswa. Zvino tinofanira kubvunza kuti, “Sei zodzo yakaenda kumukadzi uyu chete, kwete kune vamwe vose vakamubata panguva iyoyo?”

Mhinduro yevanhu yechitendero ndeinoti akaporeswa nokuti Jesu akamuporesa. Asi Jesu akamuporesa here? Jesu akanga achimushumira nemaune here paakaporeswa? Akaturika maoko Ake paari here? Akaraira hurwere kuti hubve panyama yake here? Mhinduro ndeyokuti kwete. Chokwadi, Jesu haana kutomboziva kuti mukadzi uyu akanga aripo. Aifanira kubvunza kuti ndiani

akanga amubata. Saka Jesu akasarudza kumuporesa panguva iyoyo here? Zvakare, Haana kutomboziva kuti akanga aripo. Saka akagoporeswa sei? Sei akaporeswa?

Sevaongorori vezvemweya, ngatibvisei pfungwa yokuti aive mumwe wevana vaMwari chaivo kana kuti aive nohukama hwakakosha naJesu, nokuti Mabasa 10:34 (KJV) inotaura kuti Mwari haazi mutsauri wavanhu. Tinogonawo kufunga kuti sezvo Jesu akanga asingatombozivi kuti mukadzi uyu akanga aripo, akanga asina chikamu chaakaita musarudzo yake yokuporeswa zuva iroro. Tinobvuma kuti Jesu ndiye akanga ari dura rezodzo, asi akanga asiri musarudzo yakaitwa nomukadzi uyu kuti aporeswe panguva iyoyo.

Jesu anotiudza kuti akapinda sei mumasimba nesimba roHumambo. Akati, “Mwanasikana, kutenda kwako kwakuporesa. Enda hako norugare.” Mutsara uyu unotitaurira zvose zvatinoda kuziva uye unopindura mubvunzo wedu wokuti sei akagamuchira zuva iroro uye nenzira ipi. Saana mazvikokota vezvemweya, ngatitangei kunzvera nyaya iyi uye tione kana tichigona kutora chero ruzivo rwokuti sei akagamuchira.

Chokutanga, Jesu anomudana semwanasikana, zvichireva kuti akanga ari worudzi rweIsraeri, chizvarwa chaAbhurahama. Somwana waAbhurahama, akava neropafadzo rakapihwa Abhurahama uye nezvinowanikwa musungano yakaita Mwari naAbhurahama

Akati, “Kana mukanyatsoteerera inzwi raJehovha Mwari wenyu uye mukaita zvakarurama pamberi pake, kana mukarerekera nzeve dzenyu kumirayiro yake uye mukachengeta mitemo yose, haanga uyisi pamusoro penyu zvirwere zvose zvandakauyisa pamusoro pavaIjipiti, nokuti ndini Jehovha anokuporesai.”

—Ekisodho 15:26

Naizvozvo apo Jesu akamudana kuti mwanasikana, izvi zvaireva kuti akanga ane kodzero yepamutemo kune zvose zvakanga zvakabatanidzwa musungano yaAbhurahama yaakaita naMwari. Nokudaro, chokwadi ichi choga hachingave chikonzero choga chakaita kuti agamuchire sezvo munhu wose uyo aitsikirira Jesu pazuva riye aive nomutemo mumwechetewo. Paifanira kuva nechimwe chinhu chakanga chakonzero kuti simba roHumambo hwaMwari riyerere. Jesu anobva atiudza chimwezve chikonzero chakaita kuti agamuchire. Kutaura idi, Jesu akati ichi ndicho chikonzero chaichoicho chakaita kuti agamuchire. Akati kutenda kwake kwaive kwamuporesa.

Saka, zvino tinoziva zvikonzero zvakaita kuti akwanise kugamuchira. Yaive kodzero yake yepamutemo yokugamuchira sezvo aive mwanasikana waAbhurahama, uye chechipiri, kutenda kwake kwaive chibatidzo chakabvumira simba iroro kuyerera mumuviri wake panguva iyoyo chaiyo. Zvokuti aive mwanasikana zvingafananidzwa nekambani yemagetsi ine magetsi uye waya dziri kuuya mumba menyu. Magetsi aripo, asi hazvirevi kuti mwenje wenyu uchange wakabatidzwa. Imi munofanirawo kubatidza chibatidzo kuti pave nomwenje.

Zvino sechizvarwa chepamutemo chaAbhurahama, mukadzi uyu aiva nekodzero yepamutemo yokuporeswa. Nokudaro, nokuti aive nohutongi panyika uye nepahunyu hwake, aitofanira kubatidza chibatidzo kuti abudise simba iroro. Asi chibatidzo chacho chiripi? Tinochibatidza sei? Kuti tizive, tinofanira kutsanangura mazwi edu.

Chii Chinonzi Kutenda?

Kutenda ishoko rinongoshandiswa njee neVakristu. Uye ndine chokwadi chokuti vazhinji, kana vasitori vazhinji vacho, havazivi kuti kutenda chii, kuti nei kuchidikanwa, nenzira yokuziva nayo kana vari mukutenda, uye nenzira yokuwana nayo kutenda. Kana kutenda kuri iko chibatidzo chakaporesa mukadzi uyu, saka tinoda kunyatsotarisisa nezvokutenda! Tsananguro yedu yokutenda tinoiwana muna VaRoma 4:18-21.

KUTENDA ISHOKO RINONGOSHANDISWA NJEE NEVAKRISTU.

Pasina kana tariro, Abhurahama netariro akatenda uye akava baba vendudzi zhinji, sezvazvakanga zvarehwa kwaari zvichinzi, “Zvizvarwa zvako zvichadarowo.” Haana kushayiwa simba mukutenda kwake—paakaona kuti muviri wake wakanga watofa hawo, sezvo akanga ava namakore anenge zana okuzvarwa—uye kuti chizvaro chaSara chakanga chafawo. Asi haana kukahadzika nokuda kwokusatenda pamusoro pechikikirwa chaMwari, asi akasimbiswa mukutenda kwake uye akakudza Mwari, achinyatsogutsikana kuti Mwari ane simba rokuita zvaakanga avimbisa

—VaRoma 4:18-21

Ngatinzwisise mamiriro enyaya iyi. Abhurahama uye naSara vaisakwanisa kuita vana. Handirevi kuti vakanga vachinetsekana nokubata mwana mumaoko uye kuti vaifanira kuramba vachiedza. Ndinoreva kuti vakanga vava nemakore anenge zana okuberekwa,

uye zvakanga zvatopera. Miviri yavo yaive isingachagoni kuita vana; zvakanga zvisingachaiti! Zvakadaro, Mwari vakavimbisa Abhurahama mwana kunyange nyama yaive isingachaiti zvachose. Bhaibheri rinotaura kuti Abhurahama akagutsikana zvizere kuti Mwari vaive nesimba rokuita zvavakareva, kusiyana netsananguro dzomusikirwo dzaitaura nyaya yakasiyana.

Heino tsananguro yedu yokutenda: “kunyatsogutsikana kuti Mwari vane simba rokuita zvavakavimbisa.” Ndinozvitaure nenzira iyi: “**moyo wenyu kuva unobvumirana nedenga.**” Kwete kugutsika mundangariro chete asi mukunyatsogutsikana zvizere neizvo Mwari vanotaura.

Tsananguro Yedu Yokuti Chii Chinonzi Kutenda:

Regai ndizvitaure zvakare kuti tive nechokwadi chokuti tazvibata. Kutenda kuve nechokwadi chizere chezvinotaurwa naMwari! Moyo yedu nepfungwa dzedu dziri muchibvumirano nedenga, zvakanatsogutsikana.

Nei Kutenda Kuchidikanwa?

Sei Mwari vasingangoporese munhu wose ari muchipatara pavanodira? Sei vasingagoni kumisa hondo? Sei vasingakwanise kutuma ngirozi kuti dziparidze Evhangeri kwatiri? Ndine chokwadi chokuti makambonzwa mibvunzo yose iyi. Mhinduro ndeyokuti havakwanisi. Hakusi kuti Mwari havana simba rokuzviita, asi havana masimba okuzviita. Kutu munzwisise zvandiri kutaura, tinofanira kutarisa pana VaHebheru 2:6-8.

Asi mumwe akapupura kwazvo pane imwe nzvimbo achiti:

“Ko, munhu chii zvamunomufunga, kana

*mwanakomana womunhu zvamune hanya naye?
Makamuita muduku zvisihoma kuvatumwa;
makamushongedza korona yokubwinya nokukudzwa
uye mukaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake.”*

*Pakuisa zvinhu zvose pasi pake, Mwari haana kusiya chinhu
chimwe chete chisina kuiswa pasi pake. Asi panguva ino
hationi zvinhu zvose zvakaiswa pasi pake.*

—VaHebheru 2:6-8

Mwari vakamupa simba repamutemo rakakwana pamusoro penyika yose yepasi. Hapana chakanga chisiri pasi pesimba rake. Akatonga pamusoro penyika nesimba rakakwana uye nemasimba. Kugona kwake kutonga nemasimba kwakatsigirwa nehurumende yakanga yamugadza pano. Chaizvoizvo, akatonga nesimba roHumambo hwaMwari raakanga apihwa. Akanga akapfeka korona yohurumende iyoyo, iyo yaimiririra kubwinya kwaMwari, zozdo, nechinzvimbo chokukudzwa chavakatakura.

Zvino, chokwadika, akanga asina kupfeka korona chaiyoiyo, yesimbi, asi zvakadaro akanga ane korona mupfungwa yeizvo korona inotaura nezvayo. Kuti muwane mufananidzo wakanaka wokuti izvi zvinotaridzika sei, fungai nezvamambo wepanyama. Kunyange zvazvo ari munhu womuzvarirwo uye asina simba chairo muchimiro chake chomuzvarirwo, anopfeka korona inoratidza kuti anomiririra, kwete kuzvimirira pachake bedzi, asiwo nohumambo hwose uye nehurumende. Mashoko ake ane simba nokuti anotsigirwa nesimba rose nezviwanikwa zvehurumende uye nohumambo hwaanomiririra.

Mukafunga mupurisa anotungamira kufamba kwemotokari,

anomisa rori huru kwazvo nomurairo, “Mira muzita romutemo.” Hongu, rori yakakura kupfuura murume uyu—uye murume uyu pachake, haakwikwidzani nerori—asi rori inomira. Inomira kwete nokuda kwomurume wacho asi nokuda kwebheji rinomiririra hurumende, iro murume anopfeka. Panyaya iyi, hurumende yakakura zvikuru kupfuura murume akapfeka bheji. Kumutyairi werori, hakusi kuti anenge achitya murume uyu, asi anenge achitya hurumende iyo murume uyu anomiririra, zvichiita kuti amire.

Ndozvimwe chete nepano. Adhamu akatonga zvinhu zvose zvakasikwa panyika. Simba raMwari nohutongi izvo zvinomiririrwa nekorona yokubwinya nokukudzwa zvakapa munhu vimbiso yokuti mashoko ake aive nemasimba nokuda kwoHumambo hwaMwari.

Zvinokosha chaizvo kuziva kuti Adhamu paakasikirwa nesimba rake rokutonga nyika nokupandukira hurumende yaMwari kwaakaita, akarasikirwa nekorona yake, nzvimbo yake yechiremera muHumambo hwaMwari, asi haana kurasikirwa nechiremera chake chapamutemo chenyika pachayo. Munhu akanga achiri kutonga pasi zviripamutemo. Mwari vakanga vamupa kuti aitonge. Kana tikadzokera kurugwaro rwedu rwomuna VaHebheru, tinogona kuona izvi.

Asi mumwe akapupura kwazvo pane imwe nzvimbo achiti:

“Ko, munhu chii zvamunomufunga, kana mwanakomana womunhu zvamune hanya naye? Makamuita muduku zvisoma kuvatumwa; makamushongedza korona yokubwinya nokukudzwa uye mukaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake.”

Pakuisa zvinhu zvose pasi pake, Mwari haana kusiya chinhu chimwe chete chisina kuiswa pasi pake. Asi panguva ino hationi zvinhu zvose zvakaiswa pasi pake.

—VaHebheru 2:6-8

Kunyange zvazvo rugwaro urwu rwuri kutaura nezvenguva yakasikwa Adhamu naEvha, rugwaro rwunoti, “Mwari haana kusiya chinhu chimwe chete chisina kuiswa pasi pake.”

*Kudenga denga kumusoro ndokwaJehovha, asi nyika **akaipa kvanhu.***

—Pisarema 115:16

Munhu Akadzinga Mwari

Kunyange zvazvo munhu aine simba repamutemo pamusoro penyika, akarasikirwa nesimba rake rokutonga mumweya. Zvikurukuru, Adhamu akadzinga Mwari muzvinhu zvavanhu muBindu; uye paKuwa, Nyika yakasvibiswa uye yakashanduka. Rufu rwakapinda munzvimbo yepasi, uye Satani zvino akanga ava nemasimba epamutemo nesimba muzvinhu zvevanhu. Asi kunyange zvole izvi zvakaitika, zvakakosha kuti munzwisisewo kuti munhu achiri mutongi wepamutemo wenzvimbo yepasi, sezvaakanga aiswa naMwari,

**ICHI NDICHO CHIKONZERO
NEI MWARI VACHIFANIRA
KUSHANDISA VANHU
VAKAZADZWA NAMWEYA
KUTI VAUNZE KUDA KWAVO
MUHUPENYU HWEVANHU.**

asi iye zvino haana simba rokutonga mumweya sezvaakamboita. Kunyange mumugariro wake wokuwa, achiri zvake mutarisiri wepasi. Hongu, haachisina korona yake yehurumende yaMwari kuti imutsigire. Haana simba rokutonga nemasimba uye nokubwinya kwaMwari; akarasikirwa nechinzvimbo chake chokukudzwa. Asi achiri nekodzero yepamutemo yokutonga nzvimbo yepasi.

Ichi ndicho chikonzero nei Mwari vachifanira kushandisa vanhu vakazadzwa naMweya kuti vaunze kuda Kwavo muhupenyu hwevanhu. Nenzira imwecheteyo, Satani anoshandisa vanhu vakakurudzirwa nemadhimoni kuti vakanganise nzvimbo yepasi kuti vaite hurongwa hwake hwaanahwo kuvanhu. Hwaro uhwu hwesimba romunhu pamusoro penyika hunokosha kukunzwisisa kwenyu kwomutemo woHumambo, uye zvikurukuru, chikonzero nei kutenda kuchidikanwa kuti Mwari vawane simba repamutemo mumamiriro ezvinhu.

Mungati, “Asi ndaifunga kuti Mwari ndivo mwene wenyika; nokuzara kwayo?” Chokwadi, Ndivo. Ndinovimba muenzaniso uyu uchakubatsirai kunzwisisa zvandiri kutaura. Kana ndikakupai imba yandinayo kuti mugare muchiiripira kwandiri, kunyangwe ndiri mwene wemba zviri pamutemo, ndinosiya zviri pamutemo kodzero yokungosvikapo chero nguva yandada. Pane chikamu chiri pamitemo yedzimba dzokugarisa vanhu pasi pomuripo inotaura kuti varidzi vemba vangapinda rini zviri pamutemo panzvimbo idzi—somuenzaniso, kuti vagadzirise dambudziko kana kuti vagadzirise imba—uye vanofanira kutanga vazivisa vari kugarapo vacho. Kana ndikaedza kupinda mumba kunze kwechibvumirano ichi, zvinoonekwa sokupinda zvisiri pamutemo, kunyange ndiri mwene weimba iyoyo. Kana ndikatyora mutemo wakatarwa pakurojesa,

ndinogona kuzomanikidzwa zviri pamutemo kubva panzvimbo iyi kunyange iri yangu.

Izvi zvinoenzanisira chikonzero nei Satani aifanira kupfuura nomuna Adhamu kuti awane kupinda munzvimbo yepasi. Adhamu chete ndiye aiva nekiyi! Satani aifanira kupinda nepamusuo uye Adhamu ndiye aive suo racho. Dai Satani akaedza kuzviita asi asingadariki nepana Adhamu, angadai akadzingwa zviri pamutemo.

Nenzira imwecheteyo, Adhamu paakadzanga hurumende yaMwari munzvimbo yapasi, Mwari vaitofanira kuwana nzira yokudzosa nayo hurumende Yavo zviri pamutemo munzvimbo yepasi. Zvakare, vaifanira kuzviita kubudikidza nomunhu. Panguva ino, aiva murume ainzi Abhurama akazarura suo racho.

Jehovha akanga ati kuna Abhurama, “Siya nyika yako, vanhu vako neimba yababa vako uye uende kunyika yandichakuratidza. “Ndichakuita rudzi rwukuru uye ndichakuropafadza; ndichaita kuti zita rako rive guru, uye iwe uchava ropafadzo. Ndicharopafadza vaya vanokuropafadza, uye ani naani anokutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe.”

—Genesisi 12:1-3

Abhurahama anonzi ndibaba vokutenda kwedu nokuti ndiye munhu akazarurira Mwari suo repasi pano kuti ndudzi dzose dzepanyika dzizoropafadzwe. Hongu, izvi zviri kutaura nezvaJesu Kristu nohurongwa hwaMwari hwokununura vanhu. Kutenda kwaAbhurahama kwakazarura suo repamutemo iro

rakauya kubudikidza nechibvumirano chepamutemo chaAbhurahama naMwari. Chibvumirano ichi chaisungawo kuzvizvarwa zvaAbhurahama, uye izvi ndizvo zvairehwa muna Genesisi 12 apo Bhaibheri rinoti, “marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe.” “Acharopafadzwa kubudikidza newe” zvinoreva kuuya kwaJesu nomudzinza raAbhurahama uye nokudzoreredza zvakaraswa naAdhamu.

Saka regai ndipfupise zvandiri kutaura. Murume kana mukadzi ane simba repamutemo munzvimbo yepasi anofanira kumira muchibvumirano nedenga kuti denga rive nokupinda zviripamutemo munzvimbo yepasi. Kubvumirana nedenga uku kunonzi kutenda. Ndiwo mutemo mumwechetewo uyo Satani akawana nzira yokupinda nayo munzvimbo yepasi zviripamutemo kubudikidza nomunhu akanga akabata kiyi, Adhamu.

Satani akamutungamirira [Jesu] kunzvimbo yakakwirira uye akamuratidza munguva diki diki humambo hwose hwenyika. Akati kwaari, “Ndichakupa simba rahwo rose nokubwinya kwahwo, nokuti ndakahupiwa (naAdhamu), uye ini ndinogona kuhupa kuna ani zvake wandinoda. Saka kana ukandinamata, huchava hwako hwose.”

—Ruka 4:5-7

Mundima iyi munogona kuona kuti Satani anoti simba nokubwinya (hupfumi) kwohumambo hwevanhu zvakapihwa kwaari. Ndiani akamupa simba iri? Uyo akanga anaro, Adhamu! Saka Mwari havagoni kungopinda muzvinhu zvevanhu vasina kupinda nepasuo repamutemo. Kudai vaiita sokudaro, Satani aizoti abiridzirwa.

Kwete, Mwari vaifanira kupinda nepasuo rimwe chete iro Satani akashandisa, kubudikidza nomurume kana kuti nomukadzi ari pasi pano.

Jesu Aisakwanisa Kuvaporesa—Chidzidzo Chine Simba Chinoratidzwa

Jesu akati kwavari, “Muporofita haakudzwi muguta romunyika yokwake, pakati pehama dzake, nomumba make chete.”
Haana kuzokwanisa kuita mabasa makuru imomo, kunze kwekuisa maoko Ake pamusoro pevanhu vashoma vairwara uye nekuvaporesa. Akashamiswa nokusatenda kwavo.

—Mako 6:4-6

Kana ndaibvunza vanhu mumugwagwa kana Jesu aigona kuita chero chii zvacho, zvimwe vaizoti hongu aigona. Kana ndaizobvunza kana paive nenzvimbo muBhaibheri inoratidza kuti Jesu akaedza kuita minana asi ndokusakwanisa, vaizoti kudii? Ndinokuvimbisai kuti vaizondiudza kuti muBhaibheri makanga musina nzvimbo yakadaro. Asi zvakadaro, mabva kuverenga imwe chete yadzo. Jesu haana kukwanisa kuvaporesa. Somuongorori wezvemweya, ndinoda kuziva kuti sei. Mhinduro ndeyokuti haana kukwanisa, uye zvino munoziva chikonzero nei. Nokuda kwokuti vakanga vasina kutenda, izvo zvinoreva kuti kwakanga kusina chibvumirano nedenga, uye nokudaro denga rakanga risina simba rohutongi hwepamutemo mumamiriro ezvinhu iwayo. Ivai nechokwadi chokuti manzwisisa zvakajeka zvatichangobva kuziva.

Denga harina hutongi panyika kunze kwokunge moyo womurume kana kuti womukadzi wanyatsogutsikana nezvino-taurwa nedenga, izvo zvinonzi KUTENDA.

Kana tikadzokera kumibvunzo yandakabvunza muchikamu chokutanga chechitsauko chino pamusoro pomunyengerero usina kupindurwa, tinochigona kuwana mhinduro dzedu zvino. Rangarirai, ndakataura mamiriro ezvinhu apo mamirioni evanhu angave achinyengerera mumwe munhu asi achizofa. Sei? Chikonzero chikuru ndechokuti, zvakare, hapana kutenda. Vanhu vazhinji vanofunga kuta ruzha kutenda.

Uye pakunyengerera kwenyu, musapamhidza zvisina maturo savahedheni, nokuti ivo vanofunga kuti vachanzwikwa nokutaura kwavo kuzhinji. Musafanana navo nokuti Baba venyu vanoziwa zvamunoshayiwa musati mavakumbira.

—Mateo 6:7–8

Vanhu vazhinji vanotenda kuti kuwanda kwevanhu vari kunyengerera, ndiwozve mukana wokuti Mwari vanzwe uye vasundwe mukubatsira. Ndinovimba kuti kusvika zvino tataura zvakakwana zvokuti pari zvino mavakuziva kuti izvi ndezvenhema. Uye kana tichiti pakanga pasina kutenda, nyanyire, tiri kutaura nezveuyo anofanira kugamuchira kubva kuna Mwari kubudikidza nokutenda.

Munyaya yedu iri muna Mako chitsauko 6, munotofanira kubvuma kuti Jesu aiva nokutenda kukuru, asi aisakwanisa kuvaporesa. Saka kudai imi neni taitaura nezveshamwari inorwara ine mamiriyoni evanhu ari kumunyengerera, ndaizokubvunzai kuti, “Murwere ari kuti chii?” Munoono, hapana chitsama chevanhu chine simba remweya pamusoro pomumwe munhu. Tinogona kuva nevanhu mabhiriyozi makumi maviri vachinyengerera mumwe munhu, asi kana munhu iyeye asina kutenda uye achiti achafa, achafa.

Zvakare, ngatitarisei muenzaniso wedu watichangobva kutarisa womuna Mako 6. Tinoziva kuti Jesu aive nokutenda kwokuporesa, asi hapana chaigona kuitira vanhu pasina kutenda kwavo pazviri.

Ndakava nevanhu vazhinji vakauya kwandiri vachindizivisa kuti ambuya kana kuti sekuru wavo, kana kuti hama yavo yarwara vachiti vanga vachivanyengerera asi hapana chaive chiri kuitika. Ndinogara ndichibvunza kuti, “Ko ambuya vari kutii? Sekuru vari kuti kudii? Pane kutenda here pavari?” Munoono, imi hamuna simba remweya pane mumwe munhu. Munogona kuvashumira, asi vanofanira kunge variwo mazviri. Saka zvandinoudza vanhu kuti vanofanira kuita kana vachida kuona hushumiri hunobudirira kutanga vashandura mufananidzo. Ndiri kutaura nezvemufananidzo uyo murwere anoona nezvemamiriro ake ezvinhu. Musavapa mashoko akawanda echitendero; vapei mufananidzo. Regai ndikuratifidzei zvandiri kutaura nezvazvo.

Vadzidzi vaJohani vakamuudza pamusoro pezvinhu izvi zvose. Akadana vaviri vavo, akavatuma kuna She kuti vandobvunza kuti, “Ndimi here iye aifanira kuuya kana kuti tomirira mumwewo?”

Varume ava vakati vasvika kuna Jesu, vakati, “Johani Mubhabhatidzi akatituma kwamuri kuti tizobvunza kuti, ‘Ndimi here mainzi muchauya, kana kuti timirire mumwewo?’”

Panguva iyoyo Jesu akaporesa vazhinji vakanga vane zvirwere, matenda nemweya yakaiipa uye akasvinudza vazhinji vakanga vari mapofu.

Saka akapindura nhume achiti, “Dzokerai munoudza Johani zvamaona nezvamanzwa zvokuti: Mapofu anosvinudzwa, zvirema zvinofamba, vaya vana maperembudzi vanoporeswa, matsi dzinonzwa, vakafa vanomutswa uye vhangeri riri kuparidzwa kuvarombo.”

—Ruka 7:18-22

Cherechedzai kuti Jesu haana kutaura nezveRugwaro. Angadai akati, “Dzokerai munoudza Johani Rugwaro urwu kana Rugwaro urwo.” Asi kwete, akavaudza nezvezvinhu zvose zvakanaka zvaitika muHumambo hwaMwari. Maizoita zvimwechetezvo. Kuudza

**“NAIZVOZVO, KUTENDA
KUNOUYA NOKUNZWA,
UYE KUNZWA
NESHOKO RAKRISTU.”**

—VAROMA 10:17

shamwari yenyu iri kurwara nyaya yokuti Jesu akaporesa sei mumwe munhu. Kana zvichiita, vaudzei nyaya yomumwe munhu akaporeswa pachirwere chiri kutambudza muviri wavo. Mufananidzo uyu uchavakurudzira uye unounza tariro kwavari.

Nguva dzose tariro inotakura mufananidzo nayo, uye uyu ndiwo mufananidzo wamunoda kuti shamwari yenyu ione, kuti chirwere chinogona kupodzwa.

Kana shamwari yenyu yangoona kuti kuporeswa kunokwanisika, vanobva vakubvunzai kuti zvinogoneka sei. Iyi ndiyo nguva yamanga makamirira. Panzvimbo pokuvaparidzira, zvino vasununguka kugamuchira murayiridzo pamusoro peShoko raMwari uye nemisimbota yoHumambo. Chokutanga, muchada kuvapinza muHumambo kana vasina kuberekwa patsva; uye chechipiri, muchafanira kutora nguva yakati wandei navo muchitsanangura

Magwaro ari maererano nokuporeswa. Kana zvichiita, vasiyirei zvimwe zviverengwa zvokuvasimbisa zvamunenge mavaudza.

Tava kuziva kuti kutenda chii (chibvumirano nedenga) uye nei kutenda kuchidikanwa zviri pamutemo, asi tichiri kuda kuziva kuti tingawana sei kutenda uye kuti tingaziva sei kana tiri mukutenda.

Tinowana Sei Kutenda?

Naizvozvo, kutenda kunouya nokunzwa, uye kunzwa neshoko raKristu.

—VaRoma 10:17

Kutenda kunouya sei nokunzwa Shoko raMwari? Ndizvo chete zviripo here? Chiizve chinoitwa? Kungonzwa Shoko ndiko chete kunongodiwa here kuti kutenda kukudziridzwe mumweya womunhu? Kuti munzwisise kuuya kunoita kutenda uye nezviri kutaurwa naVaRoma 10:17, tinogona kutarisa kuna Mako chitsauko 4. Ndinowanzoti kana mukakanda Bhaibheri renyu mudenga, parinomhara rinofanira kumhara rakavhura pana Mako chitsauko 4; zvakakosha izvozvo! Muna Mako 4:13, Jesu akati kana mukasanzwisisa zvaari kudzidzisa muchitsauko chino, hamungakwanise kunzwisisa mimwe mifananidzo yose iri muBhaibheri. Ndingati izvi zvakakosha izvi!

Sei chitsauko ichi chakakosha? Nemhaka yokuti chinotiudza kuti denga rinopindirana sei nyenika, kuti rinova nohutongi sei, uye nekwazvinoitikira. Hapana chinhu chakakosha kuhupenyu hwenyu sokuziva zviri kutaurwa nechitsauko ichi chose.

Muchitsauko ichi, Jesu anotiudza mifananidzo mitatu inotaura

nezvokuti kutenda kunoubwa sei mumweya womunhu, sezvamunoziva iye zvino, kuti ichi chinhu chinodiwa kuti denga ripinde muNyika zviripamutemo. Nyaya nhatu dziri muchitsauko chino mufananidzo womukushi, mufananidzo womurume anokusha, uye nyaya yembeu yemasitadhi. Ngatitangei nokutanga kutarisa nyaya yechipiri inotaurwa naJesu muna Mako chitsauko 4, nyaya yomurume aikusha mbeu.

Akatizve, “Humambo hwaMwari hwakafanana nomunhu anokusha mbeu muvhu. Husiku namasikati, kunyange akavata kana akamuka, mbeu inomera igokura, kunyange zvazvo asingazivi kuti zvinoitika sei. Ivhu riri roga rinobereka zviyo—kutanga chipande, kwozoti hura, kwozoitawo tsanga dzakakora muhura. Panongoibva zviyo, anozvicheka nejeko, nokuti kukohwa kwasvika.”

—Mako 4:26-29

Chinhu chokutanga chatinofanira kutanga taita kutsanangura mazwi edu. Mbeu iri kutaurwa naJesu chii, uye ivhu chii? Jesu anototsanangura mashoko iwayo mumufananidzo womukushi unotanga kunyorwa muchitsauko chimwechetecho. Mbeu iShoko raMwari, uye ivhu moyo womunhu kana kuti mweya womunhu.

Saka mumufananidzo uyu, Jesu ari kuti munhu anokusha Shoko raMwari mumoyo make. Zvadaro, ivhu riri roga kana kuti moyo womunhu uri woga unobva watanga kuumba kutenda, kana chibvumirano nedenga. Zvino, chinhu chinovhiringidza chokurangerira pano ndechokuti kubvumirana nedenga nokubvumirana nepfungwa neShoko raMwari hazvisi chinhu chimwe chete. Bhaibheri rinotaura kuti Abhurahama akagutsikana zvizere.

Kugutsikana Zvizere

Kuti ndikubatsirei kuwana mufananidzo wakajeka wokuti kugutsikana zvizere kunonzwika sei, ngatitii ndakuudzai kuti musvetuke kubva pamusoro pechivako che*Empire State* muNew York City. Kukupwisai kuti muzviedze, ndinokuudzai kuti kana mukarovanisa maoko enyu zvakasimba, munogona kubhururuka zvakachengeteka muchidzika pasi. Maizondiseka nokuti MAIZIVA zvaizoitika nemi. Maive nokugutsikana zvizere nemhedzisiro yaizovapo. Ndizvo zvinoita kugutsikana zvizere. Munoziva kuti munokurudzirwa; hapana imwe nzira. Kudai maisvetuka, maifa.

Zvino ngatitorei mamwe mamiriro ezvinhu uye tione kuti munoita sei nawo. Ngatitii mune bundu regomarara pamuviri wenyu rinonyatsooneka, uye chiremba anoti mune mwedzi umwechete kuti murarame: mune gomarara. Kutaura zvazviri, chiremba anoti rudzi rwegomarara rwamunarwo harwuwanzowanikwi zvokuti hapana akamborarama abatwa narwo. Zvino, ngatitii munoziva zvinotaurwa na1 Petro 2:24.

Iye pachake akatakura zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuitira kuti isu tife kuzvivi tigorarama zvakarurama; namavanga ake imi makaporeswa.

—1 Peter 2:24

Magwaro anotiudza mhinduro, asi imi neni tine dambudziko guru. Takakurira muhumambo hwerima, uye kutsveyamiswa nerufu zvakanga zvakatipoteredza. Takakurira muhumambo hwokutya. tichinyatsogutsikana nezvinotaurwa nokutya. Saka mumufananidzo uri pamusoro apa, takadzidziswa kuti gomarara rinogona kuuraya.

Tine huchapupu kubva munhau dzose dzinobuda kuti ichi ichokwadi. Saka tichashandura sei chibvumirano chedu; tingava tinogutsikana sei zvizere pamusoro pezvinotaurwa naMwari? Zvakanaka, isu hatigoni kuzviita toga. Asi Shoko raMwari imhenyu uye rizere nesimba, uye nokuridyara mumweya wenyu, riri roga, mweya wenyu neShoko zvinotanga kuburitsa kubvumirana nezvinotaurwa nedenga.

Chibvumirano neDenga

Akatizve, “Humambo hwaMwari hwakafanana nomunhu anokusha mbeu muvhu. Husiku namasikati, kunyange akavata kana akamuka, mbeu inomera igokura, kunyange zvazvo asingazivi kuti zvinoitika sei. Ivhu riri roga rinobereka zviyo—kutanga chipande, kwozoti hura, kwozoitawo tsanga dzakakora muhura. Panongoibva zviyo, anozvicheka nejeko, nokuti kukohwa kwasvika.”

—Mako 4:26-29

Riri roga, ivhu (moyo wenyu) rinobereka kubvumirana. Cherechedzai kuti hamugoni kunyengetera kuti muve nokutenda; ibasa remoyo wenyu uye nebasa reShoko. Tikatarisa chinyorwa ichi, tinoona kuti kubvumirana kwemoyo yedu nedenga irwendo; hakungoitiki pakarepo.

Mufananidzo uyu unotiudza kuti pakutanga moyo wedu paunogamuchira Shoko, kutenda kunotanga kukura, sokukura kunoita bukira rembeu richangobva kudyarwa. Rinobva raenderera mberi kukura sechipande, robva raita hura. Hura ndihwo hunotanga kuumbira mbeu kana kuti muchero. Panguva ino yohupenyu

hwechirimwa, imi hamusati mava nechokudya. Chirimwa hachisati chabereka zvibereko, asi chiri kukura.

Ndizvo zvimwechetewo neShoko raMwari. Hakusati kwava neshanduko inooneka munzvimbo yepanyama apo kutenda kuri kukura. Hapasati pava nokubvumirana, asi ivai nechokwadi chokuti chirimwa chiri kukura, kutenda kuri kubudiswa, uye chibvumirano chiri kuitika. Jesu anoenderera mberi achitsanangura kuti kana mbeu iri muhura yanyatsokura kana kuti yaibva, kukohwa kunenge kwasvika, chibvumirano chiripo, uye zvino kutenda kwavapo.

Zvino hezvino zvatnofanira kunzwisisa. Kana madyara mbeu muvhu, kubudikidza nokumera, chirimwa chinotanga kukura, asi hapasati pava nechibereko. Chirimwa chinoramba chichikura chero bedzi chikaramba chiri munzvimbo yakakodzera; uye pachinokura, chinotungira muchero. Ngatitii muri kurima chibage. Chibage chinobereka chimwe chibage, asi pakutanga, chinongova chibage chiduku chisina chibage chakaibva pachiri chamunogona kudya. Asi mushure memwaka, chibage chiri pahura chinova chakakura uye chakaibva. Zvino batai pfungwa iyi! Panguva ino tsanga yechibage iri pahura inofanana netsanga yechibage yakadyarwa muvhu, pane kubvumirana.

Kana mbeu yechirimwa iri muhura yakura, inotaridzika chaizvo-izvo—CHAIZVO-IZVO—sembeu yakakushwa muvhu.

Dyarai chibage uye muone kuti kana mbeu yakura muhura inofanana nembeu yamakadyara. Zvinenge zvakafanana. Zvinotaridzika zvimwe chete, uye zvinoravira zvakafanana. Hamugone kuziva mutsauko pakati pezviviri izvi.

Saka regai nditsanangure zviri kutaurwa naJesu. Patinonzwa Shoko (VaRoma 10:17), tiri kutokusha Shoko raMwari mumunhu wedu womumweya, mumoyo yedu. Kana tikachengeta

Shoko iri mumoyo yedu, rinokura; uye kana rakura, moyo yedu inogutsikana nezvinorehwa nedenga. Denga nepasi zvinopindirana, uye denga zvino rawana hutongi hwepamutemo panzvimbo yepasi kubudikidza nomunhu ane kugutsikana kuzere. Mifungo yedu nokutenda kwedu zvinonyatsoenderana nezvinotaurwa nedenga nechivimbo chakazara. Ichi hachisi chinhu chepfungwa. Izvi zvino zvave zvinhu zvatintenda chaizvo sokutenda kwatinoita kuti dombo rinowa kana rikakandwa pasi. Denga rinodyara Shoko munzvimbo yepasi apo rinounza kubvumirana uye nokuda kwaMwari. Kana denga richiti mapora, Shoko iroto parinokura mumoyo menyu, muchaona chete zvinotaurwa nedenga. Hapasisina kutya. Pamunotsinzina mesu enyu, muchaona mapora! Ndokusaka vaHebheru 11:1 (KJV) ichiti:

Zvino kutenda ndiko kuva nechokwadi nezvinhu zvatintarisira, nechiratidzo chezvinhu zvatisingaoni.

Munogona kunge musati matanga kuzviona panyama, asi munenge mazviona mumweya wenyu, uye zvinenge zviri izvo chaizvo, zvichiita sokunge makatozvibata muruoko rwenyu. Chibvumirano ichocho chinonzi kutenda, uye kutenda ikoko kuchaita kuti mufananidzo iwoyo uitike pasi pano, muhupenyu hwenyu!

Kubatidza Chibatidzo

Asi imbomirai zvisoma; apa handipo panogumira Mako chitsauko chechina. Mushure mokunge atidzidzisa kuti moyo yedu inobvumirana sei nedenga uye kutenda kuripo, inotipa murairo wokuti tingakohwa sei muchero iwoyo.

Panongoibva zviyo, anozvicheka nejeko, nokuti kukohwa kwasvika.

—Mako 4:29

Cherechedzai kuti kunyange zvazvo moyo uchibvumirana nedenga uye paine kutenda, hapana chinoitika. Sei? Sezvatave tichitaura munguva yose, mune hutongi hwepamutemo hwepano pasi. Munoyeuka here hurukuro yedu yepana Ruka 8 pamusoro pomukadzi ane kubuda kwero? Rangarirai kuti Jesu akati, “Mwanasikana, kutenda kwako kwakuporesa”? Ndakakuudzai kuti mwanasikana akamira zviripamutemo pamberi pedenga, nokuti akanga ari mwanasikana waAbhurahama, akanga anekodzero dzepamutemo.

Ndakazvienzanisa nokuve newaya dzemagetsi dziri kunopinda muimba yenyu. Magetsi aripo uye anowanikwa, asi imi pachenyu ndimi

munofanirwa kubatidza mwenje. Izvi zvakafanana. Kana kutenda kwangosimbiswa, simba ravapo, nazvino hapana chinoitika nokuti munofanirwa kubatidza chibatidzo. Munofanirwa kusunungura simba roHumambo hwaMwari pasi pano nokuti imi chete, murume kana kuti mukadzi ari panyika, munogona kuzviita pamutemo. Musimbote uyu uri muchimiro chemaponeserwo amakaita, sezvakataurwa muna VaRoma 10:10.

**MUNOFANIRWA
KUSUNUNGURA SIMBA
ROHUMAMBO HWAMWARI
PASI PANO NOKUTI IMI
CHETE, MURUME KANA
KUTI MUKADZI ARI
PANYIKA, MUNOGONA
KUZVIITA PAMUTEMO.**

Nokuti unotenda nomoyo wako ugoruramisirwa, uye unopupura kutenda kwako nomuromo wako ugoponeswa.

—VaRoma 10:10

Nemoyo, munhu anotenda Shoko uye agoruramisirwa. Kururamiswa ishoko romutemo rinoreva kuteedzwa kwomutemo. Naizvozvo apo moyo womurume kana kuti womukadzi uri mukubvumirana nedenga, apo vanotenda zvinotaurwa nedenga, vanoruramisirwa pamberi pedenga neNyika. Zvinenge zvava pamutemo kuti denga ripinde muhupenyu hwavo uye nokuhupenyu hwavo uye kuti vave nesimba panyika nokuda kwoHumambo hwaMwari. Asi zvinoshamisa hazvo kuti kunyange zvave pamutemo uye vari mukutenda, zvakadaro, hapana chinoitika. “Asi, Gary, ndafunga kuti wati kana ndiri mukutenda, zvinopa denga kodzero yokutonga pano zviri pamutemo.” Ndizvozvo, asi mumwe munhu anofanira kusunungura simba rokudenga pano kana kutenda kwavapo. Ngatitarisei kuRugwaro rwedu zvakare.

Nokuti unotenda nomoyo wako ugoruramisirwa, uye unopupura kutenda kwako nomuromo wako ugoponeswa.

—VaRoma 10:10

Kana mangova mukutenda, kana kuti maruramiswa, zvino zviri pamutemo kuti denga ripinde panyika, asi cherechedzai kuti rwunobva rwati uye unopupura kutenda kwako nomuromo wako ugoponeswa. Munoono zvikamu zviviri izvi here? Chikamu cheDenga chiri kuunza Shoko mumoyo menyu parinobereka chibvumirano pano panyika. Zvino kana chibvumirano kana kutenda kwavapo, munofanira kuva nechiiito pachibvumirano

ichocho mosunungura simba redenga mumamiriro enyu ezvinhu kuti mugamuchire izvo denga rinotaura. MuRugwaro rwedu rwomuna Mako 4:29, panoti kana kukohwa kwasvika, munhu (ari panyika) anocheka nejeko. Ndiye anofanira kuita chinhu pamusoro paShoko raMwari.

Kugamuchira muHumambo hwaMwari

Regai ndimbodzokera muna Mako nditaure nezvejeko kwechingvana. Ndinotenda kuti vanhu vazhinji vemakereke havana kudzidziswa kushandisa jeko, kureva kuti havana kudzidziswa kukohwa zvavanoda. Ndakanga ndisingatozviziviwo kutozosvikira Ishe vatanga kundidzidzisa mashandiro oHumambo. Heino nyaya inotsanangura maitikiro akaita chizaruko changu chokutanga chechiitiko choHumambo ichi chakakosha.

Ndakakokwa kuti nditaure pane imwe kereke muAtlanta. Wakanga uri musangano weChitatu manheru uye kereke yaive isina kukura zvakanyanya, asi ndaive ndisina basa nazvo hangu. Ndaifarira kudzidzisa vanhu nezvoHumambo. Ndichisvika pakereke ndakashamisika kuona musuo wakapfigwa pasina munhu. Kwakange kwasara maminiti gumi kuti musangano utange. Ndakanzwa rori yaive neruzha kwazvo necheshure kwangu. Pandakatarira, ndakaona rori yekare, yakaparara zvikuru, ichipinda seri kwomukoto wekereke. Handina kumbofunga nezvazvo; mushure mazvose, ndakanga ndiri zasi kwedhorobha reAtlanta.

Ndakamirira kudaro, mumwe murume akauya achifamba achibva necheshuri kwechivako ndokuzvizivisa pachake somufundisi. Akataura kuti aive nohurombo nokunonoka, rori yake yekare yakanga yaramba kumuka. Akandiudza kuti aifanira kumutsa rori

yake nokutanga aiteremutsa, sezvo *clutch* yakange isiri kushanda. Akataura kuti nguva zhinji yaisatombomuka, uye aitofanira kufamba chinhabwe chemamaira mashanu kuenda kukereke. Handirambe hangu kuti ndakatishamisikei zvishoma nehurukuro iyi.

Akaenderera mberi nokunditsanangurira kuti basa guru rekereke yavo raive riri rokubatsira vanhu uye kuti aipa vanhu vomunzvimbomo vaipfuura zviuru gumi zvokudya pamwedzi woga-woga. Mufundisi pavaitaura izvi, ndainge ndave kugumbuka. Apa munhu waMwari ari kupa zvokudya kuvanhu zviuru gumi pamwedzi iye asina kana motokari yakanaka? Zvemotokari ndaigona kuzvigadzirisa. Ndaiva nemotokari duku pamba yaive yafamba mamaira zviuru makumi maviri yandaigona kuvapa. Ndakavaudza nezvechirongwa changu uye kuti ndaizotumira mumwe wevashandi vangu kuAtlanta nemotokari. Ivo, zvirokwazvo, vakafara.

Ndakapedza husiku ihwohwo ndichidzidzisa ivo nekereke yavo duku nezvoHumambo hwaMwari uye nemashandiro ahwo munyaya dzemari. Ndakaziva kuti zvaive zvakakosha kuti vatange kuratidza zvakaita Humambo kune vaya vaihuda chaizvo.

Pandakaenda kumba, ndakaronga kuti motokari iendeswe kuAtlanta. Apo mushandi wangu akauya kumba kwangu kuzitora motokari, ndakaziva kuti ndakanga ndichiita zvokutengeserana kwomumweya kudenga. Ndaiziva kuti pandaipa motokari iyoyo muHumambo hwaMwari, ndaigona kutenda Mwari nokuda kwemotokari yandaizodawo. Ini handisi munhu wemotokari, zvichireva kuti handinyanyofariri motokari. Vamwe vanhu vanodzida chose, asi kwete ini. Mushandi wangu paakauya kunitora motokari iyi, ndakaisa maoko angu pairi ndokuti, “Baba, ndinoregedzera motokari iyi mubasa rohushumiri hwomuAtlanta.

Pandinenge ndichiisunungura, ndinoidyara sembeu uye ndinotenda kuti ndinogamuchira motokari yerudzi rwe_____.” Ndakatadza kufunga motokari yandaيدا. Saka ndakati, “Ndichazodzoka kwamuri pamusoro pazvo!

Zvino, mumwedzi mishomanana yakatevera, handina kunyatsofunga nezvemotokari, asi mamwe mangwanani, ndakabvunza Drenda rudzi rwemotokari yaaizoda kuva nayo. Mushure mokunge ati fungei zvishoma, akabva ati inovhurika denga yaive yakanaka kuva nayo. Zvakanaka, ndakamubvunza kuti aida inovhurika denga yakadii, uye hapana mumwe wedu aikwanisa kufunga chero mhando dzaive kunze uko. Sezvo ndaitengera Drenda motokari, ndaida kunyatsoona kuti awana yaaida. Ndakamuudza kuti atarise pamasai-sai epamhepo kana kutarisa-tarisa mune dzimwe nzvimbo uye andizivise kana achinge awana yaaida. Hatina kuudza ani zvake nezvechishuvo chedu chemotokari itsva, asi panguva ino, takaramba takavhura ziso pataityaira tichitsvaga motokari yataigona kuda.

Rimwe zuva, takanga tichienda kuresitorendi yomunzvimbomo kuti tive nezvokudya zvmasikati, uye ipapo-ipapo Drenda akashevedzera, “Ndeiyu!” “Ndeiyu yii?” ndakabvunza. “Motokari yandinofarira.” Ainge achinongedza mhiri kwepainosiiwa motokari, nokudaro ndakabva ndatyaira kupinda umu ndokumira seri kwemotokari yerudzi rwe*BMW 6 Series Ci convertible*; motokari iyi yayievedza chokwadi. Uye regai ndiwedzere kuti imotokari inodhura. Ndakamurumbidza nesarudzo yezvinhu yakanakisa yaanayo ndikamuudza kuti motokari iyi yaive yakanaka.

Zvino, munofanirwa kuziva kuti ini naDrenda hatiendi kunobvisa mari zhinji pakutenga motokari. Sezvandakataura, handina kumbobvira ndave munhu anoda zvemotokari.

Zvandaiva mubasa rezvemari, ndaizivawo kuti dzaiderera nokukurumidza sei uye kuti nguva dzose zvakanga zvakana kutenga motokari ine gore kana makore maviri. Saka ndiro raive zano rangu; Ndaizotsvaga yakambotishandei asi yakanaka.

Zvino, muvhiki rakatevera, mumwe mukomana wokukereke akandichaira runhare ndokutaura aya mashoko, “Ndawana motokari yaDrenda!” Zvakandinetsa nokuti hapana watakange tamboudza nezvemotokari yerudzi rwe*BMW* yatakaona musi uya masikati. Saka ndakamubvunza kuti yaive motokari rudzii, akati yaive *BMW 6 Series Ci convertible*. Akati paafamba-famba, akaiona, uye Ishe vakamuudza kuti yaive motokari yaDrenda. “Zvakanaka, zvino mabata pfungwa dzangu,” ndakamuudza kudaro. Motokari iyi yainge yave negore uye iri muchimiro chakanakisa. Ndakazongopedzisira ndangoitenga nemari chaiyo, Drenda akabva atora motokari yake.

E-ee, zvakaiteka sei izvi?

Ngatienzanise nyaya yacho nezvatakadzidza nezvokuva mukutenda uye nokucheka nejeko. Pandakapa motokari yangu, ndakanga ndiine kutenda. Asi Drenda paakati nenzwi guru, “Ndeiyu!” akanga achicheka nejeko, zvino mumazuva mashoma akatevera, motokari yakaoneka. Kunyange zvazvo ndakamunzwa achiti “Ndeiyu!” nenzwi guru. Handina kumbobatanidza kupupura kwake kuna Mako chitsauko chechina uye nokunyaya yejeko. Asi iyi nyaya inotevera yakaita kuti zvive zvakajeka.

Simba reMashoko Enyu

Sokutaura kwandamboita, ndine maeka makumi matanhatu uye pamaeka aya pane maeka angangoita gumi emachakwi.

Ndinoda kuvhima mumatsutso, uye kunyange ndakanga ndavhima madhadha kumashure pandaive kusekondari, ndakanga ndisati ndambovhima madhadha omuno muOhio. Asi gore iroro, machakwi akanga akazara nemvura, uye mapoka makuru emadhadha aingoramba achibhururuka maari. Pazuva paiuya mazana awo kuzovatamo husiku. Nokudaro, ndakatora pfuti yangu humwe husiku ndikabuda, ndikava nenguva yakanaka yokupfura madhadha mashoma okudya kwemanheru.

Mumatsutso uyu, ini nevakomana vangu takanakidzwa nokuvhima madhadha. Chinhu chimwe chandakaona, zvisinei, ndechokuti nguva zhinji, madhadha aisapfuurika nepfuti yangu nokuda kwechinambwe. Pakuvhima madhadha, munongotenderwa zviri pamutemo kushandisa mabara esimbi kwete omutobvu akajairwa. Omutobvu anorema uye anochengetedza simba rawo kwechinambwe kupfuura esimbi, saka ndosaka kupfura madhadha ari kuresa kana muchivhima riri dambudziko.

Asi mumatsutso iwayo pandakanga ndichitaura nevamwe vavhimi vemadhadha vashomanana, vakandiudza nezvepfuti itsva idzi dzakanga dzakagadzirirwa kuvhima madhadha chete. Dzaikwanisa kupfura zvakasimba uye dzaive nemavara-mavara (*camouflage*). Ndakabva ndada kutenga imwe yadzo, asi aiva Zvita, mwaka wedhadha waive wopera, uye handina kufunga zvakawanda nezvazvo.

Mukutanga kwaNdira, ndakambomira pedyo nechitoro cheCabela (chitoro chedu chezvigadzirwa zvemitambo) kuti ndiwane chimwe chinhu, uye ndakarangerira pfuti dziya dzemadhadha. Ndaida kuona imwe yadzo. Saka pandaive ndobuda ndakadarika nepaive nepfuti idzi, uye ndakaona chikamu chakakwana chepfuti itsva dzakatsaurirwa kuvhima shiri dzokumvura (*water fowl*).

Ndinoyeuka, ndisingafungi nezvazvo, ndakanongedza chigunwe changu kune yandaifunga kuti yaitaridzika zvakanaka uye ndokutaura nenzwi guru. “Ishe, ndichava neiyo.” Ndakanga ndisina kufunga nezvazvo pandaizvitaure; zvakangobuda mumuromo mangu. Nguva yemadhadha haina kutanga zvakare kusvika muchirimo, saka ndakanga ndisiri kuronga kutenga pfuti kusvika mwaka waswewera pedyo zvishoma.

Pashure pemavhiki maviri, ndakakokwa kuti nditaure pamusangano webhizimusi. Ndichipedza, mukuru-mukuru wepo akabva abuda achinditenda akati vainge vanditengera chipo. Uye zvakashamisa chose, akaburitsa pfuti chaiyo, mhando chaiyo yandakanga ndanongedzera masvondo maviri akanga apfuura muchitoro cheCabela. Hongu, ndakashamiswa zvikuru nechipo chakadaro, asi ndaiziva kuti aya akanga asiri masanga. Ndakabva ndarangerira zvandainge ndataura ndiri muchitoro cheCabela ndikaziva zvandainge ndaita. Ndakange ndacheka nejeko!

Akatizve, “Humambo hwaMwari hwakafanana nomunhu anokusha mbeu muvhu. Husiku namasikati, kunyange akavata kana akamuka, mbeu inomera igokura, kunyange zvazvo asingazivi kuti zvinoitika sei. Ivhu riri roga rinobereka zviyo—kutanga chipande, kwozoti hura, kwozoitawo tsanga dzakakora muhura. Panongoibva zviyo, anozvicheka nejeko, nokuti kukohwa kwasvika.”

—Mako 4:26-29

Kucheka nejeko kunoratidza musimboti umwe chete une chokuita nokutenda kunobva muna VaRoma 10:10 kwatakakurukura nezvako kwokutanga.

Nokuti unotenda nomoyo wako ugoruramisirwa, uye unopupura kutenda kwako nomuromo wako ugoponeswa.

—VaRoma 10:10

Ndakatenda nomoyo wangu, uye waiva muromo wangu wanda-kashandisa kusunungura Humambo munzvimbo yepasi. Ndakanga ndapa pfuti dzaipfuura makumi matatu, asi iyi yakanga iri nguva yokutanga yandinonyatsoyeuka ndichitaura nenzwi guru kuti, “Ndichatora iyo.” Asi pandakafunga nezvazvo kweminiti imwe, pakange pane imwe nguva yandakanga ndaita chinhu chimwechetecho—asi panguva iyoyo, ndakanga ndisingazivi kuti Humambo hwaishanda sei.

Apo Drenda neni takadzokera kuOhio, takabva kuOklahoma uko kuvhimwa kwenondo kwaiitwa nepfuti hombe. Asi munyika yeOhio, pfuti hombe dzakanga dzisiri pamutemo; pfuti duku chete dzinoshanda nemaslug ndidzo dzaibvumirwa. Chandaiva nacho bedzi panguva iyoyo yaive 20-gauge yaibuditsa mabara maviri iyo yandakakwanisa kukohwa nayo nondo mbiri mugore rokutanga ratatama. Asi ndaida chaizvo pfuti duku yakanaka yaive yakagadzirirwa kuvhima nondo. Ndakarangarira kuti mushure memwaka wenondo wokutanga womunyika yeOhio, ndakanga ndaudza Drenda kuti ndaida chaizvo pfuti yerudzi rwe*Remington 11-87 12-gauge*, dema *yesynthetic* yokuvhimisa nondo. Kisimusi yakanga iri mavhiki mashoma aitevera, uye ndakashamiswa apo baba vangu vakandipa pfuti iyoyo chaiyo pazuva reKisimusi. Ndainge ndisina kana kumbovaudza kuti ndaida pfuti. Ndinoyeuka ndichifunga kuti, “E-ee, zvashamisa izvi.” Ndaive ndacheka nejeko ndisingazive.

CHITSAUKO 4

HAMUCHARANGARIRI HERE?

Mumazuva okutanga pandakatanga kudzidza nezvokushanda kwoHumambo, ndakakatyamadzwa nezvinhu zvandakaona. Izvi zvaiva sokudaro zvikurukuru nemhaka yokuti ndakanga ndisati ndambodzidziswa zvinhu zvose zvandaiona. Asi sezvandakataura muchikamu chokutanga chebhuku rino, muzvidzidzo zvakawanda zvavaindidzidzisa Mwari vakaita sevaishandisa kuvhima kwangu nondo. Ini ndiri munhu ari nyore, uye ndinofungidzira kuti yaive nzira yakanaka yokubata pfungwa dzangu. Pashure pokunge ndadzidza kudyarira nondo dzangu ndokutanga kukohwa—kazhinji mukati memaminiti anenge makumi mana pashure pokunge ndabuda, Mwari vakatanga kugadziridza zvidzidzo zvangu senzwisiso huru yebasa roHumambo.

Ndakanga ndiri muguta reTulsa, Oklahoma, apo Mwari vakandiratidza nzira yokuvhima nayo nokutenda kuti ndive nenondo hono iya yemapazi matanhatu. Uye sezvandakakuudzai, takadzokera kuOhio gore rakatevera. Nyika yeOhio yakanga ine boka guru renondo uye yaibvumira kutora nondo mbiri iyo imwe

chete yadzo yaigona kuva hono. Nokudaro pandakauya munyika yeOhio, ndakatanga kudyarira nondo mbiri, nondo hono nenondo hadzi gore negore. Uye senguva dzose, ndizvo zvandakawana.

Asi rimwe gore, ndakaona chimwe chinhu chakandishamisa. Ndakafunga ndichiti, “Kwete, izvi hazvigone kuitika.” Pandakange ndopedza mwaka iwoyo wenondo, ndakaona kuti nondo dzakauya nenhevedzano yandakanga ndadzinyora nadzo pacheki yangu pandakadyara mbeu yangu. Somuyenzaniso, kana ndainyora “kuitira hono nehadzi,” hono yaiuya pokutanga uye nondo pechipiri. Pandaifunga nezvemwaka mishoma yomunyika yeOhio yaive yapfuura, ndaifunga kuti izvi zvaitika gore roga-roga. Ndakanga ndisina chokwadi nazvo sezvo ndakanga ndisati ndamboisa pfungwa dzangu pazviri zvakanyanya, asi nokuda kwechimwe chikonzero, ndaizoshamisika kana ichi chaiva chokwadi.

Saka gore rakatevera racho, ndakaziva kuti ndaifanira kunyatsova nechokwadi nazvo. Handirambe hangu kuti yaive pfungwa yokupenga, asi ndakafunga kuti yaiita sokunge yaive iri kushanda nenzira iyi, uye handaizomboziva kunze kwokunge ndaita ongororo shoma. Saka gore iroro pandakadyara mbeu yangu, ndakadzipesanisa. Panguva ino, ndakaisa hadzi pokutanga tevere hono. Asi mumashure mose kusvika panguva iyi, ndaingogaro nyora hono pokutanga kana ndichidyara mbeu yangu. Chokwadi, dzakauya semanyorero andakange ndadziita. Saka gore rakatevera, ndakazviita zvakare, uye dzakauya nenhevedzano yandakadzinyora nadzo. Ndakanga ndisati ndambova nepfungwa yokuti zvakadai zvaigona kuitika. Ndinoreva kuti, Humambo hwacho hwaive hwakananga kudaro here?

Kuti ndizive kana izvi zvainyatsoitika kana kuti aingova masanga, ndakafunga kutsvaga chokwadi uye nokuzviedza nenzira yakadzama.

Gore iroro, ndakadyara mbeu yangu nemari kuti ndiwane nondo ine mapazi manomwe. Ndaiziva kuti nondo yemazuva ose yaitova nemapazi enyanga akaenzanirana kudivi roga-roga, saka ndakatora nyanga dzine mapazi akasiyana uwandu. Nokudaro, ndizvo ini naDrenda takadyarira, zvisinganzwisike sokunzwika kwazvingaita. Takanyengetera tikapa mbeu yedu kuti tive neyamapazi manomwe.

Kutenda Kwakananga Zvakadii?

Gumiguru akazosvika, uye mwaka wouta wakavhurwa. Kazhinji, kupinda musango neuta hwangu kwaindinonokera, asi mwaka pawakavhurwa, ndakaona kuti ndainzwa zvisinganzwisike. Ndakanga ndisisina chido chokubuda. Manzwiwo acho aive akasimba uye, zvinoshamisa zvacho ndezvokuti ndaiziva kuti handaikwanisa kubuda. Panguva iyoyo, ndakafunga kuti kusada kuenda kunovhima uku kwaizoenda nokufamba kwemwaka uye kana mashizha atanga kudonha. Asi kwete, handina kukwanisa kuzvitsanangura; Ndakanga ndisingadi kubuda, kwete zvachose. Ndinoyeuka ndichifunga kuti, “Izvi ndizvo zvinoitika here kana wakura, unongorega kuita zvinhu here?” Ndinoreva kuti handina kukwanisa kutsanangura zvandainzwa. Zvaita sokuti ndaishaira hanya kunovhimazve nondo. Ndakashaya kuziva kuti ndaizotombobuda here; ndiwo manzwiwo andaita. Zvino akanga ava Mbudzi, uye ndakanga ndava kunetsekana. Ndakanga ndatosuwa nguva yakanaka kwazvo uye inodziya yokuva musango, ndingawedzera kudaro. Pakanga pari ipapo pakati paMbudzi, uye ndakanga ndisati ndava nechido chokuenda kunovhima nondo.

Vabereki vaDrenda vakanga vatyaira vachibva kunyika

yeAlabama kuti vagare nesu kwemazuva akati kuti. Takanga takagara zvedu tichikurukura muimba yokutandarira pandakazongoerekana ndanzwa kuti ndaifanira kubuda musango zuva raitevera. Zvaiita sokunge paive nechibatidzo chaive chabatidzwa. Ndakavaudza vose kuti ndaifanira kubuda mangwanani-ngwanani kunotoro nondo yangu. Nenguva isipi, ndakafara uye ndakatarisira sezvandaigadzirira nhumbi dzangu dzemangwanani.

Ndakaziva kuti nondo yu mapazi manomwe yaizovapo. Ndakabva ndanzwisisa. Nondo yu mapazi manomwe yakanga isimo muna Gumiguru, uye yakange isipo zuro wacho. Ndicho chinenge chikonzero nei ndainzwa zvaisanzwisika pakuvhima nondo. Ndinogona kufunga kuti zvaizova chinhu chakaoma sei kumirira kwemwedzi nechidimbu chepakati ndakangotarisa kunze nepafafitera rangu ndichishuva kuti dai ndaiva kunze uko, mazuva ose. Zvingadai zvaive chinhu chaitambudza. Panguva iyi, nyaya yacho yaingova dzidziso, asi ndakanga ndava kuda kuzviedza mangwanani aitevera.

Pandakamuka mangwanani iwayo, kwakanga kwakasviba, uye ndakanga ndanyengetera husiku maererano nomuti wandaizofanira kumira ndiri. Ndine miti mizhinji yokumira ndiri papfuma yangu, uye sezvandainyengerera nezvazvo, ndakanzwa kuti ndaizoenda kunzvimbo ine machakwi. Tinoidaidza kuti nzvimbo yokumira yemachakwi nokuti inoganhura maeka gumi emachakwi kune rimwe divi romuti wangu wokumira uye kurimwe divi racho kune huswa. Ndaiziva kuti dzimwe nguva nondo dzaipota dzichipoterera nokumacheto kwemachakwi. Nzvimbo yemachakwi yokumira iyi yainge yamboita kuti ndibate nondo kakawanda, uye ndaitarisira kuona nondo hono yangu ipapo musu iwayo.

Pandaienda kunzvimbo yokumira iyi, ndakanzverazve

zvandakanga ndaratidzwa naMwari munguva yakapfuura pamusoro poHumambo Hwavo kubudikidza nokuvhima nondo, uye ndakanzwa kuti vaive vachindidzidzisa zvimwe zvinhu. Ndakafara kuona mhedzisiro yokuedza kwangu.

Kuedza kwemangwanani kwakauya zvishoma nezvishoma, uye ruzha nomunhuwi zvenguva dzose zvemangwanani echirimo zvakanga zviri kundigamuchira. Ndainge ndazvisuwa. Kwakanga kwave kuda kuita awa imwe chete mumangwanani, uye pakanga pasina kana nondo. Zvadaro, ndakaziva kubva pakuona maitiro enondo aiva papfuma yangu kuti nondo dzaiuya munzvimbo iyi mangwanani ati fambei sezvo yaive nzvimbo yadzo yokurara. Kunyange zvazvo ndakanga ndagara munzvimbo yokumira iyi kweinenge awa, nguva yepamutemo yokupfura nondo yakanga yangowanikwa kweanenge maminiti makumi mana.

Ndakagara kudaro, ndakanzwa gonhi remotokari richiroverwa kumba. Ipapo ndakarangarira kuti vabereki vaDrenda vakanga vachibva mangwanani iwayo kuti vadzokere kunyika yeAlabama, uye ndaida kuvaoneka. Saka, nokuzengurira, ndakaburuka kubva panzvimbo yangu, ndichifunga kuti ndaizongobuda rimwe zuva kuti ndiwane nondo yangu yemapazi manomwe.

Ndichisvika pamba, vanhu vose vainge vamuka vagadzirira kudyva zvokudyva zvemangwanani. Ndini ndinogara ndichibika kudyva kwemangwanani mumhuri, ndichibikira kudyva kwemangwanani Drenda, ini, uye nachero ani zvake anenge aripo. Nokudaro, ndakaenda kunobika zvokudyva zvemangwanani apo Drenda nevabereki vake vaipedzisa kurongedza zvinhu mumotokari yavo. Honguzve, vakabvunza nezvenondo yangu ndikavaudza kuti ndaive ndafunga kusiya zano rangu kuti ndimbotandara navo mangwanani iwayo. Hongu, ndakamboora moyo. Ndainge ndakatarisira kuti

vaizobuda nguva yati fambei, izvo zvaizondisiyawo ndiine nguva yokutora nondo yangu.

Asi pandakanga ndakamira pachitofu ndichisandura-sandura mazai, ndakadongorera nepafafitera romumba yokubikira rakanga rakatarisana nemasango edu neminda. Ndakaona nondo hono ichidzingirira hadzi nechokuseri kwemunda, yakananga kumachakwi kwandaive ndakamira. Ndakaziva kuti yaifanira kuva nondo yangu. Ndakaerekana ndataura nenzwi raive pamusoro-soro kuti mumwe munhu auye kuzoita zvokubika nokuti ndakanga ndaona nondo yangu, ndaive ndoenda kunoitora. Ndakaziva kuti ndakanga ndisina nguva yakawanda.

Ndaitozoita zvokumhanya ndichipotera pfuma yacho kuti ndisaonekwe nenondo. Ndakaona kuti yaigona kungonanga munzira yandaive ndakamira. Ndakamhanya nepose pandaigona napo ndichipotera munda ndokusvika panzvimbo yangu yokumira pasina kana nondo yandaiona, izvi zvaive zvakanaka. Ndakabva ndaziva kuti ndakanga ndadzitangira kana dzaizosarudza kufamba nomunzira yangu. Ndakakurumidza kukwira mumuti wangu hana yangu ichirova uye dikita richiyerera pachiso changu.

Ndagara pasi kudaro, dzakabva dzasvika. Nondo hadzi yakauya ichifamba yakananga pazasi pomuti wangu, ndikabva ndagadzirira sezvo ndaiziva kuti hono yakanga isiri kure. Chokwadi, yakabva yauya. Ndakanga ndisina nguva yokuona kuti yaive yemapazi manomwe here kana kuti kwete. Ndakanga ndisina nguva yokusimudza uta hwangu kuti ndiipfure. Pakupfura kwandakaita, ndakaziva kuti ndaive ndairova asi ndakanga ndairova nechemuzasi, izvo zvakanandinetsa. Pandakaibaya, yakasvetukira mumasora. Ndakamira munzvimbo yangu kweanenge maminiti makumi

maviri ndokuzoburuka mumuti ndichida kuona kuti museve waive wabaya here. Sezvineiwo, pamuseve uye nepasi paive neropa shoma.

Ndakamboita kakugumbuka nokuda kwemapfuriro andainge ndaita, asi ndaiziva kuti nondo yaizorara musora, uye handina kuda kuisundira kunze. Pane nguva dzandakambopfura nondo shoma pakava neropa shoma uye ndaiziva kuti chinhu chakanakisa chaive chokumbodzisiya dzogara kwechinguva. Ndakabva ndadzokera mumba ndokunova nokudya kwemangwanani, ndakapira vanhu vose nyaya yangu, ndokuzoudza vanakomana vangu kuti vandibatsire kufamba mumunda kuti tione kuti taiwana. Shungu dzangu dzaive dzokuti tiwane yabaiwa zviri nani pane zvainge zvarehwa nomuseve kana kuti tiwane yafa. Asi ndaiziva kuti paigara pane mukana wokuti ndakanga ndaibaira nechomuzasi uye kuti yainge yakuvara chete.

Pashure pokumirira kwemaawa akati kuti, takabuda, uye tiri vatatu takapararira mumunda. Ndaive ndakasimudza uta hwangu ndakagadzirira kuushandisa kana zvaidikanwa. Pakarepo, Tim akaisvetutsa nokune rumwe rutivi rwomunda. Yakanga isina kundiona uye yakanga ichimhanya yakananga kwandiri. Payaimhanya yakabva yaona Tom ichibva yamira kuti iwane nzira yokuenda nayo.

Nondo yanga iri kure nechinhambwe chemayard makumi matanhatu nemashanu kusvika kumakumi manomwe,

**HONGU, HUMAMBO HWAIVA
HWAKANANGA KUDARO!
HAPANA AKAMBONDIUDZA
KUTI HUMAMBO
HUNOSHANDA SEZVIZVI, KUTI
HUMAMBO HWAKANANGA,
UYE KUTI TAIVA NEMASIMBA
AKADARO.**

kure zvakanyanya kuti ipfurwe nouta hune simba shoma hwenguva iyoyo, asi ndaiziva kuti ndiwo waive mukana wangu woga. Ndakakurumidza kusimudza uta ndokunangisa pamusoro penondo ndokuregedzera museve. Mukushamisika, museve wacho wakaenda wakananga kunondo ndokuibaya pakati pomutsipa wayo. Yakadzika nechikomo ichimhanya asi isisaoneki. Ndakashamisika. E-ee. Takafamba zvishoma nezvishoma takananga kwayainge yamhanyira, ndikaiona yakazvambarara anenge *mayard* zana mberi kwedu. Yakanga yakasimudza musoro asi yakanga isati yationa, naizvozvo takamboisiya ndokusarudza kuzodzoka gare-gare.

Zvisinei, gare-gare akange ari gare-gare sezvo zuva iroro ndaizoswera ndiri kukereke uye ndakanga ndisingazokwanisi kudzoka kumba kutozosvikira kwasviba. Tim neni takatora chivheneko ndokudzokera kwatakanga taona nondo yakarara. Ikoko takaiwana iri *mayard* mashoma kubva pataive taisiya iri. Ndakachimbidza kutarisa nyanga dzayo, uye heyo iyo yaive pamberi pangu yemapazi manomwe. Ndakaramba ndakatarisa nondo mukushamisika. Ini naTim takatenda Mwari nokuda kwenondo, uye sezvatakanga tichiizvuzvurudza kuenda nayo kumba, takakurukura nezvoHumambo uye nezvatakanga tichangobva kuona.

Hongu, Humambo hwaiva hwakananga kudaro! Hapana akambondiudza kuti Humambo hunoshanda sezvizvi, kuti Humambo hwakananga, uye kuti taiva nemasimba akadaro.

Chimwe Chinhuve Chakava Chinozivikanwa

Ndinorangarira kumwe kuvhima nondo kwandakanga ndadyarira mbeu yangu; kuti ndive nenondo hono diki. Nondo idzi inondo dzinenge dzingorine gore bedzi, dziine nyanga diki.

Nokuti dzidiki, nechekure dzinotaridzika sehadzi. Nokuda kwazvo, nondo idzi dzinotorwa sehadzi mudunhu reOhio. Ndapota zivai izvi, hadzisi vana venondo. Hadzina kunyanyokura sezvakaite nondo yakura, asi dzinenge dzakada kudaro.

Zvino musi uyu chaiwo, ndakanga ndiri panzvimbo yangu yokumira, boka rose renondo rakapinda, dzinenge pfumbamwe kana kuti gumi. Kwadzaive kwaisasvikwa nouta hwangu asi dzaifamba zvishoma nezvishoma dzichiuya kwandiri. Pakarepo muvakidzani wangu akabva adhurumutsa motokari yake. Pakanzwika ruzha, boka rose renondo rakabva ratiza richibva pandaive ndiri. Nezwi guru ndakati, “Nondo, ndinokuraira kuti udzoke umire pasi pomuti wangu.” Zvino torai mufananidzo uyu. Munda wechibage wakakohwewa, uye nondo pfumbamwe dziri kutiza kubva kwandiri. Nokuda kweshoko rangu, nondo inosiya boka, inoramba ichimhanya mudenderedzwa ichidzoka, inouya yakananga pasi pomuti wangu chaipo, uye yomira zvayo! Ndakaenda nenondo iyi kumba, uye hongu, yakanga iri hono diki.

Iyi ndiyo mhando yezvinhu zvandakaramba ndichiona nguva nenguva. Nokufamba kwenguva ndichakurukura zvakawanda mubhuku rino pamusoro pokuti humambo hunonyatsoronedzera uye hwakananga sei, asi ikozvino, ngatingoziva kuti pane chimwe chinhu chinoshamisa chiri kuitika pano.

Humambo hwakashandura hupenyu hwedu, uye taisagona kurega kuudza vanhu nezvahwo. Tine nyaya dzakawanda, uye takaona zvakawanda. Takaona vakafa vachimuka, kukura kwenyama kuchinyangarika ipapo, nyaya dzemari dzinoshamisa, uye nyaya dzinoshamisa dzokununurwa nokuva negwara. Nokuda kwenzara yokuudza vanhu nezvokunaka kwoHumambo hwaMwari, ini naDrenda takanzwa kutungamirirwa kutanga kereke *yeFaith Life*

mugore ra1995 kuti tibatsire vanhu kunzwisisa Humambo. Mwari vakabva vatiraira kuti tiparure *Faith Life Now*, musangano wedu epamhepo, muna 2006, iyo inotepfenyura hushumiri hwedu hwepachivhitivhiti munzvimbo dzose dzepasi rose, zuva nezuva. Takaona kuti kwose-kwose vanhu vanoda kuziva mararamiro oHumambo aya orusununguko nokukunda.

Humambo hwaMwari Hunoshanda Kumunhu Wose

Pandagara pasi kuti ndinyore chitsauko chino mangwanani ano, ndatarisa tsamba dzangu dzomumhepo. Tinowana tsamba idzi zuva nezuva kubva kuvanhu vachitiudza kuti Humambo hwaMwari huri kushandurawo sei hupenyu hwavo. Ndafunga kuti ndichakuitai kuti muve chikamu chezuva rangu sezvo tsamba iyi ichangouya mumaminiti mashoma apfuura.

Ini ndini ani kuti vagondirangarira? Mumakore mashoma apfuura, ndakatanga kuteerera dzidziso dzenyu, uye kubvira ipapo ndakaona zvishamiso. Ndakaona kuporeswa neminana yemari. Parizvino, pfungwa dzangu dzinokurirwa pandinotarisa-tarisa ndichiona kunaka Kwavo. Ndinoona vanhu vanoda kubatsirwa uye nemikova yakazarurwa kuVhangeri nechokwadi. Ndinoona mikova yakazarukira kuchokwadi! Zvino chinondishamisa ndechokuti ndiri kuona homwe dzangu dzakazara. Vakandipfumisa kuti ndigone kupa, kuti vamwe vavaone! Ini ndiri mumemi anozvishandira. Ndinogara ndichipa vamemi vechidiki, uye ndakatanga boka rebhizimusi reVakristu apo tinotaura

nezvokudanwa kuripo uye nokusimudzira chizvarwa chinotevera...kuti nzira yoHumambo haisi makwikwi asi ndeyokuva nezvizere. Zvamazvirokwazvo, dzidziso yenyu yakashandura hupenyu hwangu, uye zvino yava kupfuudzwa kune vamwe; uye sezvavakandisimbisa, vamwe zvino vanoteerera uye vanoona kubwinya Kwavo. Zvavakaita uye nezvavanoramba vachipa zvinhu zvinofadza kuona. Ndinokutendai nohushumiri hwenyu!

Nokuzvinipisa,
B.F.
Knoxville, TN

Idzi ndidzo mhando dzetsamba dzomumhepo dzatinowana nguva dzose. Asi tinowanawo mibvunzo yakawanda pamusoro pebasa roHumambo. Vanhu vanobvunza mashandiro avangaite muHumambo uye nokuti vangaone sei zvinhu zvatakaona naDrenda. Ndicho chinangwa chebhuku rino, rechina munhevedzano yangu ye“Shanduko Mune zvoHupfumi.” Kana mune mamwe emabhuku angu, bva munoziva kuti ndakatora nguva yakawanda kusvika panguva ino kuti ndiongorore dzimwe nzira dzinokosha dzinofanira kuzivikanwa nouyo anoda kushanda muHumambo. Asi zvino ndinoda kuti dzikei zvizhoma mubasa roHumambo uye nenzira ine tariro uye nechinangwa chokukubatsirai kunzwisisa zvakanwanda pamusoro penzira yokurarama nayo muHumambo muchiwana zvibereko. Ndinoda kutanga nokugadza zvandinodana kuti nhanho shanu dzinokosha dzokuwana nadzo zvikwanisiro zvamunoda kubva kuHumambo hwaMwari, sezvandakadzidziswa naMwari.

Nhanho Shanu Dzinokosha Dzokuwana Nadzo Zvikwanisiro Zvamunoda

Ngatitangei nenyaya iri muna Mako 8:14-21.

Vadzidzi vakanga vakanganwa kuuya nechingwa, kunze kwechimwe chete chavakanga vanacho mugwa. Jesu akavayambira achiti, “Chenjerai. Ngwarirai mbiriso yavaFarisi neyaHerodhi.”

Vakataurirana vachiti, “Imhaka yokuti hatina chingwa.”

*Achiziva zvavaitaurirana, Jesu akavabvunza akati, “**Seiko muchitaura pamusoro pokuti hamuna chingwa?** Heya, muchigere kuona kana kunzwisisa nhai? Moyo yenyu ichiri mikukutu nhai? Heya, mune meso asi hamuoni, uye mune nzeve asi hamugoni kunzwa nhai? **Uye hamurangariri here?** Pandakamedurira zviuru zvishanu zvavanhu zvingwa zvishanu, makazadza matengu mangani ezvimedu zvakasara?”*

Vakati, “Gumi namaviri.”

“Uye pandakamedurira zviuru zvina zvavanhu zvingwa zvinomwe, makazadza matengu mangani ezvimedu?”

Vakapindura vakati, “Manomwe.”

Akati kwavari, “Hamunzwisisi nazvino here?”

—Mako 8:14-21

Jesu akanga achinyanyoti, “Haiwa, imi varume, hamurangariri here? Izvi takambotaura nezvazvo, uye makatoona magadzirisiro atakaita kushayikwa kwechingwa kare.” Asi vadzidzi havana kugona kuzvinzwisisa. Saka Jesu akavaudza kuti vafunge zvakaitika kare. Aivapa chiratidzo chakanyanya. “Fungai nezvenguva yomumashure yatakapedzisira kugadzirisa mamiriro ezvinhu akadai, uye ikoko muchawana mhinduro.” Ndingati iyi ndiyo mhinduro yedu zvakare. Hongu, tinoona kuti zvingwa nehove zvakawedzera, chero ani zvake anogona kuzviona izvozvo, asi somuongorori wezvemweya, tinoda kuzvitarisa zvakadzama. Zvakaitika sei? Saka ngatidzokerei kunyaya dzaitaurwa naJesu uye titsvage zviratidzo.

Zvino zuva rava kuvira, vadzidzi vake vakauya kwaari, vakati, “Nzvimbo ino irenje, uye kwava kudoka. Itai kuti vanhu vaende kumaruwa nemisha yakapoteredza kuti vandozvitengera zvokudya.”

Asi iye akapindura akati, “Imi vapei zvokudya.” Vakati kwaari, “Izvo zvinotoda muripo womunhu wemwedzi misere! Ko, tingashandisa mari yakawanda kudaro kutenga chingwa kuti tigovapa kuti vadye here?”

Akati, “Mune zvingwa zvinganiko? Endai munotarisa.” Vakati vazviona, vakati, “Zvishanu—nehove mbiri.”

Ipapo Jesu akavarayira kuti vagarise vanhu vose pasi mumapoka pauswa hunyoro. Saka vakagara pasi mumapoka ane zana uye neane makumi mashanu. Akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri uye akatarisa kudenga, akavonga

akamedura chingwa. Ipapo akazvipa kuvadzidzi vake kuti vazvigadzike pamberi pavanhu. Akagoverawo hove mbiri dziya pakati pavo vose. Vose vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakanonga zvimedu zvezvingwa nehove zvikazara matengu gumi namaviri. Varume vakanga vadya vaisvika zviuru zvishanu.

—Mako 6:35-44

Ndine chokwadi chokuti vadzidzi vakakatyamadzwa pavakabunza Jesu nezvokutuma vanhu kunotsvaga zvokudya, Akavafuratira akati, “Imi vapei zvokudya.” “Va” munyaya iyi vakanga vari vanhu vanopfuura zviuru zvishanu. Bhaibheri rinoti kwaiva nevarume zviuru zvishanu, saka ndingafungidzira kuti kwaiva nevakadzi nevanawo, zvichiita kuti uwandu hwavo chaihwo husvike kubva pazviuru gumi nevashanu kusvika kuzviuru makumi maviri. Ndinofunga kuti chero ani zvake angabvuma kuti ava vanhu vakawandisa kupa zvokudya, kunyanya pasina yambiro yakanaka kana kugadzirira kwakamboitwa.

Hongu, ndinotenda kuti Jesu aifarira kupa vanhu zvokudya, asi ndinofunga kuti zvimwe aive nechinangwa chokudzidzisa vadzidzi vake mumamiriro ezvinhu aya kupfuura chero chinhu chipi zvacho.

**JESU AIDA KUVA
NECHOKWADI CHOKUTI
VAIZOZIVA KUBATA
HUPENYU NEMAONERO
AKASIYANA, NEMAONERO
OHUMAMBO.**

Ndinotenda ichi ndicho chikonzero nei akavaudza kuti, “Imi vapei zvokudya.” Vakanga vaona Jesu achiita zvishamiso zvakawanda, asi zvino yakanga yava nguva yavo. Pashure pazvose, akanga achizoenda munguva pfupi yemberi yaiuya, uye Jesu aida kuva

nechokwadi chokuti vaizoziva kubata hupenyu nemaonero akasiyana, nemaonero oHumambo.

Danho #1: Munei?

Akati, “Mune zvingwa zvinganiko? Endai munotarisa.”

Vakati vazviona, vakati, “Zvishanu—nehove mbiri.”

Hechino chinhu chakakosha. Jesu haana kuti, “Ngatishandure matombo ave zvingwa.” Izvozvo zvinenge zvisiri pamutemo. Pane kudaro, akavabvunza zvavakanga vatova nazvo. Akanga achinyanyobvunza kuti zvakawanda sei zvavaida pane zvavakanga vatova nazvo. Aiziva kuti pakanga pasina zvingwa nehove zvakakwana zvokupa chaunga ichi, uye handicho chaiva chiri chinangwa Chake chokubvunza izvi. Zvino, mupfungwa yomuzvarirwo, pfungwa yose yokupa vanhu ivavo zvokudya yakanzwika sokupenga.

Vadzidzi vaiziva, vasingatombotarisi, kuti kwose kwavaizoda kutarisa kwaisazova nezvokudya zvakakwana zvokupa vanhu zviuru makumi maviri ava. Mungafungidzira here kuti vaifungei Jesu paakavaudza kuti vaende kunoona kuti paiva nezvingwa nehove zvakawanda sei? Uye kuti vadzoke neshoko ravo rokuti vakanga vawana zvingwa zvishanu nehove mbiri chete? Kupenga, handiti?

Regai ndiise nhaurirano iyi mune chimwe chimiro. Somufundisi, munguva yakapfuura ndakabatsira mhuri dziri mumamiriro ezvinhu emari akaoma, zvichida nokudzibatsira kubvisa mari yemba kana kuti muripo wepamwedzi wemba, kuripira zvikwereti zvishomanane, kana kutenga zvimwe zvinhu. Asi ngatifungei kuti

ndaiziva kuti mhinduro chaiyo yakanga isiri yokuvapa rubatsiro, asi panzvimbo pezvo, ndaiziva kuti mhinduro yacho yaiva Humambo.

Hurukuro inenge yafamba sezvizvi. “Hevoi Mufundisi Gary, mari haina kutikwanira mwedzi uno, uye tave pedyo nokudzvingwa pamba pedu. Kereke ingatibatsirawo here?” “Chokwadi, ndinogona kukubatsirai. Herinoi zano rangu. Ingobvisai mari yose yemba yacho kuti musazove neimwe mari yayo yokubvisazve.” Vainditarisa voti, “Mufundisi, handifungi kuti matinzwisisa. Hatina mari yokubvisa pamwedzi unotevera yemba, toda kupedzisa yasara yacho.” “Ndiri kuzviziva,” ndinopindura kudaro, “ndosaka ndakuudzai kuti mubvise mari yose yemba yacho kuitira kuti musazova neimwe mari yemba yokubvisa.”

Uye kana ndaivakumbira kuti vaende kunoona kuti imarii yavakanga vanayo yaigona kushandiswa paimba iyoyo, vaizofunga kuti ndakanga ndiri kupenga. Asi kana nokuda kwokunditeerera, vaienda vonotarisa ndokudzoka ndokuti, “Tatarisazve, Mufundisi. Chatagona kuwana madhora makumi maviri, asi mari yasara pachikwereti mazana matatu nemakumi matanhatu ezviuru zvemadhora.” Ndinofunga kuti manzwisisa mufananidzo uyu. Vaizofunga kuti njere dzangu dzarasika handiti? Aya ndiwo manzwiwo aiita vadzidzi zuva iroro, vakavhiringidzika zvikuru. Zvingwa zvishanu nehove mbiri zvokupa vanhu zviuru makumi maviri?

MUNOKOHWAZVAMUNODYARA

Zvakanaka, tisati tapinda zvakadzama munyaya iyi, ndinofanira kutsauka kwekanguvana kuti ndiratidze mumwe mutemo woHumambo wava kuda kuitika. Zvingwa zvinowanda

kuita zvingwa, uye hove dzinowanda kuita hove. Nokudaro nyorai izvi pasi.

**MUNOFANIRA KUPA MUHUMAMBO ZVIMWE
ZVINHU ZVAMUNOFANIRA KUVA NAZVO
KUTI ZVITWANDE!**

Regai ndisvetukire kune mumwe muenzaniso uri muBhaibheri, uye ipapo ndichadzoka kunyaya yedu iri muna Mako 6. Handei kuna 2 Madzimambo 4:1-7.

Zvino mukadzi womumwe murume weboka ravaporofita akadanzira kuna Erisha akati, “Muranda wenyu, murume wangu afa, uye munoziva kuti aitya Jehovha. Asi zvino uyo waakanga atorera chikwereti ari kuuya kuzitora vanakomana vangu vaviri kuti vave nhapwa dzake.”

*Erisha akamupindura akati, **“Ndingakubatsira seiko? Nditaurire, chii chaunacho mumba mako?”***

Iye akati, “Murandakadzi wenyu haana kana chinhu mumba kunze kwehari duku ine mafuta eorivhi.”

Erisha akati kwaari, “Enda unokumbira vavakidzani vako vose vakupe midziyo isina chinhu. Usakumbira mishoma. Ipapo ugopinda mumba uzvipfigire mukova iwe navana vako. Udire mafuta mumidziyo yose, ugoisa parutivi mudziyo unenge wazara.”

Naizvozvo akabva kwaari, akapfiga mukova iye navana vake vari mukati. Vakauya nemidziyo kwaari,

iyekaramba achingodira. Midziyo yose yakati yazara, akati kumwanakomana wake, “Ndivigire mumwe mudziyo.”

Asi iye akapindura akati, “Hapachina mumwe mudziyo wasara.” Ipapo mafuta akabva aguma.

Akaenda kundoudza munhu waMwari uye iye akati, “Chienda unotengesa mafuta ugoripa zvikwereti zvako, iwe navanakomana vako mugorarama neanenge asara.”

—2 Madzimambo 4:1-7

Cherechedzai kuti muporofita haana kuti, “Zvakanaka, ngatiendei kunochengeterwa pfuma tione zvatinzvo.” Kwete, aiziva imwe nzira iri nani yokugadzirisa izvi nayo. Akati, “Ndingakubatsira seiko?” Mukadzi wacho anogona kuve aive akavhiringidzika zvisho-manane sezvaakapindura achiti, “Mungandibatsira seiko? Ndinoda mari!” Asi Erisha akanga asiri kuedza kumuzvidza. Aibvunza mubvunzo unokosha chaizvo waaiziva kuti waizoita kuti apindure. Ndiwo mubvunzo mumwe chete unozotungamira kumhinduro yenyu zvakare.

“Ndingakubatsira seiko? Nditaurire, chii chaunacho mumba mako?”

Chii Chaunacho?

Chii chaunacho mumba mako? Ndine chokwadi chokuti akashamisika nomubvunzo uyu nokuti ainge atotsanangura kuti sei aive ipapo.

“Murandakadzi wenyu haana kana chinhu,” akadaro, “kunze kwehari duku ine mafuta eorivhi.”

Cherechedzai kusimbisa kwake, “haana kana chinhu.” Asi akanga asina chinhu here?

Kwete, mashoko ake akanga asiri echokwadi. Akataura kuti aive nehari duku yaive nemafuta eorivhi. Izvoka! Ndizvo zvoga zvakanga zvakamirira muporofita kuti azive.

Uye ndizvo chete zvamunofanira kuzvibvunzawo. Mwari vanongoda chimwe chinhu chiri pasi pesimba renyu repamutemo kuti mushande nacho.

Zvino, ngationgororei danho rokutanga. Munofanira kupa Mwari zvimwe zvezvinhu zvamunofanira kuva nazvo. Kana mazvipa

kuHumambo
hwaMwari, zvinova mune
humwe hutongi, kuzviisa pasi
pohutongi hwomutemo
hwaMwari kuti zviwande.
Ngatirangarirei kuti kuwanda
hakurevi zvataona munyaya iyi,
kuti zvingwa zvenyu zvinongoz-
viwanza zvoga pazvinenge zviri
mukabati, kunyange zvazvo

**KANA MAZVIPA
KUHUMAMBO HWAMWARI,
ZVINOVA MUNE HUMWE
HUTONGI, KUZVIISA PASI
POHUTONGI HWOMUTEMO
HWAMWARI KUTI
ZVIWANDE.**

ndaona zvinhu zvakadai zvichiitika. Asi kazhinji, Mwari vanogadzira nzira yokuti chingwa chiwande kubudikidza nokudyidzana nevamwe vanhu. Mumwe munhu anogona kunge ane rupo kwamuri, kana kuti munonowedzerwa mari kubasa, kana kuti munogona kudzoserwa mari yezvamunenge matenga musingazvitarisire. Pane nzira dzisingaverengeki idzo Mwari vanogona kushandisa kuwedzera chingwa chenyu.

Munogona Kutumidza Mari Yenyu

Ndiri kuda kukuratidzai chinhu chakakosha nezvemari.

Mari inogona kushandiswa sembeu kuti muve nechimwe chinhu.

Munotumidza mari mazuva ose ohupenyu hwenyu pose pamunotenga chimwe chinhu. Somuenzaniso, pamunenge muri muchitoro motenga chingwa, munenge muchitsinhanisa mari yenyu nechingwa ichocho, kana kuti kutaura zvazviri, munenge muchitumidza mari yenyu kuti “chingwa.” Ngationgororei zvandiri kureva. Kana muchida chingwa, mava kunzwisisa mutemo woHumambo unonzi kudyara nokukohwa. Nokushandisa mutemo iwoyo, munoziva kuti kana mukadyara chingwa, muchawana zvingwa. Asi ngatifungei kuti munoda zvingwa, asi hamuna chingwa chokudyara. Maizoitei? Munogona kudyara mari moitumidza kuti chingwa pamunenge muchiidyara. Rangarirai, mari inongova hurongwa hwokutsinhana. Tinoitumidza mazuva ose pane zvose zvatinoda, kubva pamukaka, muripo, kusvika kune shangu nezvokudya. Saka munogona kutumidza mari kana muchiipa zvakare.

Munogona kutumidza mari yenyu pamunoipa.

Faith Life Church, iri muNew Albany, Ohio, ndiyo kereke yatakatanga ini naDrenda makore makumi maviri nemashanu apfuura. Takavaka *Now Center*, nzvimbo (*campus*) iyo *Faith Life Church* iri, mugore ra2008. Raiva basa raive rakaoma iro panguva iyoyo raibuditsa mamiriyoni matanhatu nezviuru mazana mashanu zvemadhora, basa guru raitwa nevanhu vanenge mazana mashanu nemakumi mashanu.

Zvakanaka, mumakore gumi apfuura, takapedza chivakwa ichi. Kuva nevanhu zviuru zvitatu pakupera kwevhiki ndizvo zvose zvataiita.

Kuita misangano ina pakupera kwevhiki roga-roga ndizvo zvose zvandaigona kuita. Saka takasarudza kuwedzera chivako chedu chazvino. Chaizove chirongwa chemamiriyoni gumi emadhora uye chaizotigonesa kukudza nokuwedzera kukura kwenzvimbo yokugara uye nokuwedzera nzvimbo yevana. Panguva imwecheteyo, takaona kuti nguva yaidiwa yokuti tiunganidze mari uye nenguva yokuvaka chivako chacho zvaizova dambudziko. Zvaireva kuti taizotarisa kumirira kwemakore maviri nechidimbu chepakati kuti tinyatsokwanisa kushandisa nzvimbo yakawedzerwa.

Tichifunga nezvazvo, takanzwa kuti taifanira kuenderera mberi nokuwedzera chivakwa chedu asi panguva imwecheteyo tichitanga kutarisa imwe nzvimbo itsva, iyo yatainzwa kuti yaigona kupera nokutanga kushanda mumwedzi mitanhatu. Taitenda kuti izvi zvaizobvisa rimwe dambudziko raiva kune imwe nzvimbo uye panguva imwe chete zvichibvumira kereke kukura. Nokudaro, takagadzira chikwata kuti titange kutsvaga imwe nzvimbo. Takadzidza nezvehuwandu hwevanhu uye tikasarudza imwe nzvimbo yomudhorobha yataifunga kuti yaizova nzvimbo yakanaka muguta redu. Takatarisa tatarisazve uye takapotsa tasarudza pane dzimwe dzakati wandei kubva munzvimbo dzakasiyana-siyana, asi patakagara pasi kuti tinyatsobvuma kuti iyi ndiyo yaiva nzvimbo yataida, tose tainzwa kuti pane chimwe chinhu chakanga chisina kumira zvakanaka. Tose taisanzwa kugadzikana mumoyo yedu.

Zvino ngatisvetukirei kumwedzi mitanhatu yokumberi, tinozviwana pachedu tiri kure chose nokuwana nzvimbo yedu itsva kupfuura zvataiva pazuva rokutanga. Handirambe hangu kuti Drenda neni takange toda kuora moyo zvishoma mukutsvaga. Takanga tatarisa sarudzo dzose dzaivepo munzvimbo yedu yokutsvaga uye takanga tisiri kuwana nzvimbo yakanyatsonaka.

Hongu, takanga tadyara mbeu yedu kumavambo erwendo, uye taiziva kuti Mwari vakanga vane chivakwa chakakwana chavaizotipa, asi takanga tisina kutarisira kuti zvaizotora nguva yakareba kudaro kuti zviitike. Hechino chiratidzo: zvinhu zvakakwana dzimwe nguva zvinotora nguva yakareba kuwana!

Panguva ino, takanga takarongerwa kuva nechirongwa chokutsvaga mari kuti tiwane mari yechirongwa chitsva chepachivhitivhiti kubudikidza nacho. Ichi chaizove chiitiko chemazuva matatu chaizove chichibuda pachivhitivhiti uye chichionekwa panguva yachaitwa chaiyo mangwanani nemanheru kwemazuva ose ari matatu. Ndinofunga kuti rakanga riri zuva rechitatu, uye ndakanga ndichangogara panzvimbo kuti titange chirongwa apo ndakanzwa Ishe vachitaura kwandiri. Vakati, “Tora cheki yemadhora zviuru zana kubva mukereke uye udyare muchirongwa ichi chepachivhitivhiti nechinangwa chokugura kunetsekana kwamuri kuita kuwana nzvimbo itsva. Enda necheki iyi kune imwe neimwe yemisangano yako iri mana, uye ita kuti kereke inyengeterere chipo ichocho sezvaunochipa, uchiti zvenzvimbo zvapera!” Vakaenderera mberi vachiti pandainyengetera, ndaifanirawozve kudzinga Satani uye nokuraira kuti kuvhiringidzika nokunonoka zvimire. Zvisinei, takazviita kupera kwevhiki raitevera mumisangano yedu yoMugovera neSvondo.

Zuva rakatevera, iro raiva Muvhuro, chikwata changu chokutsvaga nzvimbo itsva chakati mutengesi wezvivakwa akanga atichaira runhare, uye akanga achangobva kuziva nezvenzvimbo yepachikoro chesekondari yakanga ichangobva kuiswa pamusika. Vakasarudza kumbonoitarisa. Pavakaenda kunotarisa, vakawana nzvimbo yeK-12 yakakwana, kusanganisira neyechikoro chevana vadiki. Yakanga ichitengeswa nemari yakawanda kupfuura

yataida kushandisa sezvo isu tainyatsotarisira kuipa vaiishandisa pasi pomuripo wepamwedzi kuti tiwane mari yokushandisa pakuwedzera kuvaka imwe iya. Kunyange zvazvo mutengo wacho wanga usingatipi chikwanisiro chokutombofunga nezvazvo, ini naDrenda takasarudza kuitarisa neChipiri mangwanani.

Takaona iri nzvimbo inoshamisa ine *masquare feet* 88,000, ine zvivakwa zvina, nzvimbo yokumhanyira, kamuri yokurovedzera muviri, nzvimbo ina dzokutambira mutambo wetenesi, chivako chakatsaurirwa zvinhu *zveart*, makamuri *escience*, uye nezvose hazvo zvaizodiwa pachikoro cheK-12. Chikamu chenyaya yacho chinonakidza ndechokuti yaive yakapfuma uye yakazara nezvinhu. Ini naDrenda takashamisika asi takatadza kuona kuti tingatenga sei nzvimbo iyi.

Zvakazongoitikawo hazvo kuti tainge tarangana nomumwe wataifambidzana naye kuti timbosangana husiku ihwohwo uye kuti timbokurukura hedu. Takanga tashandura nguva yokudya kwemanheru iyi pamwe katatu kana kuti kana mumwedzi miviri yaive yapfuura nokuda kwokuti tose taibatikana. Asi husiku ihwohwo, takabudirira. Patakanga takagara pakudya kwemanheru, takatanga kutaura nezvekuwedzera kwechivakwa chekereke. Vaviri ava vakatibvunza kana zvinhu zvakanga zviru kufamba zvakana, uye takavaudza nezvokunonotswa kukuru kwemapemiti nemapurani uye nedzimwe nyaya dzataiva nadzo. Takavaudza kuti zvaiita sokunge taisazotanga kuwedzera kuivaka kusvika pakupera kwegore ra2022 kana chirimo chegore ra2023 nokuda kwemafambiro aiita nawo zvinhu.

Vakabva vangobvunza kana tainge tambofunga nezvokuparura nzvimbo, tikati hongu. Takatsanangura kuti taive tichiitsvaga sei kwemwedzi mitanhatu yapfuura asi tikakundikana

kuwana nzvimbo yakakodzera. Takazovaudza nezvechikoro chaityisa chatakanga tichangobva kutarisa mangwanani iwayo, tichiti kuva neyakadaro kwaizova chinhu chakanaka chose, asi chakanga chichitengeswa nemamiriyoni emadhora.

Vaviri ava vakagara ipapo uye havana kumbovhunduka asi vakangoti, “Zvakanaka, ko dai yaiva yepachena?” Hatina kunzwisisa zvavaitaura, uye vakabvunza zvakare kuti, “Ko dai yaiva yepachena?” Zvakare, takafunga kuti vaitamba, asi panguva ino murume wacho akati, “Drenda, ko dai nzvimbo yacho yanga iri yemahara?” “Munorevei?” takabvunza. Vakati, “Tichanyora cheki!” Takamboti zii takagara. Asi kuti tipfupise nyaya iyi, vakaita sokudaro.

Zvino mumazuva maviri mushure mokunge tadyara mbeu iyoyo yenzvimbo yedu, Mwari vakatitungamirira kunzvimbo yakakwana. Iye zvino tine nzvimbo yemamiriyoni gumi nemaviri emadhora yemahara uye yatakatengerwa nenzira yakajeka! Ndiani angadai akambofunga, kana, pachokwadi chaipo, kunyange nokuzvifungidzira? Taona izvi, ini naDrenda takabvumirana kuti tinofanira kufunga zvinhu zvikuru zvisinei nezvatinenge taona. Mwari vanogona kuita zvimwe zvinhu zvinoshamisa!

Ndinofunga kuti vadzidzi ndizvo zvavakanzwawo zuva riya mushure mokupa zviuru makumi maviri evanhu zvingwa zvisihanu nehove mbiri. Ndingava nechivimbo chokuti vakaenda kunorara vachiti, “E-ee, mazviona here izvi?”

CHITSAUKO 5

KUSIMBARADZA ZVIKWANISIRO ZVENYU

Muchitsauko chadarika takataura nezvedanho rokutanga rokuita mutemo woHumambo kuti muve nezvikwanisiro zvenyu.

**MUNOFANIRA KUPA MUHUMAMBO ZVIMWE
ZVINHU ZVAMUNOFANIRA KUVA NAZVO KUTI
ZVIWANDE!**

Ndakakuudzai kuti ndichapindura mibvunzo mishoma pamusoro pechirevo ichi, wokutanga uri wokuti, “Kupa chimwe chinhu muHumambo kuti chiwande kunorevei?”

Ngatidzokerei zvakare kunyaya yedu yomunaMako 6 kuti tinzwisise izvi.

Zvino zuva rava kuvira, vadzidzi vake vakauya kwaari, vakati, “Nzvimbo ino irenje, uye kwava kudoka. Itai kuti vanhu vaende kumaruwa nemisha yakapoteredza kuti vandozvitengera zvokudya.”

Asi iye akapindura akati, “Imi vapei zvokudya.” Vakati kwaari, “Izvo zvinotoda muripo womunhu wemwedzi misere! Ko, tingashandisa mari yakawanda kudaro kutenga chingwa kuti tigovapa kuti vadye here?”

Akati, “Mune zvingwa zvinganiko? Endai munotarisa.” Vakati vazviona, vakati, “Zvishanu—nehove mbiri.”

Ipapo Jesu akavarayira kuti vagarise vanhu vose pasi mumapoka pauswa hunyoro. Saka vakagara pasi mumapoka ane zana uye neane makumi mashanu. Akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri uye akatarisa kudenga, akavonga akamedura chingwa. Ipapo akazvipa kuvadzidzi vake kuti vazvigadzike pamberi pavanhu. Akagoverawo hove mbiri dziya pakati pavo vose. Vose vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakanonga zvimedu zvezvingwa nehove zvikazara matengu gumi namaviri. Varume vakanga vadya vaisvika zviuru zvishanu.

—Mako 6:35-44

Ndinoda kuti muone zvinhu zvishoma munyaya iyi zvamungave munorega kutarisa. Jesu paakati, “Imi vapei zvokudya,” mhinduro yavo nemhinduro Yake zvinotiratidza chimwe chezvinhu zvinokosha pakunzwisisa kwedu Humambo maererano nezvikwanisiro. Pavakamupindura, vakati zvaizoda mari inopfuura yechidimbu chepakati chegore kuti vanhu vakawanda kudaro vave nezvokudya. Cherechedzai kuti ndangariro dzavo dzakabatanidza sei zvikwanisiro zvavo zvaidikanwa kubasa pavakatarisana nechinetso ichocho. Zvakanaka, chokwadi ndechokuti isu tose tinoita saizvozvo.

Asi mufungo uyu wokuwana madhora pamaawa wakanga usiri chikamu chokuziva kwemunhu chenguva dzose. Zvakaitika pakuwa kwaAdhamu. Ndinofanira kukudzoserai kukuwa kwaAdhamu uko kwatinogona kunyatsoona izvi zvichiitika.

Mufungo Wokuwana Madhora Pamaawa

Kuna Adhamu akati, “Nokuti wakateerera kumukadzi wako uye ukadya zvakabva pamuti wandakakurayira ndichiti, ‘Haufaniri kuudya,’ ‘Ivhu ratukwa nokuda kwako; mukushanda kunorwadza, uchadya zvibereko zvaro mazuva ose oupenyu hwako. Richakuberekera minzwa norukato, uye uchadya miriwo yomusango. Neziya rechiso chako uchadya zvokudya zvako kusvikira wadzokera kuguruva, sezvo wakatorwa kwariri; nokuti uri guruva, kuguruva uchadzokera.”

—Genesisi 3:17-19

Kana muchiyeyuka, Adhamu naEvha vakaiswa pasi pano kuti vatonge pamusoro papo vachimirira Humambo hwaMwari. Vaitonga nemasimba avakanga vapihwa. Satani, atova panyika, akavazvidza uye akachiva masimba avakanga vanawo. Kunyange zvazvo Adhamu naEvha vaiva nesimba rakakwana paari, akakwanisa kuvanyengedza kuti vatende kuti Mwari vaisavafarira, uye kuti vakanga vasingavimbiki. Akavapa ramangwana rairatidzika sokuva raive rakanaka, nokudaro vakasarudza kumutevera panzvimbo pokutevera Mwari. Nemhaka yokupanduka kwavo, vakarasikirwa nenzvimbo dzavo dzapamutemo muHumambo hwaMwari uye vakadzinga Mwari muhupenyu hwavo, vachipa Satani simba repamutemo pamusoro

penyika yose yepasi sezvo pane chokuita nomunhu. Pauro anodana Satani kuti mwari wenyika ino muna 2 VaKorinde.

Vasingatendi vakapofumadzwa ndangariro dzavo namwari wenyika ino, kuti varege kuona chiedza chevhangeri rokubwinya kwaKristu, anova mufananidzo waMwari.

—2 VaKorinde 4:4

Atarisana nechivi chake, Mwari vanoti kuna Adhamu,

“Ivhu rakatukwa nokuda kwako; mukushanda kunorwadza, uchadya zvibereko zvaro mazuva ose ohupenyu hwako. Zvino tikadzika mumutsara unotevera, unoti, “Neziya rechiso chako uchadya zvokudya zvako.”

Mwari vari kuudza Adhamu kuti nemhaka yokupanduka kwake, nyika haizobereki sezvayaita kare. Maoko aMwari zvino akasungwa, uye Adhamu achafanira kuedza kurarama nenzira yake pachake yohupenyu inoburikidza neziya rake uye nebase rinorwadza. Ndapota onai kuti Adhamu ndiye akatuka nyika, kwete Mwari. Adhamu akanga ane simba repamutemo rakakwana pamusoro penyika, uye apo akapandukira Mwari, ropafadzo yaMwari yakamanikidzirwa kubviswa. Ndokusaka Mwari vakati kuna Adhamu, **“Ivhu rakatukwa nokuda kwako.”** Bindu rakasikwa kuti Adhamu agare, iro rakange rizere nokupa, rakange raenda. Asati apanduka, Adhamu aisambofunga kana kuti aisava nezvaifanira kuita kuti ave nezvikwanisiro; zvaaida zvaive zvizere kwose-kwose kwaaitarira. Asi zvino aizofanira kuwana zvikwanisiro zvake kubudikidza nokushanda kwake pachake kunorwadza uye neziya. Izvi ndinozvidana kuti hurongwa hunorwadza hwokushanda zvinorwadza uye neziya.

**Kushanda kunorwadza uye neziya zvino zvakange
zvodikanwa kuti zvipe zvikwanisiro!**

Pasi handicho chete chinhu chakashanduka. Adhamu nevanhu vose zvino vakashanduka. Adhamu akarasikirwa nezvaaive chaizvo, chinangwa chake, uye nezvikwanisiro zvake, uye zvino akava muranda wokurarama. Aya ndiwo makuriro akaita imi neni zvakare, pasi pohurongwa hwokushanda kunorwadza uye neziya.

Sarudzo yose inoitwa pasi pohurongwa uhwu hwenyika yakatukwa ndeyokuti pave neraramo, uye kazhinji yakavakirwa pakutsvaga mari kana pakubata nyaya dzine chokuita nemari. Kwatingawana kana kuti mawaniro atingaita zvinhu zveraramo ndizvo zvinotonga pfungwa dzedu pamwe nohupenyu hwedu. Zvatiri chaizvo, izvo zvaimbove zvakagadzirwa zvakasiyana-siyana naMwari nokuda kwezvinangwa zvedu uye nemigove yedu pasi pano, iye zvino zvakapambwa ndokutsiviwa nechido chedu chokuwana mari yatinoda kuti tirarame, tichigara tichitsvaga zvikwanisiro zvezuva rinotevera.

**KUBVA PANGUVA YAADHAMU,
VARUME NEVAKADZI VAKAISWA
MUHURANDA HWOKURARAMA,
VANGAVE VACHIDZINGANISA
ZVIKWANISIRO KANA KUTI
KUUNGANIDZA ZVIKWANISIRO,
NOKUTI KUVA NEMARI NDIKO
CHETE KUPUNYUKA KUBVA
KUMUJAHU WEMAKONZO.**

Hurongwa Hwohuranda

Imwe ongoro yandakaona ichangobva kuitwa yakataura kuti vanhu vanopfuura makumi manomwe muzana vari munyika dzomubatanidzwa dzeAmerica havafariri mabasa avo.⁵ Mungabvunza kuti, “Zvino nei vachienda kubasa kana vasingamafariri?” Mumashoko ari nyore, varanda kune muripo wepamwedzi unotevera!

Pasi pechituko chepasi chokushanda kunorwadza uye neziya, munhu wose anorota kuva mbozha yokupunyuka kubva kumujaho wemakonzo usingaperi uye nokuchimanikidziro chokuwana zvinhu zveraramo. Vanhu vanorota vachikunda murotari, vanorota vachive vakapfuma zvokuve vakasununguka kuita zvavanoda kuita pane zvavanofanira kuita. Kubva panguva yaAdhamu, varume nevakadzi vakaiswa muhuranda hwokurarama, vangave vachidzinganisa zvikwanisiro kana kuti kuunganidza zvikwanisiro, nokuti kuva nemari ndiko chete kupunyuka kubva kumujaho wemakonzo.

Regai ndikupei muenzaniso wokuti zvikwanisiro zvino zvakatidzidzisa sei tose kufunga. Kana ndaikuudzai kuti maifanira kubuda zvachose muzvikwereti mumwedzi gumi nemiviri inotevera, maizotanga kuronga nezvemawedzerero amungaite kushanda zvinorwadza pamwe nokudikitira kuti zviitwe. Maizorongwa kuti mungashanda sei mabasa maviri kana matatu, kana zvaidiwa, chero zvaida kuitwa. Uye zvaitoda kushanda kunorwadza uye neziya. Kushanda kunorwadza uye neziya ndicho chinhu chinoniswa muzviroto zvose. Kana maida motokari idzva, maizoono kuti kushanda nesimba uye nokudikitira kwakadii kwamungaite kuti

5 <https://returntonow.net/2017/09/22/85-people-hate-jobs-gallup-poll-says>

muve nemari yacho moti, “Kwete, hatizvikwanisi izvi.” “Imba yakakura? Kwete, hatiikwanisi.”

Mwari Vanoona Zvinogoneka Muzvinhu Zvisingagoneki

Pasi pohurongwa hwenyika yakatukwa, zvirototo zvinotsiviwa nenzendo pfupi dzokuenda kuchitoro cheWalmart uyezve ne*burger* rokufamba muchidya munzira makananga kumba. Uye kana pakange pasina nguva yakakwana kana basa rokuzadzisa chiroto chenyu, maizvitsveta uye mozvisimbisa kuti maifanira kungoramba muchienda kubasa iro ramunovenga sezvinongoita munhu wose. Masvomhu okushanda kunorwadza uye neziya kuvanhu vazhinji kazhinji anoburitsa mhinduro yokuti hazvigoneki.

Uye aya ndiwo maonerwo chaiwo akaitwa mamiriro ezvinhu nevadzidzi, “Ipai zviuru makumi maviri zvevanhu izvi zvokudya? Hazvigoneki! Izvozvo zvingatora muripo wemwedzi mitanhatu!” Muripo munyaya iyi waireva kushanda kunorwadza uye nesimba kupfuura zvaigoneka kuti izvo zvaidiwa zvigone kuitwa. Zvakare, mumaonero avo, zvikwanisiro zvaiwanikwa bedzi kubudikidza nokushanda. Aya ndiwo mashandiro azvinoita munyika. Hapana asingazvizivi, asi Jesu ava kuda kuvaratidza mararamiro matsva, Humambo hutsva hune mitemo itsva. Hongu, nzira yokupunyuka nayo kubva kuhurongwa hwokushanda zvinorwadza uye neziya. Pachokwadi iriko!

Ngatidzokerei kunguva iyo vadzidzi vakati zvaisaita kupa zvokudya kuchaunga chiya uye tione kuti Jesu anopindura sei. Zvimwe munofanira kugadzirirwa chishongo chedehwe chomuruoko chakanyorwa kunzi IZJ (Itai Zvakaitwa naJesu) kuti

musazokanganwa zvaava kuda kutiratidza, sezvakaita vadzidzi Vake. Pane kuti abvumirane nezvaitaurwa nevadzidzi vake pamusoro pemamiriro ezvinhu, panzvimbo pezvo „Jesu anatora basa nokuvapa murayiro wokuti, “Endai munoona kuti zvingwa zvingani zvamunazvo.” Zvino, vakaziva vasati vatombotarira kuti zvaisavakwanira kuti vape kuchaunga chose ichi. Ndokusaka vakauya kuna Jesu pakutanga vakamukumbira kuti arege vanhu vaende kunozvitsvagira zvokudya voga. Asi nokuda kwokuteerera, vakaenda, vakatarira, vakadzoka neshoko rokuwana zvingwa zvishanu nehove mbiri.

Zvino, pane chimwe chinhu chinotika pano chamunofanira kuona, chimwe chiratidzo chikuru! Asi kuti muzvione, ndinoda kutarisa nyaya imwe chete asi zvino kubva mubhuku raMateo.

Jesu akapindura achiti, “Havafaniri kuenda. Imi vapei chavangadye.”

Ivo vakapindura vakati, “Pano tinongova nezvingwa zvishanu nehove mbiri.”

Akati, “Uyai nazvo kuno kwandiri.” Uye akarayira kuti vanhu vagare pasi pauswa. Akatora zvingwa zvishanu nehove dziya mbiri akatarira kudenga akavonga, akazviropafadza uye akazvimedura. Ipapo akazvipa kuvadzidzi, vadzidzi vakapa vanhu. Vose vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakaunganidza zvimedu zvainge zvasara zvikazadza matengu gumi namaviri. Vanhu vakadya vaisvika varume zviuru zvishanu pasingaverengwi vakadzi navana.

—Mateo 14:16-21

Onai kuti mundima 18 Jesu anokumbira vadzidzi kuti vauye nezingwa nehove kwaari. Zvino pamagumo endima 19, tinoona kuti anopazve zvingwa nehove kuvadzidzi Vake. Chimwe chinhu chakaitika pakati pezvikanu zviviri zveMagwaro izvi chaifanira kunge chakabata pfungwa dzenyu ndokumutsa mubvunzo: “Nei Jesu akakumbira vadzidzi kuti vauye nezingwa nehove kwaari kana aizozvidzosa kwavari munguva yaitevera?” Jesu haaite zvokunamata, saka panofanira kunge paine chikonzero chaakumbirira zvingwa nehove. Somuongorori wezvemweya, tinofanira kuziva zvakaitika paakatora zvingwa nehove kubva kuvadzidzi.

Akatora zvingwa zvishanu nehove dziya mbiri akatarira kudenga akavonga, akazviropafadza uye akazvimedura. Ipapo akazvipa kuvadzidzi, vadzidzi vakapa vanhu.

Bhaibheri rinoti akapa kuvonga. Mamwe mabhuku anoti akazviropafadza. Asi izvozvo zvinorevei? Shoko rechiGiriki rokuti kuvonga kana kuti kuropafadza rinoshandiswa pano rinoreva kutsaurira chinhu, kukumbira ropafadzo raMwari pachinhu, kana kuti kukumbira Mwari kuti vakombore chimwe chinhu kuti munhu ave anochishandisa. Kuwedzera danho iroro, kutsaurira chimwe chinhu kunoreva kuchiita chinhu chinoyera, chakatsaurirwa pamutemo kuchinangwa chaMwari.

Naizvozvo, apo Jesu akaropafadza hove nezingwa, zvakaparadzani swa nohumambo hwepasi ndokuenda pasi pesimba rokudenga.

Paakataura pamusoro pazvo achizviropafadza, zvingwa nehove zvakava mune humwe humambo.

Kuunza Zvinhu Pasi Pohutongi Hutsva

Zvingwa nehove zvakanga zvimbori pasi pohutongi hwevanhu pasi pano uye zviri kunze kwechikwanisiro chaMwari chokuti vaite chimwe chinhu nezvazvo. Asi zvino tinoona kuti kubudikidza norupo rwomukomana mudiki, zvakapihwa kuna Jesu, uko zvino-tamiswa kuenda pasi pohutongi hoHumambo. Tinofanirawo kuziva kuti kudai zvakasiwa zviri pasi pohutongi hwenyika, zvingwa nehove zvingadai zvisina kumbowanda.

Somuongorori wezvemweya, tinofanirwa kunyatsoteerera kune zvole zvakapihwa. Kutamiswa uku kwakaitika panguva ipi chaizvo? Pakutanga, mungafunga kuti kushanduka kwohutongi kwakaitika apo mukomana muduku akapa hove nezvingwa kuvadzidzi. Hongu, izvi zvaiva zvimwe zvezvaaifanira kuitwa muhurongwa uhwu, uye kuti mukomana uyu akazviita nokuzvidira ndicho chinhu chinokosha chatinofanira kufunga nezvacho. Asi kutamiswa kwohutongi hakuna kuitika panguva yakapihwa vadzidzi zvingwa nehove. Kutamiswa chaikoiko kwepamutemo kwakaitika apo Jesu akataura pamusoro pazvo, paakazviropafadza. Ini ndinotenda kuti kunyange dai Jesu akange atora zvingwa nehove akazvibata mumaoko Ake, hazvaizombowanda kusvikira panguva yaaizotaura pamusoro pazvo nemashoko erairo akananga.

Ngatiisei izvi maererano nechidzidzo chedu chokutenda chatakadzidza kare. Takaona kuti kunyange moyo wenyu uchigona kuva mukutenda, izvo zvino zvinoita kuti zvive pamutemo kuti denga ripinde Pasi, hapana chinoitika kusvikira imi, mune hutongi hwepamutemo panyika, masunungura simba redenga pano panyika.

Nokuti unotenda nomoyo wako ugoruramisirwa, uye unopupura nomuromo wako kutenda kwako ugoponeswa.

—VaRoma 10:10

Kunyange zvazvo muBhaibheri musina kunyorwa mashoko akataurwa naJesu apo airopafadza zvingwa nehove, ndine chokwadi chokuti aigona kuve akati: “Baba, ndinokutendai nokundipa Kwenyu, uye ndinogamuchidza zvingwa izvi nehove muhumambo Hwenyu kuti mukudzwe. Zvingwa izvi nehove zvino zvichawanda kuitira kuti vape chaunga chikuru ichi zvakawanda zvinopfuura zvinokwana, kuti wawane zororo nesimba uye vaone kubwinya Kwenyu.”

Chokwadi, sezvandambotaura, mashoko Ake haana kunyorwa. Asi ndine chokwadi chokuti akapa zvingwa nehove murairo mushure mokunge zvaiswa mumaoko Ake. Ndinozviziva sei izvozvo? Nokuti aitoziva hurongwa uye aitovagarisa mumapoka.

Jesu akapindura achiti, “Havafaniri kuenda. Imi vapei chavangadye.”

Ivo vakapindura vakati, “Pano tinongova nezvingwa zvishanu nehove mbiri.”

Akati, “Uyai nazvo kuno kwandiri.” Uye akarayira kuti vanhu vagare pasi pauswa. Akatora zvingwa zvishanu nehove dziya mbiri akatarira kudenga akavonga, akazviropafadza uye akazvimedura. Ipapo akazvipa kuvadzidzi, vadzidzi vakapa vanhu.

—Mateo 14:16-19

Cherechedzai kuti akanga atovaraira kuti vagare pasi pahaswa asati aropafadza zvingwa nehove. Ainyatsoziva hurongwa Hwake. Ndine chokwadi chokuti akapa zvingwa nehove murairo mushure mokunge zvaiswa mumaoko Ake. Kupa rairo pamunosunungura mbeu yenyu chinhu chakakosha pachiiito ichi. Ndati zvakakosha here? Hongu ndadaro, zvino teerera. Ndinofanira kumbotora chinguva ndiri pano kuti ndimbotaure pamusoro pokupa rairo kana muchidyara.

Akabvunza akati, “Ko, imi munoti ndini ani?”

Simoni Petro akapindura akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

Jesu akapindura akati, “Wakaropafadzwa iwe Simoni mwanakomana waJona, nokuti izvi hazvina kuzarurirwa kwauri nomunhu asi naBaba vangu vari kudenga. Ndinoti kwauri, iwe ndiwe Petro, paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuo eHadhesi haangaikundi. Ndichakupa kiyi dzoumambo hwokudenga; chose chaunosunga pano pasi chichasungwa kudenga, uye chose chaunosunungura pano pasi nokudenga chichasunungurwa.”

—Mateo 16:15-19

**TAKAPIHWA SIMBA
ROKUSUNGA DHIABHORI
PAMWE NOKUSUNUNGURA
KUDA KWEDENGA KUTI KUVE
PANYIKA.**

Rugwaro urwu rwunotiudza zvakajeka kuti simba redu rokutonga pasi pano nokuda kwoHumambo hwaMwari zvino rakadzorerwa nomuna Jesu Kristu.

Takapihwa simba rokusunga dhiabhozi pamwe nokusunungura kuda kwedenga kuti kuve panyika. Zvino, ndinotenda, kana kuti ndinovimba, kuti Vakristu vazhinji vanotoziva zvinoreva kusunga dhiabhozi. Zviri nyore, kusunga dhiabhozi zvinoreva kumumisa kuita hurongwa hwake hwakaipa. Izvozvo zvinogona kuitika nokudzinga madhimoni muvanhu, nokuisa maoko enyu pane vanorwara uye vopora, kana kuti nokungoti, “Mira, nomuzita raJesu!” Muri kutora masimba enyu kubva muHumambo hwaMwari uye muchiashandisa kuisa kundiso yakava naJesu pamusoro padhiabhozi.

Kushandisa Masimba Enyu

Muongororo yangu, vanhu vashoma kwazvo vanoziva nzira yokusunungura nayo denga munzvimbo yepasi. Ndakatotaura nezva 1 Johani 5:14-15 segwara romunamato unoshanda.

Ndiko kusatya kwatinako mukuswera kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. Uye kana tichiziva kuti anotinzwa— pazvose zvatinokumbira—tinoziva kuti tava nazvo zvatakumbira kwaari.

—1 Johani 5:14-15

Kutenda mumoyo menyu kana kuve nokutenda handipo panogumira zvinhu. Sezvataona kare, kana muchitenda mune zvinotaurwa nedenga, munoruramiswa. Zvino zviri pamutemo kuti denga riyerere richipinda munzvimbo yepasi, asi hapana chinoitika kutozovikira masunungura simba iroro munzvimbo yepasi. Makagara naKristu munzvimbo dzokudenga kuruoko

rworudyi rwaBaba. Mashoko enyu mashoko aMambo, uye denga haringabudiswi pano kusvikira maatura! Ichi chingava chiziviso kana kuti chibvumirano chinotaurwa mumunyengerero, asi mune kiyi dzoHumambo. Mwari havagoni kuzviita pasina imi!

Haisingori nyaya yokuziva manamatiro anoita kuti zvinhu zviitike; asi kuziva kupa murairo pamunenge mozviita. Rangarirai, kana mukasasunungura denga pano panyika, hazviitwe. Saka zvaka-kosha kuti tinzwisise nzira yokusunungura nayo kuda kwedenga muhupenyu hwedu uye nomunyika yedu.

Mumwe yemienzaniso yakanakisisa yokupa murairo unodzid-ziswa muMunyengerero waShe. Pane zvinhu zvakakosha pano muMumunyengerero waShe zvamunofanirwa kuziva. Chokutanga, rugwaro rwunoti Mwari vanotoziva zvamunoshaiwa, saka regai kupemha. Kupemha hakusi kutenda, uye kunoratidza kusaziva mashandiro anoita Humambo uye nekodzero dzenyu somugari womuHumambo. Kupa rairo mumunyengerero kuita chikumbiro chezvamakakodzera kuva nazvo. Chikumbiro chezvamakakodzera kuva nazvo irondedzero yakajeka yezvamunoda. Hakusi kukumbira zvinhu izvozvo; kushandisa kodzero yokutora zvinhu izvozvo.

Uye pakunyengerera kwenyu, musapamhidza zvisina maturo savahedheni, nokuti ivo vanofunga kuti vachanzwikwa nokutaura kwavo kuzhinji. Musafanana navo nokuti Baba venyu vanoziva zvamunoshayiwa musati mavakumbira. Zvino aya ndiwo manyengerero amunofanira kuita: 'Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngarikudzwe, humambo hwenyu ngahuuye, kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvinoitwa kudenga. Tipei nhasi chingwa chedu chamazuva namazuva.

—Mateo 6:7-11

Jesu anotanga nokuti, “Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngarikudzwe (kuremekedzwa zvikuru uye nokupihwa chiremera) (zvichireva hutongi Hwavo nemasimba).” Jesu ari kuisa mamiriro epamutemo omunamato mumutsara wokutanga uyu. Ngatizvienzanise nomutsara wokutanga unotaurwa mudare.

Mumwe mubatsiri anomira oti, “Ndinokumbira kuti musimuke. Dare re (anobva ataura zita redare racho)...” Rinogona kuve riri *Common Pleas Court* reFranklin County kana *Second Judicial Circuit Court, Criminal Division*, kana chero rimwe zita. Asi pane zvinhu zvakawanda zvinoitika ipapo pokutanga. Mubatsiri anoti, “Mose simukai,” achipa rukudzo rwakafanira kudare pamwe chete nokumutongi anenge achitungamira dare. Zita redare rinotaurwa kuti pave nokutonga kwakakodzera kuti muzive kuti muri mudare redzimhosva iro rine masimba panyaya yenyu.

Ngatiendererei mberi nezvinotaurwa nomubatsiri. “Ndinokumbira kuti musimuke henyu. Dare re*Common Pleas Court* reFranklin County ravekutanga, Mutongi Smith uyo anoremekedzwa ndiye ari kutonga.”

Uyu mutsara wose wokutanga, “**Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngarikudzwe,**” uri kugadza chimiro choUyo aчатonga nyaya iyi uye anotipa kodzero yokuvapo. NdiBaba vedu, uye tine mvumo yepamutemo yedare rino. Uyu mutsara wokutanga unotumidza hutongi hwedare sedare rokudenga, dare repamusoro-soro remasimba ose.

Tevere, Munyengetero waShe unoti, “**Humambo hwenyu ngahuuye.**”

Mutsara uyu uri kuisa chisungo kudare kuti ritonge zvinoenderana nomutemo woHumambo. Mava kuda kuita chikumbiro

kana kuunza nyaya kudare, uye muri kukumbira Mutongi kuti asimbise kuda Kwake (mutemo) nezvenyaya iyi. Unozoti, **“Panyika sezvinoitwa kudenga.”** Zvakare, muri kutaura kuti munoda kuti kutonga kwokudenga uku kusimbiswe paNyika sezvinoitwa kudenga. Zvino, zvose izvi kwaive kumisikidza nokumisa imi nedare. Hapana chambobvunzwa kana charatidzwa. Asi zvino kunochiuya chikumbiro.

“Tipei nhasi chingwa chedu chamazuva namazuva.” Chirevo ichi hachina zvakawanda zvine chokuita nechingwa kunze kwokunge chiri icho chaicho chamunenge muchida. Pane kudaro, chiri

**ASI VAKRISTU VAZHINJI
VANOTAURA SEZVIZVI,
“A-AA, IZVO MWARI
VANODA KUNDIPA
ZVAKANGONAKA. NDIVO
VANOZIVA ZVAKANAKA.”
HANDIZVO, HANDIZVO,
HANDIZVO!**

kukuudzai kuti muise zvamuri kuda ipapo. Rangarirai, nhaurirano iyi yose yakatanga apo Jesu akanga achiraira vadzidzi Vake nzira yokunyengetera nayo kuti vagowana zvinodikanwa zvavo. Apa ndipo pamunoita chikumbiro chenyu, asi sezvandataura, mazwi ari nani okushandisa pano ndeanoti, kukumbira zvamakakodzera kuva nazvo. Hongu, ose ari maviri

anoshanda, uye chikumbiro ndiro shoko rinotaurwa naVaFiripi 4. Asi pfungwa yandinoda kuburitsa ndeyokuti chikumbiro kukumbira chaizvo zvamakakodzera kuva nazvo muchinyatsozviondedzera. Pfungwa yokurangerira pano ndeyokunyatsorondedzera. Muri kupa murairo mumunyengetero; munofanira kunyatsorondedzerwa uye nokutaurwa zvakananga. VaFiripi 4:6-7 inotiudza zvimwechetezvo.

Musafunganya pamusoro pechimwe chinhu, asi muzvinhu zvose, kumbirai Mwari neminyengerero, nemikumbiro uye nokuvonga. Uye rugare rwaMwari, runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda moyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu.

—VaFiripi 4:6-7

Cherechedzai kuti minyengerero nezvikumbiro zvinhu zvaka-siyana. Minamoto yedu inotakura zvikumbiro zvedu, asi minamoto ndiyo muchovha unoendesa kuna Baba vedu. Zvakare, chikumbiro chinonyatsoronedzerwa uye chonyatsotaurwa zvakananga. Asi Vakristu vazhinji vanotaura sezvizvi, “A-aa, izvo Mwari vanoda kundipa zvakanganaka. Ndivo vanoziva zvakanaka.” Handizvo, Handizvo, Handizvo!

Mwari VAKAKUPAI zvinhu zvakakosha zvoHumambo!

Kana makaverenga zvinyorwa zvangu zvakananga, bva makaona nyaya dzoHumambo dzisingaverengeki dzakanyatsoronedzerwa. Kune dzimwe dzizhinji dziri mubhuku rino dzandinotarisa kuti dzichakubatsirai kuona kuti Humambo hunonyatsoronedzera zvakadini uye kuti mashoko enyu anofanira kuva akanyatsoronedzerwa sei. Kuti ndibudise pfungwa yangu, regai ndikupei dzimwe dzenyaya dzekare dzamungave makambonzwa. Asi ndinofunga kuti ndinofanira kutora nguva yakawanda ndiri pano kuti munyatsonzwisisa kuti Humambo hwakanyatsonanga sei. Regai ndimbokuyeuchidzai zvishoma nezvenyaya dzatataura nezvadzo.

Humambo huri Pabasa

Makaverenga mumashure kuti motokari yangu yakatsva sei mushure mokunge ndataura nenzwi guru, “Ishe, zvingava nani kana motokari iyi ikangotsva hayo.” Kuti masanga? Ngatiendererei mberi. Ndakakuudzai nezvenondo, kuti Jehovha vakandiratidza sei kuti ndidzidyarire, uye kuti handina kumbova nenondo yandisina kudyarira yakauya pasi pomuti wangu. Nondo yakafanira, iyo yandinenge ndadyarira, yaiuya nguva imwe neimwe. Ndakabva ndakuratidzai kuti Mwari vakandiratidza sei kuti nondo dzaiuya dzakatevedzana sokudyara kwandainge ndakadziitira. Imika; makambonzwa zvinhu zvakadaro? Ndinoziva kuti handina kumbozvanzwa kusvika pandakazviona nemaziso angu. Humambo hwacho hwakananga zvokuti ndakakuudzai nezvokuedza kubata nondo yemapazi manomwe uye neyemapazi matanhatu yakadyarirwa naTim. Ndakakuudzai nezvokudzidziswa kwandakaitwa naMwari nezvokutaura nemasimba, uye nondo yakanga ichifamba kubva kwandiri pamayard mazana maviri ikamira chinguva chandakataura kwairi, ikauya ndokumira zvakakananga pasi pomuti wangu. Ndakakuudzai nezveshiri yandakaraira kuti imire, ikabva yamira munzira mayo.

Ndakakuudzai nezvepfuti yandakanongedza kwairi muchitoro chezvinhu zvemitambo ndichiti, “Ndichatora iyo,” uye mumavhiki mashomanane akatevera, ndakapihwa pfuti iyoyo chaiyo. Ndakakuudzaiwo nezvomotokari yerudzi rwe*BMW 645Ci* inovhurika denga yakaonekwa naDrenda panzvimbo yokusiya motokari, “Ndeiyu!” Hapana watakaudza, asi mumavhiki anoverengeka, mumwe murume womukereke akandibata parunhare ndokuti, “Nhasi ndaona motokari yaDrenda.” Ndakarohwa nehana

ndikamubvunza kuti airevei. Akaenderera mberi nokutaurwa achiti aifamba mudhorobha akaona motokari yerudzi rwe*BMW 645Ci*, inovhurika denga, iri muchimiro chakanakisa ichitengeswa; uye paakaiona, Ishe vakamuudza kuti yakanga iri motokari yaDrenda. Izvozvo zvakabata pfungwa dzangu, yaive motokari chaiyo-iyo yakange yanongedzerwa naDrenda!

Muchitsauko chechinomwe ndichakuudzai imwe nyaya yokugamuchira kwandakaita ndege chaiyo-iyo yandakanga ndadyarira kubva kunzvimbo isingatarisirwi zvachose uye kuti ndakawana sei mari yokuitenga nayo. Ndine nyaya dzisingaverengeki dzinoratidza mashandiro chaiwo anoita Humambo.

Ndinorangarira pandakapfura nondo yangu hombe yemapazi makumi maviri nematanhatu. Raiva zuva raidziya kwazvo romuna Mbudzi. Ndakarega nondo yakaturikwa zuva rose, uye zuva rakat-evera ndakaenda nayo kune munhu anochengetedza matehwe emhuka (*taxidermist*) kuti musoro wayo uitwe chiturikwa. Akatarisa mvere dzayo ndokuti, “Ndine hurombo; zvinoita sokunge kudziya kwokunze kwaparadza mvere. Handifunge kuti izvi zvichashanda, asi ndichazviedza ndione.” Zvino, ndakanga ndisiri kuda kuti nondo yomukombe iyi yandakanga ndakohwa nokutenda ikundikane kuturikwa kuhofisi yangu. Panguva iyoyo akabva apinda muhofisi kunотора fomu rokundiitira basa. Paakapinda muhofisi, ndakaisa ruoko rwangu panondo ndikataura kuti mvere dzacho dzakanga dzakanaka uye chiturikwa ichi chaizonyatsobuda zvakana. Zvisinei, ndakadzokera ikoko mushure memwedzi kuti ndinотора chiturikwa ichi, *taxidermist* akati, “Munoziva, ndakakuudzai kuti ndaifunga kuti mvere dzakanga dzaparara, asi chabuda zvakana. Mvere dzacho dzakanakisa.”

Ndinogona kuenderera ndichitaura izv kwenguva yakati rebeii, asi nyaya huru ndeyokuti imi murikuti kudi? Neshoko roga-roga, munenge muchiisa mutemo wemweya muzviito! Munogona kunge maisazviziva. Ndinoziva kuti neni ndaisazvizivawo, asi ichokwadi. Humambo hwacho hwakanyatsonanga. Regai ndikuudzei imweze nyaya, uye muchaona dzimwe nyaya dzakawanda muchikamu chasara chebhuku rino idzo dzicharatidza zvandiri kutaura. Sezvamunogona kuona, ini ndinofarira kwazvo kuzvijekesa.

Kuisa Mutemo Wemweya Muzviito

Yakanga iri nguva yeimwe yemisangano yevakadzi yaDrenda. Takanga tapa motokari yerudzi rwe*Cadillac Escalade* pasi pomuripo kuti ishandiswe kufambisa mueni muguta. Pakapera musangano uyu, yaizofanira kudzororwa mangwanani aitevera, saka ini naDrenda takasarudza kuiendesa kumba husiku ihwohwo kuti timboone mufambiro wayo. Takanga tisati tambotyaira motokari yerudzi urwu. Zvakanaka, sezvamungafunga, yaityairika zvakanaka. Mangwanani akatevera pataidzokera nayo kukereke, takanga tichi-kurukura uye takabvumirana kuti taizoda kuva neyedu. Yatakatyaira iyi yakanga iri pfupi uye yakanga iri yoruvara rwuchena rwakati dzimei zvishoma Tose tiri vaviri takabvumirana kuti taida mhando pfupi kupfuura yakareba, uye taida iri yoruvara rwuchena rwakati dzimei zvishoma.

Zvisinei, kwainge kwadarika mwedzi kana kuti kupfuura kubva pachiitiko ichocho pandakanga ndichibuda panze kuti nditore bepanhau rangu apo nharembozha yakachema, uye inzwi raive kune rimwe divi rakanga riri romumwe wevanopinda kereke yangu. Akangoti, “Ndinoda kukutengerai motokari

yerudzi rwe*Cadillac Escalade*. Munoda ruvara rwupi?” Ndakazviudzwa ndisingafungiri asi ndakati rwuchena rwakati dzimei zvishoma. Zvisinei ndakakanganwa kutaura kuti pfupi yacho. Mwedzi wakapera, ndikafunga kuti zvimwe akanga akakanganwa nezvemotokari, asi runhare rwakachema, akati aiva ava nayo. Naizvozvo takaenda kunosangana naye, uye akanga ane motokari yerudzi rwe*Escalade* yoruvara rwuchena rwakati dzimei zvishoma, pfupi. Patakange tosvika pairo, akataura zvinotevera, “Ndine hurombo kuti zvakatora nguva yakareba kudaro, asi handina kuwana irefu.” Chaisaziva ndechokuti taisada irefu. Akafarira irefu akafunga kuti ndiyo yataizoda, asi ipfupi ndiyo yaaigona kuwana. Zvakare, yaiva motokari yakakwana, chairo yatakanga tabvumirana kuva nayo.

Muenzaniso unoshamisa wandakaona mubhizimusi wakaitika mumakore mashoma apfuura. Mungave muchiziva kana kusaziva, ndichiri muridzi wekambani yezvemari. Ndisati ndatanga hufundisi makore makumi maviri nemashanu apfuura, ndaive nehofisi yaive pokutanga pamahofisi zviuru zvishanu omumwe wevatengesi vangu. Pandakatanga kereke yangu, ndakaziva kuti ndaizova ndakabatikana zvikuru uye ndakafunga kuti ndaisazokwanisa kuchengeta nzvimbo iyoyo yokutanga, iyo yandisinazve kuzokwanisa kuchengeta. Mubhizimusi rangu, vatengesi vedu vanopa nzendo semibairo kuvatengesi vavo pabasa rinenge raitwa gore iroro senzira yekurudziro

Mumwe mutengesi wandakashandisa aipa mahofisi avo gumi epamusoro zviuru zana zvemadhora mumabhonasi pagungano ravo repagore kuna ani nani aita huwandu hunopfuura mamiriyoni emadhora gumi. Vaibhadharirawo munhu wose aive akaita mari

inopfuura mamiriyoni matatu emadhora rwendo rwakanaka zvikuru rwokuenda kukokorodzano yepa gore. Ndaiwanzoita mari yaisvika mamiriyoni mana emadhora gore roga-roga nekambani iyi, saka ndaizowana rwendo rwemahara, uye ndaizofanira kugara pasi ndichivaona vachipa macheki ezviuru zana zvemadhora kune gumi vepamusoro gore negore. Ndakaita izvi kwemakore gumi nemasere! Ndizvozvo, kwemakore gumi nemasere. Handina kumbofunga kuti ndaigona kusvika padanho iroro ndiri pabasa rokufudza kereke, naizvozvo handina kutongoisa kutenda kwangu kwazviri.

Asi rimwe gore pandakanga ndakagara pakokorodzano ndichiona gumi vepamusoro vachiwana macheki avo ezviuru zana zvemadhora, Ishe vakataura kwandiri ndokuti, “Neiko usiri kumusoro uko?” Ndisati ndapindura, Vakati, “Ndiri kukuda kumusoro uko. Ndinoda kuti zita Rangu rionekwe pano.” Zvakanaka, anga atova Kurume, uye sezvandakataura, kwemakore gumi nemasere apfuura tanga tichiitira kambani iyi mamiriyoni mana emadhora pagore. Mumuzvarirwo, handina kuona nzira ipi zvayo yokuita nayo mari yaidikanwa iyi, asi ndakanyengerera pamusoro pazvo, uye Drenda neni takadyara mbeu yedu kuti tisvike pamamiriyoni gumi emadhora aidikanwa. Ishe vakandiratidza shanduro yandaigona kuita pamafambisirwo aiiwa mibvunzo yevatengi nekambani yangu, izvo zvakapa mutsauko mukuru. Zvakanaka, kuti tipfupise nyaya, takapinda muboka regumi vepamusoro tikawana cheki yemadhora zviuru zana. Asi hechino chikamu chandinoda kugoverana nemi. Takazviita nokungotengesa kamwe chete!

Gore rakatevera, kambani yakawedzera mari yaifanira kusvikwa kuenda pamamiriyoni gumi nemaviri kuti munhu agone kuwana cheki yemadhora zviuru zana. Saka takadyara mbeu yedu, uye takabudirirawo gore iroro. Asi sokufungidzira kwamungaite;

takazviita nokutengesa kamwe chete. Mumakore maviri akatevera, chirongwa chacho chakamiswa. Asi mugore rapfuura, muna 2019, vakazvitanga zvakare padanho remamiriyoni gumi emadhora. Takadyara mbeu yedu uye tikapindazve mune vegumi vepamusoro; uye mabva mangozviziva. Zvakare, takazviita nokutengesa kamwe chete. Akanga ari masanga here kuti tizviite gore roga-roga nokutengesa kamwe chete? Kwete, taidyara kuti tisvike pahuwandu hwokuti tipinde padanho recheki iyoyo yeziuru zana zvemadhora. Uye ndizvo chaizvo zvatakaita. Taida kuti zviitike nechiiitiko chimwe chete here? Kwete, handizvo. Kwegore rose taizviita nokukasikidza uye taisaziva kuti zvinhu zvaizobuda zvakaita sei kusvika pazuva rokupedzisira remwedzi. Zvakare, uyu mufananidzo unoshamisa unobuditsa mashandiro anoita zvinhu.

Kukosha Kwokupa Murairo

PaMusangano weZvikwanisiro wegore rino, Mwari vakataura neni vakandiudza kuti ndidzidzise vanhu zvatakanga tadzidza naDrenda pamusoro pokupa murairo. Izvi ndizvo chaizvo zvazvaidanwa naMweya Mutsvene, kuraira. Saka ndakatora nguva ndichidzidzisa pamusoro pezviri mumutsara uyu sezvo ndichiziva kuti vanhu vazhinji havazive zvakawanda pamusoro pemaitirwo azvo. Maererano neduramazwi, rairo chirevo chepamutemo kana chine rairidzo. Cherechedzai kuti hapana kunzi kukumbira kuitirwa ngoni, kupa rairo mukusiririsa. Kwete, murairidzo wakataurwa nemasimba! Zvino ngatiendererei mberi. Kana ndiri kupa murairo pakunyengetera, ndiani anohuita? Hongu, pane anohuita; ngationei kuti ndiani.

Jesu akapindura akati, “Ivai nokutenda muna Mwari. Ndinokuudzai chokwadi, kana munhu akati kugomo iri, ‘Enda, uzvikande mugungwa,’ uye asingakahadziki nazvo mumoyo make, asi achitenda kuti zvaareva zvichaitika, achazviitirwa. Naizvozvo ndinoti kwamuri, zvose zvamunokumbira mukunyengerera, tendai kuti mazvigamuchira, uye zvichava zvenyu.

—Mako 11:22-24

Pane zvinhu zviviri mundima iyi zvandiri kuda kuburitsa. Cherechedzai kuti inoti, “Kana munhu akati.” Apa tinoona zvatakanga tawana ini naDrenda. Mashoko edu anosunungura denga pano panyika. Chechipiri, ndinoda kutarisa pachikamu ichi chendima iyi.

“...uye asingakahadziki nazvo mumoyo make, asi achitenda kuti zvaareva zvichaitika, achazviitirwa.”

Cherechedzai kuti inoti, “Achazviitirwa!” Kwete nokuda kwaMwari, asi nokuda kwavo, avo vari kutaura pasi pano.

E-ee! Imbomirai kuita zvose zvamuri kuita. Munofanirwa kufunga nezvazvo kwenguva diki-diki! Ngazvinyure mamuri; izvi zviru kutaura pamusoro pezvenyu.

Saka ndiani anovaitira? Ngatitarisei pana VaHebheru 1:14 kuti tizive.

Ko, vatumwa vose havasi mweya inoshumira yakatumwa kuzobatsira vaya vachadya nhaka yoruponeso here?

Cherechedzai kuti kune mazwi maviri akasiyana anotsanangura vatumwa pano, kushumira uye kubatsira. Kushumira zvinoreva kuitira mumwe munhu mabasa, uye pano munhu uyu ndimi. Gurukota rehurumende mukuru wehurumende akapihwa basa rokutungamirira chikamu chemabasa ehurumende. Kuti titsanangure kuti mutumwa chii, mumiriri wedare rokudenga ane mvumo yokumiririra Humambo hwaMwari panzvimbo yenyu! Ndapota zivai izvi, hatigoni kutonga vatumwa sezvo vasingauyi komira pamberi pedu, asi tinogona kukumbira dare rokudenga pane zvatinoda, uye ivo vachatumurwa kwatiri. Zvinofadza chose!

“Ndinofanira kutaura chimwe chinhu? Ndaisazviziva.” Izvi zvinotsanangura chidzidzo chandakadzidziswa naMwari munyaya inotevera.

Mugore iri, ndakanga ndadyara mbeu yangu yokuti ndive nenondo hono duku. Pakaitika nyaya iyi, ndakanga ndine chivimbo chikuru chokugamuchira nondo yangu. Saka ndakabuda ndichitarisira, semazuva ose, kuti munguva pfupi ndaizova nehono duku yangu. Ndakagara zvangu mumuti mangu chaimo ndikaona hono duku ichifamba nomusango asi yakanga iri kure kuti ndiipfure nouta. Ndakaedza kuiudza kuti iuye kwandiri, asi hapana zvakaitika. Hapana chimwe chinhu chandakaona mangwanani ose. Ndakabuda mangwana acho mangwanani asi handina kana kuona nondo. Panguva iyi, ndakaziva kuti paive nechinhu chakanga chisina kumira zvakanaka.

Pazuva rechipiri iri pandakanga ndichifamba kubva musango, ndakatanga kunyengetera muMweya Mutsvene kuti ndiwane mhinduro. Nokukurumidza, Mweya Mutsvene akandiratidza zvakanga zvakaipa. Pandakadyarira nondo dzangu, ndakanga

ndangonyora pacheki yangu yembeu, ndokuiisa muhamvuropu, ndokuitumira. Ndakande ndisina kuisa maoko angu pacheki iyi ndokutaura pamusoro payo sezvandaISOITA. Ipapo Mweya Mutsvene akandiyechidza nezvenyaya iyo Jesu akawanza zvingwa nehove ndokuraidza kuti Jesu akazviropafadza zvisati zvawanda. Ndinorangarira ndichifunga, *Ndizvo zvandinofanira kuita? Zvino, munguva yakapfuura ndakanga ndichigaroisa maoko angu pahamvuropu iyoyo ndotaura pamusoro payo, asi zuva randakatumira hamvuropu iya mugore iroto ndakanga ndakabatikana zvikuru ndokukanganwa. Ndakafunga kuti kungodyara mbeu yangu ndiko kwaiunza nondo pasi pesimba roHumambo.*

Zvisinei, ndakanga ndichida chose kugadziridza chikanganiso changu ndokuedza zvitsva zvandainzwisisa nezvoHumambo kuti ndione kana zvandaiita zvaive zvirizvo. Nokudaro, ndakadyara mbeu yangu zvakare kuti ndiwane nondo hono duku, asi panguva ino, ndaive nechokwadi chokutaura pamusoro payo pandaiidya. Regai ndikupei muenzaniso wezvandinotaura pandinotaura pamusoro payo. “Baba, nhasi ndagamuchira nondo hono duku muzita raJesu pandinodyara mbeu iyi. Ndinozviti zvaitwa maererano naMako 11:24, uye ndinokutendai nazvo. Mweya Mutsvene, unzai nondo hono duku munzvimbo yakanaka inoita kuti ndigone kuipfura, nomuzita raJesu. Amen. Sezvamuri kuona, hapana chinoshamisira, asi handisi kukumbira kana kutetererera nondo iyi. Ndinopupura, ndichizivisa chikumbiro changu. Munhu ari kumberi muchiuto haafaniri kukumbira zvombo; anongoisa murairo. Mune mamwe mashoko, ivo vatove nemvumo yepamutemo kune chero chavanoda, hapana chikonzero chokukumbira, anongoti, “Nditambidzei zvombo.”

Zvakanaka, mangwanani akatevera ndakanga ndiri kumuti

wangu kusati kwachena, uye apo sango rakatanga kuchena, ndakaona nondo yaiva yoga ichiuya nekwandaive. Kwainge kwasviba kuti ndiipfure asi ndakaona nondo ichiuya yakananga kumuti wangu. Payakasvika pamuti wangu, yakamira, uye kwemaminiti gumi nemashanu akatevera, yakafamba zvishoma nezvishoma ichipoterera muti wangu. Kuti ndizvirerutse, regai ndingoti ndakashamisika. Nondo yakangogara mukati memayard makumi maviri emuti wangu ndokungoupoterera zvishoma nezvishoma.

Sezvo chiedza chaiva musango chajeka zvishoma nezvishoma, ndakaona kuti yakanga isiri nondo hono ine nyanga. Pachokwadi, yaiita sehadzi sezvo ndaisakwanisa kuona twunyanga mumusoro wayo. Kwakanga kusati kwanyatsochena asi kwakanga kwachichena zvaive pamutemo kupfura sezvo Ohio ine nguva yepamutemo yokupfura mangwanani. Ndakatadza kuziva kana yaive hono duku kana kuti kwete, sezvandakataura, asi ndaizivawo kuti nguva zhinji, twunyanga twudiki twadzo twunongori pasi pemvere. Ndakaona kuti nemaitiro anoshamisa akanga aita nondo, yaive yangu chete; ndakabva ndaipfura nondo ndokuwa. Pandakasvika pedyo nenondo, ndakafara kuona twunyanga twudiki ndikaona zvechokwadi kuti yaiva hono duku yangu. Ndakaisiya yakarara payaive yadonhera sezvo ndakaona kuti ndakanga ndakanganwa kuuya nebanga rangu, ndakabva ndafamba ndichidzokera mumba kunoritora.

Pandakadzokera kunondo ndakaona Tim achifamba achiuya kwandaive. Akabvunza kana paive nechandakanga ndaona, uye ndakatsanangura zviitiko zvemangwanani. Pataifamba kuenda paive parere nondo, akabva atoti hapana kana nondo yaainge aona mumazuva matatu aakanga abuda. Tim akanga aenda neni mazuva ose ari matatu, uye zvino sezvaakataura kudaro, ndakaziva kuti dambudziko rakanga riri rei. Ndakarangarira zuva raakauya

nokubasa kwangu ndokunditambidza cheki yembeu yenondo yaaidyara kukereke. Ndakarangarira kuti haana kutaura pamusoro pembeu yakewo. Ndakatora nguva ndokutsanangura zvandakanga ndaratidzwa naMwari maererano nokutaura pamusoro pembeu panguva yainenge ichidyarwa.

Manheru iwayo, ini naTim takanga tine bhizimusi rokuita muColumbus, uye pataizodzokera kumba, taizopfuura nepakereke chaipo. Tim akabvunza kana aigona kudyara mbeu yake zvakare, panguva ino achitaura pamusoro payo sezvaaisunungura. Pataive tigere muhofisi yangu, akagadzira mbeu yake, uye pamusoro payo ndakaona achidyarira nondo hono ine mapazi matanhatu. Ndakafunga kuti uku kwaive kutaura kwakashinga uye kwakananga.

Zvino, mangwanani akatevera, Tim akaenda kumuti mumwechetewo wandakanga ndashandisa zuro wacho. Akasangana nezvandakanga ndasangana nazvo zuro wacho. Kusati kwaedza, nondo hono yakabva yangouya pamuti uyu ndokungofamba-famba ichiupoterera kusvika chiedza chokupfura chavapo. Tim akaipfura ndokunzwa kuti akanga apfura zvakanaka kwazvo. Sezvineiwo, nondo yacho haina kuonekwa, uye kunyange zvazvo takaitsvaga kwemaawa maviri, hatina kukwanisa kuiwana. Nenzira inoshamisa, zuva rati fambei, shamwari yedu inogara chinenge chikamu chimwe muzvina chemaira kubva kwatiri, yakatiudza kuti muvakidzani wayo akanga amuka mangwanani iwayo ndokuwana munzira yepamba pake nondo yemapazi matanhatu yakafa. Nondo yaive nomuseve mairi. Imba yomuvakidzani uyu yaive munzira chaiyo yaibva kusango redu uko kwainge kwamhanyira nondo. Shamwari yangu yakatiudza kuti muvakidzani wake, asingazivi kuti ndiani akanga apfura nondo, akavhiya nondo iyi pachake mangwanani iwayo. Inyaya yokupenga ndinozviziva, asi chakava chidzidzo.

Pamunosunungura mbeu yenyu, taurai pamusoro payo, sezvakaita Jesu.

Gara zviya, Tim akadyara mbeu patsva uye akabuda kunotora nondo yake muvhiki raitevera.

Pamunotaura, Natsai Kutaura Zvakananga

Ndinoziva kuti nondo yemapazi matanhatu yakanyatsonanga, asi sezvatakanga tichiona, Humambo hwacho hunonyatsonangawo! Somuenzaniso, fungai pamusoro pezvisikwa.

Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika izvo zvisingazivikanwi zvaMwari—iro simba rake rinogara nokusingaperi nouMwari hwake—zvakanyatsoonekwa kwazvo, zvichizivikanwa kubva pazvinhu zvakaitwa, kuitira kuti vanhu varege kuva nepembedzo.

—VaRoma 1:20

Bhaibheri rinotaura kuti izvo zvisingazivikanwi zvaMwari zvinoonekwa kubva pazvinhu zvakaitwa. Nokudaro regai ndikubvunzei mubvunzo, “Zvisikwa zvine rondedzero yakajeka yadadii?” Zvine rondedzero yakajeka zvakanyanza! Kana ndikakuudzai kuti ndichatenga motokari, mubvunzo wenyu kwandiri unotevera waizova wokuti, “Motokari yemhandoi?” ndizvoka? Hamugoni kuona motokari mupfungwa dzenyu kana ndangoti motokari. Munoono “motokari” semotokari yakanyatsonanga, ingava yerudzi rweFord kana Chevy, imwe mhando yemotokari ine rumwe ruvara. Kungoti motokari hakupi mufananidzo mupfungwa: panogaro va nemotokari chaiyo yakananga. Izvi ndizvo zvamunofanira kuitawo muhupenyu hwenyu hwokunamata.

Makamboveenga gwaro repamutemo here? Ndine chokwadi chokuti makambo. Magwaro aya akanyatsoronderedzerwa. Zvino, izvo zvamunosunungura nemazwi enyu zvinovawo sokutaura kwamunozviita kunyange imi musingade kuti zvine saizvozvo. Tarisai kuti Jesu aishumira sei. Ainzwisisa kukosha kwemashoko.

Akati aburuka kubva mugomo, vanhu vazhinji vakamutevera. Mumwe murume aiva namaperembudzi akauya akasvikopfugama paari akati, "Ishe, kana muchida, munogona kundinatsa."

Jesu akatambanudza ruoko rwake akabata murume uya akati, "Ndinoda. Chinatswa!" Pakarepo akabva aporeswa maperembudzi ake.

—Mateo 8:1-3

Ona kuti hapana chakaitika kutozosvikira Jesu ati, "Chinatswa!"

Akati asvika mhiri kunyika yavaGadhara, akasangana navarume vaviri vakanga vakabatwa namadhimoni. Varume ava vaiva nehasha zvokuti hapana munhu aigona kupfuura naikoko. Vakadanidzira vachiti, "Munodeiko kwatiri, Mwanakomana waMwari? Mauya kuzotirwadzisa here iyo nguva yakatarwa isati yasvika?"

Nechokure navo, kwakanga kune boka guru renguruve rakanga richifura. Madhimoni akakumbirisa Jesu achiti, "Kana mukatidzinga, titumirei muboka renguruve."

Akati kwaari, “Endai!” Ipapo akabuda akandopinda munguruve, uye boka rose rakambanya richidzika kumawere amahombekombe rikasvikowira mugungwa dzichibva dzafira mumvura.

—Mateo 8:28-32

Ndapota onai kuti dhimoni racho rakanga richitaura naJesu uye rakanga risiri kutiza! Vaitova vachiita hurukuro chaiyo! Dhimoni rakazobuda apo Jesu akati, “Endai!” Ndimi muri kutonga, mune makiyi, asi munofanira kutaura! Taurai chimwe chinhu. Zvakare, Humambo humambo hwemitemo hune hurongwa hwezvigaro zvemasimba chaizvo. Mashoko enyu ane basa!

Tisati taenderera mberi, ngationgororei zvatadzidza. Jesu paakapafadza zvingwa nehove, zvakave mune humwe humambo.

Uye saJesu, munoda kupa mbeu yenyu murairo pamunois-unungura. Chii chamuri kutarisira

kuona kana masunungura mbeu yenyu? Mbeu yose ine mufananidzo wakabatanidzwa pairi. Chipikirwa chose chinotakura mufananidzo nacho zvakare. Tichazotaura nezvazvo nokufamba kwenguva, asi mubvunzo unotevera wandinoda kugadzirisa ndewekwamunofanira kudyara mbeu yenyu.

**NDIMI MURI KUTONGA,
MUNE MAKIYI, ASI
MUNOFANIRA KUTAURA!**

Ndekupi Kwamunofanira Kudyara Mbeu Yenyu?

Kutanga kwazvose, muchada kudyara mubasa raMwari munzvimbo yepasi. Ndokumbira kuti mutarise kuti handisi kutaura rupo rwamunogarova narwo kune avo vanoshaya.

Uyo anonzwira varombo tsitsi anopa kuna Jehovha, uye achamupa mubairo wezvaakaita.

—Zvirevo 19:17 (NASB)

Ichokwadi kuti kana muchipa, Mwari vachakupai mubairo!

Rangarirai chinhu ichi: Ani naani anodyara zvishoma achakohwawo zvishoma, uye ani naani anodyara zvizhinji achakohwawo zvizhinji. Munhu mumwe nomumwe ngaape sezvaakafunga mumoyo make kuti ape, kwete kupa achitsutsumwa kana kuti achimanikidzwa, nokuti Mwari anoda munhu anopa nomufaro. Uye Mwari anogona kuita kuti nyasha dziwande kwamuri, kuitira kuti muzvinhu zvose, panguva dzose, muine zvose zvamunoda, muchakwanisa kuita mabasa ose akanaka. Sezvazvakanyorwa zvichinzi:

Akaparadzira zvipo zvake kuvarombo; kururama kwake kunogara nokusingaperi.

Zvino iye anopa mbeu kumudyari nechingwa chokudya achakupaiwo uye achakupaiwo mbeu zhinji mudura renyu uye agokupaiwo kukohwa kukuru kwokururama kwenyu. Muchapfumiswa pane zvose kuti mugogona kupa panguva dzose, uye kubudikidza nesu kupa kwenyu kuchaita kuti Mwari avongwe.

Ushumiri uhu hwamunoita, hahusi hwokungopa vanhu vaMwari zvanoshayiwa bedzi, asi kuti huri kufashukirawo mukuvonga kuzhinji kuna Mwari. Nokuda kwoushumiri uhwo hwamakazviratidza nahwo, vanhu vacharumbidza Mwari

nokuda kwokuteerera kwenyu kunoenderana nokupupura kwenyu vhangeri raKristu, uye nokuda kwokugoverana kwenyu navo zvizhinji uye navamwe vose. Uye muminyengetero yavo pamusoro penyu mwoyo yavo ichakushuvai, nokuda kwenyasha huru kwazvo dzamakapiwa naMwari. Mwari ngaavongwe nokuda kwechipo chake chisingagoni kuronedzerwa!

—2 VaKorinde 9:6-15

Zviri pachena kuti Mwari vanopa mubayiro kuna vana vane rupe. Asi mhando yokupa yandiri kutaura nezvayo **ndeyokupa kwakanangidzirwa** kuti muwane **goho rakanangidzirwa**. Rangarirai, mumhando yokupa yandiri kutaura nezvayo ndiri kutumidza mbeu yangu. Kuva nerupo chiito chetsitsi, uye ini kazhinji handitumidzi kupa kwangu kwerupo zita, asi panzvimbo pazvo, ndinotaura zvatichangobva kuverenga muna 2 VaKorinde 9, kuti Mwari vachandipa mbeu kuti ndive nerupo uye kuti sezvandinoramba ndichipa, vachawedzera pfuma yangu kuti ndiwedzere kupa kwangu.

Kupa Kwakanangidzirwa

Ndataura kuti pandinodyara, ndinopinda mune kwandinoti kupa kwakanangidzirwa. Zvakare, kupa uku kune goho rakanangidzirwa. Izvi ndizvo chaizvo zvakaitwa naJesu muna Mako chitsauko 6. Akanga akatarisana nechinhu chinodikanwa chaicho uye aida mhinduro yakananga. Aida zvokudya kuti ape kuvanhu zviuru makumi maviri ivavo, saka aida mbeu chaiyo yokushanda nayo. Zvino kunaye, akanga asiri kudyara mbeu; Akanga ari kugamuchira mbeu. Uye uku kwanga kusiri kupa kwekuzvidira, uko kunonzi ipai mupiro wamunoda. Aifanira kuwana munhu aizodyara mbeu

chaiyo kuti iwande mumaoko aMwari. Ndokusaka akati, “Endai munoono kuti zvingwa zvingani zvamunazvo.” Zvingwa nehove ndizvo zvaaida panguva iyoyo, kwete huni kana kuti nguo asi, nyanyire, zvingwa nehove.

Ivai nechokwadi chokuti kana muchidyara, munenge muchipa murairo iwoyo kuti ugowanisa zvamunenge muchida chaizvo. Apo pandinenge ndichida chimwe chinhu chakananga, ndinowanzopa mumapiro iwaya, ndichive ndakajeka mune zvandinoda, ndichitumidza mbeu yangu pandinenge ndichiidyara. Pandinopa, ndinowanzopa necheki kana kushandisa masaisai epamhepo, saka kana ndikapa necheki ndinonyatsonyora pairi. Kana kuti kana ndiri kupa ndichishandisa masaisai epamhepo, ndinonyora pasi zvandakapa kuti ndichengete zvose zvandaita, murairo wandakapa pandakapa, uye zuva nenguva yandakapa. Rangarirai, hamusi kutarisira kugamuchira izvo zvamakanyengeterera kana zvamakapupura mune rimwe ramazuva; munogamuchira zvinhu izvozvo panguva chaiyo yamunonyengetera!

Naizvozvo ndinoti kwamuri, zvose zvamunokumbira mukunyengetera, tendai kuti mazvigamuchira, uye zvichava zvenyu.

—Mako 11:24

Zvino, kupa kwakanangidzirwa uku kunodyarwa mubasa roHumambo, chiri chimwe chinhu icho Mwari vanenge vachiita munzvimbo yepasi. Zvinovanzova mukereke iyo Mwari vanenge vakapa mumwe murume kana kuti mukadzi basa rohushumiri rinenge richitsvagirwa mari. Zvakare, izvi zvakasiyana nokubatsira varombo kana vanoshaya uko kwagara kunoitwa, uko kunongovawo

hurongwa hwaMwari, hongu, uye Mwari vakajeka kwazvo pamubairo werudzi urwu rwokupa. Tiri kutaura nezvokupa kwakanangidzirwa. Zvamazvirokwazvo, rudzi rwokupa urwu munogona kurwudyara mukereke yekwamunogara, uye, kutaura zvazviri, kupa kwakanangidzirwa uku kunofanirwa kupihwa kukereke yomunzvimbo menyu.

Tichitaura nezvekereke yomunzvimbo menyu, chegumi chenyu chinobvisirwa kukereke yomunzvimbo yenyu zvakare. Ndine vanhu vazhinji vanondikumbira kana vachikwanisa kubvisa chegumi chavo kukereke yedu kana vari chikamu chekereke yedu yepamhepo. Ndinovaudza kuti, “Chokwadi munogona.” Asi ndinovakurudzirawo kuti vawane kereke huru yomunharaunda mavo yokuiendesa. Asi kana kereke yedu iri kereke huru yomunzvimbo mavo, saka hongu, vanogona kupa chegumi kwatiri. Zvisinei, somufundisi, ndinoziva kuti vanhu vanokura nokukurumidza uye vanova vakasimba pavanenge vari nhengo yekereke yakanaka yomunzvimbo mavo. Nokune rimwe divi, kuva nhengo yekereke inodzidzisa kukahadzika nokusatenda haisi kereke yamungada kutsigira kana kupinda.

Saka nezvokudyara mubasa raMwari, munoda kudyara muchibvumirano, muine mumwe munhu kana kuti hushumiri hunonzwisisa nezvokutenda uye hunoziva zvinoreva chibvumirano. Chenjererai vanhu vanoti, “Mukasadyara tichapindana nematambudziko mazhinji.” Chirevo ichi hachina kutenda machiri. Bhaibheri rakajeka zvikuru parinotaura kuti hatifanire kudyara tichisundwa nokugombederwa. Murandarume kana kuti murandakadzi waMwari akakuitai kuti munzwe kuva nemhosva kana mukasadyara, kana kuti kana vachinge vari kukumanikidzai kuti mudaro, zviri nani kungobatirira pamari yenyu. Kutenda hakudi kusundidzirwa.

Kana muchida kudyara asi musiri kuziva munzvimbo yokudyarira, bva dyarai mubasa ramunonzwa kuti rakaratidza zvizereko uye rinodzidzisa kutenda mune izvo Mwari vanotaura. Musambodyara mukereke inoti Mwari vanouraya vanhu kana kuvapa gomarara kuti vadzidzise chimwe chinhu kana zvimwe zvinhu zvisina maturo zvakadaro. Asi dyarai muhushumiri hunodzidzisa Shoko raMwari.

Zvino, rangarirai kupupura kana kutaura pamusoro pembeu yenyu pamunenge moidyara. Ini naDrenda taita izvi kubva pandakarairwa naShe kuti ndingawana sei nondo yangu mugore rokutanga. Hongu, pane gore randakataura nezvaro muchitsauko chino randisina kutaura pamusoro pembeu yangu, uye munoziva mhedziso yakavepo. Taigara tichitaura pamusoro pembeu yedu kwemakore tisinganyatsofunga nezvazvo kana kuziva kuti chaive chikamu chakakosha chokudyara. Ndaifunga kuti kungopa chete ndiko kwaingodiwa kuti kuunze kupa kwangu pasi pesimba roHumambo, uye kutaura zvazviri, ndizvo zvazvinova. Asi kana pasina rairo yakajeka, hapana kwakanangidzirwa, hapana goho chairo; uye kana musingazivi zvakaita goho racho, muchapotsawo mwaka wokukohwa.

Ndakadzidza zvidzidzo zvakanwanda kubudikidza nokuvhima nondo, uye sezvatinopedzisa chitsauko chino pamusoro pokusunungura kutenda kwenyu, ndaida kuwedzera imwe nyaya.

Akanga achingova makore mashomanane pashure pokunge ndadzidza nzira yokuvhima nayo nokutenda apo nokuda kwechimwe chikonzero, ndakasarudza kuti ndaisazodyara mbeu gore iroro. Handina kuudza mudzimai wangu nezvazvo; Handina hangu kumbotaura naye nezvokudyara kana nezvokunyengereta nezvenondo sezvo nguva yepfuti yakanga yava kusvika. Ndakanga ndakohwa nondo dzine nyaya dzinoshamisa makore maviri akanga

apfuura kubudikidza nezvandakanga ndadzidziswa naMwari, asi ndinofungidzira kuti zvose zvaiva zvitsva kwandiri; uye panguva iyoyo ndaingonzwa sokuti ndakanga ndiine chivimbo chokubata nondo uye ndaisafanira kuita chiito chokusunungura kutenda kwangu. Zvisinei, munogona kufungidzira zvakaitika.

Mangwanani okuvhura mwaka uyu, ndinofunga kuti ndakaona nondo hono yaiva chinhambwe chemayard mazana matatu kubva kwandaive ichimhanya, uye ndipo pazvakabva zvagumira. Hakuna chakabudawo mukuvhima kwemanheru. Ndichingopinda mumba angori maoko musu wakavhurwa mwaka uyu, ndakarondedzera kuna Drenda, uyo aive neshamwari yake mumba, kuti zvinhu zvaive zvisina kumira zvakanaka pakuvhima nondo. Ndakamuudza kuti ndakanga ndisina kutevedza mirairo yandakanga ndapihwa naMwari maererano nokutora nondo yangu. Drenda akabva ati, “Ndanga ndichinetsekana nazvo pawabuda.” Bva, ndakabvuma chikanganiso changu ndokuvakumbira kana vaizonyengetera neni pamusoro pazvo. Ndakanyora cheki sembeu yangu yenondo, ndisinei nokuti ihadzi here kana kuti ihono. Tose takaisa maoko edu pairi, tikanyengetera, uye tikagashira nondo iya nokutenda.

Zuva rakatevera handina kukwanisa kubuda mangwanani, nokudaro, ndaizobuda manheru. Ndakanga ndichitarisa muti mukuru womu*maple* panzvimbo yandaifunga kuti ndaizomira zvakanaka, nokudaro, ndiko kwandakananga. Akanga ari manheru anodziya zvikuru omuna Zvita, uye kana ndichirangarira zvakanaka, kwaisvika madhigirii makumi manomwe, uye kwaiva nemhepo yakanyanya. Tangopinda mumaminiti mashoma munguva yemanheru yokuvhima, hadzi huru yakabuda musango ikafamba ichienda kusango rakanga riri seri kwomuti womu*maple*. Nondo yakanga yakamira nedivi pamberi pangu, ichindipa mukana

wakanaka wokuipfura. Pandakayera zvinhu, ndakaona kuti nondo iyi yaive chinhambwe chaigona kuita *mayard* makumi manomwe nemashanu kubva kwandaive, uye ndakange ndisinganyatsozive nezvekure kwayaive sezvo ndaishandisa mhando yepfuti *yesmooth bore 12-gauge*. Asi ndakanyatsonangidzira kwairi ndakachenjerera, uye nondo yakabva yawa pandakaipfura. Imika, mati mufaro iwoyo wandakava nawo nokuda kwayo. Ndakasimuka kuenda kumba kusati kwasviba, uye shamwari yaDrenda yakange yauiyazve kumba kwedu; tose takafarira mitemo yoHumambo nepo panguva imwecheteyo ndainzwa kuti ndakanga ndadzidza chidzidzo.

Muchitsauko chino taongorora musimbotti wechipiri wokugamuchira kubva kuHumambo:

Danho #2: Kusunungura Mbeu Yenyu muHumambo hwaMwari

Tadzidza kuti patinodyara mbeu yedu kuita basa roHumambo, inova mune humwe humambo. Takaongororawo mabudisiro atinoita mbeu yedu, nemashoko uye nerairo. Hezvino zvimwe zvishoma zvatataura zvatinoda kugara nazvo patinenge tichien-derera mberi.

1. Tinogona kutumidza mari zita.
2. Tinogona kudyarira chimwe chinhu chatinenge tichinyatsoda.
3. Hatingatumidzi chegumi.
4. Kupa haisi nzira; kunofanira kuitwa nokutenda.
5. Kupa kwakananga kune goho rakananga.

Tinosunungura mbeu yedu nemashoko.

CHITSAUKO 6

KUTENDA

NDICHO CHINHU CHIKURU

Makore mashoma mushure mokunge tatanga kereke yedu, ndakanga ndichityaira ndichidzokera kumba uye ndakanga ndava kuda kusvika munzira yepapurazi rekare pandakaona mwenje yemapurisa yaipenya mberi kwangu. Hapana chitsva, ndakafungidzira kuti kuda paive nomumwe munhu akanga amiswa nechikonzero chokumhanya zvakapfurikidza. Pandakange ndofamba zvishoma nezvishoma ndakaona motokari yaive pamberi yemapurisa ichipinda mumugwagwa zvishoma nezvishoma. Pandakasvika pamotokari yemapurisa ndichidzika zvishoma nezvishoma kuti ndiipfuure, chimwe chinhu chakandibata. Padiivi pomugwagwa paive nenondo hono yakanaka yemapazi masere. Ndakabva ndangoziva zvainge zvaitika. Nondo yakanga yadhumwa nemotokari yandakaona yosimuka.

Ndakamira ndati darikei nondo zvishoma ndichibva ndafamba ndichidzokera kumotokari yemapurisa ndokubvunza mupurisa uya kuti vakanga vachaitei nayo. Sezvo nzira yokupinda nayo nemotokari yepamba pangu yaingova chinhambwe chemayard

anenge mazana mana kubva pataive, uye ndaive nevana vokupa zvokudya, ndakafunga kuti ndaizovakumbira kana ndaigona hangu kuitora. Mupurisa airatidza kurerukirwa kuti aive ava nemunhu aiida. Akanyora zita nekero yangu pasi ndokundipa bepa rokuti ndatora nondo.

Tisati taonekana, akandiudza kuti nondo dzaigara dzichidhumwa nemotokari, uye kana ndaida, aizonyora zita rangu pavanhu vokuzobata parunhare kana vakazenge vaine nondo inenge yadhuma nemotokari isina ataura kuti ndeyake. Ndakafunga kuti zvainzwa zvakanaka. Akanga ari kutanga kwaMatsutso, uye ndakanga ndisati ndatanga kuenda kunovhima. Izvi zvakaitika ndisati ndatanga kunovhima neuta, uye mwaka wepfuti waive usati wasvika, waizotanga vhiki rokutanga raZvita, saka ndakafunga kuti kuva nenyama yemhuka kungave kwakanaka. Hazvina kumbotora nguva refu ndisati ndabatwa parunhare nebazi remapurisa nezveimwe nondo. Saka mwaka wepfuti usati watanga, ndakanga ndatovhiya nondo ina kana shanu. Handichayeuki kuti dzaive ngani, asi ndinoziva kuti dzanga dziri ina. Nyaya huru pano ndeyokuti mafiriji angu akanga atozara pakavhurwa mwaka wepfuti.

Sezvineiwo, mumwaka wepfuti, Drenda aizove kunze kweguta kwevhiki rose. Handichayeuki kuti aifambira dzeyi, asi ndinoziva kuti zvakanga zvisina kujairika kuti tiparadzane uye zviru zvevhiki rose. Saka handina kunyengetera naye pamusoro pokuvhima nondo, uye handina kana kudyara mbeu. Ndonga ndaive nepfungwa dzokuti ndanga ndisina basa nokuwana nondo sezvo mufiriji yangu mainge muzere nenyama. Asi ini ndakabuda; munogona kuva nechokwadi nazvo. Kutu ndipfupise nyaya, ndaibuda vhiki rose panguva yepfuti uye handina kana kumbopfura kana imwe zvayo. Drenda paakazodzoka kumba akandiyeuchidza zvandakanga

ndadzidziswa naMwari maererano nokudyara mbeu yedu uye nokunyengerera pamwe chete kuti tigamuchire nondo dzedu.

Zvino, gore rakatevera parakasvika, uye panguva ino, ndakanga ndisirira kuzokanganisa sezvandakamboita. Kunyange zvazvo takava nebazi remapurisa raitichaira runhare kanoverengeka maererano nenondo dzaidhumwa nemotokari, ndinofunga kuti ndakangotora imwe chete yadzo sezvo ndakanga ndichironga kuzotora dzakawanda pakuvhima kwangu. Panguva ino, ini naDrenda takadyara mbeu yedu tikanamata tichisunungura mbeu yedu kuti tiwane nondo hono. Hatina kutsanangura kuti nondo yakakura sei, asi takangoti nondo chete. Handina kukwanisa kubuda kunze mangwanani okuvhura emwaka asi ndakafara kubuda manheru iwayo. Asi zvinosuruvarisa, ndinofanira kukuudzai kuti, zvakare, hapana kuva nenondo. Manheru iwayo mushure mokunge ndambogara musango, ndakapinda munzira kudzokera kumba ndakavhiringika.

Ndichingogara pasi kuti ndidye chirariro, runhare rwakabva rwachema. Raive bazi remapurisa raiti vaive nenondo yaive yadhuma nemotokari kana ndaiida. Ndakavabvunza kuti yaive papi vachibva vandipa kero yacho. Ndakatadza kutenda zvandainzwa. “Mungadzokorora kero iyoyo zvakare?” ndakakumbira. Akadzokorora kero yacho, ndikaziva kuti yaiva kero yangu! Ndakarohwa nehana. Saka ndakaenda kufafitera, uye zvechokwadi, kwaiperera nzira yangu kwaive nemwenje mitsvuku yaipenya, saka ndakavaudza kuti ndaizosvikapo. Nzira yedu yemotokari yakanga iri *mafeet* anopfuura mazana mapfumbamwe kubva kumugwagwa mukuru, uye ndinoyeuka kuti ndakafamba chinhabwe ichocho ndisingatombosvitendi zvachose. Pandakasvika panondo, yakanga iri hono duku yaive yakakura uye iri muchimiro chakanaka.

Ndakanyora mamwe mafomu ndokutenda mupurisa uya ndichibva ndazvuzvurudza nondo iya ndichikwidza nenzira inoenda kudanga. Kuvhiringika? Zvakanyanya! Ndakanga ndisisafungi nezvokuvhima kwangu nondo kutozovikira muna Gunyana kana kuti Gumiguru wegore raitevera racho.

Manyuko Enyu Ndeapi?

Handichayeuki zvino kuti waive mwedzi upi, asi ndakanga ndichiita zvokumhanya ndichitenderera pavanze yangu yokuseri sezvandaimboita apo neapo kuti ndirovedzere muviri. Pandaimhanya, ndainyengetera pamusoro pezvinhu zvaive zvakaitika makore maviri akanga apfuura. Hapana chandakakwanisa kuziva. Ipapo-ipapo, sezvandaimhanya, mashoko okuti, “mazita aive nemapurisa” akauya kwandiri zvakajeka zvikuru. Ndakambofunga. Mwari vanga vachida kundiudza chimwe chinhu here? Ndakabva ndazviona. Ndakaona kuti chivimbo changu chakanga chisiri muShoko raMwari kana kuti muHumambo Hwavo. Chivimbo changu chakanga chiri pamazita aive nemapurisa! Ndaiziva kuti kana ndaisawana nondo dzangu, bazi remapurisa raizondipa imwe.

Ipapo ndakanzwisawo chikonzero nei mugore rakanga rapfuura ndakagamuchira nondo yangu kunoperera nzira yangu yokufamba nemotokari panzvimbo pokuiwana nokuvhima. Pamazita aive nemapurisa ndipo paive nokutenda kwangu. Apo ini naDrenda takanga tadyara nondo hono yegore iroro, hono yakazviratidza nguva chaiyo yandakatanga kunovhima mugore iroro asi panzvimbo isiriyo, kuti yaive panzvimbo isiriyo here? Ndakamirapo mukushamiswa apo Mweya Mutsvene aijekesa izvi kwandiri. Ndakabva ndanzwisisa kuti nondo yakazviratidza

panzvimbo yaive nokutenda kwangu, pamazita aive nemapurisa. Pandakangoona izvi, ndakamhanya ndakananga kumba, ndikabva ndabata bazi remapurisa parunhare, ndikabvisa zita rangu pamazita aya. Ndakadzidza kuti hurongwa hwenyu hwamunogaro tsamira pahuri kuitira kana humwe hwakundikana ndihwo hunenge huri hurongwa hwenyu chaihwo! Kubva gore iroro, handina kumbotadza kuona nondo dzichiuya nguva imwe neimwe.

Asi moyo yedu inonyengera sei. Ruvimbo rwedu rwunoendeswa zviri nyore kuzvinhu zvakasikwa. Ichi chinhu chatinofanira kuziva uye chatinofanira kugara tichichenjerera. Kutenda hakudi hurongwa hwokutsamira pahuri uhwu kana humwe hwakundikana. Ndichiri kushamiswa kuti kunyange zvazvo kutenda kwangu kwakanga kuri mumazita emapurisa, nondo iya yakasvika panoperera nzira yangu zuva rokuvhura kwemwaka. Uye izvi zvinounza musimbotti wechitatu wandakaratidzwa naMwari.

Danho #3: Sunungurai Mbeu Yenyu Kana Mava Mukutenda!

Iyi inyaya yakakura, sezvatakamboona vadzidzi pavakakundikana kudzinga dhimoni mumukomana aiva nedhimoni. Jesu akati imhaka yokusatenda kwavo. Kunzwisisa kuti kutenda chii uye nenzira yokuwana nayo kutenda kwakataurwa nezvako kare, asi zvakakosha kuti mudzidze kuzvitonga imi pachenyu, kana muri mukutenda kana kuti musiri. Nokudaro, regai ndikupei chinhu chiri nyore chamunogona kuzviongorora nacho kuti muone kana munyatsori mukutenda kana kuti kwete. Tsinzinai meso enyu, uye munoonei?

Zvino kutenda ndiko kuva nechokwadi nezvinhu zvatinotarisisira, nechiratidzo chezvinhu zvatisingaoni.

—VaHebheru 11:1 (KJV)

Kutenda ndiko kuva nechokwadi nezvinhu zvatinotarisisira. Tariro inogara ichitakura mufananidzo nayo. Kana ndikakuvimbisai *ice-cream cone*, maibva mangova nomufananidzo *weice-cream cone* mupfungwa dzenyu. Kana maitenda kuti ndakavimbika pane zvandinenge ndati ndichaita uye ndine nzira yokuitenga nayo, maizviona muine *ice-cream cone* iyoyo, maiva nechiratidzo chaizoita kuti muzive kuti muchava nayo uye mova nomufaro.

Ndizvo zvimwe chete neShoko raMwari. Kana mukatenda muvimbiso yaMwari uye mogutsikana zvizere kuti Mwari vane

**KANA MUKATENDA
MUVIMBISO YAMWARI UYE
MOGUTSIKANA ZVIZERE KUTI
MWARI VANE VAVARIRO UYE
NEZIRA YOKUZADZISA NAYO
VIMBISO YAVO, MUCHAONA
MUFANANIDZO WENYU MUNE
VIMBISO IYOYO.**

vavariro uye nenzira yokuza-
dzisa nayo vimbiso Yavo,
muchiona mufananidzo wenyu
mune vimbiso iyoyo. Kunyange
zvazvo panguva iyoyo chaiyo
munenge musina chinhu
chakavimbiswa, muchaita
semunacho, nokuti neimwe
nzira munenge munacho.
Vimbiso ndeyechokwadi,
vavariro ndeyechokwadi, uye

chinhu chakavimbiswa ndechenyu. Zvino kutenda, kana kwanyat-
sogutsikana zvizere nevavariro uye nesimba raMwari, ndiko kunova
chokwadi chevimbiso kwamuri. Ndicho chiratidzo
chezvinhu zvatisingaoni.

Munenge muchiri kuda kuendesa cheki kubhanga, inova nzira

yepamutemo inoshandawo munyika yemweya sezvainoita pasi pano. Saka pandinoti, “Tsinzina meso enyu. Muri kuonei?” zvandiri kutaura ndezvizvi. Kana musingazvione, hamugone kuzvibata. Regai ndizviise muchirevo chakareruka. Kana mukatsinzina meso enyu uye morega kuzviona muine vimbiso, hamusi mukutenda. Kana muchirwara uye mukatsinzina meso enyu, munozviona mapora—ndinoreva kuti munozviona mapora, zvichireva kuti munenge musina kutya, uye pachinzvimbo pazvo, muine kugutsikana kuzere kwokuti mapora—ndiko kutenda. Asi kana mukatsinzina meso enyu mongozviona muchirwara, makamirira kuporeswa, zvino munenge musiri mukutenda. Kana muchida mari uye muchitenda kuvimbiso yaMwari, munenge musisazvidye moyo nezvemari asi munozviona muine zvikwanisiro zvamuri kuda.

Kutya Kunopikisa Kutenda

Kana mune kuvimba kwakadai, kutya hakuvepo. Kana muchiri kutya pamusoro pemhedzisiro ichazovapo, hamusi mukutenda. Maererano nokutenda, munofanira kuziva nzira yokuziva nayo kana muri mukutenda kana kuti kwete. Hamungadi kuita sarudzo huru kana musiri mukutenda, nokuti kana musiri mukutenda, muri mukutya. Nguva dzose kutya kunochenjerera uye uku kusatenda. Ndicho chikonzero nei ndati garai muchidyara mbeu yenyu muri mukutenda. Hamudi kuidyara senzirawo zvayo yazvinongoitwa nayo, muchingopinda muchiito chokungopa, nokuti izvi hazvina zvizereko. Munoda kuva nechivimbo chezvinotaurwa naMwari kuitira kuti pamunotsinzina meso enyu, chamunongoona bedzi ndimi nevimbiso iyoyo. Munotova nazvo, mutorinazvo, ndezvenyu, uye rugare rwakatsiva funganyo ipi neipi yamungave makava nayo.

Musafunganya pamusoro pechimwe chinhu, asi muzvinhu zvose, kumbirai Mwari neminyengetero, nemikumbiro uye nokuvonga. Uye rugare rwaMwari, runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu.

—VaFiripi 4:6-7

Pamunenge muri mukutenda, panenge pane rugare rwusingabvi pamamiriro ezvinhu asi rwunobva pavimbiso.

Tevere, humbowo hwokutenda kugona kwenyu kuzvidzivirira mudare remweya. Sezvo kutenda kwakavakirwa paShoko raMwari, munofanira kuziva chikonzero nei muchitenda mune zvamunotenda. Itai semuri mudare uye muri gweta redziviriro. Muchuchisi ari kutaura kuti mutengi wenyu ari kugara mumba momutengi wake zvisiri pamutemo uye ari kutaura kuti imba yacho haisi yomutengi wenyu asi ndeyemutengi wake. Maizoitei nezvazvo? Maiti mune hurombo uye kuti mutengi wenyu achabva pamba ipapo ipapo? Kana muine gwaro rakanyoreranwa pasi, kutya kunotsiviwa nechivimbo, uye maizoudza mutongi kuti adzinge vanyengeri ivavo kunze kwedare. Aya ndiwo maitiro anoita kutenda. Kunoziva chokwadi, kune chivimbo, uye kunosvika pakuzvitutumadza. Saka munogona kudzivirira chinzvimbo chenyu here?

Sarah akauya kukereke kwedu rimwe zuva asingazive kuti aivepi sezvo aiva mudhorobha idzva achingotenderera-tenderera hake nemotokari. Iye nomurume wake vakanga vatamisirwa kuColumbus, uye vaive vachinyengetera kuti vawane kerekere yokubatana nayo. Sezvakanga vachityaira, vakatsaukira munzira yedu ndokufunga kuti vangatiedzawo. Havana kuzombobva. Sarah akatambura nechirwere cheasthma hupenyu hwake hwose.

Pakukura kwake aipinda nokubuda muzvipatara, hupenyu hwake hwakabatwa nechirwere. Akadzidza kuzvidzivirira kubva kune dzimwe nharaunda dzaikonzera kuti *asthma* isimuke, uye aigaro-takura *inhaler* yake kwose kwaaienda.

Ku*Faith Life Church*, akadzidza kuti kuporeswa yaive kodzero yake yepamutemo uye nenzira yokuzvidzivirira nayo pamweya. Mune mumwe musangano paakanga achiteerera imwe yenhengo dzedu achitsanangura kuporeswa kwaakanga aitwa kubva kune chimwe chirwere chinouraya, akabva apa sarudzo yake. Mwari havazi mutsauri wevanhu. Akabvisa *inhaler* muchikwama chake ndokuitsiva nemakadhi eMagwaro, ose achirondedzera kodzero yake yepamutemo yokuporeswa. Aiaverenga mazuva ose. Pose paainzwa kuti akange oda kubatwa ne*asthma*, aitsvaga kadhi reMagwaro panzvimbo pe*inhaler*, uye haana kuzombobatwa nayo zvakare!

Tete vangu vakauya kwandiri pamusangano wemhuri wokuonanazve. Vakandikumbira kuti ndizovanamatire sezvo vaive negomarara remapapu uye vakanga vatarisana nokuvhiyiwa muvhiki nechidimbu raitevera kuti vabviswe bundu guru. Vakaenderera mberi vachindiudza kuti vanachiremba vavo vanga vachironda bundu rakaenzana neapuro rakakura raive mumapapu avo kwegore nechidimbu chepakati. Rakanga ratanga kukura nokukurumidza, uye vanachiremba vakati raifanira kubviswa. Ndakamira kudaro ndichiteerera nyaya yavo, ndakafunga nezvo-hupenyu hwavo. Vakanga vari musvuti mukuru wefodya kwohupenyu hwavo hwose, uye ndaiziva kuti vakanga vava nemakore vasingaendi kukereke. Ndakavavimbisa kuti ndaizovanyengeterera asi ndakaona kuti vakanga vasati vagadzirira kuwana munyengetero panguva iyoyo. Ndakavakumbira kuti ndisati ndanyengetera, vaverenge mashoko andaida kuvapa aive maererano nokuporeswa.

Ndakati waizova mufaro mukuru chose kuvanyengeterera mangwanani omusi weSvondo mushure meshumiro yokunamata. Vakabvuma.

Ndakaziva kuti vakanga vapa moyo wavo kuna Ishe mumakore aive apfuura asi vakanga vasiri kuvararamira. Ndaitarisira kuti vakawana nguva yokunzvera vimbiso dzaMwari dzokuporesa, dzaizokurudzira kutenda kwavo. Ndaizivawo kuti kana taikwanisa kunamata tichibvumirana neShoko raMwari sechibatiso uye netariro yataivimba nayoye, taive nomukana uri nani wokuona mugumisiro wakanaka.

Nokudaro, Svondo yakatevera tete vakauya kukereke sezvavakanga vataura. Mushure mokunamata, ndakavakumbira kuti vauye kumberi; uye pavakamira ipapo, ndakavabvunza kana vakanga vaverenga mashoko andakanga ndavapa. Vakati, hongu ndizvo zvavakange vaita, saka ndakabva ndavabvunza kuti, “Zvino muchaziva sei kuti muchaporeswa pandinoisa maoko angu pamuri?” Ipapo vakatora mashoko omuMagwaro anoverengeka ndokutaura kuti ruvimbo rwavo rwaiva muShoko raMwari. Ndakaziva panguva iyoyo kuti vakanga vagadzirira kuwana munamato, uye ndakaisa maoko angu pamusoro pavo, ndikanamata, uye ndikataura kuti vakanga vapora uye vakanga vasisina gomarara. Zodzi yaMwari yakauya pavari ndichinamata, vakabva vadonha pasi nesimba raMwari. Pavakasimuka, vakange vachibvunda pavakati, “Ndapora.”

Vakaenda kunovhiyiwa neChipiri kuti bundu racho ribviswe, asi pavakapinda, makanga musina chinhu. Pakanga pasina bundu, kana vanga, kana chiratidzo chokuti paimbove nechinhu chaivepo.

Zvinoshamisa kuona vanhu vachirarama hupenyu hwavo. Maitozofunga kuti tete vangu vakatenda chose kuti Mwari

vakavaporesa zvokuti vaisamborovha kukereke kwohupenyu hwavo hwose. Asi zvakanga zvisiri saizvozvo. Ndinofunga kuti ndakavaona kamwe chete mushure meSvondo iyoyo. Vakafa anenge makore matanhatu kana kuti manomwe akatevera nerumwe rudzi rwegomarara. Asi panguva ino havana kumbondikumbira kuti ndivanyengeterere.

Batisai Panguva Yamakaburitsa Kutenda Kwenyu

Chinhu chimwe chete chandinoyeuchidza vanhu ndechokuti pagara paine nguva pakati pa“Ameni” na“Hecho Icho Chiri Apo.” Nokuda kweizvi, zvakakosha kuti mubatisise panguva inosunungurwa kutenda. Ndinokukurudzirai kuti munyore izvi pasi mubhuku renyu rezvinyorwa kuti muzozviyeuchidze nazvo.

**PAGARA PAINE NGUVA PAKATI
PA“AMENI” NA“HECHO
ICHO CHIRI APO.” NOKUDA
KWEIZVI, ZVAKAKOSHA
KUTI MUBATISISE PANGUVA
INOSUNUNGURWA KUTENDA.**

Ndakambotaura izvi, asi ndinotenda kuti zvakakosha. Muenzaniso wezvandinonyora pasi ndeuyu. “Musi wa12 Mbudzi nenguva dza1:30 masikati, ndinotenda kuti ndakagamuchira (nyorai chikumbiro chacho chaicho) maererano naMako 11:24, uye ndinotenda kuti ndakachigamuchira panguva yandakanyengetera.” Munogona kuwedzera zvimwe zvinyorwa zvokuti ndiani wamakabvumirana naye, huwandu hwamakadyara, uye kubasa ripi raMwari rakamad-yarira. Iwoyo ungori muenzaniso, asi zvakakosha kuzvinyora pasi nokuti munogona kurwa makamira pazviri.

Pakava nemamiriro ezvinhu anoda kukuisai pamuedzo wokuti

mudzokere kumashure mukutya, munogona kuzviyeuchidza nezvezuva nenguva yamakagamuchira mhinduro yenyu. Kutya pakwaiedza kusimuka, ndaitora bepa randaive ndakazvinyora pasi ndozviverenga nenzwi guru sechiziviso. “Kwete, Kutya, uri murevi wenhema. Ndakatochigamuchira zuva iri nenguva yakati maererano na... (uye ipapo motaura Rugwaro rwamakamira narwo.)” Pane dzimwe nguva ndaitofanira kuverenga chinyorwa ichocho kanoverengeka kuti ndichengete moyo wangu uri murunyararo uye nomurugare. Musabvumira izvo zvingaratidzika sokukundikana kuti zvikukwezverei mukutsveta kutenda kwenyu. Kutaura zvazviri, musimbotti uyu wakanga wakakosha zvikuru vana vangu pavaikura zvokuti mumusangano wokunamata wataiita semhuri vhiki nevhiki, taive nebhuku remhuri umo taizonyora zvatakanga tanyengerera nezvazvo uye nezvatakanga tichitenda kuti takanga tagamuchira. Bhuku iri takaritumidza kuti bhuku rezvinyorwa raJakobho 4. Kutaura zvazviri, kana muchiada, tinoatengesa kubudikidza nekereke yedu.

Dzimwe nguva pane zvinhu zviri kuitika muMweya zvamusiri kuziva nezvazvo. Mwari vari kushanda vachironga zvinhu zvose, asi zvinogona kutora nguva. Panogona kunge paine zvidimbu zvakawanda zvenyaya izvo zvinofanirwa kuiswa panzvimbo. Somuenzaniso, kana Mwari vachizoita kuti muve nemari iri kudikanwa, vanofanira kutaura kune mumwe munhu kuti atarisire izvozvo kana kukuunzirai mukana wokuva nemari yamunoda. Zvakare, zvose izvi zvinotora nguva.

Usatya, Dhanieri. Kubva pazuva rawakafunga kuwana kunzwisisa nokuzvinipisa pamberi paMwari wako,

mashoko ako akanzwika, uye ini ndauya nembhinduro. Asi muchinda wohumambo hwavaPezhia akandidzivisa mazuva makumi maviri nerimwe apfuura. Ipapo Mikaeri, mumwe mukuru wamachinda, akauya kuzondibatsira, nokuti ndakanga ndakavharidzirwa ikoko namambo wavaPezhia. Zvino ndauya kuzokutsanangurira zvichaitika kuanhu vako pamazuva anouya, nokuti chiratidzo ndechenguva ichauya.

—Dhanieri 10:12-14

Ngatitariseizve nyaya yenzvimbo yedu yechikoro yandambokuudzai nezvayo kare. Takanga tatarisa zvivako zvakasiyana-siyana uye taive tafunga nezvokuva nenzvimbo yataishandisa pasi pomuripo tichisarudza kubva panzvimbo zhinji dzaivapo, asi hatina kunzwa kugutsikana kuti tiende pane imwe yadzo. Patakanga kutaura nezvokuva nenzvimbo, takadyara mbeu kuti Mwari vatiratidze nzvimbo yakakwana. Pose pataiwana nzvimbo uye tofunga kuitora, taisanzwa kugadzikana, uye takapotsa taora moyo. Takatarisa chivako chose chomunzvimbo chataida kuisa zvataida, asi pakanga pasina sarudzo dzatainzwa kugutsikana nadzo.

Zvinhu zvikuru zvatinkoshesa uye zvatinoita sekereke zvinosanganisira chido chakasimba chokubatsira kudzidzisa vana nokuchengeta mhuri. Takataura kakawanda pamusoro pokuti pamwe tizove nechikoro rimwe ramazuva, kuva nechikoro chevana vadiki-diki, kuva nechirongwa chevana vanoda kutarisirwa chikoro chisati chatanga uye kana chapera nokuda kwokuti vabereki vavo vanenge vari kumishando kana nokuda kwezvikonzero zvakasiyana-siyana, nezvimwe zvirongwa zvakananda zvokubatsira nazvo nharaunda dzedu.

Nzvimbo yedu yazvino yakazara, izvo zvatidzivisa kuita zvimwe zvezvinhu izvi pairi.

Munogona kutaura kuti zvingave zvakaradzikira sokuti Humambo hwakanga husiri kuuya kuzopindira, munofanirwa kuyeuka kuti takanga tatodyarira kuva nenzvimbo yakakwana. Chokwadi chaive chokuti Mwari vaiziva kuti chikoro chatakatenga chaive choda kutengeswa nevaridzi. Vakaona mufananidzo mukuru. Patakatanga kutsvaga nzvimbo, pfuma iyoyo yakanga isipo pamusika.

Kunze kwokuziva kuti chikoro chaizova nzvimbo yedu yakakwana, vaizivawo nzira yataizochitenga nayo. Vaviri vakatitengera nzvimbo iyi ndaive ndakavakanyora pakarenda rangu kanenge kana kuti tinodya navo chirariro. Nokuda kwemamiriro ezvinhu akasiyana-siyana, tose taifanira kutamisa chirariro chiya kusvika pahusiku hwatakazogona kusangana. Takanga taona pfuma yacho mangwanani ezuva chairo ratakadya navo.

Paiva nevamwe vaida chikoro chacho, asi isu tisu takatanga kuisa mari yedu pachiri. Zvose zvakanga zvakarongwa nenguva. Patakadyara zviuru zana zvemadhora mazuva maviri tisati tadya chirariro chiya, nokuraira kwaMweya Mutsvene, ndinotenda kuti Satani aizoedza kuita chimwe chinhu kuti chikoro ichocho chivanzike kubva kwatiri kana kushandisa imwe nzira yokuti tisave nacho. Mwari pavakanditi ndidyare mari iyoyo uye kuti ndiraire Satani kuti asatikanganise mukutsvaga nzvimbo yedu, ndinotenda kuti rimwe zano raifanira kuita rakamiswa.

Vaviri vakatipa mari yokutenga pfuma iyi vaive vari pakati pokufungawo kuti vobatsirawo here shamwari yavo kutenga imba, iyo yaizoshandisa mari yavaive vashandisa kutitengera chikoro.

Pashure pokunge vanzwa nyaya yedu husiku ihwohwo, vakati vakabva vanzwisisa chikonzero nei vaisanzwa kuva norugare rwokupa mari kushamwari yavo iyi. Zvino ingorangarirai, kana muchinamata mukutenda, muchiziva kuti munogamuchira kana muchinamata, pachine nguva pakati pa“Ameni” na“Hecho Icho Chiri Apo.” Nokudaro shingai uye muve nomoyo murefu.

Mirai Makasimba Pakutenda Kwenyu

Kutsungirira kunofanira kupedza basa rako kuitira kuti imi mukure uye muve vakakwana, musingashayiwi chinhu.

—Jakobho 1:4 (KJV)

Ndosaka ndichikurudzira vanhu kuti vacherechedze zuva nenguva yavanoburitsa kutenda kwavo, nokuti munofanirwa kumira zvakasimba.

Mwanasikana wangu paakanga akatarisana nebundu remapaundi gumi nematatu mudumbu make, akaneta nokutsungirira panyaya dzohutano dzaraikonzeresa: zvakatapukira muitsvo dzake, achigarova nomusana unorwadza, uye nenyaya dzedumbu dzokutadza kugaya chikafu. Akafunga kuti zvakanga zvakwana, uye akasarudza kutora mazuva makumi matatu okungonzvera Shoko raMwari nezvipikirwa Zvavo zvirira maererano nokuporeswa. Pakupera kwemwaka iwoyo, akakumbira amai vake neni kuti tiise maoko edu pamusoro pake sezvaaitenda kuti akanga aporeswa. Saka vakuru vekereke yedu naamai vake neni takaisa maoko edu pamusoro pake tikatenda kuti akanga aporeswa maererano naJakobho 5:14-16.

Kuno mumwe wenyu anorwara here? Ngaadane vakuru vekereke kuti vazomunyengerera uye vagomuzodza mafuta muzita raIshe. Uye munyengetero unoitwa mukutenda uchaita kuti munhu anorwara apore; Ishe achamumutsa. Kana akatadza, acharegererwa. Naizvozvo reururai zvivi zvenyu mumwe kuno mumwe uye munyengeterane kuti mugoporeswa. Munyengetero womunhu akarurama une simba uye unoshanda.

—Jakobho 5:14-16

Akadzokera kumba husiku ihwohwo ari zvaakanga apinda mukereke ari; bundu rakanga richiripo. Asi iye akati, “Ndapora.” Akaramba achipupura kwemavhiki maviri pasina shanduko, kunyange zvazvo airwadziwa zvakanyanya. Akandiudza kuti mukati memavhiki maviri iwayo achirwadziwa kudaro, akaudza Satani kuti, “Unogona kuedza kundikuvadza, asi ndapora.”

Kwopera mavhiki maviri, akaenda kunorara bundu riya richiripo, asi akamuka apora zvachose. Akarasikirwa nemapaundi gumi nematatu uye nemainch mapfumbamwe emuchiuno make paaive akarara, uye musana wake uyo wakanga wakasangana uye wakamonyoroka wakava nomuzongoza waive muchimiro chakakwana.

Kana muchinge mavimba nevimbiso, musarega Satani achikunyengerai kubva mukuporeswa kwenyu kana kubva pane chero chipikirwa chamakapihwa naMwari.

Christine akauya kukereke kwedu asina ruzivo rwekereke. Zvaiva zvitsva kwaari. Christine akanga apfeka yamuro mbiri dzokunzwa kwemakore uye akanga asingachanzwi zvakanyanya panguva iyoyo. Amai vake vaiva nechirwere chimwechetecho uye vakanga vasinganzwi zvachose.

Christine paakapinda kereke yedu, akapa moyo wake kuna Ishe, uye Mwari vakashandura hupenyu hwake zvinoshamisa. Akafara uye aida kudzidza zvakawanda zvaagiona kudzidza nezvoHumambo hwaMwari. Tine zvidzidzo zvevatendi vatsva mukereke, uye Christine aida kwazvo kuzvipinda. Zvidzidzo izvi zvinokurukura nezvemisoro yakasiyana-siyana, asi zvakangoitikawo hazvo kuti zvidzidzo zvaiita Christine zvakanga zviri maererano nokupora. Pakupera kwechirongwa, vatungamiriri vakanamatira avo vaida kuporeswa. Christine akafara kwazvo paakaenda kumberi kunonyengeterwa. Paainyengerwa nzeve dzake dzakabva dzavhurika. Kakave kokutanga kuti anyatsonzwe.

Paakanga ava kubuda mumusangano zuva iroro, ndakanzwa kutungamirirwa kuti ndimuyambire kubva kuchiito chandinoti kurwisa kwaSatani. Chokwadi, akati mangwanani akatevera, nzeve dzakabva dzavharika, uye akaedzwa kuti anzwe kushushikana. Asi ndakange ndamuyambira kuti izvi zvaizoitika, uye pazvaizoitika, aifanira kutaura kuti akanga aporeswa uye kuti araire Satani. Hongu, akaita chaizvo zvandakamurayira kuti aite. Akatanga kurumbidza Mwari uye akataura kuti akanga apora paakasunga muvengi. Mumaminiti mashoma, nzeve dzake dzakavhurika uye dzave dzakavhurika kubva ipapo, angangoita makore mana apfuura zvino.

Zvakare, kumira kwakasimba paShoko raMwari ndicho chinhu chinokosha pakusununguka kwenyu.

**ZVAKARE, KUMIRA
KWAKASIMBA PASHOKO
RAMWARI NDICHO
CHINHU CHINOKOSHA
PAKUSUNUNGUKA KWENYU.**

Ndinodzokororazve—Natsai Kutaura Zvakananga

Maererano nokusunungura kutenda kwenyu, regai ndikuy-euchidzei imwezve nguva yokutaura zvakananga! Nyaya iyi ndipo Mwari pavakanyatsondiratidza kukosha kwemashoko angu. Ndakazvitaure kwemakore, asi zvine simba nhasi sezvazvaiva pazvakaitika.

Yakanga iri nguva yenondo, uye ndakanga ndagadzirira kubuda musango sezvo ndaimbove ndakabatikana zvikuru. Gore irori chairo, ndakanga ndadyara mbeu nokuda kwenondo mbiri, imwe ichiva hono yemapazi mana kana kuti ine nyanga hombe uye yechipiri ichiva hono duku. Ini naDrenda takadyara mbeu yedu mukubvumirana uye nokutenda. Ndakabuda kunze kunovhima kokutanga ari mangwanani kunze kusati kwachena. Denga parakange rava kuti chenei, ndakava nehono yangu, hono yemapazi masere. Ndakava mumuti wangu kwemaminiti gumi nemashanu chete! Zvinonakidza zvokuti! Zvino pandakazobuda mumavhiki maviri akatevera kuti ndinotora nondo hono duku yangu, ndaive nechivimbo chakanyanya. Zvakare, ndakabuda mangwanani, uye mumaminiti anenge makumi maviri mumangwanani, ndakaona hono-yemapazi masere-yaive anenge *mayard* mazana matatu kure neni asi yakananga kumuti wangu.

MuOhio, munogona kukohwa hono imwe chete ine nyanga chete. Nondo yechipiri inofanira kunge iri hadzi kana kuti hono duku. Nondo hono duku dzinotorwa sehadzi nokuti dzine nyanga duku zvokuti hamugone kudziona muri kure. Saka pandakaiona ichiuya mumunda, ndakafunga kuti yaizotsauka isati yasvika pamuti wangu, asi haina. Yakauya yakananga pamuti wangu ndokumira pasi pawo kwemasekondi makumi maviri. Chandaingogona kuita bedzi

kwaive kuitarisa sezvo zvakanga zvisiri pamutemo kuipfura. Mushure mokumira ipapo kwemasekondi makumi maviri iwayo, yakaerekana yangotanga kufamba ichidzokera nomunzira mayakanga yauya nayo. Nenzira inoshamisa, yakafamba chinhabwe chemayard mazana matatu mamwechetewo ichidzokera nomumunda iwoyo ndokunyangarika. Ndakarohwa nehana uye ndakavhiringika.

Zvino, ndakanga ndisati ndambova nenondo pasi pomuti wangu iyo yakanga isiri nondo chaiyo yandakadyarira mbeu yangu. Ndakavhiringika ndokutanga kunamata muMweya ndichifamba kudzokera kumba. “Ishe, sei hono iyi yanga iri ipapo?” Pakarepo, ndakanzwa Mweya Mutsvene achiti, “Tarisa mbeu yako.” Nditarise mbeu yangu? Kupengaka uku; Ndinoziva zvakadyara. Zvisinei, bhanga randinoshandisa rinotumira makopi emacheke akanzurwa nemasitatimendi epamwedzi. Ndakakasira kutora sitatimendi ndokuwana cheke yangu. Pazasi pecheke ndakanga ndanyora kuti hono mbiri dzemapazi mana kana kupfuura, imwe iri hono duku. Inondo ngani idzi? Ndakanga ndichiedza kutaura kuti ndakanga ndichida hono mbiri, imwe ine mapazi mana kana kupfuura uye imwe iri hono duku. Manyorero andakaita, zvisinei, airatidza kuti ndaidyarira hono mbiri dzaive nemapazi mana kana kupfuura, nehono duku imwe chete. Ndakagara ipapo mukushamisika. Hono yepiri iya yakauya nokuti ndainge ndaidyarira mbeu. Ndokusaka yakauya mumunda uya ndokumira pasi pomuti wangu. Yaifanira kunge iripo.

Pandakaona kudaro, ndakabva ndatanga kupopota ndichimhanya nembu yose. Ndakafara zvikuru, asi panguva imwecheteyo, zvakanzwa. Kangani kandainge ndataura zvinhu zvakandaisada kuti

zviitike asi ndaiita kuti zviitike nemashoko angu? Izvi zvechokwadi zvakaita kuti Jakobho 3:3-4 ive mhenyu kwandiri.

Patinoisa matomu mumiromo yamabhiza tichiaita kuti atiteerere, tinogona kudzora muviri wose wechipfuwo. Kana kuti ngatitorei zvikepe somuenzaniso. Kunyange zvakakura sei uye zvichisundwa nemhepo ine simba, zvinofambiswa nechifambiso chiduku duku kwose kwose kunodiwa kuendwa nomuchairi.

—Jakobho 3:3-4

Jakobho ari kutaura nezvesimba remashoko edu. Zvakajeka, kana mashoko edu ari kutaura chimwe chinhu asi isu tichida chaizvo kuona chimwe chinhu, tichawana hupenyu hwedu hwaparara uye tisingazivi kuti takasvika sei ikoko.

Zvino yeukai kuti Humambo hwakananga, uye mashoko enyu anotsanangura kwamunoenda uye kuti munosvika sei ikoko!

Kukosha Kwechibvumirano

Tichiri munyaya yezvokusunungura mbeu yenyu pamunenge muri mukutenda, hechino chimwe chinhu chamunofanira kuran-garira. Kana muri muwanano, bvumiranai nomumwe wenyu. Kana musiri muwanano, ndichataura nezvazvo muchinguva chiri kutevera, asi ngatitii muri muwanano. Zvakare, rambai muri muchibvumirano newamakaroorana naye.

Ndichangopinda muwanano yangu, ndaivenga kunokumbira Drenda kuti abvumirane neni maererano nokuvhima kwangu. Chikonzero chaiva chokuti ndaiti ndikataura nezvokuenda kunovhima, ndaiziva kuti aizotaura chimwe chinhu pamusoro pamarara aifanira kubviswa, mwenje waifanira kutsiviwa noumwe,

kana kuti rondedzero yezvimwe zvinhu zvaifanira kuitwa pamba. Zvino, apa ndipo pandakanga ndisati ndakura uye ndine hudyire. Anenge aswera aine vana zuva rose, asi panguva yandaisvika kumba ndainge ndotoda kubuda kuenda kusango. Handifungi kuti Mwari vangakomborera pane mafungiro akadaro. Hongu, ndaiva nohudyire. Ndisati ndadzidza nezvokuvhima nokutenda, ndaipeda mazuva ndichivhima pasina chandaiwana. Zvaisashamisa kuti nei Drenda aisada nguva yokuvhima.

Asi ndakadzidza kumuisa pokutanga. Ndaifanira kudzidza kuti taive muchinhu ichi tose uye kuti mumwe wedu aida mumwe wake. Sezvo ndakatanga kuisa zvaaida pokutanga, akanga akazvipira zvikuru kubvumirana neni nokuda kwenondo. Asi rufaro rwake rwainyanya paaindiona ndichibudirira pakuvhima kwangu nondo. Ndaifanira kudzidza kuti somurume nomudzimai, takanga tiri vamwe mumweya uye pakanga pasina chinhu chaive nesimba kupfuura pataive pamwe chete muchibvumirano. Yakanga isiri nyaya yokuvhima nondo chete. Ndakaona kuti kana taifamba pamwe chete takabatana, zvaishanda mumativi ose ohupenyu.

**NDAIKANIRA KUDZIDZA KUTI
SOMURUME NOMUDZIMAI,
TAKANGA TIRI VAMWE
MUMWEYA UYE PAKANGA
PASINA CHINHU CHAIVE
NESIMBA KUPFUURA
PATAIVE PAMWE CHETE
MUCHIBVUMIRANO.**

*Saizvozvo imi varume, garai navakadzi venyu nokuziva,
muchikudza mukadzi muchiti ndiye mudziyo unesimba duku*

kwamuri, zvavari vadyi venhaka yenyasha yovupenyu pamwe chete nemi; kuti minyengetero yenyu irege kudziviswa.

—1 Petro 3:7

Cherechedzai pakanzi, varume, kana mukasagara nevakadzi venyu nokuziva, minamoto yenyu inodziviswa! Kuva nokuziva zvinoreva kuti munomuona seakaenzana nemi, sezvo muri mumwe naye musarudzo dzose. Hongu, mumweya murume ndiye musoro wewanano asi kwete muchimiro chomudzvinyiriri, asi somuranda, achipa hupenyu hwake nokuda kwomudzimai wake pamwe nokumukudza.

Ko Kana Mumwe Mukwanyina Asiri Mutendi?

Ndinowana tsamba dzomumhepo dzinobvunza kuti vanhu vanofanira kuita sei kana mumwe wavo wavakaroorana naye asingadi kushumira Jehovha. Vanogona sei kubvumirana? Manzwisisiro amunoita kubvumirana haana kuringana. Ngatitii makaroorwa nomurume asingashumiri Jehovha. Muri vaviri, zvisinei, munobvumirana kuti munoda motokari itsva. Munozivei? Munenge muchitobvumirana ipapo! Kana mose muchibvumirana kuti munoda zvinhu zvokushandisa mumba, saka muri kutobvumirana. Bhaibheri rakajeka zvikuru pakuti kana mumwe wevari mumubatanidzwa uyu achitenda muShoko raMwari, ipapo Humambo hune hutongi hwepamutemo hwokushanda mumhuri!

Nokuti murume asingatendi anoitwa mutsvene nokuda kwomukadzi wake, uye mukadzi asingatendi anoitwa mutsvene

kubudikidza nomurume wake anotenda. Vana venyu vaizova netsvina, asi zvino vava vatsvene.

—1 VaKorinde 7:14

Handitendi kuti izvi zviri kutaura kuti mukwanyina (mumwe chete pane vakaroorana) asingatendi anoponeswa nokutenda kwomumwe wake. Ndinotenda kuti munhu wose anofanira kudana kuzita raJesu pachake. Zvisinei, ndinotenda kuti kana mukwanyina achitenda kuShoko raMwari, kutenda kwake kunoita kuti mhuri yose ive itsvene kana kuti kunounza mhuri yose pasi peropafadzo yoHumambo. Zvino, sezviri pachena, kupinda muwanano nomunhu anotenda kuri nani, chokwadika. Uye Bhaibheri rakajeka mukukurudzira mukwanyina anotenda nechokwadi chokuti kutenda kwake kunogona kuita kuti mumwe wake asingatendi ave muHumambo.

Kana musiri muwanano, hamufaniri kutsvaga mumwe munhu wokubvumirana naye mumunyengerero. Munongozvitendera Shoko pachenyu uye mobva matoona basa roHumambo!

Tichiri panyaya yokutenda, muchitsauko chinotevera ndinoda kukurukura zvichida nezveimwe yemibvunzo yandinowanzo bvunzwa pamusoro pokudyara uye nokukanganisa kunoita vanhu vazhinji.

CHITSAUKO 7

YAMBIRO: GARAI MURI MUKUTENDA KWENYU KWAKAKUDZIRIDZWA!

“Ndichabata *marlin* yemapaundi mazana mapfumbamwe!” Ndiwo mashoko akataurwa nomumwe wevandinoshanda navo akanga achienda nekambani yangu kuMaui, Hawaii. Rwakanga rwuri rwendo rwatakanga takunda kubudikidza nemashandiro edu, zvose zverwendo urwu zvakabhadharwa nomumwe wevatengesi vedu. Tisati taenda kuMaui, vatatu vedu takasarudza kunobata hove ye*blue marlin* nokuti hachisi chinhu chakavanzika chokuti Maui iguta repasi rose rinozivikanwa nokuwanikwa ma*blue marlin*. Mumwedzi yokumashure tisati tava nechiiitiko ichi, takanga tichi- taura nezvokutenda, uye ini ndanga ndichidzidzisa vakomana mashandiro ako. Don akanga ari mutsva kunyika yokutenda, uye ndinoyeuka ndichifunga kuti uyu wakanga uri mukana mukuru wokuti abude ozvionera pachake basa roHumambo. Saka ndakati kwaari, “Iwe Don, unoziva here kuti uchava noruzivo pasina kukahadzika rwokuti patichaenda kuHawaii uhabata *blue marlin*?”

Mashoko iwayo akabata pfungwa dzake, uye takapedza maawa mazhinji tichikurukura nezvokutenda tisati taenda kuMaui. Don akadyara mbeu yake sokudzidzisa kwandaive ndamuita uye akafara kwazvo nokunotoro chiroto chake che*blue marlin* kwaaive achanoita.

Mumwe musonganiri wangu akanga ari nhengo yekereke yangu, aitova nenzwisiso yakanaka yemashandiro aiita kutenda, uye akanga aona Mwari vachiita zvinhu zvinoshamisa muhupenyu hwake. Akadyarawo mbeu yake kuti abate *marlin*, kwete chero *marlin* zvayo asi *marlin* yemapaundi mazana mapfumbamwe.” Ndinoyeuka ndichifunga, “E-ee, iyo ihove huru!” Ndaive nehanya nokukura chaiko kwehove iyo shamwari yangu yakanga ichidyarira, asi panguva iyoyo hapana chandakataura nezvazvo.

Don, kune rumwe rutivi, haana kudyarira hove yakakura. Zvisinei, kuti tipfupise nyaya yedu, Don akabata *blue marlin* yemapaundi zana nemakumi matanhatu nemanomwe, asi mumwe wangu haana kubata *marlin* zvachose. Saka sei Don akabata *marlin* yake asi umwe wevandinoshanda navo asina chaakabata? Uyu mubvunzo wakanaka, uye vanhu vazhinji, kunyangwe neVakristu vazhinji, vangatoshamiswa nokuubvunza. Vaiseka voti, “Mukuredza hove, dzimwe nguva unodzibata uye dzimwe nguva haugoni kurongera zvinoitika.” Asi ndakadzidza kuti Humambo hwakananga uye hwakavimbika.

Rimwe zuva Jesu zvaakanga amire paGungwa reGenesareti, vanhu vakaungana vakamukomberedza vachiteerera kushoko raMwari, uye akaona magwa maviri kumhenderekedzo dzegungwa, akanga asiyiwapo navabati vehove, vakanga vachisuka mambure avo. Akakwira mune rimwe ramagwa

acho, rakanga riri raSimoni, akamukumbira kuti ariswededze zvisvishoma kumahombekombe. Ipapo akagara pasi akadzidzisa vanhu ari mugwa.

Akati apedza kutaura, akati kuna Simoni, “Chiriswededza kwakadzika ugokanda utava ubate hove.”

Simoni akapindura akati, “Tenzi, takashanda zvakaoma usiku hwose uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu utava.”

Vakati vaita saizvozvo, vakabata hove zhinji kwazvo uye utava hwavo hwakatanga kubvaruka. Saka vakaninira vamwe vavo vakanga vari mune rimwe igwa kuti vauye vazovabatsira, ivo vakauya vakazadza magwa ose ari maviri; akazara zvokuti akatanga kunyura.

Simoni Petro akati achiona izvi, akawira pamabvi aJesu akati, “Ibvai kwandiri, Ishe; ndiri mutadzi!” Nokuti iye neshamwari dzake vakashama kwazvo nokuda kwehove dzavakanga vabata, uye vanaJakobho naJohani, vanakomana vaZebhedhi, vamwe vaSimoni, vakashamawo.

—Ruka 5:1-10

Petro akawana nzira itsva yokuredza nayo, sezvandaiita mukuvhima nondo. Akanga aedza kubata hove asi haana kubata hove kusvikira Jesu amuudza pokuredza, mumvura yakadzika. Ikoko akabata hove dzakawanda zvokuti magwa ake maviri akapotsa anyura. Ndinoudza vanhu kuti, “Munhu wose anogona kubata hove kana Jesu achinge akuudzai pokuredza uye nemaredzero.”

Saka maererano nomusonganiri wangu uyo asina kubata *marlin* yake huru, hongu, ichokwadi kuti zvinhu zvose naMwari zvinogoneka, asi kana madyara mbeu muchitenda kubata *blue marlin* mubhavha renyu rokugezera, maiziva kuti hazvishande. Zvino, kana maida kubata *blue marlin*, maigona kudyara mbeu yenyu, uye Mweya Mutsvene aizokutungamirirai kunzvimbo yamaigona kuibata—mugungwa, hongu, asi kupi kwacho chaiko mugungwa?

Rangarirai izvi: Kukohwa kumwe nekumwe kune nzvimbo uye nenguva yokukohwa yakasiyana! Kana maida kudyarira *blue marlin* yaikunda *mamarlin* ose airedzwa nevamwe pasi rose, maisagona kungoti, “Ndichaenda kugungwa.” Pane nzvimbo chaiyo yomugungwa yamaizofanira kuenda. Sei? Nokuti *blue marlin* dzinotama uye dzine dzimwe nzira dzadzinofamba nadzo gore roga-roga. Kubata *blue marlin* yemapaundi mazana mapfumbamwe chinhu chisingawanzoitiki. Somuenzaniso, makwikwi okuredza *eEmerald Coast Blue Marlin Classic* omuMiramar, Florida, ave achiitika kwemakore gumi nemanomwe. Kubva panguva iyoyo *blue marlin* huru yakambobatwa yaiva yemapaundi 899. Zvaiita here kubata *blue marlin* yemapaundi mazana mapfumbamwe parwendo irworwo rwokuMaui? Zvichida, sezvo *blue marlin* hurusa yakabatwa pasi rose yakabatwa muHawaii uye yaive yemapaundi 1,376, asi nyorai izvi pasi.

Kunyanya kunanga kana kunyanya kusarudzika kwakaita kutenda kwenyu pane chinhu, ndiko kukoshawo kwakaita matarisiro amunofanira kuita nzvimbo, nzira, uye nenguva.

Mukuru wechikepe ichi wezuva iroto romuMaui akatiudza kuti *blue marlin* yakanga isati yasvika. Aive nezvikepe zviviri zvakanga zvakabuda kwemwedzi mina yakanga yadarika, kwemaawa masere pazuva asi vakanga vangobata *marlin* imwe chete ine mitsetse.

Marlin dzeblue dzaizowanikwa mwedzi wati fambei. Chokwadi, takabata yokutanga yemwaka. Asi shamwari yangu payadyara mbeu yayo nenzira yakanyatsonanga, uye nyanyire kuti aiswe mubhuku revanhu vanobata *marlin* hurusa kudarika vamwe pasi rose, zvaive zvakakosha zvikuru kuti ave nenzvimbo uye nenguva yacho kuti azove negoho. Ini pachangu ndinotenda kuti panguva iyoyo pakanga pasina *marlin* huru munzvimbo iyoyo yaigona kudarika mamwe ose akambobatwa. Tinofanirawo kuziva kuti zvinokwanisikawo kuti shamwari yangu yakanga isiri mukutenda kokubata hove huru. Asi kana aine chokwadi chokubata *marlin* yemapaundi mazana mapfumbamwe, bva ndinoziva kuti kana akadyara mbeu yake uye akateerera kuMweya Mutsvene nezvenzvimbo yokunoredza, uye akateerera nenguva yacho chaiyo, achawana *bue marlin* yake yemapaundi mazana mapfumbamwe.

Nzvimbo uye neNguva Zvinhu Zvine Basa

Kunyatsotaura zvakangananga nzvimbo uye nenguva yokukohwa kwakakosha sembeu chaiyo yamunodyara. Makaona kuitika kwazvo pandakaedza nondo yemapazi manomwe. Ndaifanira kumirira kusvikira ndanzwa kuti ndaifanira kuchibuda; uye zvakadaro, ndakamirira kweunopfuura mwedzi mumwaka wokuvhima. Sei? Zvimwe nokuti mapazi manomwe akanga asati ava panzvimbo yangu kana kuti paigona kunge paive nezvimwe zvinhu zvaigona kudzivisa kubudirira kwangu, zvakaita semamiriro okunze nemhepo.

Mweya Mutsvene aiziva nguva yegoho iroro chaiyo, uye akandiisa panzvimbo chaiyo, pazuva chairo, panguva yakafanira yokukohwa nondo iyoyo.

Kazhinji ndinonzwa uye nokuona kukanganisa uku.

“A-aa, Gary, kana Humambo huchiunza nondo sezvaunotaura, wadii kungoenda kunouraya nondo hurusa inodarika dzakabatwa nevamwe vose pasi rose?” Zvakanaka, mubvunzo wakanaka, uye tinofanira kuugadzirisa. Chirevo ichocho chakafanana netsamba

**REGAI NDIZVITAURE
ZVAKARE—NDINOFUNGA
KUTI MUNOFANIRA
KUZVINZWA ZVAKARE—
MWARI VANE HURONGWA
HWENYU!**

dzomumhepo dzandinowana kubva kune vanhu vanoda kubvisa zviuru zana zvemadhora zvechikwereti chemba uye vanondiudza kuti vakadyara mbeu kuti ibhadharwe mukati memazuva manomwe. Kana ikasaoneka mumazuva manomwe, vanoodzwa moyo uye vanondibvunza kuti sei mari isina

kuoneka. Mumwe mubvunzo wakajairika wandinonzwa ndewokuti, “Sei ndisingagone kungodyara mbeu kuti ndikunde murotari?”

Zvakanaka, ngatitaurei nezvemubvunzo wokutanga wokubata nondo hurusa kupfuura dzakabatwa nevamwe vose pasi rino. Hongu, ndinotenda kuti ndaigona kubata nondo yaipfuura dzimwe dzose dzakabatwa kana chaive chishuwo changu, icho hacho chinova chisiri. Ini ndinowanzovhima nyama, uye handisundwe mukuvhima nondo inodarika dzimwe dzose dzakabatwa pasi rino. Chimwe chezvikonzero chinoita kuti ndisasundwe nazvo ndechezvandabva kukutsanangurirai; hamubati hove yemhando *yewhale* mubhavha renyu rokugezera. Nondo huru inodarika dzimwe dzose dzakabatwa haiwaniki papfuma yangu. Dai ndanga ndakazvipira kukohwa nondo iyoyo, ndaienda kune imwe nzvimbo yokunovhima. Ndingangoda kudzidza mamwe maitiro matsva sezvo nondo dzinokunda dzimwe dzose dzinowanzova dzehusiku uye dzine maitiro adzo akasiyana nedzimwe.

Ndaifanira kuita tsvakurudzo yakawanda uye kunyengetera kuti ndiwane nzvimbo iyo mhuka yakadaro yaizowanikwa. Asi ini handidi kupinda mumatambudziko ose iwayo. Ndinofarira kuvhima musango rangu. Ini ndinoda kubuda kuseri kwemba yangu uye ndowana nondo yangu yokudya kubva musango rangu. Asi kuti ndipindure mubvunzo wenyu, ndinotenda kuti munhu anogona kutenda muna Mwari nokuda kwenondo iyoyo, asi rangarirai zvandataura. Kunyanya kusarudzika kana kunyanya kunanga kwakaita goho, ndiko kukoshawo kwakaita matarisiro amunofanira kuita nzvimbo, nguva uye nenzira yamuchariwana naro.

Kazhinji, pandinowana tsamba dzomumhepo dzinobva kune mumwe munhu achindibvunza kuti sei miriyoni yemadhora isina kuuya mumazuva mashanu, ndinoona kuti pamwe, kwete nguva dzose, ndinenge ndchitaura nemunhu asina kudzidza musiyano wokuva mukutenda uye nokuva nokuzvivimba.

Zvakafanana netsamba yomumhepo yandakagamuchira rimwe zuva vachiti vaizodyara mbeu yemamiriyoni gumi emadhora mumazuva makumi matatu ivo vasina kana zvinhu zvokushandisa mumba, vanga vasina kubvisa Mari yemba kwemwedzi mitatu, uye vasina basa. Vakanga vasiri mukutenda kwavo kwakakudziridzwa.

Saka, Gary, uri kuti Mwari havaikwanisa kupa mumwe munhu mamiriyoni gumi emadhora here? Chokwadi vaigona. Zvinhu zvose zvinogoneka naMwari. Mubvunzo hausi wokuti “Vanogona here?” asi “Mune kutenda kwaizvozvo here?” Kana kutenda kwenyu kusingakwanise kuunza zvokudya zvamunoda, ndinonyunyuta kuti mune kutenda kwokuwana mamiriyoni gumi emadhora panguva ino yohupenyu hwenyu. Asi munogona kusvika ipapo! Munofanira kutanga nepamuri motanga kudzidza mashandiro anoita kutenda

uye mowedzerawo chikwanisiro chenyu chokutarisira zvakawanda kupfuura zvamuri kutarisira iye zvino.

Munogona Kuva Nokutenda Kwokukunda muRotari Here?

Ko rotari?

E-ee, ngatiendererei mberi uye tisvetukire kune mubvunzo uno. Mitambo yema *Powerball jackpot* (rotari) yanyatsopfumbira mumakore mashoma apfuura. Ndinoyeuka kuti gore rino rapfuura yakasvika pamadhora anoda kusvika bhiri-yoni! Ndakanga ndisati ndambotenga tikiti rerotari muhupenyu hwangu, asi panguva ino, payakanga yava pabhiri-yoni imwe chete yemadhora, vaviri vedu vaiva muhofisi vakati, “A-aa, ngatimbotengai matikiti akati wandei.” Handina kunyanya kufunga nezvazvo, saka ndakafunga kuti zvimwe ndingangokanda madhora akati wandei. Ndaiziva mikana yazvo—ndakanga ndisiri kuisa chivimbo mukukunda—asi ndinofungidzira kuti ndakangofunga kuti ndaizokanda mari yangu mazviri. Zvaiita sokunge munhu wose aiti, “Mumwe munhu anofanira kuikunda.” Ndinofunga ndakafunga kuti kana mumwe munhu akunda kuwana bhiri-yoni imwe chete yemadhora iyi, handaizoda kufunga kuti ndakanga ndarasikirwa nedhora rimwe chete mazviri. Hongu, ndinonyara kutaura kuti ndakatowira mazviri.

Husiku humwecheteho Jehovha vakataura neni muchiroto pamusoro pazvo. Vakangoti muhope dzangu, “Zvipikirwa Zvangu zvose ndezvako!” “Hongu Changamire, ndiri kukunzwai zvakana chose uye zvakajeka,” ndakadaro. “Ndazvinzwisisa.” Hongu, vakandigadziridza, asi vakandikurudzirawo. Vakandizivisa kuti

handidi rotari iyoyo, uye kana ndichida bhiriyaoni yemadhora, vanondipa pandinoida. Ndine zvipikirwa zvinopfuura zviuru zvinomwe zvandine mvumo yepamutemo nazvo, uye zvinopfuura zvakakwana!

Zvino, todzokera pakupindura mubvunzo uri pamusoro pokudyara nechikonzero chokukunda murotari kana mune chero makwikwi; hamuna hutongi pamusoro pazvo. Ndinogona kudyarira nondo nokuti nondo inotongwa nomunhu. Ndine simba pamusoro payo. Asi ini handina simba pamusoro perotari; mutambo womukana.

Maziviro Amungaita Kana Musiri Mukutenda

Kudzidza kutonga kana muri mukutenda kuchakubatsirai pamunoita sarudzo uye kunokubatsirai kuziva kusaita sarudzo kana muri mukutya. Yeukai kuti kutenda kune chivimbo, kunotarisa, uye kuzere norugare. Ruvimbo chimwe chinhu chandakanga ndisina pandakatanga kukohwa nondo yangu yokutanga yomukombe. Ndakanga ndisiri mukutenda. Munogona here kuziva kana musiri mukutenda? Ndinovimba kudaro.

Sezvamunoziva, Drenda neni tine maeka makumi matanhatu akanaka ane musanganiswa wesango, machakwi, nemafuro. Inzvimbo yakakwana yokuvhima nondo. Pane zvirimwa zvaka-simwa zvakapoterredza nzvimbo yedu, uye masango nemachakwi anokwezva nondo zvikuru. Ndakavaka hofisi yangu pamusoro pegaraji redu, ine masherufu emapuranga nechoto chegasi chakavakirwa mukati. Imhando yehofisi yomurume anoda kuva pake oga, anoda kuva norunyararo uye anoda kudekara, iyo yandino-farira kushanda ndiri. Chinhu choga chaive chisipo chaive dehwe

renondo rakawaridzwa patafura yangu. Kutaura chokwadi pamusoro pazvo, ndakanga ndisingambofariri kupfura nondo hombe sezvo ndaiva muvhimi wenyama, uye ndakanga ndisati ndambopfura hono yakanga yakakura zvikuru zvokukodzera kuturika dehwe racho. Asi pandakanyanya kufunga nezvazvo, ndakabvumirana naDrenda, sezvo ariye aindisimbisa kuti ndipfure nondo yokuisa muhofisi yangu.

Takanga tagara pamusha uyu kwemakore mashanu patakaita hurukuro iyi, uye ndakanga ndisati ndamboona nondo dzakawanda pamusha uyu. Ndakanga ndabuda mumwaka woga-woga wenondo uye ndakapfura nondo dzakati wandei dzemapazi masere asi pasina yandaiona kuti yaikwanisa kuturikwa. Asi gore iroro, ndakaudza Drenda kuti ndaifunga kuti ndaizoenda kunovhima nondo hono yokuita chiturikwa. Zvakare, ndakanga ndisati ndamboona hono dzakawanda musango. Fafitera redu romumba yokubikira rakatarisana nemasango nemunda, uye zvakadaro, ndakanga ndisati ndamboona imwe zvayo.

Asi ini naDrenda takadyarira nondo hono huru. Ndakanyora

**HWAGARA HURI HWENYU,
SHAMWARI YANU,
HUMAMBO HWOSE
HAWO. MWARI HAVANA
CHAVANOWEDZERA PANE
ZVAVAKATOKUPAI KARE.
MAGARA MUNAZVO ZVOSE!**

pacheki yangu yembeu yandakanga ndichidyara kuti yemapazi gumi kana kudarika. Takanamatira mbeu iyoyo, uye ndakaisa patafura yangu kuti ndiitumire. Hamvuropu iyoyo yakagaramo kwemazuva matatu, uye handina kukwanisa kuitumira. Ndakaziva kuti ndakanga ndisina kutenda

kwekuwana yemapazi gumi iwayo.

Kwezuva rose ndakanga ndine kutenda kwokuwana yemapazi masere, matanhatu, kana mana. Asi ndakanga ndiri kutambudzika nokuona ndichibata hono huru iyi nevimbiso yokutenda inoti, “Ndinozviziva kuti ndinoziva kuti pandichabuda ndichapfura nondo hono yemapazi gumi kana kupfuura.” Ndakanga ndine ruzivo rwakakwana rwezvoHumambo rwokuziva kuti ndakanga ndisiri mukutenda. Saka ndakabvarura cheki iyoyo, ndikaitsiva necheki yaiti “yemapazi mana kana kudarika,” ndikaitumira.

Manheru ndisati ndabuda ndakaudza Drenda zvandainge ndaita. “Handina kutenda kwenondo yakakura kudaro,” ndakamuudza kudaro. Akanditarisa ndokuti, “Unotenda kuti uhabata nondo, asi ini ndinotenda kuti uhabata nondo yomukombe. Mwari vanogona kuita zvikuru kwazvo kupfuura zvose zvaunokumbira kana kufunga!”

Mangwanani akazaruka neruzha rwenguva dzose rwetsindi neshiri musango sezvo hwema hwemashizha amatsutso hwakadzose pfungwa dzangu kundangariro dzakawanda dzokuvhima nondo. Ndakanga ndisati ndagara kwenguva refu, zvichida maminiti makumi maviri pandakanzwa ruzha rwenondo ichiuya musango. Nondo yakananga pamuti wangu senguva dzose, ndokubva ndakagadzirira kupfura. Payakasvika pedyo, ndakaona kuti yaive ine mapazi chaiwo andinowanzoendera sezvo mhando yenondo idzi ichinaka samare. Yakapinda panzvimbo yaive yakazaruka yaiva pamayard anenge makumi mashanu kubva kwandaive, ndikaregedzera museve. Nokusvotwa, ndakaona museve worovera mudenga ndokudzika ndikaziva kuti iyi ndaizoirona. Nondo yakamhanya nomusango ichibva yasvetukira mumunda wechibage waiganhurana nesango uye yakanga isingachaoneki. Ndainge ndichiri kuinzwa ichimhanya nomuchibage ndikaziva

nemamhanyiro akanyanya ayainge ichiita kuti zvimwe ndaizova nebasa guru kwazvo rokuirona.

Ndakamira mumuti kweanenge maminiti makumi maviri ndichibva ndafunga kuburuka kuti ndinoongorora zvaive zvakaita museve. Chokwadi ndakaona kuti ndakange ndaipfura, ndikaona ropa richiyerera. Pandaitevedza nzira yeropa, ndakakurudzirwa sezvo pakanga pane mutsetse wakanaka weropa. Asi pashure pemayard anenge zana, mukoto weropa wakaoma. Ndakatarisa ndatarisazve asi handina kuwana rimwe donho. Mushure memaawa maviri ndichitarisa, ndakaona kuti nondo yakanga yaenda. Ndakarwadziwa. Chokutanga, handidi kukuvadza nondo uye ndobva ndarasikirwa nayo; uye chechipiri, ndakarwadziwa nemapfuriro andakaita.

Ndakaramba ndakamira mumunda wechibage uyu; ndakange ndodzokera kumba imwe pfungwa payakaerekana yandibata. Ndichiri nemukana. *Ndinogona kusvetutsa nondo pandinenge ndoenda kumba nomumunda wechibage uyezve nomunzvimbo ine machakwi.* Ndakagadzirira uta hwangu. Pandakangoti fambei zvishoma ndichitevedza goronga raive mumunda wechibage, ipapo-ipapo nondo yakasvetuka ndokumhanyira pamberi pangu. Nokushaya kuti ndaiva chii, yakamira ndokucheuka. Sezvo ndaiva ndakapfeka zvipfeko zvokuzvivanza nazvo, nondo, iyo yandakaona kuti yaiva hono, yakazeza sezvo yaisakwanisa kuziva kuti ndaiva chii. Zvose zvakaitika mukanguva kadiki-diki. Ndaiona nyanga, kunyange zvazvo ndakange ndisingagoni kuziva kukura kwadzo kana kuti dzaive nemapazi mangani. Ndakaziva kuti ndange ndasarwa nekanguva kadiki-diki kuti ndiite sarudzo yangu pamusoro penondo iyi. Yaive chinhabwe chandaisawanzopfua, pamamaira angangoita makumi mashanu nemashanu uye yakandipira rutivi.

Ndakakasira kusimudza uta ndokunangisa pamusoro pomusana wayo ndokuregedzera museve. Museve pawakaibaya yakabva yadonha pakarepo ikaramba iri pasi. Ndakaita zvokuvhunduka. Izvi ndizvo zvichangobva kuitika here?

Pandakaenda payaive iri, chinhu chokutanga chandakataura chakanga chiri chokuti, “Kutenda kwaDrenda!” Nondo yacho yaive yakakura! Ndakaverenga mapazi makumi maviri nenhanhatu, uye yaive netwunyanga twakarembere. Ndakanga ndisati ndamboona nondo yakakura seiyi. Zvakanaka, kutaura kuti ndakafara hazviruramisire nguva yokuitika kwazvo. Sezvamunogona kufungidzira, nondo iyi zvino yava pamusoro petafura yangu yomuhofisi mangu. Asi ndinoda kutaura nezvenondo iyi kweminiti. Yakazviratidza nenzira ipi kana kuti sei yakazviratidza?

Nondo iyi yemapazi mana yakaoneka panguva chaiyo kunyange ndakakanganisa pakupfura. Asi Drenda akati aitenda kuti ndaizove nenondo yomukombe. Zvino, zvinhu zvaive zvakanakira Drenda kupfuura ini. Haavhime nondo, uye kwaari, nondo yomukombe yakangofanana neyemapazi mana. Kwaari dzingori nondo. Nemhaka yokuti haavhimi, akanga asina mufananidzo mupfungwa dzake waitaura naye kuti izvi hazvigoneki. Ndakanga ndisati ndamboona nondo huru yemapazi masere papfuma yedu, asi kutenda kwake kwakanga kusingabvi pane zvakanga zviri panzvimbo kana pane zvakanga zvisiri panzvimbo yacho. Aitenda kuti Mwari vaigona kuzviunza.

Kuvhima uku kwakaitika munguva nondo padzinosangana, *rut* sokudanwa kwakunoitwa, uye hono dzinogona kufamba mamaira akawanda dzichitsvaga hadzi. Saka pane mukana wakanaka wokuti muchaona nondo dzamusingawanzoona papfuma yenyu dziri munguva iyi yokuda kusangana neimwe sezvazvaive pano.

Kuva Vabati Pamwe Chete Mukutenda

Kutenda kwaDrenda kwakaunza nondo iyoyo kunyange ini ndaisava noruvimbo panondo yomukombe iyi. Ndinoda kuti muverenge zvakare. Ndaisatenda kuti ndaive ndichabata nondo yomukombe iyi! Ndinoziva zvamuri kufunga. “Gary, imbomira zvishoma. Ndavhiringika. Kana waisatenda kuti uchava nenondo iyoyo, zvino sei yakaoneka?” Regai ndikuratidzei.

Rimwe zuva Jesu zvaakanga amire paGungwa reGenesareti, vanhu vakaungana vakamukomberedza vachiteerera kushoko raMwari, uye akaona magwa maviri kumbhenderekedzo dzegungwa, akanga asiyiwapo navabati vehove, vakanga vachisuka mambure avo. Akakwira mune rimwe ramagwa acho, rakanga riri raSimoni, akamukumbira kuti ariswededze zvishoma kumahombekombe. Ipapo akagara pasi akadzidzisa vanhu ari mugwa.

Akati apedza kutaura, akati kuna Simoni, “Chiriswededza kwakadzika ugo kanda utava ubate hove.”

Simoni akapindura akati, “Tenzi, takashanda zvakaoma usiku hwose uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu utava.”

Vakati vaita saizvozvo, vakabata hove zhinji kwazvo uye utava hwavo hwakatanga kubvaruka. Saka vakaninira vamwe vavo vakanga vari mune rimwe igwa kuti vauye vazovabatsira,

ivo vakauya vakazadza magwa ose ari maviri; akazara zvokuti akatanga kunyura.

—Ruka 5:1-7

Ndinoziva kuti takambotarisa nyaya iyi kare, asi ndiri kuda kuburitsa chimwe chinhu pano chichapindura mubvunzo wedu.

Vakati vaita saizvozvo, vakabata hove zhinji kwazvo uye utava hwavo hwakatanga kubvaruka. Saka vakaninira vamwe vavo vakanga vari mune rimwe igwa kuti vauye vazovabatsira, ivo vakauya vakazadza magwa ose ari maviri; akazara zvokuti akatanga kunyura.

Ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Jakobho naJohani vakashandisa kutenda kwakadini kuti vazadze chikepe chavo nehove? Mhinduro ndihapana! Kana muchiyeuka, igwa raPetro, uyewo neigwa raJakobho naJohani akange ari pamhenderekedzo pegungwa, uye vakange vachisuka mambure avo apo Jesu akauya. Jesu akakumbira Petro kuti ashandise igwa rake kuti aparidzire ari, achibva ipapo akamuudza kuti akande utava hwake mumvura yakadzika kuti abate hove. Zvakaguma zvaitika ndezvokuti Petro akabata hove dzakawanda kwazvo zvokuti utava hwake hwakatanga kubvaruka uye igwa rake

**NDINOGARA NDICHITI
ZVAKAVANZIKA ZVAMWARI
ZVAKAVANZWA NOKUDA
KWENYU, KWETE KWAMURI!
SATANI ANOGARA MURIMA
UYE HAAZIVI ZVIRONGWA
ZVAMWARI.**

rakatanga kunyura. Petro akaninira vamwe vake vakanga vari pamhenderekedzo kuti vauye kuzobatsira pakupinza hove. Igwa ravo rakazara sezvakaita raPetro, kusvika pakufashukira. Mubvunzo wangu kwamuri ndewokuti, “Jakobho naJohani vakashandisa kutenda kwakadini kuti vazadze igwa ravo?” Mhinduro ndihapana kutenda kwaakashandisa. Zvino nei igwa ravo raingove nehove dzakangofanana nedzaPetro? Rugwaro rwunopindura mubvunzo iwoyo; rwunoti vaive vabati pamwe chete (vamwe vavo).

Tsanangudzo yevabati pamwe chete inopihwa ne*Collins English Dictionary* ndeinoti: “Munhu anogovana kana kuti anobatanidzwa nomumwe munhu mune chimwe chiito kana kuti mune chimwe chinhu; kazhinji vachikugovana njodzi yazvo kana kuti pundutso.”

Vabatirani (vabati pamwe chete) muviri mumwe wepamutemo uye vanogovana munjodzi, mumutengo wechinhu, uye nemupundutso yebhizimusi. Zvino kutenda kwaPetro pakwakatevera Jesu, zvechokwadi akanga achikweretesa Jesu bhizimusi racho mupfungwa yepamutemo, kwete igwa chete. Nenzira yohunyanzvi, Jakobho naJohani vaivawo nechikamu cheigwa iro Petro akabvumira Jesu kushandisa, uye nokuda kwaizvozvo, magwa ose ari maviri akazara zvakaenzana. Zvino kutenda kwaani kwakaunza goho irori? Zviri pachena, kwaive kwaPetro. Ndiye akati, “Tenzi, takashanda zvakaoma usiku hwose uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu utava.”

Nokudaro Jakobho naJohani vakakohwa goho sezvakaita Petro kunyange zvazvo vakange vasina kutenda mumamiriro ezvinhu iwayo. Ndizvo zvakanga zvakaita Drenda. Tiri vabati pamwe chete, uye tiri vamwe. Kutenda kwake, kuri kwoga, kwakaunza nondo muzuva iroro. Munogona kuona kuti pfungwa yokubata pamwe iyi musimbotti wemweya une simba sezvatichangobva kuona munyaya ino.

Pauro akataura pamusoro pomusimboti wokubata pamwe mubhuku raVaFiripi.

Ndinovonga Mwari wangu nguva dzose pandinokurangarirai. Muminyengetero yangu yose nokuda kwenyu mose, ndinogara ndichinyengetera nomufaro nokuda kwokubata pamwe kwenyu muvhangeri kubvira pazuva rokutanga kusvikira zvino, ndichiziva izvi, kuti iye akatanga basa rakanaka mamuri acharipedzisa kusvikira pazuva raKristu Jesu.

Zvakanaka kwandiri kuti ndifunge saizvozvo pamusoro penyuru mose, sezvo ndinemi mumoyo; nokuti kunyange ndakasungwa nengetani kana kuti ndichidzimirira nokusimbisa vhangeri, imi mose munogovana neni munyasha dzaMwari.

—VaFiripi 1:3-7

Pauro anoti anorangarira kereke yepaFiripi nomufaro nokuda kwokuramba vachibata pamwe nohushumiri hwake. Anopfuurira mberi kutaura kuti nemhaka yokubatana kwavo, zvino vanogovana munyasha dzaMwari dziri pahushumiri hwake. Nyasha isimba raMwari kana kuti kugona kwaMwari kwaive pana Pauro kuti aite basa rake. Kereke yepaFiripi yakanga ichigovana pamari yebasa racho, uye saJakobho naJohani, vakagovanawo zodzo nenyasha zvakananga zviri pamugove iwoyo. Ngatiendei kuchitsauko 4, uye muchaona mhedzisiro inoshamisa iyo mubatanidzwa unoburitsa.

Farai muna She nguva dzose. Ndichapambhidzazve: Farai! Asi makaita zvakanaka kuti makagovana neni mumatambudziko angu. Pamusoro paizvozvo, sezvamunoziva

imi vaFiripi, pamazuva enyu okutanga kundiziva nevhangeri, pandakasimuka kubva kuMasedhonia, hakuna kereke yakagovana neni panyaya yokupa nokugamuchira, kunze kwenyu chete; nokuti kunyange pandakanga ndiri muTesaronika, makanditumira rubatsirozve uye mukapamba pandainge ndiri pakushayiwa. Handirevi kuti ndinotsvaka chipo, asi ndinotsvaka izvo zvamungazopfumiswa nazvo. Ndakagamuchira mubayiro uzere uye kunyange zvizhinji; ndava nezvakakwana, zvino zvandagamuchira kubva kuna Epafrodhiasi zvipo zvamakanditumira. Zvakaita sechipiriso chinonhuhwira, chibayiro chakafanira, chinofadza Mwari. Uye Mwari wangu achazadzisa zvamunoshayiwa zvoze maererano nokubwinya kwepfuma yake muna Kristu Jesu.

—VaFiripi 4:14-19

Nyatsoteererai kune zvakataurwa naPauro kukereke yepaFiripi, “Mwari wangu achazadzisa zvamunoshayiwa.” Onai kuti Pauro haana kuti, “Mwari wenyu achazadzisa zvamunoshayiwa nokuti makan-diitirawo rupe.” KWETE! Akati, “Zvino Mwari wangu achazadzisa zvamunoshayiwa!” Munoono, vaFiripi vakanga vari vabati pamwe chete naPauro, uye sevabati pamwe chete, vakagovana munyasha pamugove waPauro. Zvino, kufanana naJakobho naJohani vakabata hove dzose dziya nokuda kwokutenda kwaPetro, Pauro ari kuzivisa kuti zvavanoshayiwa zvichazadziswa nokuda kwokutenda kwake! Ndinovimba munogona kuona kunaka kwemusimboti uyu.

Ngatitii muri kuda motokari uye munoshanda nesu sesangano. Ngatitiizve motokari iyi inoita zviuru makumi matatu zvemadhora. Zvino, kana muchidyara muGarykeese.com, munonzwisisa zvinorehwa nokubata pamwe. Munogovana muzodzo uye

nomunyasha dziri muhushumiri hwedu. Sesangano, tinogona kubvumirana zviri nyore pamari iyoyo nokuti takadarika chishuvo chokuda zviuru makumi matatu zvemadhora kare-kare. Kutenda kuti tive nemari iyi kunova chinhu chiri nyoresa sezvo ikozvino tichishandisa mamirioni emadhora pagore. Asi kare, ndinoyeuka ndichifanira kutenda muna Mwari kuti ndive nemari youwandu hwakadai, iyo panguva iyoyo yaitaridzika segomo guru. Saka kana mukandibvunza kana ndaigona kutenda muna Mwari kuti ndiwane uwandu uhwu hwemari, mhinduro yaizova “Zvamazvirokwazvo.” Zvino saPauro, kana tichibvumirana uye tiri vabati pamwe chete, ndinogona kutaura kuti kushayiwa kwenyu kunozadziswa kwete nokutenda kwenyu asi nokutenda kwangu.

Zvino sezviri pachena, munofanira kuva mukutenda apo munodyara mbeu kuti muve nezviuru makumi matatu zvemadhora iyoyo, uye munofanira kuva nechivimbo kwete bedzi muShoko raMwari asiwo muneni. Munofanira kuva nokutenda mandiri, kuva nechivimbo chokuti ndakazodzwa uye kuti ndakadanwa naMwari, kuti ndinoshanda nokuvimbika, uye munofanira kukwanisa kuona mhodziso yakaratidzwa muhupenyu hwangu uye nomuhushumiri hwangu. Kana maitarisa zvatiri kuita uye nekwatakabva, maizoziva kuti ndine kutenda kwekuve nezviuru makumi matatu zvemadhora! Imi munogona kunge musina kutenda kwekuve nayo, asi tinogona kushanda pamwe chete tichibatirana uye toona zvinhu zvinoshamisa. Ndizvo zvazvaiva kunondo yomukombe. Manheru ndisati ndabuda Drenda akati, “Unotenda kuti uhabata nondo, asi ini ndinotenda kuti uhabata nondo hono yomukombe. Aya ndiwo mashandiro anoita kubata pamwe.”

Kusarudza Vokushanda Navo Vane Hunyanzvi

Nokudaro regai ndiise mimwe mitemo pano nokukubvunzai mubvunzo. Kana maizotanga kambani yemacomputer, mungade here kuti mukomana anga ari mugwaro rake rokutanga rezvidzidzo zvecomputer science asina kana mari, kuti ave mumwe wenyu, kana kuti mungade mumwe munhu akavaka bhizimusi remacomputer remamiriyoni emadhora uye aine mari yokubatsira mukuparurwa kwekambani? Hongu, pane zvinhu zvakawanda zvakasiyana-siyana pano, uye ndiri kungopa mufananidzo. Asi pasina kudzamisa pfungwa, ndinofunga kuti sarudzo iri pachena ingaitwa pano kutora munhu ane ruzivo, ane nhoroondo yakanyorwa inogona kurondwa, uye asiri kuchoboka!

Zvisinei, izvi ndizvo zvimwechetezvo nezvinoitika kana muchida kudyara mumubatanidzwa wohushumiri. Ndapota musavhiringika nezvandiri kutaura maererano nokutungamira kwakananga kwaMwari kuti mubatane nomumwe munhu. Kutungamira kwakadaro kwakasiyana nezvandiri kutaura nezvazvo pano. Nguva zhinji, Mwari vanokutungamirai kuti mubatane nebasa Ravo, asi dzimwe nguva munosvika pakuita sarudzo. Ndiri kutaura zvakananga nezvekudyara sesarudzo yamunoita imi pachenyu, kudyara pamunenge muchishuvira kuenda kune rimwe danho. Ndinoziva kuti ndinodyara mubasa randinotenda mariri nechinangwa chakananga chokuti mari inodiwa muhupenyu hwangu iuye nokukasika. Mumwe mutemo wandisingatyori ndewokuti ndinogara ndichidyara mubasa rinonzwisisa nezvo-kutenda uye nezvechibvumirano kunze kwokunge ndiri kudyara kuvarombo kana kune vanoshaya. Chokwadi, hatitarisiri kuti varombo nevanoshayiwa vanzwisise kutenda. Tiri kudyara rudo

kwavari, uye Mwari vachatitsiva. Zvakare, kudyara kuvarombo imhando yokudyara yakasiyana neyatave kutaura nezvayo pano. Chimwe chinhu chandinotsvaga pandinenge ndichida kudyara mubasa raMwari muchero wakatarisirwa mubasa iroro wakafanana newandiri kutenda muna Mwari kuti ndiwanewo.

Somuenzaniso, kambani yangu ine ndege mbiri. Ndisati ndatenga imwe yadzo, ndakadyara mubasa raMwari musangano randaiziva kuti rakanga ratenga ndenge dzemamiriyoni akawanda emadhura munguva yakapfuura. Kana ndichiti akawanda ndinoreva kuti akawanda, uye dzose dzaibhadharwa nemari chaiyo. Kana pari panyaya yendenge, hongu, vaive nemhedzisiro dzakavapo. Ndaiziva kuti vaigona kubvumirana neni nyore-nyore nezvendege uye nokuva mukutenda kuti zviitike. Ndakanga ndisiri kuzobatana nesangano raizoti ndege dzaidhura kana iro raiti hataifanirwa kuva nadzo. Ichi hachisi chibvumirano. Kwete, ndaida kubvumirana nesangano rainzwisisa pandaive ndimire, raigona kuenderana neni mukutenda muna Mwari kuti ndive ndenge, uye rine chibereko chokuzviratidzira.

Ndanga ndiri mutyairi wendege kubvira ndiine makore gumi nemapfumbamwe okuberekwa uye ndakadzidza kubhururutsa ndenge ndichibva pamaf^{ee}t zviuru zvitatu enzira yematombo yokumapurazi. Ndakabvisa mari kuti ndifambe ndenge hupenyu hwangu hwise kusvika pane rimwe zuva pandakafunga kuti, *Haiwa, munoziva chii? Ndinongoda kudyara mbeu uye nokutenda muna Mwari kuti ndive ndenge yangu.* Zvakanaka, ndizvo zvakaita. Ndege yandaizodyarira ndaiziva. Saka ndakanyora ndege iyoyo pacheki yangu, uye Drenda neni takabvumirana nazvo. Takazotumira cheki iya kusangano randichangobva kutaura nezvaro.

Zvino, munenge mushure memwedzi, ndakashanyira chiremba

senguva dzose. Pandakanga ndichitaura nachiremba zuva iroro, akangoti, “Pane mumwe munhu waunoziva angada kutenga ndege here?” Ndakashamisika nomubvunzo uyu sezvo muhupenyu hwangu hwose ndaive ndisina kumbobvira ndabvunzwa nomunhu kuti ndaida kutenga ndege here. Saka ndakabvunza kuti yaiva ndege yakaita sei, uye kunakidza kwazvo yakanga iri ndege chaiyo yandakanga ndadyarira mbeu yangu. Zvakanaka, izvi zvakabata pfungwa dzangu. Ndakaenda ndikatarisa ndege yacho, ndikabva ndaona muridzi wendege achibva aibhururutsa ndirimowo. Yakanga yakakwana. Paive nedambudziko rimwe chete. Panguva iyoyo ndakanga ndisina mari yokuitenga nayo. Asi Mwari vaive nohurongwa.

Munoonaka, muchirimo chakapfuura, uye zvino akanga ava Kurume, ndakanga ndawana imba kubva kuna baba vangu yandakanga ndava kuda kugadziridza muchirimo kuti ive chivako chehofisi. Baba vakandiudza kuti vainge vavhara mvura nguva yechando isati yasvika, saka handina kumbozvitarisa. Ndichangobva kutarisa ndege, mukoma vakandibata parunhare vachiti imba yangu yakanga yaparara. Vakazoenderera mberi nokundiudza kuti madziro ose okuisira aive mumba iyi aive aparara uye mazhinji acho aive adonha kubva kumadziro. Sezviri pachena, mvura yakanga isina kuvharwa uye yakanga yaoma muchando. Zvatakange tava munaKurume kuchidziya, mvura yakatanga kuyerera mumba ichibuda zvokuti hapana anoziva kuti zvenguva yakadii, angangove hawo mavhiki mashoma.

Chaisazivikanwa namukoma ndechokuti ndakange ndaton-yorerana pasi chibvumirano nekambani yokuvaka kuti ndibvise madziro emba ose nemadziro okunze. Ichi chaiva chimwe chegadziriro yokuvakazve imba yacho kuti ive hofisi yangu itsva.

Zvino, pano ndipo pakaitika chinhu chakanaka. Kambani yeini-shuwarenze yakandipa mari yokukuvadzwa kwechivakwa nemvura, uye ndiyo mari yandakashandisa kutenga nayo ndege yangu. Ndege yakatengwa nemari chaiyo!

Zvino rangarirai kuti kubata pamwe musimbotei wemweya une simba wamuchazoda kuziva uye kutora mukana nawo.

Izvi zvinopedzisa nhaurirano yedu yokusunungura mbeu yenyu kana muri mukutenda. Zvino zvamadyara mbeu yenyu, chii chinotevera? Vimbai neni, vanhu vazhinji havazivi, sokuratidzwa kwazvinoitwa neVakristu vakawanda, vanodyara asi vasingaoni zvibereko kana kuti migumisiro kubva pakupa kwavo. Ino ndiyo nguva here yokugara muchinwa zvinwiwa zvenyu kusvika goho renyu rauya?

Hamufanire kudaro! Tichakurukura zvamunofanira kunge muchiita muchitsauko chinotevera.

CHITSAUKO 8

MUNODA KUVA NOHURONGWA!

Brad naCharity pavakatanga kuuya kukereke kwedu, ndakanga ndisingavazivi. Ndinoyeuka ndichiti kwaziwai kwavari uye tichingotaura zvishoma apo neapo. Nguva yokutanga yavakabata pfungwa dzangu pamweya pakanga pari pamusangano wemadzimai waDrenda. Musangano uyu wakatanga neChina manheru ukapera noMugovera masikati. Vazhinji vevaipinda vaizosara kuti vapinde mumusangano wekereke yedu woMugovera manheru. Mushure memisangano iyi ndipo pakazouya Brad naCharity vaine chikumbiro. Vaida kutanga bhizimusi ndokukumbira kuti ndigamuchire mbeu musangano redu uye ndovanamatira nokuda kwebhizimusi iri.

Ndakazoziva pave paye kuti Charity aive abvisa mari kuti ahandise dumba kumusangano wemadzimai kuti agone kutengesa mishonga yebvudzi yakagadzirirwa bvudzi rakamonana-monana reverudzi rwomuAfrica asi vari zvizvarwa zvomuAmerica. Akanga abvisa mari inokwana zana nemakumi mashanu emadhora kushandisa tafura pamusangano uyu, uye akatengesa zvigadzirwa

zvinokosha mazana matatu nemakumi mashanu emadhora, izvo zvakaita kuti awane mazana maviri emadhora pamusoro.

Pamusangano woMugovera manheru iwayo, vose vakauya nemazana maviri emadhora uye vaidza kuidyara musangano redu sembeu yokuti bhizimusi ravo rikure. Ndakati, “HONGU,” uye takanyengetera. Handina kufunga zvakanyanya pamusoro pazvo, asi ndakaona shungu mumaziso avo, uye ndaigona kuona kuti vakanga vari mukutenda apo vaisunungura mbeu yavo.

Kuti ndikupei ruzivo rwushomana nezvaBrad naCharity, panguva iyoyo, Brad aive mutungamiri webasa rezvemacomputer (IT) pane imwe kambani, uye Charity aiwana madhora gumi paawa pabasa raaita kwenguva diki, izvo zvinopinza munhu mumhuri yokungorarama nemari yomuhoro. Mushure momusangano, vakaramba vachitengesha chigadzirwa chavo kushamwari uye nepamhepo asi vakabvuma kuti bhizimusi rakanga risiri kusimuka. Asi Mwari vakanga vachishanda seri kwezviitiko vachigadzirira kukura kwavo kweramangwana.

Mafuta emhou ndicho chinhu chikuru chaishandiswa pakugadzira mishonga yavo, ayo avakatenga kubva kumurimi wemhou kuCalifornia, uyo wavakaziva kuti aida kutengesha kambani iyi. Mutengo wacho waiva zviuru makumi mana zvemadhora. Charity akaziva kuti uyu waiva mukana wakanaka wokukura kwekambani yavo mune ramangwana, asi Brad naCharity vaive vasina mari iyi, vasina kana. Vaingove nemari yaikwana matikiti endege kuti vaende kunoona kambani iyi muCalifornia, uye ndiyo chete yavaive nayo. Brad akati achiswedera pedyo neCalifornia, ndipo paakawedzera kutya. Aizoti kudini kumuridzi sezvo vakanga vasina mari uye vakavimbisana kuti vaisazokwereta

mari yebhizimusi ravo? Pavakasvika kuCalifornia, murimi akafamba achivaratidza yose hayo asi akavaudza kuti akanga atowana mutengi wekambani yemafuta iyi. Zvairatidza kuti zvinhu zvaive zvisina kumira zvakanaka. Asi muridzi wayo akakumbira Brad kuti amuitire rimwe basa reIT, izvo Brad akabvuma kuita.

Panguva iyoyo, Brad naCharity vakatanga kuumba hukama nomuridzi wekambani; uye rimwe zuva, akati akanga afunga kuvatengesera bhizimusi iri. Akazopedzisira avaita kuti vamubhadhare zvishoma nezvishoma, uye Brad naCharity vakave nekambani yavo yemafuta emhou. Yakanga iri nguva ino apo Brad naCharity vakanzwa nezvechirongwa chokuvaka chatakange tatanga ku*Faith Life Church*, uye chimwe chinhu chakangopinda mupfungwa dzavo. Vakanga vaona mbeu yavaive vadyara kare ichishandura bhizimusi ravo, zvino vakaziva kuti yaive nguva yokusimudzira bhizimusi kuenda kune rimwe danho kubudikidza nembeu yakakosha. Zvakare, Brad naCharity vakasangana neni pamberi pekereke ndokudyara mbeu nokuda kwebhizimusi ravo uye nechinangwa chavaidyarira. Vakange vasingadyari kuti vave nemari yavo pachavo asi nokuda kwemari yenhamba nhanhatu yavaida kupa kubasa rokuvaka.

Kuti tipfupise nyaya iyi, shanduko huru yakaitika zvakare muchigadzirwa chavo, uye Mwari vakavapa chinhu chitsva chakashandura chigadzirwa chavo, nokudaro chakave chigadzirwa chakakwana chebvudzi rakamonana-monana reverudzi rwomuAfrica asi vari zvizvarwa zvomuAmerica. Chigadzirwa chakatanga kutengwa zvikuru. Uye pasina nguva, vakanga vapa cheki yenhamba nhanhatu kubasa rokuvaka. Iye zvino, vari kutsigira zvirongwa zvomuAfrica yose, uye vanobuditsa mari inodarika nhamba nomwe.

Zvose izvi zvakaitika mukati memakore matatu. Inyaya inoshamisa zvakadii yokubva pamadhora gumi paawa kuenda kumamiriyoni mumakore matatu! E-ee!

Iyi inyaya huru uye muenzaniso wakakwana wokuti Mwari vanoshanda nemi sei kuti mutore zvikwanisiro zvenyu nokuvaka pesvedzero yenyu. Chinhu chokutanga chakatora pfungwa dzangu chakanga chiri moyo yavo nokuda kwoHumambo uye donzvo rekambani yavo, riri rokutsigira Humambo hwaMwari nemari. Chechipiri, aive mashandiro avakaita naMwari kuti vagadzire chivakwa chekambani, chigadzirwa, uye nechirongwa chekambani kubva pakusava nechinhu. Izvi zvinofanirwa kukurudzira chero ani zvake anoda kuita chimwe chinhu chakakosha icho chisingamerwe nemari yaanayo kana neizvo zvaanoziva paanotanga. Mwari vachashanda nemi rwendo rwose.

Izvi zvinondisvitsa kumusimbota woHumambo wechina wandakadzidziswa naMwari, uye mushure mokunge madyara nokusunungura kutenda kwenyu, munofanirwa kuteerera kuhurongwa.

**Danho #4: Mushure Mokunge Madyara
uye Nokusunungura Kutenda Kwenyu,
Munoda Hurongwa.**

Asi iye akapindura akati, “Imi vapei zvokudya.”

Akapindura, akati kwavari: “Imi muvapei zvavangadya. Vakati kwaari: Tingaenda kundotenga zvingwa namadhenari anamazana maviri, tivape vadye here?”

Akati, “Mune zvingwa zvinganiko? Endai mundotarisa.”

Vakati vazviona, vakati, “Zvishanu, nehove mbiri.”

Ipapo Jesu akavarayira vadzidzi vake kuti vagarise vanhu vose pasi mumapoka pauswa hunyoro. Saka vanhu vakagara pasi mumapoka ane zana uye neane makumi mashanu. Akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri uye akatarisa kudenga, akavonga akamedura chingwa. Ipapo akazvipa kuvadzidzi vake kuti vazvigadzike pamberi pavanhu. Akagoverawo hove mbiri dziya pakati pavo vose. Vose vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakanonga zvimedu zvezvingwa nehove zvikazara matengu gumi namaviri. Varume vakanga vadya vaisvika zviuru zvishanu.

—Mako 6:37-44 (GNT)

Jesu akapa vadzidzi hurongwa hwokuita hove nezvingwa zvisati zvawanda. Saka, ivai nechokwadi chokuti munonzwisisa izvi. Kana muchinge mangodyara mbeu yenyu mukutenda, munofanira kuwana hurongwa kubva kuna Mweya Mutsvene. Nzira yakanaka yokuita izvi ndeyok-upedza nguva muchinamata muMweya. Hamungadi kuita chero sarudzo kana kutanga chimwe chinhu nesimba renyu pachenyu kusvikira manzwa kubva kuna Mwari. Pane zvikonzero zvakati kuti zvinotsanangura nei

**KANA MUCHINGE
MANGODYARA MBEU YENYU
MUKUTENDA, MUNOFANIRA
KUWANA HURONGWA KUBVA
KUNA MWEYA MUTSVENE.**

zvakaadaro. Chokutanga, muchaedza kuita izvi nesimba renyu pachenyu uye mofunga pachiyero chidiki-diki chaicho. Chechipiri, munogona kuedza kuvaka hurongwa maererano nezvamunotoziva apo Mwari chavanenge vachida kukutungamirirai munzira itsva. Makamboedza kuita zvamunoziva, uye munoda pfungwa itsva uye nohurongwa hutsva kushandura goho renyu. Zvino, mirirai kuna Ishe kuti vakupei mazano matsva uye nohurongwa. Kwazvinobva kwakasiyana-siyana. Munogona kuona chishambadzo, kusangana nemunhu, kana kungova nezviroto sezvandakaita. Mwari vanozotora pfungwa dzenyu vokubatsirai kugadzira hurongwa hwenyu hutsva. Regai ndikupei muenzaniso wokuti nei izvi zvakakosha.

Simba roHurongwa

Ndinogona kunge ndakataura muenzaniso mumwe chete uyu mune rimwe nerimwe ramabhuku angu e“Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu,” asi regai ndiudzokorore zvakare. Kana ndikakuudzai kuti ndinogona kugadzirisa matambudziko enyu ose emari nemashoko mashoma anotevera, ndine chokwadi chokuti maizogara kuti muanzwe, mune chinyoreso muruoko. Zvakanaka, chigadzirirai nokuti heino mhinduro yenyu. Itai mamiriyoni gumi emadhora gore rino pabviswa mitero. Hongu ndati itai mamiriyoni gumi emadhora pabviswa mitero gore risati rapera. Kune vanhu vazhinji, izvi zvaizoisa mari yavo munzira yakanaka yokugadziriswa.

Chii? Pane ari kunyunyuta here kunze uko? Muri kuseka here? Pandinoudza vateereri vangu kuti vaite izvi, ndinonzwa vanhu vose vanenge vari kuzvigaro vachiseka. Ndinobva ndabvunza kuti varikusekei. Vanoseka, nokuti ichi kwavari chisetso; hazviite.

Pandinozodzikisa mari iyi yepagore, vanorega kuseka vachiti, “A-aa, iyi ndinoikwanisa iyi.”

Zvino, ndepapi pamunogumira kuseka, pazviuru mazana matanhatu zvemadhora pagore? Imi munozviona muri papi, pazviuru mazana maviri zvemadhora kana kuti pazviuru zana zvemadhora pagore? Pamwe nhamba yenyu ishoma, pamwe zviuru makumi mana nezvishanu pagore. Panhamba iri pakati pemamiriyoni gumi emadhora nemadhora pasina (\$0) pagore, muchawana nhamba apo muchati, “Ndinofunga kuti iyi ndinogona kuyiita.” Uye hepano pane dambudziko; ndiko kwamuchagara muri chaiko. Nzwisaisi izvi, hapana anoedza kuita chinhu chaanofunga kuti hachigoneki kwaari. Zvino, herino dambudziko. Makasungwa kana kuti makaganhurirwa nemafungiro enyu.

Zvino, regai ndikuratidzei simba rohurongwa. Ngatitorei chirevo chimwe chete, chokuti matambudziko enyu ose emari aizogadziriswa kana maiita mamiriyoni gumi emadhora pagore rino pabviswa mitero. Asi panguva ino, ndiri kukupai basa rokuita naro mari. Ndichakupai mazana mashanu emadhora pabhokisi kuti muise bhora mariri, morivhara nokurinama, morimaka kuti ritumirwe, moriisa parutivi. Ngatitii munogona kuita mabhokisi zana paawa, kana zviuru makumi mashanu paawa. Ngatitizve munoshanda basa remaawa gumi pazuva muchigadzira zviuru mazana mashanu zvemadhora pazuva pabviswa mitero. Zvino, kana ndichiti ngatiite mamiriyoni gumi emadhora gore risati rapera, mungati kudii? “ZVIRI NYORE IZVI! Izvozvo zvingangotora mazuva makumi maviri okushanda.” Zvakanaka, regai ndikubvunzei kuti chii chashanduka. Hapana, kunze kwokuti ikozvino mune hurongwa hwokuti kana hukatevedzwa,

hunovimbisa kuti muchasvika pamari yamakatarira yemamiriyoni gumi emadhora pagore.

Mazvinzwisisa here? Kudai masiiwa muri kumufungo wenyu, pamwe mungadai musina kumbofunga kuti pamuri kuda kusvika panogoneka, uye mungadai makangogutsikana nechero ZVAMAIFUNGA kuti ndizvo zvaigoneka. Asi hamudi pfungwa dzenyu pazviri; magara muchitogara munyika iyoyo yakaganhurirwa kwenguva yakareba. Munoda Mweya Mutsvene kuti akubatsirei kuva nechiroto.

Mwari Vane Hurongwa Kwamuri

Ndambokuudzai kare mubhuku rino nezvemamiriro edu emari anotyisa, kuvhunduka kwomoyo uye nokushungurudzika kwandakava nako nokuda kwemari. Pandakatanga kudzidza mararamiro omuHumambo, ndakanga ndisina kwokutarisa kunze kwaMwari. Vakataura neni vakandipa hurongwa hwokuti nditange *Forward Financial Group* kuti ndionese vanhu mabvisirwo ezvikwereti. Uku kupenga chaiko! Ndinoyeuka ndakagara mumba mangu panguva iyoyo ndichifunga zvavakanga vachindiudza kuti ndiite uye ndichizvibvunza ndichiti, “Haiwa, ndinoshuva kuti dai matanga nokuudza ini izvozvo.” Asi vakandipindura kuti ndaizobuda muzvikwereti pandaiita hurongwa uhwu.

Drenda neni patakaparura hurongwa hwatakapihwa naMwari, takanga tisina zvokushandisa, kana *computer* zvayo, kana chii zvacho. Asi patakaona hurongwa, ndakaziva kuti hwaizoshanda; Ndakaziva kuti zvaigoneka. Uye nohurongwa uhwu, ndinoreva nzira yataifanira kuzviita nayo uye nerumwe ruzivo zvavakatiratidza

maererano nokuparura hurongwa uhwu, ndaigona kuzviita! Kutaura zvazviri, ndinoda kuzviita.

Sezvako goita muchiitiko chaBrad naCharity, Mwari vakatipa zvinhu zvose zvokutanga kushanda nazvo zvataida. Sezvineiwo, rimwe zuva, baba vangu, avo vaive nechitoto chepizza uye vasingade *computer* vakandiudza kuti vaida kutenga *computer*, uye vakand-ikoka kuti ndiende navo. Nokudaro takaenda tikanotenga *computer* yavo pamwe *neword processing program* yavakati ndaigona kushanda nayo. Nzwisaisai izvi, hapana chandaiziva nezvemacomputer. Baba vaigara chinhabwe chemamaira akati wandei kubva kwandaive, uye ndakatanga kutamba necomputer iyi pamwe nechirongwa chiya kusvikira pandaive ndava kukwanisa kunyora ruzivo rwomutengi rwezvokubvisa zvikwereti zvavo nenzira yaitaridzika zvakana. Mwari vakagadzira nzira pandaive ndisina mari.

Kambani yakakura, uye ndakatanga kupinza vatengesi basa. Mumazuva iwayo, taishandisa *macalculator* edu emari anoitwa zvokubatwa mumaoko kuita masvomhu ose ohurongwa hwemhuri yoga-yoga. Taibva tanyora zvose zvataibuda nazvo mu*word processing software* iya, kuti tidhinde mapepa azvo kuitira kuti vatengesi vedu vadzokere kumba kwevatengi vavo nawo. *Printer yemadot matrix* inenge ichiimba zuva rose (muchiri kurangarira maprinter aya handiti?) Nenguva isipi munyori wangu akange okurirwa nebase, uye ndaifanira kupinza mumwe munhuzve kuti abatsire kunyora nokudhinda zvinyorwa zvevatengi izvi.

Ndakaona kuti ndaida imwe nzira iri nani yokuita bhizimusi nayo. Ndaida chirongwa chepacomputer chaigona kuita masvomhu ose emari aifanira kuitwa muchiitiko chomutengi mumwe nomumwe pamwe nokubva chadhinda mapepa acho. Drenda neni

takakumbira rubatsiro kuna Ishe uye kuti vazotipe mugadziri wezviringwa zve*computer* wataikwanisa pasi pomuripo kuti agadzirire kambani yedu chiringwa ichi chose.

Mumwedzi mishomanana mushure momunamato uyu, ndakanga ndashanyira mutengi wangu zvenguva dzose apo mushure mokuona mapepa andakange ndamudhindira akandibvunza, “Asi munoita izvi nemaoko kani?” Ndakati, “Hongu, asi tiri kuda chaizvo kuzviita nechiringwa che*computer*.” Akanditarisa ndokutsanangura kuti aigadzira zvirongwa zve*computer* kubasa asi aizoda kutibatsira nokutigadzirira chedu manheru panguva isiri yebasa. Akataura mutengo wacho, uye aizondibvumira kubvisa mari nepandaigona napo mugore raitevera.

Chiringwa ichi chakashandura zvinhu zvose uye chakandibvumira kupinza vanhu vakawanda basa. Nenguva isipi, takanga tava nevatengesi mazana matatu munzvimbo dzokumabvazuva dzakawanda dzenyika dzomubatanidzwa dzeAmerica, izvo zvakaita kuti hofisi yedu ive pokutanga pamahofisi zviuru zvishanu emumwe wevatengesi vedu.

Nokutanga kambani yedu uye nokutevera Mweya Mutsvene, takave tisina chikwereti zvachose, uye zvimwe zvangova nhorondo, sokutaurwa wazvinoitwa. Pano ndiri kuti Mwari vachakupai hurongwa kana mukavakumbira uye kana mukavarega kuti vazviite. Vachakuendesai kunzvimbo dzamusina kumbobvira mafunga nezvadzo.

Zvino, regai ndisimbise kuti munoda hurongwa. Mwari vane hurongwa hwokubudirira kwenyu. Chokwadi, vane zvirongwa zvakawanda zvokubudirira kwenyu. Mazano nohuchenjeri Hwavo hazviperi.

“Nokuti ndinoziva hurongwa hwandinahwo pamusoro penyu,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “hurongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, urongwa hunokupai tariro neramangwana rakanaka.”

—Jeremia 29:11

Munonzwa Sei Hurongwa hwaMwari?

Zvino, munonzwa sei hurongwa hwacho? Sezvandakataura, kunamata muMweya ndiyo nzira yakanaka yokunzwa. Handisi kuzotaura nezvokunamata muMweya kwenguva yakareba pano nokuti bhuku rangu *Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu: Simba Renzira Yokuzviita Nayo* rinotaura zvakadzama nezvokunzwa Mweya Mutsvene. Asi kutaura zvishoma nezvazvo kunongodiwa.

Zvisinei, tinotaura mashoko ohuchenjeri pakati pavanhu vakura, asi kwete huchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino vachashayiwa simba. Kwete, tinotaura huchenjeri hwaMwari hwakavanzika, huchenjeri hwakanga hwakafukidzwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu naMwari nyika isati yavapo. Hakuna kana nomumwe wavabati venyika ino akahunzwisisa, nokuti dai vakahunzwisisa vangadai vasina kurovera Ishe wokubwinya pamuchinjikwa.

Asi sezvazvakanyorwa zvichinzi: “Hakuna ziso rakaona, hakuna nzeve yakanzwa; hakuna zvakapinda mumurangariro womunhu”— zvagakadzirirwa naMwari vaya vanomuda— Asi Mwari akazviratidza kwatiri isu noMweya wake.

Mweya anonzvera zvinhu zvose, kunyange nezvakadzika zvaMwari. Nokuti ndianiko pakati pavanhu anoziva ndangariro dzomunhu kunze kwomweya womunhu uri mukati make? Saizvozvowo hakuna munhu anoziva ndangariro dzaMwari kunze kwoMweya waMwari. Hatina kugamuchira mweya wenyika ino asi Mweya unobva kuna Mwari; kuti tinzwisise zvatakapiwa naMwari pachena.

—1 VaKorinde 2:6-12

Zvinhu zvatisina kunzwa, kuona, kana kufunga nezvazvo, sezvataurwa muRugwaro urwu, ndizvo zvinoratidzwa kwatiri naMweya Mutsvene. Zvinonzwika sechikomborero chikuru kwandiri; Ndingada chaizvo kuva nazvo. Pamakava Mukristu, Mweya Mutsvene akauya kuzogara mamuri, uye akatanga kutungamirira hupenyu hwenyu.

Asi pane chimwe chikamu chaMweya Mutsvene icho Jesu akapa kukereke, chinodanwa kunzi rubhabhatidzo rwaMweya Mutsvene. Izvi ndizvo zvatinooona zvichiitika paZuva rePendekosti apo Mweya Mutsvene akauya pavadzidzi vaiva muimba yepamusoro sezvaakauya pana Jesu paRwizi rweJorodhani. Apa ndipo apo Jesu akatanga hushumiri Hwake. Apa ndipo pakauya simba raMwari paari kuti ave chapupu choHumambo. Jesu haana kuita zvishamiso paaiva mwana. Haana kuwedzera huwandu hwechikafu chemhuri Yake kana kufamba pamusoro pemvura. Kuti munzwisise nezverubhabhatidzo rwaMweya Mutsvene, munofanira kunzwisisa kuti pane musiyano uripo pakati pokuzvarwa patsva (kana Mweya waMwari wauya mamuri) nokubhabhatidzwa naMweya Mutsvene (kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu).

Madekwana ezuva rokutanga revhiki, vadzidzi pavakanga vari pamwe chete, mikova yakazarirwa nokuda kwokutya vaJudha, Jesu akauya akasvikomira pakati pavo akati, “Rugare ngaruve kwamuri!” Shure kwokutaura izvi, akavaratidza maoko ake naparutivi pake. Vadzidzi vakafara zvikuru pavakaona Ishe.

Jesu akatizve kwavari, “Rugare ngaruve kwamuri! Sezvo Baba vakandituma, ndiri kukutumaiwo.” Uye adaro akavafemera akati, “Gamuchirai Mweya Mutsvene.”

—Johani 20:19-22

Vadzidzi vakazvarwa patsva imomo muna Johani 20, asi Jesu akavaudza kuti vaifanira kumirira rubhabhatidzo rwaMweya Mutsvene urwo rwaizovagonesa kuve zvapupu zvoHumambo hwaMwari.

Mushure mokutambudzika kwake, akazviratidza kuvarume ava uye akararatidza zviratidzo zvakasimba zvizhinji zvokuti akanga ari mupenyu. Akaonekwa navo mazuva anopfuura makumi mana uye akataura nezvouvambo hwaMwari. Pane imwe nguva, paakanga achidya navo, akavarayira achiti, “Musabva muJerusarema, asi mumirire chipo chakavimbiswa naBaba vangu, icho chamakandinzwa ndichitaura pamusoro pachu. Nokuti Johani akabhabhatidza nemvura, asi mushure mamazuva mashoma muchabhabhatidzwa noMweya Mutsvene.”

—Mabasa 1:3-5

Asi muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu; uye muchava zvapupu zvangu

*muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, kusvikira
kumigumo yenyika.*

—Mabasa 1:8

Kuzodzwa kunobva kuna Mwari uku kunounza simba raMwari uye kunoita kuti mugone kuita mabasa Avo. Ndapota cherechedzai kuti zvinouya pamuri kwete mamuri. Munogonawo kurangarira kuti pazuva rePendekosti vadzidzi vose vakanga vakamirira muJerusarema muimba yepamusoro vakabhabhatidzwa naMweya Mutsvene. Ndezvipi zvinoratidza izvi? Vose vakataura nendimi. Kutaura nendimi kwakanyorwa muna 1 VaKorinde 12 sechimwe

**KUZODZWA KUNOBVA KUNA
MWARI UKU KUNOUNZA
SIMBA RAMWARI UYE
KUNOITA KUTI MUGONE KUITA
MABASA AVO.**

chezvipi zvipfumbamwe zvemweya zvakapihwa kukereke. Munogona kutaura kuti zvipo zvakapfuura, asi handibvumirani nazvo. Rubhabhatidzo rwaMweya Mutsvene runounza pamwe narwo zvipo zvose zvemweya

zvipfumbamwe, asi ndinoda kutarisa pachipo chimwe chete ichi, kutaura nendimi.

Pakutanga, izvi zvingaita sezvisingabatsiri sezvo muchigona kufunga kuti zvinongodiwa chete kana muri kutaura nevanhu vanotaura mumwe mutauro uye kana muri kuedza kuparidza Evhangeri. Asi kukwanisa kutaura nevanhu nomutauro wamusin-gazivi chakanga chisiri chinangwa chechipo chokutaura nendimi. Regai ndikuratidzei kuti sei chiri chipo chakakosha uye nei chaka-kosha pakubudirira kwenyu.

Nokuti ani naani anotaura nendimi haatauri kuvanhu asi kuna Mwari. Zvirokwazvo, hapana anomunzwa; anotaura zvakavanzika mumweya wake. Asi anoprofita anotaura kuvanhu kuti vasimbiswe, vakurudzirwe uye kuti vanyaradzwe. Uyo anotaura nendimi anozvisimbisa iye asi anoprofita anosimbisa kereke. Ndinoda kuti mumwe nomumwe wenyu ataure nendimi, asi zvikuru kuti muprofite. Anoprofita mukuru kuna anotaura nendimi, asi kunze kwokunge achidudzira, kuti kereke igosimbiswa.

—1 VaKorinde 14:2-5

Tinofanira kunzwisisa mashoko etsamba yaPauro pano. Ari kutaura pamusoro pemaitirwo egungano rekereke. Ari kuti kutaura nendimi hakuna zvakunobatsira kune vanonzwa zvichitaurwa mumusangano wekereke nokuti havanzwisisi zviri kutaurwa nomunhu. Pauro anoti mukereke, zvinobatsira zvakananyanya kuporofita sezvo izvi zvingave mumutauro wakajairika wevanhu uye zvichiva zvinhu zvinobatsira kwavari.

Asi kana zvasvika pakunamata kwemunhu nendimi, e-ee, iyi ndeimwewo nyaya yakasiyana. Kutaura nendimi kune betsero huru kumunhu ari kutaura wacho. Bhaibheri rinoti vari kutaura zvakananzika kubudikidza nemweya yavo. Zvakavanzika izvi ndizvo zvamusingazivi uye ndizvo zvamunofanira kuziva. Chechipiri, Pauro anoti munhu anotaura nendimi anozvisimbisa iye pachake. Shoko rokuti kusimbisa rinoreva kuunza rairo. Sezviri pachena, kana muchida kuziva chimwe chinhu, panguva iyoyo chinenge chakananzika kwamuri. Asi kutaura nendimi kunounza murairidzo kune wacho ari kutaura. Imi neni tinoda izvi zvechokwadi kana

tichizogadzira zvirongwa zvinopfuura zvatinoziva kare. Sokutaurwa kwazvinoitwa na1 VaKorinde 2:9-10, inoti:

Hakuna ziso rakaona, hakuna nzeve yakanzwa; hakuna zvakapinda mumurangariro womunhu—zvakagadzirirwa naMwari vaya vanomuda—Asi Mwari akazviratidza kwatiri isu noMweya wake.

Ini ndinoda rubatsiro irworwo, uye nemiwo munorwuda. Mubvunzo wenyu unotevera ndounoti, “Kana muchitaura nendimi uye musinganzwisisi zvamuri kutaura, zvino munowaneiko kubva pane zvamuri kutaura?” Zvakanaka, hechino chakavanzika. Apo Mweya Mutsvene anenge achitaura kubudikidza nemweya wenyu wenyama, pfungwa dzenyu dzinotanga kutora dzimwe dzepfungwa dziri kuyerera nemamuri. Izvi tinozvidana kuti chizaruko, uye iri izwi rinobva pamudzi wokuzivisa. Zvino, nokunamata muMweya, kuri kutaura nendimi sokudanwa kwakunoitwa muBhaibheri, munokwanisa kutora pfungwa nemafungiro asiri enyu.

Ndinoziva kuti pamwe mune chitsama chemibvunzo pamusoro peizvi, nokudaro regai ndikukurudzirei kuti muve nebhuku rangu, *Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu: Simba Renzira Yokuzviita Nayo*. Muchawana mhinduro dzenyu dzose ipapo.

Imbomirai Zvishoma Munamatire Nzira Yokuzviita Nayo

Parizvino, ngatingonzwisisai kuti kana madyara mbeu yenyu mukutenda, danho rinotevera nderokumbomira monamata muMweya Mutsvene kwechinguvana nokuti munoda hurongwa. Izvi ndizvo zvakaitwa naKarla.

Karla naTodd vairarama mararamiro omuAmerica akajairika, okuwana muripo wepamwedzi pamwedzi woga-woga uye vachiwedzera kuwira muzvikwereti. Karla akanga aona chironywa che*Fixing the Money Thing* rimwe ramazuva pachivhitivhiti uye akaziva kuti aifanira kugadzirisa mari yavo. Ndichiri kuyeuka tsamba yomumhepo yandakagamuchira kubva kuna Karla. Panguva iyoyo akati vakanga vasina hurongwa hwemari. Vakanga vasingachazivi zvaizova mwedzi yavo yaitevera, zvinhu zvaive zvaka-vaomera zvakanyanya. Mari yose yaisakwana muzvinhu zvavaida yaizobhadharwa nemakadhi echikwereti.

Aiziva kuti vaifanira kubuda muzvikwereti, asi sei? Iye nomurume wake vakadyara mbeu yezano rebhizimusi pashure pokuverenga bhuku rangu, uye vakadyara zvakananga nokuda kwebhizimusi ravaigona kuita vari kumba. Todd akanga ava kutoshanda somudzidzisi wechikoro pachikoro chomunzvimbomo, naizvozvo Karla akanga achinetseka kuti chii chaaigona kuita kuti abatsirewo. Mangwanani oga-oga mushure mokudyarira zano, Karla aiwana nguva yakanyarara naIshe, achimirira kunzwa imwe nhungamiro kubva kuna Mweya Mutsvene.

Mamwe mangwanani, akanzwa izwi rokuti mbwanana kubva mumweya wake. Pakutanga akanga ati vhiringikei. Mbwanana? Kurera mbwanana? Vakambove nembwa, asi kurera mbwanana chaive chinhu chaakanga asina kunyatsofunga nezvacho. Apo Todd akauya kumba manheru iwayo, aida kumuudza zvakananga zvataurwa naMwari. Sezvaitarisirwa, Todd akambotya nezvechironywa ichi asi akakurudzira Karla kuti aongorore kugoneka kwazvo. Nenguva isipi Todd naKarla vakatenga twumbwanana twuviri twechikadzi twemhando ye*goldendoodle* ndokutanga bhizimusi ravo diki.

Chokwadi, vaifanira kutanga varera mbwanana dzavo vozotanga basa rokudziberekesa.

Pakanga pane zvipmhingamupinyi zvishoma munzira, asi gore rokutanga imbwa dzavo dzakava nembwanana, dzakava negumi netatu. Imbwa idzi dzakatengeswa nemari yaisvika chiuru nemazana mashanu chemadhora paimwe neimwe, uye Karla anoti akanga achisvimha misodzi sezvaakaona kuti akanga anzwa Mweya Mutsvene zvakanakisa apo akanzwa izwi rokuti mbwanana. Mugore rimwechetero, Todd akakwidziridzwawo pabasa kuitwa mukuru wechikoro.

Bhizimusi rembwa rakaramba richikura; uye panguva ino nokufamba kwaita nguva, vanga vane mbwanana dzinopfuura mazana matatu, uye mutengo wakakwira kusvika kumadhora zviuru zviviri nemazana mashanu paimwe. Hupenyu hwavo hwemari hwashanduka zvachose! Vakabvisa mari yemba yavo gore rapfuura uye pari zvino havasisina chikwereti. Vakabuda kunze kwenyika munzendo dzinoshamisa uye vakaona Mwari vachiita zvakanakisa mumhuri yavo zvokuti Karla aitofanira kuudza vanhu nezvoHumambo Hwavo. Achangobva kuburitsa bhuku rake rokutanga, *Plans to Prosper: How God Gave Us Financial Freedom Through Puppies*.

Todd naKarla vari kurarama hupenyu hwoHumambo, hunokwezva vanhu uye hunovaita kuti vamire ndokufunga nezvaMwari. Muporofita Isaya mubhuku raIsaya 61 akataura nezvenguva yekereke apo akatiudza izvo Mwari vanoda kuita nohupenyu hwedu tiri panyika.

Vachanzi miouki yokururama, yakasimwa naJehovha kuti aratidze kubwinya kwake.

—Isaya 61:3

Muouki muti wakasimba uye kazhinji wakakura zvikuru kwazvo. Bhaibheri rinoti hupenyu hwedu huchafanana nemiouki, yakasimwa, isingazununguki uye isingabviswi paimire. Muchero womuti uyu uchave kururama, zvinongoreva kuti vanhu vachaona kuti hupenyu hunofanirwa kutaridzika sei, izvo zvinonzi naMwari zvakarurama. Isu tiri chirimwa chaIshe, zvinoreva kuti Mwari vachatiisa pavanoona pakakodzera, munzvimbo dzakasiyana-siyana, dzemabasa ose netsika, kuti tiratidze kubwinya Kwavo. Mwari vanoda kubata pfungwa dzevanhu kuburikirza nemi! Vanoda kuti vanhu vaone zvibereko zvakanaka zvenzira Dzavo muhupenyu hwenyu. Sezvinongoita muti womuchero unokukwezvai nechibereko chawo chinonaka, Mwari vanoda kuti hupenyu hwenyu huite sedenga paNyika.

Zvino, ko Todd naKarla vakazviita sei izvi? Hongu, kurera mbwanana idzodzo rakava basa guru chairo, asi kuva norusununguko kwaive kwakakodzera zvikuru. Rusununguko irworwo rwakatanganga nokunzwa hurongwa, shoko rakabva kuna Mwari. Shoko rimwe chete riri nyore ndiro raakanzwa, “Mbwanana!” Asi ndizvo chete zvaidiwa. Mwari vachataurawo nemi. Vachakutungamirirai kumafuro manyoro iwayo uye kumvura dzorugare dzinozorodza dzinotaurwa nezvadzo naMapisarema 23.

Asi sezvamungafunga, kungonzwa hurongwa hakuna kukwana. Ndichakurukura danho rechishanu muchitsauko chinotevera, uye chinogona kunge chiri chitsauko chakakosha pane zvose nokuti padanho rechishanu ndipo panokundikana vanhu vazhinji. Asi kwete imi, muchafamba murunako rwaMwari sezvakangoita nyaya dzamaverenga mubhuku rino! Magadzirira here? Ngatiendei kudanho rechishanu.

CHITSAUKO 9

YAVA NGUVA YOKUENDA!

Murimi oga-oga anoziva kuti goho roga-roga rine nguva yakasarudzika uye yakanangana naro. Kuziva mwaka chaiwo unokohwewa chirimwa ndiko kunosiyana kubudirira nokukundikana. Uye ngatinyatsojekesei izvi: munogona kupotsa goho. Zvino, iyi inyaya yakakura uye yakakosha. Makamboenda kuchitoro here ndokuona apuro dzvuku rinotaridzika zvakanaka, mukafunga, *Iri apuro rinotaridzika zvakanaka*—asi pamakasvika kumba ndokuriruma, makabva mafunga kuti, *O-oo, chinhu ichi hachisi kunaka?* Zvakanaka, iyo inyaya yenguva.

Handikwanise kukuudzai kuti injodzi ngani dzemari dzandakanzwa uye dzakapinda mumaoko angu dzevanhu vanongosvetukira mune imwe pfungwa yavanova nayo uye vopotsa nguva. Rugwaro rwangu rwandinofarira rwuri maererano nenguva ndiMateo 13:44.

Humambo hwokudenga hwakafanana nepfuma yakavigwa mumunda. Mumwe murume akati aiwana, akaivigazve, uye ipapo mukufara kwake, akaenda akandotengesa zvose zvaaiwa nazvo ndokutenga munda iwoyo.

Munyaya ino, murume uyu akanga akachenjera zvokuti akaziva kuti panguva iyoyo akanga asingakwanisi kuva muridzi wepfuma iyi. Aifanira kuenda kunogadzirira kunoitenga.

Somuenzaniso, apo Karla akanzwa shoko rokuti mbwanana, hazvaireva kuti aifanira kutengesa twumbwanana twake twaishambadza natwo. Akanga asati ava nembwanana. Pakanga pane zvakawanda zvokugadzirira. Vaifanira kutanga vatenga imbwa hadzi dzavo mbiri. Vaifanira kudzivakira pokugara uye kuita hurongwa hwembwanana dzaizouya. Paive nyaya dzomutemo dzaifanira kudzidzwa maererano nemajekiseni embwanana anodiwa kana vaifanira kuzodzitengesa.

Kune zvakare nyaya dzokupihwa marezinesi, kushambadzira, nyaya dzokubhanga, uye nemitero, kutaura zvishoma zvazvo. Izvi zvinhu zvinoda kutariswa musati manyatsopinda mumwaka wegoho rebhizimusi renyu ramunenge muchida kuita.

Muchiti maita zvose zvakakodzera kuitwa, chikamu chakaoma chichiri kumberi. Munofanira zvino kuchiiita chiono icho Mwari vakataura kwamuri. Hongu, pfungwa yacho ichave yakakura kukudarikai, uye panogona kunge paine kumwe kutya kwamunonzwa pamunenge moda kuzviita. Asi kutya kwanga kuri imi wazuro. Rangarirai, zvino mava mutsva.

Mwari pavakataura neni nezvekutanga kuita bhizimusi rangu, ndainetseka nazvo. Ndakanga ndichitanga kubva pamavambo. Kunyange zvazvo Mwari vakataura neni muchiroto kuti ndibude koriita uye nokuti ndainge ndaita zvose zvaikodzera kuitwa, ndakanga ndichiri kutya nazvo. Zvinhu zvose zvino zvakange zvotsamira pakubuda kwangu kuti ndichinozviita. Makambove neshamwari here kana kuti kuziva munhu aigara achitaura pamusoro

pezvinhu zvaaiti achaita asi asingazviiti? Ndinoziva vazhinji vavo! Rangarirai, ndakadzidzisa vatengesi kweanopfuura makore makumi matatu.

Pandakatanga bhizimusi rangu, ndakanga ndisina vanhu vokuitira basa iri. Ndairarama nemakomisheni chete, uye ndais-handa ndiri ndoga. Asi chinhu chimwe chandaiva nacho chaiva chido. Mwari pavakanditungamirira kuti nditange kambani yokubatsira vanhu kubuda muzvikwereti, ndakava mazviri zvizere. Ndakanga ndatambudzwa nedambudziko remari kwohupenyu hwangu hwose; uye zvino sezvo ndakanga ndawana mhinduro, Humambo hwaMwari, ndaida kuudza munhu wose pamusoro pahwo. Chechipiri, apo Mwari vakandibatsira kuita hurongwa uhwu hwokuburitsa zvinyorwa zvhurongwa hwokuti mhuri dzibude muzvikwereti mumakore mashanu kusvika manomwe, kusanganisira zvikwereti zvemba yavo uye pasina kushandura mari yavo yavaiwana, ndakange ndane chido chisingatsananguriki. Ndaiziva kuti ndaive nechinzvimbo mumusika wemari, uye ndaive nenyaya yokutaura. Asi zvakare, ndaifanira kuve nomuenzaniso wakanyatsorongeka ndisati ndabatidza chibatidzo.

Zvamazvirokwazvo, nguva dzose pane zvinhu zvamunodzidza munzira, asi kana mukasvetukira mazviri, munofanirwa kuva nechimiro chazvo chakatogadzirwa kare. Asi hazvinei nokuti mukana wakakura sei, chigadzirwa chakanaka sei, kana kuti zvinounza mubhadharo wakakura sei, anongova nhasi, uye nhasi izuva ramunofanirwa kupinda muhurongwa uhwu.

Zvino, izvi zvinondisvitsa kudambudziko chairo randino-tenda kuti ndicho chikonzero chikuru chinoita kuti vakawanda vasasvike kwavanoda kusvika, kunyange kana vachinge vanzwa

kubva kuna Mwari nezvegwara uye nemhinduro yenyaya dzavo dzemari.

Kuverengera!

Kuverengera kunogona kuve kwakavakirwa pakusachengeteka, pakutya, kana pakungova nohusimbe. Asi pane chimwe chinhu chechokwadi pano; zviri nyore kuita! Ndakaverenga chidzidzo chinotevera maererano nezviito zvokuverengera zvinoitwa nevadzidzi vari kuyunivhesiti.

Jenny anochenesa imba yake. Cathy anoita mapuzzle emasvomhu. Matt anotarisa zvibodzwa zvemitambo, uye Carmen anogadziridza peji rake redandemutande reFacebook. Vose ava vadzidzi vepfungwa vanoregedza mamwe mabasa avanofanirwa kunge vachiita. Zviito zvokuverengera zvinowanzoitwa ndizvo zviri kuitwa pano.

Itsika yakaoma kusiya, kunyanya mumazuva ano apo masaisai epambepo anobvumira vadzidzi kutiza nguva yokudzidza nokungobaya pacomputer. Ongororo yakaitwa mugore ra2007 nenyanzvi yezvepfungwa yepaYunivhesiti yeCalgary, Piers Steel, PhD, inoti zvikamu makumi masere kubva muzana kusvika pazvikamu zvipfumbamwe nezvishanu kubva muzana zvevadzidzi vepakoreji vanoverengera, kunyanya kana vasvika pakuita zvidzidzo zvavo.⁶

Zvino, ini ndingati izvi hazvingoitike chete nevadzidzi

6 <https://www.apa.org/gradpsych/2010/01/procrastination>

vepayunivhesiti. Izvi zvinhu zvinitora nguva yavo zvakanyanya. Kudaira runhare rwangu kana kuvhura tsamba dzomumhepo chokwadi kupedza nguva. Asi kuverengera pachako kune rimwe divi rakajeka chose remadhimoni ramunofanira kuziva. Kuti ndiratidze uye nokujekesa musoro une njodzi uyu—hongu, ndati une njodzi—ndinoda kuenda kuna 1 VaKorinde 2:6-8.

*Zvisinei, tinotaura mashoko ohuchenjeri pakati pavanhu vakura, asi kwete huchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino vachashayiwa simba. Kwete, tinotaura huchenjeri hwaMwari hwakavanzika, huchenjeri hwakanga hwakafukidzwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu naMwari nyika isati yavapo. **Hakuna kana nomumwe wavabati venyika ino akahunzwisisa, nokuti dai vakahunzwisisa vangadai vasina kuroverera Ishe wokubwinya pamuchinjikwa.***

—1 VaKorinde 2:6-8

E-ee, zviri nani munyore izvi pasi pane imwe nzvimbo. Satani achashandura mazano ake kana akakwanisa kuziva zvamuri kuita! Ndiko kusaka Mwari vachitaura nemifananidzo. Ndosaka dzimwe nguva Mwari vachimirira kusvika pakati pohusiku kuti vaburitse mhinduro yenyu. Munofanira kuziva uye nokuyeuka kuti tine muvengi. Muvengi wenyu haangori munhu wokufananidzira ane foshoro uye nenguu dzvuku. Bhaibheri rakajeka:

Muzvidzore uye musvinure. Muvengi wenyu dhiabhori anofamba-famba achiomba seshumba inotsvaka waingadya.

—1 Petro 5:8

Zvino, hongu haangagone kudya chero munhu, asi anoda kukukweverai kunze kwohutongi hwedenga kupinda muhutongi hwake hwepamutemo hwokuuraya, hwokuba, uye nehwokuparadza. Bhaibheri rinoti, “Muvengi wenyu!” Rimwe ramazano aSatani nderokukukwezverai mukusagadzikana, munzvimbo yokuverengera. Izvi zvichamupa nguva yokufunga izvo imi naMwari munenge muchiita.

Ndinoyeuka hope dzandakarota humwe husiku. Mufananidzo wandakaona waive wohusiku, uye mwenje wepafitera romumba yangu yokurara wakakandirwa kunze patsangadzi kusvika wanyangarika murima. Panzvimbo paive padzimira mwenje, mumimvuri, ndakaona madhimoni maviri akamira akatarisana nefafitera rangu akabata mabhuku okunyorera mumaoko. Ndakaziva kuti ainge atumwa kunotsvaga mukana wokupinda mumba mangu zviri pamutemo. Akanga achinyora zvinyorwa pasi, achitsvaga nzvimbo isina simba yaaizoedza nayo kumisa basa raMwari.

KUVERENGERA KUNOGONA KUVA NENJODZI!

Kuverengera kunogona kuva nenjodzi! Izvozvo zvinonzwika zvakasimba, handizvo here? Zvinonzwika zvakapesana chaizvo nezvinotaurwa kwamuri nomuedzo wokuverengera. Inzwi rake rakapfava uye rinogutsa, rinoti, “Hazvina basa kana mukazviita rimwe zuva.” Munogona kuzviita gare-gare izvi. Asi ichokwadi here? Regai ndikuudzei imwe nyaya ichakuratidzai kuti kuverengera kunogona kuva nenjodzi sei.

Zvichakadaro, muFiristia, nomutakuri wenhoo yake mberi kwake, vakaramba vachiswedera pedyo naDhavhidhi. Akatarisa

akaona kuti Dhavhidhi akanga ari mukomana zvake, mutsvuku, akanaka, uye akamuzvidza. Akati kuna Dhavhidhi, “Ndiri imbwa kanhi, zvaunouya kwandiri nezvimiti?” Uye navamwari vake, muFiristia akatuka Dhavhidhi. Akati, “Uya kuno ndigopa nyama yako kushiri dzedenga nokumbuka dzesango!”

—1 Samueri 17:41-44

MuFiristia akati achiswera pedyo kuti amuuraye, Dhavhidhi akakurumidza kumbanyira kumutsara wokurwa kuti andosangana naye. Akapinza ruoko rwake munhava ndokutora dombo, akaripotsera nechipfuramabwe akarova muFiristia pahuma. Dombo rakanyura muhuma yake, akawira pasi nechiso chake.

—1 Samueri 17:48-49

Nyaya yaDhavhidhi naGoriati inyaya inotyisa kwazvo. Rudzi rwose rweIsraeri rwunotyaya sezvarunonzwa kutsvina kwaGoriati. Asi Dhavhidhi anoti achamurwisa nechisungo chimwe chete: anogona kusarudza chombo chake, chipfuramabwe chaashandisa kwemakore achifudza makwai. Sezvo Dhavhidhi anosvika kuna Goriati, Goriati anovhiringidzika uye anodanidzira. “Ndiri imbwa kanhi, zvaunouya kwandiri nezvimiti?” Icho Goriati anofunga kuti muti itsvimbo yaDhavhidhi. Haaoni chipfuramabwe chakaiswa pasi pebandi rake. Kwete, Dhavhidhi ari kushandisa tsvimbo sokunyengera, achikwevera pfungwa

**IZVI NDIZVO CHAIZVO
IZVO SATANI ANODA
KUITA NEMI. ANODA
KUTAPA ZVIRONGWA
ZVENYU.**

dzaGoriati kwairi panzvimbo pechipfuramabwe. Goriati zvaanoswedera pedyo naDhavhidhi, Dhavhidhi anomhanyira kuna Goriati. Iri ndiro rimwe zano rakashandiswa naDhavhidhi. Aiziva kuti Goriati aizoomerwa nokuona chipfuramabwe kana aikasikidza kumurwisa nacho.

Asi ko kudai Dhavhidhi akaita sezvinoita vanhu vazhinji? Kutya kurwa, vachingoverengera-verengera. Ko kudai Dhavhidhi akatamba achipotera Goriati kusvika anzwa kuti agadzirira zvino kuchirwa? Ndinotenda kuti Goriati angadai akaona chipfuramabwe, ndokuziva nzira iyo Dhavhidhi aida kumurwisa nayo, uye Dhavhidhi angadai akasangana nazvo. Vangadai vakakundwa uye rudzi rwose rweIsraeri rwakatapwa.

Izvi ndizvo chaizvo izvo Satani anoda kuita nemi. Anoda kutapa zvirongwa zvenyu. Kana akakwanisa kuita kuti mumbomire, kumirira kusvika manzwa kuti magadzirira zvino, achawana nguva yokushandura zano rake rokupikisa hurongwa hwaMwari muhupenyu hwenyu. Zvino, kuverengera kune njodzi here? Zvamazvirokwazvo! Ndine chokwadi chokuti zvakatokudyirai zviuru zvemadhura muhupenyu hwenyu. Muchiitiko chaDhavhidhi, kungadai kwakauraya zviuru zvo hupenyu.

Ichi ndicho chikonzero nei kana muchiziva nguva uye muine hurongwa hwenyu, budai muite nechivimbo. Ndinotenda kuti muchave nekurudziro inobva kuna Mweya Mutsvene yokukubatsirai kuziva kana zvinhu zvakanaka kuti muchizviite. Asi nemhaka yedzidziso isina kururama, vazhinji vanozenzurira kuita, kana kuti pavanobuda kuti vaite, vanorwiswa, vodzokera shure vofunga kuti vanofanira kuve vapotsa Mwari.

Musatye Kurwiswa

Vanhu vanondiudza kuti pavakabuda koita zvavaifanira kuita, vakarwiswa chose. Zvakanaka, makashongedzerwa kurwisa gehena pasina kutya. Muvengi akakurirwa nohurongwa hwaMweya Mutsvene hwezvenyu, uye ari kuda kuhuwisira pasi. Iko zvino haachakwanisi kuzvimisa. Nguva yaperera. Asi kana akakwanisa kukuitai kuti mupokane neshoko raJehovha rakakutungamirirai kusvika pamuri nhasi, zvino kutya kuchakudzoserai kumashure. Anoda kukonzeresa mhirizhonga zvokuti munotodzokera kumashure chete. Asi imi munofanirwa kumira zvakasimba zvino kupfuura nguva dzose uye kushandisa masimba enyu kumudzivisa. Musatya kutaura muchiti, “Kwete, haungaite izvi” kana kuti “Ndinosunga mweya wokuvhiringidza uyo uri kuedza kunditambudza. Ndinoziva zvakataurwa naIshe kuti ndiite, uye ndiri kuzozviita, nomuzita raJesus. Zvino ibva Satani!”

Sezvineiwo, vazhinji veVakristu vanhasi vasina kudzidziswa vanoshamisika nokurwisa kwaSatani. Vanotenda kuti zvinhu zvose zvichafamba zvakanaka uye nokukurumidza pasina kurwiswa sezvo Mwari vakataura kwavari uye vakavapa hurongwa Hwavo.

Zvino, nzwisaisai zvandiri kutaura. Tine simba rakakwana pamusoro pemweya yakaiipa, asi hatina simba rakakwana pamusoro pevanhu. Ngazvizivikanwe kuti kunyange ndiri pasi pesimba raMwari, vanhu vazhinji vakandipoteredza havasi, uye vanowira murunyerেকে uye nomukuvhiringika. Vangafungira vavariro dzangu zvisizvo kana kunditambudza.

Asi havagoni kumisa hurongwa hwaMweya Mutsvene!!! Muvengi achagara achidya manonoko. Mwari vari mberi kwavo

uye vachakutungamirirai mukukunda kwenyu kana mukaramba makasimba muri mukutenda uye muchiramba kubvumirana nezvisina kufanira.

Danho rokubuda kuti multe zvinhu zvacho ndiro danho rinoda kushinga kwakanyanya kupfuura kutenda kwamungava nako kuti muzviite. Kutenda kwakaunzai pano, asi zvino zvinoda kushinga kuti muchibude kunze uko. Ndinofunga kuti dambudziko nderokuti vanhu vanovhiringidzika nenyaya yeGungwa Dzvuku uye nenyaya yeRwizi rweJorodhani.

Munyaya yeGungwa Dzvuku, vaIsraeri vasunungurwa kubva kuJipiti uye vaenda kuGungwa Dzvuku kwavanoita sevakomberedzwa negungwa nemakomo sezvo Faro ahandura pfungwa dzake uye ava kuvatevera. Zvinoita sokunge pasisina mapunyukiro. Asi Mozisi anosimudza tsvimbo yake (masimba), uye Gungwa Dzvuku rinopatsanuka. Vanoyambuka nepavhu rakaoma, uye uto raFaro rinoedza kutevera. Asi uto raFaro parinodaro, gungwa rinovaputira, richivauraya vose zvavo. Israeri zvino yasunungurwa kubva kuJipiti uye yasunungurwa kubva kuhutapwa. Ichi chiito chikuru chokununurwa, uye isu tose tinoda kuimba nezvokununura kwaMwari.

Kumberi kune chipikirwa chavo, nyika yeKenani. Inyika yemadzitateguru avo uye yakavimbiswa kuzvizvarwa zvaAbhura-hama. Zvino vakati vachifamba murenje, mashoko aMozisi akanzika munzeve dzavo, achiti, ichava nyika inoyerera mukaka nohuchi. Zvakanyanya kunaka kuti zvine zvinodavirwa nevanhu vakangoziva hutapwa hupenyu hwavo hwose. Asi pane dambudziko. Nyika yakatogarwa nedzimwe nyika. Sezvanoswedera pedyo noRwizi rweJorodhani, Mozisi anosarudza kutuma vasori kuti vaongorore nzira yakanakisisa yavanofanira kufamba nayo kana

vangoyambuka vachipinda munyika itsva uye kuti vauye nemimwe yemichero yayo kuti varatidze vanhu kuti inyika yakanaka izere ramangwana rakanaka.

Asi vatori vanounza nyaya inoita kuti rudzi rweIsraeri rude kudzokera kuIjipiti. Nyika yacho yakazara nemaguta akakomberedzwa nemasvingo nevanhu vakakura uye vakareba kupfuura vaIsraeri. VaIsraeri vanochema nokuora moyo uye vanoten-deukira kuna Mwari naMozisi vachifunga kuti vakanyeperwa. Nokuda kwokusatenda kwavo, Mwari havavatungamiriri muchipikirwa sezvavanoziva kuti pasina kutenda, vachaparadzwa. Chizvarwa ichocho chinorarama uye chinofira murenje kusvikira pasisina kana mumwe wechizvarwa ichocho anosara.

Zvino, Joshua anorairwa naMwari kuti avatungamirire kuyambuka. Asi zvakare, pavanosvika paRwizi rweJorodhani, pane chinetsa. Rwizi rwava padanho remafashamo, uye vanhu havagoni kuyambuka mvura inoyerera nesimba kudaro. Asi Mwari vanopatsa-nurazve mvura, uye vaIsraeri vanofamba nepavhu rakaoma—nguva ino vasingabvi mukurwiswa, sezvazvakange zvakaita pavakabuda muIjipiti, asi vachipinda mukurwa sezvavanogadzirira kutora chipikirwa chavo.

Izvi ndizvo zvamunofanira kuziva. Panogona kunge paine nyaya kana matambudziko okugadzirisa pamunenge muchibuda, asi musatya. Mwari vachakubatsirai uye vachakuchengetedzayi pamunenge mozviita. Nguva dzose yeukai kuti seri kwedambudziko iroro kune vimbiso. Musambofa makakanganwa izvozvo.

Chokwadi, ndichataura chimwe chinhu pano chingakuvhun-dutsai. Garai makatarisira kuwana dambudziko. Kwete, handisi kutaura pamusoro pokufunganya nezvematambudziko enyu pachenyu. Ndiri kutaura pamusoro pokutarisira kuona mukana.

Munoonaka, vanhu vanobvisa mari yakawanda kuti vagadzirise matambudziko. Kuva nebhizimusi pachokwadi imhinduro kune dambudziko romumwe munhu. Somuenzaniso, vanhu vane dambudziko—vane nzara—saka mumwe munhu anotanga chitoro che*Subway*. Ndine chokwadi chokuti pamwe makambogadzira *sandwich* diki, asi hamuna kuzovishandura kuzviita bhizimusi. Asi nhasi, *Subway* ine makumi ezviuru zvezvitoro pasi rose nokuti vari kugadzirisa dambudziko romumwe munhu. Uye imi muchati, “Ndingadai ndakazviita,” uye munogona kuzviita. Asi munofanira kufunga zvine musiyano.

Ini naDrenda tiri mbozha nhasi, kwete nokuti takangwara kana kuti tinotaridzika zvakanaka. Takangodzidza kuti Humambo hwaMwari hunoshanda sei, uye Mwari vakatiratidza nzira yokugadzirisa nayo dambudziko rataive naro. Mwari vakabva vatiratidza kuti tingabatsira sei vamwe vanhu kugadzirisa dambudziko iroro. Hazvina kumbonyanyooma!

Nzvimbo Yegadziriro

Zvino, mushure mokunge madyara mukutenda uye mushure mokuwana hurongwa, musangosvetukira kunze uko musina kufunga. Rangarirai Rugwaro rwedu rwomuna Mateo 13.

Humambo hwokudenga hwakafanana nepfuma yakavigwa mumunda. Mumwe murume akati aiwana, akaivigazve, uye ipapo mukufara kwake, akaenda akandotengesa zvose zvaaiwa nazvo ndokutenga munda iwoyo.

—Mateo 13:44

Nguva dzose Mwari vanotanga vakudanai kunzvimbo yegadziriro. Saka kunyange muchinzwa kubva kuna Mwari uye vakakupai zano rokutanga bhizimusi idzva rakanaka, ivai nechokwadi chenguva yokuriita. Mwari vanogara vakuratidzai pfuma kuti ikukurudzirei kutanga kugadzirira. Cherechedzai, handina kuti Mwari vanokupai pfuma. Ndati vanokuratidzai pfuma, iyo inenge iri mhinduro yenyu. Vanhu vazhinji kwazvo vakatora chizaruko chepfuma chavakapihwa senguva yokutora pfuma, zvikava nemhedzisiro yakaipisisa. Nguva dzose Mwari vachakutungamirirai munzvimbo yokudzidziswa nokugadzirira vasati vakutumai kuti munotore pfuma.

Izvi ndinozvizivira panyaya yangu ndichiri jaya, Mwari vakandipa chiratidzo ndakamira ndakabata Bhaibheri muruoko rwangu. Ndakamira ipapo, handina kuzviona ndichiparidza kubva muBhaibheri chete asi ndakaonawo kamuri yacho nevanhu vandai-paridzira. Pane inzwi rakataura kwandiri pandakaona chiratidzo chiya. “Ndiri kukudana kuti uparidze Shoko Rangu.” Izvi ndakazvinzwa katatu chiratidzo ndokubva chanyangarika. Ndaive nemakore gumi nemapfumbamwe. Panguva iyoyo ndaitarisira chitoro che*pizza* chababa vangu uye ndaisaziva kuti chiratidzo ichi chairevei chaizvo. Ndaiziva kuti ndakadanwa kuti ndiparidze Shoko raMwari, asi kuti izvozvo zvaizoitika sei uye kuti kupi, ndakanga ndisati ndava neruzivo nazvo.

Pachokwadi, uku kwakanga kuri kudanwa kwokuti ndigadzirire. Hazvina kuzatora nguva yakareba mushure mokunge Mwari vandipa chizaruko ichi pavakandiudza kuti ndiende kuchikoro cheBhaibheri uye ndozoenda ku*Oral Roberts University*.

Ikoko ndakasangana nemudiwa wohupenyu hwangu, Drenda. Takapfuurira kubva ku *Oral Roberts University* kunotanga bhizimusi rezvemari, chironzwa chandakanga ndisinganzwisise panguva iyoyo. Chii chakaitika pakudanwa kwandakaitwa naMwari? Asi Mwari vaive nohurongwa. Vakashandisa nguva iyoyo kundirovedza munzvimbo dzemari dzohupenyu, kundirovedza mumitemo nemisimboti yoHumambo Hwavo, izvo zvakava dombo rapakona rohushumiri hwangu. Vakashandisawo nguva iyoyo kundibatsira kuti ndiwedzere kuzvivimba sezvo pandaive ndichiri muduku ndaitya kutaura nevanhu.

Zuva rokutanga remwedzi waGunyanu, mugore ra1995 ndipo Mwari pavakatitungamirira kuti titange kereke yedu mukamuri yepasi yenhepfenyuro yeChikristu yomunzvimbomo. Musangano wedu wokutanga wakanga uri hwohusiku, uye pandaive ndakamira ipapo, ndakaona mufananidzo chaiwoiwo wechiratidzo icho Mwari vakanga vandipa makore makumi maviri nerimwe akanga apfuura.

Zvino nzwisaisai kuti kana mapihwa chiratidzo, wanai gwara, kana kuwana zano. Kuwana chiratidzo kazhinji hakurevi kuti ibvai masvetukira mazviri panguva iyoyo. Mwari vachakuudzai nguva yokubuda nenzira imwe chete yavakakupai hurongwa. Vachataura nemi, uye imi muchazviziva.

Munyaya yangu, takanga tichipinda kereke duku pedyo nomusha wedu riri gore ra1995; uye mumusangano weSvondo manheru, Mwari vakatanga kushanda neni. Ndaisatombonzwa zvaitaurwa namufundisi sezvo mweya waMwari waive pandiri zvaive nesimba chose. Ndakaziva kuti yakanga yava nguva yokubuda! Uye nemiwo muchazviita.

Ini naDrenda takava nomufaro mukuru nokuona zvose zvakaitwa

naMwari, asi chido chedu chiri paizvo zvose zvavari kuita!!!! Takazvipira kuparidza nokudzidzisa shoko roHumambo iri kwohu-penyu hwedu hwose. Hapana chinhu chinotifadza sokuona zviso zvevanhu zvchipenya nokuda kwezvizaruko zvavanenge vachinzwa patinodzidzisa. Tinoziva zvazvinoreva; vari kunzwa mhinduro.

Tinoziva kuti Humambo ndiyo mhinduro yenyuwo! Zvino ndoupi musimbotti wechishanu wandakadzidziswa naMwari?

Danho #5: Kana muchiziva nguva, nzira, uye nenzvimbo, musaverengera! Chechipiri, musashamiswa nokurwiswa.

Imi naMwari munogona kuita kuti basa riitwe, hapana kunyunyuta nezvazvo! Ingorangarirai kuti kuda kwaMwari kuti mubudirire.

Mudikani, ndinonyengetera kuti uve noutano hwakanaka uye kuti zvose zvikunakire kunyange sokufara kwomweya wako.

—3 Johani 2 (NASB)

Musarega munhu upi noupi achikuudzai kuti hakusi kuda kwaMwari kuti muve nohutano hwakanaka uye kuti mubudirire muhupenyu! Izvi ndizvo zvakabiwa naSatani kubva panyika uye zvikadzorerwa kwamuri naMwari nomuna Jesu Kristu. Chitendero chakadzidzisa vanhu nhema idzi pamusoro paMwari. Dzimwe nguva vanhu vasati vadzidza chokwadi, vanofanira kutanga vadzima nyaya dzenhema dziri mupfungwa dzavo dzavakadzidza. Ndakagamuchira tsamba yomumhepo inotevera rimwe zuva, iyo

inoratidza kukosha kwokuvandudza pfungwa dzenyu kune zvinon-
yatsotaurwa naMwari.

Wadiwa Gary,

*Ini ndinonzi Annette. Ndakakurira mumusha womufundisi
wekereke yeBaptist, ndakaponeswa ndichiri mwana mudiki,
uye ndaida Jesu zvikuru. Somunhu wechiduku angaati
kureyi, ndakabhabhatidzwa naMweya Mutsvene ndokutanga
kunzwisisa kunamata kwechokwadi, kuporeswa, kununurwa,
zvipo zvemweya, uye nechimwe chokwadi chezvoHumambo
hwaMwari. Ndakadzidza misimboti yokutanga yakakosha
yokudyara nokukohwa kubudikidza nevadzidzisi vakasi-
yana-siyana vomuviri waKristu. Asi apo murume wangu,
John, “akasangana” nedzidziso dzenyu ndipo ndakazotanga
kuziva kuti ndaiva nedambudziko chairo-iro rokutenda
kuti VaKristu—zvukurukuru vafundisi kana kuti vanhu vari
muhushumiri—vaifanira kutsvaga kubudirira kupfuura
kungwana zvinhu zvohupenyu zvinodikanwa. Takaona
kuti hapana mumwe wedu ainyatsonzwisisa kuti Humambo
hwaMwari hunoshanda sei.*

*Taive muhushumiri uye takatendeka pakupa chegumi. Taivawo
nerupo uye taitodzidzisa musimboti wokudyara nokukohwa. Asi
taifunga kuti tairarama hupenyu hwomutambarakede uye kuti
ndizvo zvataifanira kuva nazvo chete. Izvi zvakaitika kutozos-
vikira mukupera kwa2003 apo takava nemoto wakabvira
panzvimbo yedu yataiva, pamuzinda wedu webhizimusi uye*

nepasangano redu rohushumiri. Zvadaro, zvimwe zviitiko zvakawanda zvakaitika zvakashandura zvinhu zvose. John akatanga kugara aine nyaya dzokunetsekana nemoyo, akasvika pakuzoda kuvhiyiwa moyo wacho. Takanga tisina inishuwarenzei yohutano panguva iyoyo, uye takatanga kuita mari yokuchipatara yakawanda yaida kubhadharwa. Kusakwanisa kwake kushanda kwakaita kuti zvinhu zvitonyanye kuipa. Uye dzimwe sarudzo dzakaipa dzataitawo dzakakonzera nyaya dzemari dzakanyanyoipa. Pakazosvika gore ra2015, mamiriro emari yedu akanga ahanduka kubva pakuva akanaka kuenda pakuremerwa nezvikwereti zvakakura, kusanganisira mitero yemwedzi yokumashure.

Tagara tine rupo nokuti tinoda kupa uye tinotenda mukudyara nokukohwa. Takatsvaga Ishe zvakanyanya kupfuura kare kose kuti tiwane mhinduro. Ipapo John akasangana nedzidziso yenyu yepachivhitivhiti. Pakutanga akati, “Haugoni kutenga Mwari saizvozvo” achibva adzima chivhitivhiti. Asi mumazuva mashomanana akatevera, akaona chirongwa chenyu zvakare, uye panguva iyoyo haana kukwanisa kurega kuteerera. Akazopedzisira otenga chombo chose chedzidziso chamaive nacho panguva iyoyo! Takadya kubva pazvinhu izvozvo kwemakore maviri tisati takwanisa kurega chitendero chinopenga chokuti kuda kuva nezvakawanda uye nezvinopfuura zvakakwana chinhu chakaipa.

Rimwe zuva takanga tichiona rimwe DVD renyu kechigumi ramunodzidzisa kubva kuna Mateo 17 nezvaJesus achiudza

Petro kuti abate hove uye kuti ashandise mari iri mumuromo mayo kubvisa mutero, pamwe chete nomufananidzo unobva muna 2 Madzimambo 4 uri nezvomukadzi akashandisa zvaakanga anazvo mumba make.

Ndakaerekana ndarangerira kuti makore mashomanane aive apfuura pane imwe shamwari yakanga yatipa kobiri rendarama nokuda kwebasa ratakanga tavaitira. Raisakwana kuripira zvikwereti zvedu, asi chaiva “chimwe chinhu” chataiva nacho mumba medu chataigona kudyara! Takadyara mari iyoyo muhushumiri hwenyu uye takava Inner Circle Partner uye takatarisa kuti Mwari vaizoitei mushure mazvo.

Mumwedzi mishoma yakatevera, takaramba tichiteerera dzidziso dzenyu, uye takararama mukutamburira tichiripira zvikwereti. Zvino humwe husiku, ndakarota Mwari vachindi-ratidza mari yakawanda yakanga ichiuya kwatiri. Mumavhiki akatevera, takaona maropafadzo mashomanane ezvemari achipinda. Takaramba tichinamata uye nokupa zvakawanda sokurairwa kwataitwa naMwari, uye takapupura chokwadi chaMwari pamwe nokuteerera kuti tive nechokwadi chokuti taiteerera zvose zvataifunga kuti vakanga vachitiudza kuti tiite.

Ipapo mamiriro ezvinhu aiita seaisagoneka akashanduka. Pashure pachu takaona chiroti chichizadzikiswa nokukuru-midza. Mari yatakagamuchira yaipfuura nokure yataida kuti tibhadhare zvikwereti zvataiva nazvo. Hatichisiri muzvikwereti. Tiri kutsvaga nzira dzokudyara nadzo mari nohungwaru

uye nokurarama hupenyu hwemigove miviri kuitira kuti tigone kupa nerupo, nguva dzose, uye panguva yoga-yoga.

—John naAnnette

Tinowana tsamba dzomumhepo dzakaita seiyi nguva dzose kubva kuvanhu vari kudzidza chokwadi pamusoro paMwari noHumambo Hwavo uye vachiziva kuti vakanyeperwa nechitendero.

Ndakaona kuti kana pfungwa dzangu dzainge dzamutsidzirwa kune runako rwaMwari uye nokuShoko Ravo, ndaibva ndakwanisa kukura muchizaruko chandaida kuti ndisununguke. Rangarirai, musambopokana naMwari. Kana pane mamiriro ezvinhu muhupenyu hwenyu angaita semakundikana muHumambo hwaMwari, itai zvakaitwa nevadzidzi. Havana kubvunza Jesu kuti, “Jesu, sei musina kubudisa dhimoni iri?” Kwete, vakabvunza kuti, “Ko takundikana sei kuridzinga?” Vaiziva kuti dambudziko raifanira riri kwavari, uye vakakumbira Jesu kuti avabatsire kuzvinzwisisa. Kana musingaoni izvo zvinonzi neBhaibheri ndezvenyu muhupenyu hwenyu, kumbirai Mwari kuti vakuratidzei chikonzero nei! Vachataura nemi uye vachakubatsirai kudzidza kuti Humambo Hwavo hunoshamisa uhwu hunoshanda sei.

**VACHATAURA NEMI
UYE VACHAKUBATSIRAI
KUDZIDZA KUTI HUMAMBO
HWAVO HUNOSHAMISA
UHWU HUNOSHANDA SEI.**

Nezuro chaiye, mumwe muzvinabhizimisi womukereke yangu akanzwa kubva kubhanga rake kuti mari yorubatsiro yaakanga avimbiswa pakutanga akanga asingachaiwani. Akanga atotarisirira mari iyoyo uye akanga atoirongera. Pasina rubatsiro, aizofanira kusiyisa vashandi vake basa. Paakabvunza kubhanga kuti sei akanga

asingachapihwi mari iyi, havana kukwanisa kumupa mhinduro. Sezvo aifunga kuti akanga ane mari yakawanda yaiuya, akanga ahandisa mari yaaiva nayo pazvinhu zvaaida. Asi iye zvino nemari yakanga isingachauyi, akazoono asisina mari oshaya kuti oita sei. Chaakanga asara nacho raiva kadhi rechipo raiva muchikwama chake raakanga apihwa nomumwe munhu. Akabva angotyaira akananga kukereke nokuti aiziva kuti aifanira kudyara zvaiva nazvo uye achitenda kuti Mwari vaizomubatsira munguva yakaoma iyi. Munguva chidiki-diki abva kusiya kadhi rechipo iri kukereke sembeu, bhanga rakamubata parunhare ndokumuudza kuti vaive nohurombo, pane zvavaifungira kuti zvakange zvakanganisika. Vakange vachamutumira mari iya.

Pane Chikamu Chamunofanira Kuitawo

Zvandava kupendera kudai, regai ndikupei mazwi angu okupedzisira maererano nokutora mari yamunoda. Ndakaona kuti vanhu vaMwari vakawanda vane moyo yokupa, vane moyo yevanhu mavari, asi havana mari. Ndinotenda kuti chikonzero chikuru chinoita kuti vanhu vatadze kuona kupa kwavo kuchizova nezvibereko, maonero avanoita nawo kuitika kwezvinhu asina kunaka mushure mokunge vapa. Vakristu vazhinji vanotenda munhema yokuti Mwari vachangovaunzira mari yavanotenda. Asi izvozvo hazvigoneke sezvo Mwari vasina mari. Mari yose iri pasi pano uye inongova chibereko chokutengeserana (kutenga kana kutengesa chimwe chinhu).

Zvino kana tapa, kana tichinzwisisa maitikiro enzira iyi, tinofanira kuteerera kubva kuna Mweya Mutsvene hurogwa hwaanotipa, gwara, kana zano ratinogona kugadzira kana kutora

naro hupfumi pamusika. Izvi hazvirevi kuti munofanirwa chete kuva nebhizimusi, asi Mweya Mutsvene anokutungamirai kune imwe nzvimbo mumusika kuti muise mambure enyu imomo. Mambure chinhu chinokwanisa kubata kana kugadzira mari pamusika. Mwari vachatungamira nhanho dzenyu uye nohurongwa hwamunofanirwa kutevera. Kuvanhu vazhinji, ndinotenda kuti mambure akanyanya kunaka uye anokurumidza, ndookuva nebhizimusi. Kana ndati bhizimusi, handisi kubvisa kuva mushandi kana kuva mumubatanidzwa, asi mambure anofanira kunge akakura zvakanakwana kubata hove dzamunoda. Rinogona kunge riri bhizimusi renyu kana kuti romumwe.

Asi kana zviri zvemambure, muruzivo rwangu, vanhu vazhinji vari kuredza *mawhale* mumabhavha avo okugezera. Regai nditsanangure. Ngatitii mumwe munhu mushandi womuchitoro chezvinhu zvokushandisa mumba achiita madhora gumi paawa. Asi zvino anoshuva kubvisa mari yemba yake yezviuru zana nemakumi mashanu zvmadhora uye anoda kushandisa mutemo woHumambo kuti apedze kubvisa mari yose. Zvakanaka, parizvino ari pakanaka.

Tevere, anonzwa pamusoro pokudyara nokukohwa, mutemo woHumambo, uye anodyara ndokutenda kuti achabvisa mari yemba iyoyo. Zvakare, parizvino ari pakanaka. Asi nokuda kwechimwe chikonzero, anofunga kuti mari yacho ichangoerekana yavapo. Anoziva kuti basa rake harina simba rokuunza mari yemba iyi inokwana, saka anoisa tariro yake kuna Jehovha (uye izvozvo zvakanaka). Asi kana ndichiti “kuisa tariro yedu muna Jehovha,” munofanira kunzwisisa zvandiri kutaura kuti tiri kuisa tariro yedu muna Jehovha kuti vatipe huchenjeri uye negwara rinotiita kuti tive nemari iyoyo. Uye izvozvo zvingareva kuti pane shanduko huru dzinova mazviri.

Munoonaka, chinhu icho vanhu vanokundikana kuziva ndechokuti Mwari vanoda kuvatungamirira kugungwa idzva kunobata hove dzemhando ye*whale*, kwete mubhavha ravo rokugezera ravajaira. Munoonaka, mumabhavha enyu okugezera hamuna ma*whale*! Kubvisa zviuru zana nemakumi mashanu zvemadhora zvemba mumakore mashoma iye munhu achiwana madhora gumi paawa zvingave chinhu chakaoma kuita. Asi Mwari vanoziva pane hove uye vanogona kukutungamirai kunzvimbo chaiyo uye nenzira yokubata nayo hove dzamunoda kuti musvike pamunoda kusvika. Rangarirai nyaya yaPetro nokubatwa kukuru kwehove? Petro akanga aredza hove husiku hwose asina chaabata, asi Jesu akamuudza pokuredza; uye pashure pacho, igwa raPetro harina kukwanisa kutakura hove dzose. Musiyano wacho uri papi? Shoko renhungamiro, “Kandai utava hwenyu mumvura yakadzika.” Munoonaka, Petro aibata hove panzvimbo isiri iyo, asi Jesu akamuudza zvokuita uye akave anobudirira.

Apo ini naDrenda taive muzvikwereti zvakakomba, taifanira kudzidza kunzwa kuna Mwari uye kuvatevera kumadziva makuru kwazvo kuti tibate hove dzataida. Nhungamiro yaMwari yakaramba ichitiendesha kumvura yakadzika chose. Zviri pachena, Mwari vakatitungamirira kure zvokuti takanga tisisaoni ivhu rakaoma zvakare, iyo yakanga iri nzvimbo inotyisa zvikuru kuva sezvo takanga tisati tambosvikako, uye yainyanyotyisa apo madutu aiuya.

Sezvo vanhu vakawanda vakamirira Mwari kuti mari yacho ioneke, kwavari hazvimboitiki kuti titi vari kuteerera kuti vanzwe chimwe chinhu chavanenge vasingazivi uye chiri kuvatungamirira munzvimbo itsva dzinotyisa dzavasati vambosvika. Vanhu vazhinji vanongotarisa kune zvakajairika kwavari, izvo zvavanotoziva.

Asi *mawhale* haasi mubhavha renyu rokugezera. Munofanira kuenda kumvura yakadzika.

Zvino yeukai, hatifaniri kugara takangoti tuzu kana tadyara. Kana tichidyara, tinogona kubatirira paShoko raMwari toziva kuti Mwari vachatitungamirira pakukohwa. Asi tinofanira kuteerera nhungamiro iyoyo, toitevedza, uye tozova nemambure okuti tibate *mawhale* kana tasvika ikoko.

Vanhu vazhinji vanototora matanho okushandura madziva asi vanotadza kushandura nzira dzinoshandiswa kuva negoho ravo. Chiredzo cherudzi rwe*bluegill* hachibate *whale*. (Gara zviya, handisi kuti tinofanira kubata *mawhale*. Ndiri kungoshandisa izvi somuenzaniso nokuda kwohukuru hwehove idzi.)

Kanamangovepanzvimbo chaiyo, nzira dzenyudzamunoshandisa dzinofanirwa kusimudza huremu hukuru uye dzinofanira kuva nesimba rinodiwa rokubata goho rakakura. Zvose izvi zvinotora nguva kuti zvigadzirike. Nguva zhinji, Mwari vanoziva kuti hatigone kubata *whale* yatiri kuvhima kana taonana nayo. Asi Mwari vachatidzidzisa, uye tinogona kuva nechokwadi chokuti tichakweva hove dzacho kumahombekombe kana tikasapera simba.

Saka sedzokororo, tinofanirwa kumira kufunga maererano nezvemari yeminana kana izvo zvandinodana kuti pfungwa dzokumirira kuti zvinhu zvingozviita zvoga (kunyangwe zvazvo Mwari

**ASI, TINOFANIRA
KUSHANDA NAMWARI,
KUGADZIRIRA KUKOHWA,
UYE KUITA CHIKAMU
CHEDU KUTI TIBATE
MIKANA YOSE IYO MWARI
VANOISA PAMBERI PEDU.**

vachiita zvinhu zvinoshamisa). Asi, tinofanira kushanda naMwari, kugadzirira kukohwa, uye kuita chikamu chedu kuti tibate mikana yose iyo Mwari vanoisa pamberi pedu.

Simba Rokuwana Zvikwanisiro rakaiswa mumaoko enyu. Kwete, handisi kutaura nezvemusoro webhuku rangu. Ndiri kutaura pamusoro paMweya Mutsvene uye nezvoHumambo hwamakagadzwa mahuri. Naizvozvo pindai mazviri, uye muunze vazhinji kuna Kristu kubudikidza nokubudirira kwenyu uye nomuenzaniso wenyu pachenyu.

Imi mufunge, ndangoona tsamba yomumhepo iyi ichipinda, uye ndangofunga kuti ingave yeuchidzo yakanaka zvatiri kupendera kudai.

Muhupfumi hwenyika hwanga huri kuparara, bhizimusi redu rakanga richingova nechikwereti chezviuru zvina zvemadhora uye chikwereti chezviuru zvisere zvemadhora chakakanzurwa! Kune zvimwe zvizhinjizve!! Takanga tichitarisa mari dzebhezimusi redu uye takaona kuti, zvanhasi, mari ya2020 yapinda mubhezimusi redu parizvino yapfuura yose yakapinda mugore rose ra2019! Tiri kubudirira kupfuura zvoze zvatingakumbira kana kufunga (VaEfeso 3:20) apo hupfumi hwenyika yakatukwa huri kukundikana! Tinongonakidzwa nezviri kuitwa naMwari. Vakatendeka KWAZVO kuShoko Ravo!!

Ndinotenda, ndatenda, ndatendazve kuna Gary naDrenda, mhuri yavo, vashandi vavo, uye nevavanobatirana navo nokuunza Shoko raMwari muhupenyu hwedu! Takararama kwemakore gumi nemanomwe tiri muhuroombo uye

*nomukushaiwa—sezvakaitwa naGary naDrenda kwemakore
mapfumbamwe—kusvikira vafundisi vedu vatanga kuratidza
Fixing the Money Thing musi weChitatu manheru kukereke.
Kwakanga kwapera makore mashanu nemwedzi mishanu, uye
hatina kumbobvira tava zvimwe chete!! Ndinotenda zvakare,
uye komborerwai!*

Hevoi, ndiudzei nyaya dzenyu paGaryKeese.com. Vamwe vanoda kunzwa mashandiro anoshamisa ari kuita Humambo muhupenyu hwenyu.

Endai pa**FLNFree.com**
kuti mutore dzimwe dzidziso
dzepachena mumutauro
wenyu!



Mukuda zvimwe zviwanikwa zvedzidziso zvePACHENA mumutauro wenyu?
Endai pa**FLNFree.com**

SHANDUKO MUNE ZVOHUPFUMI HWENYU

Simba Rokuwana Zvikwanisiro

Kurarama kwokuita kutamburira
kana kukwanisa kuva nezviroto zvikuru?

Muranda kuzvikwereti...
kana kuti kutsvaga chinangwa chamakarongerwa naMwari?

Ndechipi cheizvi chinonzwika semi?

Chii chichaunza mutsauko muHUPENYU HWENYU?

Zvikwanisiro.

Tose tinogona kubvumirana kuti kuva nezvikwanisiro zvakakwana zvezvinhu zvatinoda muhupenyu kwakakosha.

Asi munonyatsonzwisisa here nezveSIMBA rokuwana zvikwanisiro?

Gary Keesee anoda kuita kuti zvive nyore.

Muchikamu chechina chenhevedzano ye "Shanduko Mune zvoHupfumi Hwenyu," Gary anobudisa chimwe chikamu chinonyanya kukosha chokubudirira kwake uye nokubudirira kwevamwe, uye nechimwe CHIKOSHOWA chakavanzika choHumambo hwaMwari: *Simba Rokuwana Zvikwanisiro!*

Dzidzai:

- NHANHO SHANU dzamunogona kutora kuti mugamuchire zvikwanisiro zvamunoda.
- Kukosha kwokutenda uye kuti mungaziva sei kana musiri mukutenda.
- Kuverengera kune njodzi sei.
- Kana muchigona kutenda mukukunda mumutambo werotari (hongu, izvi zvirimo muno).
- Uye nezvimwe zvishinji!

Batanai naGary pachiiito chokuvhura meso ichi uye muone maisiro amungaise Simba Rokuwana Zvikwanisiro mumabasa muhupenyu hwenyu!



Gary Keesee munyori, mutauri, muzvinabhizimusi, nyanzvi yezvemari, uye mufundisi ane chido chokubatsira vanhu kukunda muhupenyu, kunyanya munzvimbo dzokutenda, dzemhuri, uye dzezemari. Gary nomudzimai wake, Drenda, vakavamba mabhizimisi akati wandei akabudirira chose, uye ndivo vavambi veFaith Life Now, iyo inoita zvirongwa zviriri zvepachivhitivhiti—*Fixing the Money Thing neDrenda*, nemisangano yepasi rose, uye nezviwanikwa zvinoshanda. Vana Keesee vafundisizve veFaith Life Church iyo iri pedyo neColumbus, Ohio.

P.O. Box 779, New Albany,
OH 43054, USA
garykeesee.com

Mukuda zvimwe zviwanikwa zvedzidziso
zvePACHENA mumutauro wenyu?
Endai pa**FLNFree.com**